# ПСАЛОМТÆ

# Псаломтæ

Библи тæлмацгæнæг институт
Мæскуы, 2012

**ПСАЛОМТӔ ИРОН ӔВЗАГЫЛ**

**Уæ фиппаинæгтæ æрвитут:** ibt_inform@ibt.org.ru

*Тæлмацгæнæг* – Уанеты Сурен
*Аивадон рецензент* – Джуссойты Нафи

ISBN 978-5-93943-165-1
© Институт перевода Библии, 2012

# Мидис

Разныхас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7
Псаломтæ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
Жанртæ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .232

# Разныхас

Зынаргъ чиныгæсæг! Дæ къухы ис Библийы «Рагон Фæдзæхст»-ы иу хай – «Псаломтæ» ирон æвзагмæ тæлмацæй. Дзырд «псалом» равзæрд грекъаг «псалмос»-æй. Афтæ хонынц дины зарджытæ, зарыдысты сæ алыхуызон музыкалон инструментты цагъдмæ.

Ацы зарджыты æмбырдгонд дзуттæгтæ схуыдтой «Каддджын кæныны Чиныг», «Æппæлд». Хуыцауæй æппæлын, Уымæ дзурын, Ууыл хъуыды кæнын у ацы чиныгæн йæ сæйраг нысан. Æппæт псаломтæ дæр алы хуызты дзурынц Хуыцауы стыр кадыл.

Уымæй дарддæр ма Псаломтæ сты адæймагæн йæ цины, йæ хъыджы, знæт æмæ тасы æнкъарантæ æвдисæг, радæттынц ын знаджы ныхмæ йæ тохы монц, цы тæригъæдтæ ракæны, уыдоныл йæ фæсмон.

Афтæмæй ацы чиныджы æвзагæй алы адæймагæн дæр йæ бон у, цы ахсджиагдæр хъуагтæ æййафы, уыдон æппæтхъомыс æмæ хорзæхæй дзаг Хуыцауæн раргом кæнын. Иу ныхасæй, Псаломты Чиныг у, æнусты сæрты чи ахызт, Хуыцауы адæмы ахæм кадæджы (гимны) æмæ кувыны чиныг.

Псаломты чиныг ирон æвзагмæ тæлмацгонд æрцыд æппæтæй рагондæр æмæ æххæстдæр дзуттаг манускриптмæ гæсгæ (Ленинградаг кодекс), Biblia Hebraica Stutgartensia бындурыл. Чиныджы сæргæндтæ арæзт сты уырыссаг синодалон тæлмацмæ гæсгæ.

Псаломты аивадон гуырæн у рагон дзуттаг поэзи. Уый мидаг нæй фæлхатон æмзæлдтæ æмæ бæрцбаст рæнхъытæ. Йæ сæйраг хицæндзинад у параллелизм. Ома дыккаг рæнхъ фыццагæн вæййы æмбарынгæнæн, йæ хъуыды йын фæбæлвырддæр кæны, кæронмæ йæ райхалы. Стæй иуæй-иу

зарджыты фыццаг рæнхъыты ис иу кæнæ цалдæр дзырды æмæ амонынц, мелоди куыд аразгæ у, уый.

Фондз æмæ ссæдз псаломы та райдайынц, «Зарæггæнджыты разамонæгмæ», зæгъгæ, ахæм дзырдтæй. Уыдон аргъуаны зарæггæнджыты разамонæгæн нысан сты. Алы чиныг дæр фæвæййы Хуыцауæн кад кæнынæй. Зæгъæм, псалом 40:14 фæвæййы афтæ: «Арфæгонд уæд Дунедарæг, Израилы Хуыцау, мыггагæй-мыггагмæ! Амен! Амен!»

Иуæй-иу псаломтæ фыст сты акростихы хуызы. Уый у поэзийы ахæм архайдхуыз, æмæ дзы алы рæгъ кæнæ строфайы фыццаг дамгъæтæ æмдзыд сты рагон дзуттаг алфавиты фæткимæ. Ахæм хуызы фыст сты 9, 24, 33, 36, 110, 111, 118 æмæ 144 псаломтæ. Цæвиттойнаг у 118-æм псалом, уый сымах бакæсдзыстут нæ тæлмацы.

Псаломтæ фыстой æндæр æмæ æндæр автортæ, стæй уæд иумæ æмбырдгонд æрцыдысты. 150 псаломы æмбырдгонд адихгæнæн ис фондз хайыл. Фыццаг хай – 1–40-æмы онг, дыккаг – 41–71, æртыккаг – 72–88, цыппæрæм – 89–105 æмæ фæндзæм – 106–150-æммæ.

Ацы Псалтир ирон æвзагмæ фыццаг хатт тæлмац нæ цæуы. 1848-æм азы псаломтæ – «Стауыны (Стыдай) чиныг» – хицæн чиныгæй рацыдысты Санкт-Петербурджы.

1994-æм азы сæ рауагътой евангелион чырыстонтæ Ног Фæдзæхстимæ иумæ.

Ацы чиныг у æртыккаг тæлмац. Ноджы раздæр, 1798-æм азы, хицæн псаломтæ хаст æрцыдысты фыццаг ирон мыхуыргонд чиныг катехизисмæ.

Библи тæлмацы Институт арфæ кæны тæлмацгæнджытæн, редакортæн æмæ ацы куысты чи архайдта, уыдонæн се 'ппæтæн дæр. Махæн æхсызгон у, ацы чиныг ирон адæмæн сæ мадæлон æвзагыл кæсыны фадат кæй ис, уый.

Библи тæлмацы Институт ма фæстаг азты рауагъта Ног Фæдзæхст 2004 азы, Райдиан æмæ Рацыд – 2006 азы.

*Библи тæлмацы Институт, Мæскуы.*

# ПСАЛОМТÆ

## 1 ПСАЛОМ

1 Тæхудиаг у уыцы адæймаг,
фыдлæгты уынаффæйыл чи нæ цæуы,
тæригъæдджынты фæндагыл лæуд чи нæу,
æнæхуыцæутты ныхасы чи нæ бады.
2 Фæлæ йын æхцон у Хуыцауы æгъдау,
æмæ æхсæвæй-бонæй ууыл сты йæ хъуыдытæ.
3 Уый у, афоныл дыргъ чи дæтты
æмæ йæ сыфтæр кæмæн нæ руайы,
донбыл сагъд ахæм бæласау;
цавæрфæнды хъуыддагмæ ма бавналæд –
бантысдзæн ын.

4 Фыдлæгты хабар та афтæ нæу:
уыдон сты, дымгæ кæй ныффæйлауы,
5 уыцы зыгуымау. Уымæ гæсгæ фыдлæгтæ
не сраст уыдзысты тæрхоны,
тæригъæдджынтæ – рæстыты æхсæн.
6 Уымæн æмæ Хуыцау Йæ цæст дары рæстыты
фæндагмæ,
фыдлæгты фæндаг та байсæфдзæни.

## 2 ПСАЛОМ

1 Цæмæн сызнæт сты адæмтæ,
дзыллæтæ цæмæн нывæндынц,
кæмæй ницы рауайдзæн, ахæм фæнд?

2 Сыстадысты зæххон паддзæхтæ,
æлдæрттæ иумæ уынаффæ кæнынц
Хуыцауы æмæ Йе 'взæрсты ныхмæ:
3 «Арæдувæм сын сæ рæхыстæ
æмæ нæ бæрзæйæ аппарæм се 'фсондз».

4 Уæлæрвты Цæрæг бахуддзæн уыдоныл,
Хуыцау сæ фегад кæндзæн.
5 Уæд сын зæгъдзæни тызмæгæй
æмæ сæ Йæ карзæй æркæндзæни фæдисы
уавæрмæ:
6 «Æз Мæ Паддзахы сæвæрдтон Сионы* сæргъы –
Мæ сыгъдæг хохы сæргъы».

7 Æз расиддзынæн Хуыцауы уынаффæ:
Уый Мын загъта: «Ды Мæ Фырт Дæ,
Æз абон сдæн Дæ Фыд.
8 Ракур æмæ Дын адæмты бакæндзынæн Дæ бар,
зæхх кæрæй-кæронмæ уыдзæни Дæ дæлбар.
9 Цæвдзынæ сæ æфсæн лæдзæгæй,
æлыг мигæнæнау сæ ныппырх кæндзынæ».

10 Уæдæ уæм ныр зонд æрцæуæд, паддзæхтæ,
уæхи æрæмбарут, зæххон хицæуттæ!
11 Лæггад кæнут Хуыцауæн тæрсгæйæ,
цин кæнут Уый разы ризгæйæ.
12 Æрзоныг ут Фырты раз,
цæмæй ма смæстджын уа,
æмæ фæндагыл ма бабын уат.
Уымæн æмæ рæхджы Йæ маст рафыцдзæн.
Тæхудиаг сты,
йæ зæрдæ Йыл чи дары, уыдон се
'ппæт дæр.

* **2:6** *Сионы* – ацы хохыл уыди Иерусалимы Кувæндон.

## 3 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*
*Йæ фыртæй, Авессаломæй, куы фæлыгъди,*
*уый фæдыл.*

2 О Дунедарæг, куыд сбирæ сты ме знæгтæ!
Бирæтæ сыстадысты мæ ныхмæ,
3 Бирæтæ фæзæгъынц мæнæй:
«Хуыцауæй йын æххуыс нæ уыдзæни». ||

4 Фæлæ Ды, Хуыцау, мæ уарт Дæ, мæ намыс;
мæ сæр мын æгадмæ нæ уадзыс.
5 Хъæрæй кувын Хуыцаумæ,
æмæ мын дзуапп дæтты Йæ сыгъдæг хохæй. ||

6 Æрхуыссын, бафынæй вæййын æмæ сыстын,
уымæн æмæ Хуыцау хъахъхъæны мæн.
7 Фæйнæрдыгæй мыл мингæйттæй чи æртыхст,
уыдонæй нæ фæтæрсдзынæн.

8 Рахæц мæ сæрыл, Дунедарæг,
фервæзын мæ кæн, мæ Хуыцау!
Уымæн æмæ Ды ныццæвыс
ме 'ппæт знæгты æхсæрфæрстæ,
ныссæттыс фыдлæгты дæндæгтæ.

9 Ирвæзындзинад Хуыцауæй у.
Дæ адæмыл уæд Дæ арфæ. ||

## 4 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*хъисфæндыртыл цæгъдынæн.*
*Давиды псалом.*

2 Куы Дæм скувын, уæд-иу мæ фехъус,
мæ рæстады Хуыцау!
Мæ тыхсты бон Ды уыдтæ мæ удæнцой.
Батæригъæд мын кæн,
дзуапп ратт мæ куывдæн.

3 О адæм, кæдмæ калдзыстут цъыф мæ
кадыл?
Кæдмæ уарздзыстут мæнг хъуыддæгтæ,
кæдмæ æмхиц уыдзыстут фæливынмæ? ‖

4 Фæлæ зонут: Хуыцау Йæхицæн
сæвзæрста Йæ сыгъдæджы;
куы скувын Хуыцаумæ, уæд мæ
фехъусы.
5 Уæ масты фæдыл ма цæут –
тæригъæды бафтдзыстут.
Уæ фынæйы размæ
зæрдиагæй ахъуыды кæнут æмæ
æрæнцайут. ‖
6 Хæссут рæстады нывондтæ
æмæ Дунедарæгыл дарут уæ зæрдæ.

7 Бирæтæ зæгъынц:
«Чи нын æрхæсдзæни фарн?»
Равдис нæм, Хуыцау, Дæ цæсгомы рухс!
8 Ды мæ зæрдæйæн æрхастай цин,
æмæ уый уыдоны бирæ хор æмæ
сæнæй
фылдæр у.
9 Æнцад-æнцойæ æрхуыссын æз
æмæ бафынæй вæййын,
уымæн æмæ, мæ Хуыцау,
æрмæст Дæ фæрцы цæрын æдасæй.

# 5 ПСАЛОМ

[1] *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*уадындзтыл цæгъдынæн.*
*Давиды псалом.*

[2] О Хуыцау, фехъус мæ ныхæстæ,
бамбар мын мæ уынæргъын.
[3] Дæ хъус æрдар мæ дзыназынмæ,
мæ Паддзах æмæ мæ Хуыцау!
Уымæн æмæ Дæумæ кувын.
[4] О Хуыцау, сæумæйæ фехъус мæ хъæлæс,
боныцъæхтыл Дæм æрхæссдзынæн мæ курдиæттæ
æмæ æнхъæлмæ кæсдзынæн.

[5] Фыдмитæ Чи нæ уарзы, Ды уыцы Хуыцау дæ;
фыдлæгæн бынат нæй Дæумæ.
[6] Сæрыстыртæн Дæ цæсгомы раз
æрлæууын сæ бон нæу;
æппæт фыдгæнджытæ Дын æнæуынон сты.
[7] Ды фесафдзынæ фæлитойты;
Хуыцауæн æлгъаг сты тугцъир æмæ мæнгард.
[8] Æз та Де стыр хорзæхмæ гæсгæ
бацæудзынæн Дæ Хæдзармæ;
нымдгæнгæйæ ныллæг акувдзынæн Дæуæн
Дæ рухс Кувæндоны.

[9] О Дунедарæг, бацамон мын Дæ рæстад,
уымæн æмæ ме знæгтæ мæ алыварс сты –
æмраст скæн мæ размæ Дæ фæндаг.
[10] Уымæн æмæ сæ дзыхæй раст ныхас нæ рацæуы;
сæ зæрдæ – фыдбылызмæ арæзт,
сæ хурх – гом ингæн, фæливынц æвзагæй.
[11] Стæрхон сын кæн, Хуыцау,
сæ фыдвæндтæ сын сæфтыхос фæуæнт;

сæ фыдмитæ бирæ сты,
æмæ сыл Дæхи атигъ кæн,
уымæн æмæ Дæ ныхмæ сыстадысты.

12 Цин кæнæнт, Дæуыл йæ зæрдæ чи дары,
райæнт мыггагмæ се 'ппæт дæр.
Дæ ном чи уарзы, уыдон бакæн Дæ дæлбазыр,
æмæ уыдзынæ сæ цины сæр.
13 Уымæн æмæ рæстгæнæгæн
арфæ кæныс, Дунедарæг,
Дæ хорзæх æй, уартау, æмбæрзы алырдыгæй.

## 6 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*хъисфæндыртыл: астхъисоныл.*
*Давиды псалом.*

2 О Дунедарæг, тызмæгæй мын ма уайдзæф
кæн;
карзæй мæ ма бафхæр.
3 Батæригъæд мын кæн, Хуыцау,
уымæн æмæ æз æнæбон дæн;
сдзæбæх мæ кæн, Дунедарæг,
ме стджытæ æддæг-мидæг ауадысты.
4 Мæ уд хъизæмары бахауд.
Кæдмæ афтæ уыдзæни, Дунедарæг, кæдмæ?

5 Де 'ргом мæм раздах, Хуыцау,
мæ цард мын бахъахъхъæн;
фервæзын мæ кæн Дæ хорзæхы руаджы.
6 Марды зæрдыл нал æрлæудзынæ,
ингæны чи стаудзæни Дæу?

7 Сфæлмæцыдтæн мæ уынæргъынæй;
æрвылæхсæв фæкæуын мæ сынтæджы,

мæ цæссыгæй цæхсын мæ хуыссæн;
8 Сагъæсæй бамынæг мæ цæсты рухс,
ме знæгты аххосæй рæстмæ нал уынын.

9 Аиуварс ут мæнæй уе ‘ппæт дæр,
фыдæхæн кусджытæ;
Дунедарæг фехъуыста мæ кæуын.
10 Фехъуыста Хуыцау мæ лæгъстæ,
Дунедарæг айста мæ куывд.
11 Фæхудинаг уыдзысты ме ‘ппæт знæгтæ,
баззайдзысты састы бынаты,
аздæхдзысты æмæ æваст фегад уыдзысты.

## 7 ПСАЛОМ

1 *Вениамины хæдзарвæндагæй рацæуæг*
*Кушы ныхæсты фæдыл*
*Давид Хуыцауæн кæй азарыд,*
*уыцы æнкъард зарæг.*

2 О Дунедарæг, мæ Хуыцау,
Дæ дæлбазыр æмбæхсын;
фервæзын мæ кæн,
баиргъæв мæ ме 'ппæт фæдылзилджытæй.
3 Науæд, тугдзых домбæйттау,
фелвасдзысты мæ уд
æмæ йæ ныскъуыдтæ кæндзысты,
ирвæзынгæнæг мын куынæ уа, уæд.

4 О Дунедарæг, мæ Хуыцау,
кæд æвзæрæй исты сарæзтон,
кæд мæ къухтæй фыд ракодтон,
5 Кæд хорз æвзæрæй бафыстон
кæнæ, æназымæй æнæуынон кæмæн сдæн,
уымæн фыдбылыз сарæзтон,

6 Уæд знаг мæн амарынмæ зилæд мæ фæдыл
æмæ йын бантысæд,
зæххы хай мæ бакæнæд,
мæ кад рыгæй уæлдай мауал уæд. ||

7 Рацу тызмæгæй, Дунедарæг;
сыст ме схъæл знæгты ныхмæ.
Райхъал у æмæ рахæсс тæрхон
Дæ уагæвæрдмæ гæсгæ.
8 Æрæмбырд уæнт алы адæмтæ
æмæ æрлæууæнт Дæ алыварс;
бæрзондæй сыл Дæ цæст ахæсс.
9 Дунедарæг тæрхон кæны адæмтæн.
Тæрхон мын рахæсс, Хуыцау,
куыд раст дæн æмæ куыд æназым дæн, афтæ.
10 О рæстгæнæг Хуыцау,
фыдлæгты хæрам митæн æрцæуæд кæрон,
рæстылдзæуæгæн та ратт хъару –
Ды фæлварыс зæрдæтæ æмæ фæндтæ.

11 Хуыцау мæ уарт у –
ирвæзын кæны рæстзæрдæты.
12 Хуыцау æнæхæрам тæрхонгæнæг у,
Хуыцау алы бон дæр карзæй домы дзуапп.
13 Куы нæ Йæм раздæхой,
уæд сцыргъ кæндзæн Йæ цирхъ,
айваздзæн Йæ æрдынбос,
сараздзæн æй бæлвырд мысанмæ.
14 Цæттæ кæны мæлæтхæссæг хæцæнгæрзтæ;
аразы Йæ зынг фаттæ.

15 Мæнæ фыдлæг йæ зæрдæйы
байтыдта тæригъæды нæмыг,
уый ауагъта фыдæхы уидæгтæ
æмæ æрхаста дыргъ – мæнгдзинад.

16 Иннæмæн къахта дзыхъхъ,
сцæттæ йæ кодта,
æмæ йæ къахт уæрмы ныххаудта йæхæдæг.
17 Йæ хæрам æрцæудзæн йæхи сæрыл,
йæ фыдми æрхаудзæн йæ тенкайыл.

18 Æз Дунедарæджы стауын Йæ рæстады тыххæй,
зарын Бæрзонд Хуыцауы номы кадæн.

## 8 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Гат»-ы* зæлтæм гæсгæ.*
*Давиды псалом.*

2 О Дунедарæг, нæ Хуыцау,
куыд нæры æппæт зæххыл Дæ ном!

Ды скодтай Дæ кад уæлæрвтæй бæрзонддæр.
3 Сабитæ æмæ ноггуырдтæ Дæу кæй стауынц,
уымæй скодтай тых
æмæ йæ æрæвæрдтай Де знæгты ныхмæ,
фыдгул æмæ мастисæг
æнæдзырды бон куыд фæуой, афтæ.

4 Дæ къухты фæллойыл –
арвыл Ды кæй сæвæрдтай,
уыцы мæй æмæ стъалытыл
куы ахæссын мæ цæст,
5 Уæд фæзæгъын: цы у адæймаг,
æмæ Дæ зæрдыл лæууа,
кæнæ цы у лæджы фырт, æмæ йыл мæт
кæнай?

* **8:1** *Гат* – гæнæн ис, æмæ йæ кодтаиккой Гаты адæмы зарджытæм гæсгæ.

6 Зæдтæй* йæ бирæ дæлдæр не 'вæрыс,
паддзахау æй скодтай
кадджын æмæ намысджын.
7 Дæ къухтæй цы сарæзтай,
æппæт уыдонæн æй сæвæрдтай хицауæй;
æппæт дæр ын бакодтай йæ дæлбар:
8 Æппæт фысты æмæ галты, сырдты,
9 Уæларвон мæргъты, денджызон кæсæгты –
фурды арф фæндæгтыл æппæт змæлджыты.

10 О Дунедарæг, нæ Хуыцау,
куыд нæры æппæт зæххыл Дæ ном!

## 9 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Лабены мæлæт»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Давиды псалом.*

2 Зæрдæбынæй стаудзынæн Дæу, Хуыцау,
дзурдзынæн Дæ бирæ диссæгты тыххæй.
3 Дæуыл уыдзæни мæ цин æмæ райдзынæн,
зардзынæн Дæ номыл, Бæрзонд Хуыцау.

4 Ме знæгтæ лидзынмæ фесты
æмæ бындзагъд фесты Дæ разы.
5 Уымæн æмæ Ды æвзæрстай мæ хъуыддаг
æмæ мæ рæстад;
Ды сбадтæ паддзахы бадæны
раст тæрхон рахæссынмæ.
6 Ды фæзылын кодтай адæмты,
бабын кодтай фыдлæгты,

---

* 8:6 Ацы бынатæн ма ис афтæ бамбарæн: «Ды йæ скодтай афтæ, æмæ Дæуæй фæстæмæ никæмæй къаддæр у, сæвæрдтай йæ кадджын æмæ намысджын паддзахæй».

сæ фæд дæр сын фесæфтай мыггагмæ.
7 Знæгтæ бынысæфт фесты,
ныппырх сын кодтай сæ сахартæ;
сæ кой дæр нал ис.
8 Дунедарæг та паддзахиуæг кæны мыггагмæ!
Йæ паддзахы бадæн фидаргонд у
тæрхон рахæссынмæ.
9 Дун-дунейæн кæндзæн раст тæрхон,
адæмты хъысмæт æвзардзæн æнæхæрамæй.
10 Æфхæрд адæймагæн
Дунедарæг уыдзæн йæ мæсыг,
мæсыг ын уыдзæн йæ зыны бон.
11 Дæ ном чи зоны, Хуыцау,
уыдонæн сæ ныфс дæ;
уымæн æмæ Дæу чи агуры, уыдон нæ ныууадзыс.

12 Зарут Сионыл цæрæг Дунедарæгæн,
адæмтæн хъусын кæнут Йæ хъуыддæгтæ!
13 Уымæн æмæ Уый тугкалджытæй
дзуапп домæг у;
Йæ зæрдыл дары æфхæрдтыты,
нæ дзы рох кæны сæ дзыназын.

14 Батæригъæд мын кæн, Дунедарæг!
Ме сæфтмæ бæлджытæ
мæн удхарæй куыд марынц,
уымæ æркæс Ды,
байс мæ мæлæты комæй.
15 Æмæ æппæлдзынæн Дæуæй
Сионы чызджы* кулдуары раз,
цин кæндзынæн, кæй мæ фервæзын кодтай, ууыл.

16 Адæмтæ ныххаудысты,
сæхæдæг цы уæрм къахтой, уым;

---

* **9:15** *Сионы чызг* – Иерусалим æмæ Израилы адæм.

сусæг ран цы къæппæг сæвæрдтой,
уый сæ æрцахста сæ къахæй.
17 Дунедарæг Йæ раст тæрхонæй
базонын кодта Йæхи;
фыдлæгæн йæ хъуыддæгтæ
йæхицæн уыдзысты къæппæг. ||

18 Фыдлæгтæ, Хуыцауы рохгæнæг адæмтæ –
се 'ппæт дæр ацæудзысты дæлдзæхмæ.
19 Уымæн æмæ гæвзыкк
рохуаты нæ баззайдзæн мыггагмæ,
мæгуыртæн сæ зæрдæдарæн нæ фесæфдзæн.

20 Рацу, Дунедарæг, цæмæй адæймаг
бæрзонд ма сæвæра йæхи;
уадз адæмтæн тæрхон цæуа Дæ цæсгомы раз.
21 Тас сæ бауадз, Хуыцау!
Уадз æмæ адæмтæ зоной,
адæймæгтæ йеддæмæ кæй ницы сты, уый. ||

22 Дæрддзæф цæмæн лæууыс, Дунедарæг,
цæмæн æмбæхсыс зын заманы Дæхи?
23 Фыдлæг схъæл у, æгъатырæй зилы мæгуыры
фæдыл, æмæ
йæ фыдвæндты къæппæджы бахауы уый.
24 Уымæн æмæ фыдлæг хъал у йæ монцтæй;
буц у йе 'нæфсисæй æмæ фауы Дунедарæджы.
25 Фыдлæг йæ сæрыстырæй нæ агуры Хуыцауы:
«Хуыцау нæй», – ахæм сты йе 'ппæт хъуыдытæ;
26 Кæддæриддæр уый пайдайыл хæст у;
Дæ уынаффæтæм дæрддзæф лæууы;
йе 'ппæт знæгтæм æнæрвæссон цæстæй кæсы.
27 Йæхицæн фæзæгъы:
«Ницы хуызы фæцуддзынæн,
фæлтæрæй-фæлтæрмæ мыл
фыдбылыз не 'рцæудзæн».

28 Йæ ком дзаг у æлгъыстæй,
хин æмæ æртхъирæнæй;
йæ дæлæвзаг – знаггад æмæ фыдæх.
29 Кæйдæр размæ бабады фæскъул;
кæм æй ничи уыны, уым амары æназымы,
сусæгæй йæ цæст дары мæгуырмæ.
30 Хуыккомы домбай куыд æрхуыссы,
афтæ æрæмбæхст фæсвæд
æмæ æнхъæлмæ кæсы;
сусæгæй дары йæ цæст,
цæмæй йæхи ныццæва мæгуырыл;
йæхи йыл ныццæвы
æмæ йæ баппары йæ къæппæджы.
31 Æрæмбæхсы, æрбырсы æнæбоны
æмæ дзы йæ фидар ныхтæ ныссадзы.
32 Йæхицæн фæзæгъы:
«Йæ хъуыдыйы нæ дæн Хуыцауæн!
Йæ цæсгом бамбæрзта, никуы мæ фендзæни».

33 Рацу, Дунедарæг Хуыцау, равдис Дæ
цонджы тых,
ма ферох кæн æфхæрдты.
34 Фыдлæг цæмæн фауы Хуыцауы,
хинымæр цæмæн фæзæгъы:
«Нæ мæ бадомдзынæ дзуапп, Хуыцау!»
35 Ды уыныс, Ды бафиппайыс маст æмæ
бæллæх
æмæ кæддæриддæр цæттæ дæ æххуысмæ;
мæгуыр Дæуыл фæдзæхсы йæхи;
сидзæрæн Ды дæ æххуысгæнæг.
36 Фыдлæджы æмæ галиуы тых басæтт,
бафхæр æй йе 'взæр миты тыххæй,
йæ фæд дæр куыд нал уа, афтæ.

37 Мыггагмæйы Паддзах у Дунедарæг;
муртаттæн Йæ зæххыл сæ фæд дæр нал уыдзæн.

38 Ды зоныс, Хуыцау, сæрныллæджыты бæллицтæ;
сæ зæрдæты сын бауадзыс ныфс,
сæ курдиат сын хъусыс,
39 Цæмæй бахъахъхъæнай сидзæры æмæ æфхæрды,
æмæ зæххон адæймаг а-дунейыл мауал
æфтауа тас.

## 10 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

Хуыцауыл дарын мæ зæрдæ.
Уый куыд дзурут мæ удæн:
«Маргъау атæх дæхи хæхтæм»?
2 Мæнæ фыдлæгтæ айвæзтой æрдынбос –
сæ фат æрæвæрдтой æрдыныл,
талынджы йæ рæстгæнæджы зæрдæйыл
бауадзынæввонг.
3 Бындуртæ пырхгонд куы уой,
уæд ма рæстгæнæджы бон дæр цы у?

4 Хуыцау Йæ сыгъдæг Кувæндоны ис,
Йæ паддзахы бадæн – уæлæрвты;
Йæ цæст нæ исы адæмæй,
фæлвары сæ Йæ цæстæнгасæй.
5 Хуыцау фæлвары рæстгæнæджы æмæ фыдлæджы,
тыхмимæ æмхиц чи у, уыдон Ын æнæуынон сты.
6 Фыдлæгыл уарынау æркалдзæни
судзгæ цæхæр æмæ сондон;
уыраугæ дымгæ – сæ хай.

7 Уымæн æмæ Хуыцау рæстгæнæг у
æмæ уарзы рæстдзинад;
рæстылдзæуæг ын фендзæн Йæ цæсгом.

## 11 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*астхъисоныл.*
*Давиды псалом.*

2 Баххуыс кæн, Дунедарæг,
уымæн æмæ нал ис рæстгæнæг,
адæмы æхсæн Дæуыл æнувыдтæ нал баззади.
3 Алчидæр хионæн дзуры мæнг; се 'взæгтæ сты козбау,
дзурынц хинæйдзаг зæрдæйæ.

4 Дунедарæг сæхгæнæд алы козбауы
æмæ алы схъæлдзырд лæджы дзых,
5 Афтæ чи дзуры: «Не 'взаджы фæрцы
сбæрзонд уыдзыстæм, нæ дзыхтæ нæ уæлæ сты,
æлдар нын чи у?»

6 «Æфхæрдтыты хъизæмары
æмæ мæгуырты хъæрзыны сæраппонд
рацæудзынæн Æз, зæгъы Дунедарæг,
æмæ хинæй рацæуынмæ кæуыл хъавынц,
уыдоны баиргъæвдзынæн».
7 Дунедарæджы ныхæстæ – сыгъдæг ныхæстæ;
уыдон сты сыгъдæг æвзистау,
æлыгæй конд пецы фæлвæрд, авд хатты фæлвæрд.

8 Ды, Дунедарæг, бахъахъхъæндзынæ æфхæрдтыты,
æнусмæ сæ бахиздзынæ ацы мыггагæй,
9 Науæд адæмы ницæйæгтæ сбæрзонд сты,
æмæ алы ран дæр сарæх сты фыдлæгтæ.

## 12 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

[2] Кæдмæ уыдзынæн рох Дæуæй, Дунедарæг,
кæдмæ æмбæхсдзынæ мæнæй Дæ цæсгом?
[3] Кæдмæ нывæндон мæ фæндтæ мæ зæрдæйы,
кæдмæ хæссон мæ уды хъыг бонæй-бонмæ?
Ме знаг мыл кæдмæ уæлахиз уыдзæни?

[4] Æркæс мæм, Дунедарæг, мæ Хуыцау!
Царды рухс ратт мæ цæстытæн,
цæмæй мæрдвынæй ма бауон,
[5] Æмæ знаг ма зæгъа: «Æз ыл фæтых дæн»;
науæд куы фæцудон,
уæд цины хос уыдзынæн ме знæгтæн.

[6] Æз та мæ зæрдæ Дæ бирæ уарзтыл дарын,
Ды мын æрхастай ирвæзындзинад,
æмæ сцин кæндзæн мæ уд;
зардзынæн Хуыцауæн – Уый хорзы бацыди мæнæн.

## 13 ПСАЛОМ

[1] *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

Æнæзонд хинымæр загъта: «Хуыцау нæй».
Уыдон фехæлдысты, бакодтой æбуалгъ митæ;
хæрзгæнæг нæй. Иу дæр нæй.

[2] Дунедарæг уæлæрвтæй æркасти адæммæ:
Хуыцауы чи агуры, ахæм æмбаргæ нæй? Иу дæр
нæй?
[3] Се 'ппæт дæр ныдздзæгъæл сты, сæфтмæ
æрцыдысты;
хæрзгæнæг нæй, нæй иу дæр.

[4] Мæ адæмы дзулау чи хæры
æмæ Дунедарæджы чи нæ агуры,

æппæт уыцы фыдгæнджытæ
сæхи никуы æрæмбардзысты?
5 Бæлвырд, стыр азар сæ бацæудзæн,
уымæн æмæ Хуыцау рæстгæнæгимæ ис.
6 Сымах худут мæгуыры фæндиæгтыл,
фæлæ уымæн Дунедарæг йæ хъахъхъæнæг у.

7 Израилæн ирвæзындзинад Сионæй æрцæудзæн!
Дунедарæг Йæ адæмы уацарæй куы ракæна,
уæд райдзæн Иаков*, æмæ цин кæндзæн Израил.

## 14 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Дунедарæг, кæй бон у Дæ рухс цатыры æрлæууын?
Кæй бон у Дæ сыгъдæг хохыл æрцæрын?

2 Æнаиппæй чи цæры, раст кæй хъуыддæгтæ сты,
æцæгад кæй зæрдæйæ рацæуы, уый бон бауыдзæн.
3 Хахуыр кæй æвзагыл нæ бады,
йæ хæларæн фыдбылыз чи нæ аразы,
иннæйы фыдгой чи нæ кæны, уый бон бауыдзæн.
4 Хуыцауæй хъодыгонд æлгъаг кæмæн у,
фæлæ Дунедарæджы нымайæгæн аргъ чи кæны,
уый бон бауыдзæн;
йæ сомы сæххæст кæнын кæй нал фæнды,
фæлæ йæ уæддæр чи нæ сайы, уый бон бауыдзæн.
5 Лæскъыл æхца чи нæ дæтты,
расты фæзылын кæныны тыххæй
гæртам чи нæ исы, уый бон бауыдзæн.
Афтæ чи кæны,
уый мыггагмæ дæр нæ фæцуддзæн.

---

* 13:7 *Иаков æмæ Израил* – израилаг адæмы дыууæ номы.

# 15 ПСАЛОМ

1 *Давиды кадæг.*

О Хуыцау, бахиз мæ – Дæуæй æвæрын ныфс.

2 Æз загътон Хуыцауæн: «Ды мæ Паддзах дæ,
me 'ппæт хæрзтæ Дæуæй сты.
3 Зæххыл Дын чи ис,
Дæ уыцы сыгъдæджытæм,
Де 'взæрстытæм тырны мæ зæрдæ.
4 Æндæр хуыцæутты фæдыл цæуджытæ
хъыгтыл бафтæнт;
семæ сæ нывæндты туг нæ рауадздзынæн,
ме 'взагыл сæ ном нæ уыдзæн.

5 Хуыцау – мæ амонд æмæ мæ дзаг кæхц;
Дæ къухы ис мæ хъысмæт.
6 Мæ хуымы ауæдзтæ ацыдысты
тæккæ хуыздæр рæтты;
райгонд дæн мæ амондæй.
7 Арфæ кæнын мæнæн зонд бацамонæг
Дунедарæгæн;
мæ зæрдæ мæ ахуыр кæны суанг æхсæв дæр.

8 Æз кæддæриддæр мæ разы уынын Дунедарæджы;
уымæн æмæ Уый мæ рахиз фарс лæууы –
нæ фæцуддзынæн.
9 Уый тыххæй райы мæ зæрдæ, æмæ цин кæны мæ уд;
суанг мæ буар дæр æрæнцади æдасæй.
10 Ды мæ уды нæ ныууадздзынæ мæрдты бæстæйы
æмæ Дæ сыгъдæджы æмбийын нæ бауадздзынæ.
11 Ды мын бацамондзынæ царды фæндаг;
æрмæст Демæ базонæн ис æххæст цины ад;
тæхудиаджы хорзæх Дæ рахиз къухы ис æнусмæ.

# 16 ПСАЛОМ

1 *Давиды куывд.*

Фехъус, Дунедарæг, мæ рæстдзинад,
Де 'ргом раздах мæ дзыназынмæ,
Дæ хъус æрдар æнæхин æвзаджы куывдмæ.
2 Дæуæй мын рацæуæд тæрхон,
Дæ цæстытæ фенæнт мæ рæстад.

3 Ды бафæлвæрдтай мæ зæрдæ,
бабæрæг мæ кодтай æхсæв,
басгæрстай мæ æмæ мæм ницы ссардтай;
мæ хъуыдыты цы ис, мæ былалгъыл дæр уый ис.
4 Ме 'рвылбоны хъуыддæгты, Дæ ныхасмæ гæсгæ,
мæхи хызтон æфхæрæг разынынæй.
5 Фидар сты мæ къахдзæфтæ Дæ фæндагыл;
нæ фæцуддзæн мæ фад.

6 Дæумæ сидын, Хуыцау,
уымæн æмæ æрмæст Ды фехъусдзынæ мæн;
раздах мæм Де 'ргом æмæ фехъус мæ дзырдтæ.
7 Равдис Дæ диссаджы хорзæх;
Дæуыл йæ зæрдæ чи дары, уыдон ирвæзын кæныс
Дæ рахиз цонджы ныхмæ цæуджытæй.
8 Бахъахъхъæн мæ цæстыгагуыйау,
Дæ дæлбазыр мæ бамбæхс
9 Мæнмæ лæбурæг фыдлæгтæй,
чи мыл æртыхсти, уыдонæй – мæ уды знæгтæй.
10 Сæ дурзæрдæтæ ныхгæдтой, сты схъæлдзырд.
11 Зилынц мæ фæдыл, мæнæ мыл æртыхстысты;
æрæвæрдтой мыл сæ цæст,
зæхмæ мæ куыд æрæппарой, афтæ.
12 Уыдон сты йæ амæддагмæ гæппæввонг домбайау,
пыхсбыны æрæмбæхсæг æрыгон домбайау.

13 Рацу, Дунедарæг, сæ разæй фæу
æмæ сæ ныддæрæн кæн;
Дæ цирхъæй мын мæ уд баиргъæв фыдлæгæй.
14 Дæ цонгæй мæ бахъахъхъæн адæмæй, Дунедарæг,
æрмæст зæххон цард йæ хай кæмæн у,
Дæ хæзнадæттæй кæй гуыбын æфсадыс,
уыцы адæмæй.
Сæ фырттæ хъуаг ницæмæй сты,
сæ мулкæй ма баззайдзæни сæ цотæн дæр.
15 Æз та рæстæй кæсдзынæн Дæ цæсгоммæ.
Куы-иу райхъал уон,
уæд æфсæддзынæн Дæ фæлгонцæй.

## 17 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Хуыцауы цагъар Давид*
*ацы зарæджы ныхæстæ ракодта Хуыцауæн,*
*йе 'ппæт знæгты къухтæй*
*æмæ йæ Саулæй куы бахызта, уæд.*

Давид загъта:
2 Дæу уарзын, Дунедарæг, мæ тыхдæттæг!
3 Дунедарæг мæ цæугæ хох, мæ фидар у,
мæ сæрибаргæнæг, мæ Хуыцау;
мæ къæдзæх у, æмæ дзы бамбæхсдзынæн;
Уый у мæ уарт, мæнæн уæлахиздæттæг тых,
мæ мæсыг.
4 Æрсиддзынæн кадджын Хуыцаумæ
æмæ фервæздзынæн ме знæгтæй.

5 Æрбалвæстой мæ мæлæты рæхыстæ;
нуæрдынц мæ фыдæхы гуылфæнтæ.
6 Ингæны рæхыстæ мæ æрбалхъывтой,
мæлæты сахсæнтæ мæ æрцахстой.
7 Мæ тыхстæй фæсидтæн Дунедарæгмæ,

æххуысагур дзынæзтон мæ Хуыцаумæ;
фехъуыста мын мæ хъæлæс,
сыхъуыст Æм мæ дзыназын.

8 Уæд зæхх нынкъуыст æмæ ныррызти,
хæхтæ сæ бындурмæ фестъæлфыдысты
æмæ базмæлыдысты,
уымæн æмæ смæсты ис Хуыцау.
9 Йæ мæстæй хæрдмæ фæцыди фæздæг,
Йæ комæй рацыди бынгæнæг арт,
æрызгъæлди дзы цæхæр.
10 Æркъул кодта уæлæрвтæ æмæ æрхызти,
сау мылаз фæци Йæ къæхты бын.
11 Сбадти херувимыл* æмæ атахт,
Йæхи систа дымгæйы базыртыл.
12 Талынгæй Йæ алыварс скодта æмбæрзæн;
Йæ агъуыст – саувадыг уæззау мигътæ.
13 Ныртгтывта, æмæ Йæ разæй азгъордтой мигътæ,
ихуард æмæ судзгæ цæхæр.
14 Ныннæрыди Дунедарæг уæлæрвты,
Бæрзондбадæгæн райхъуыст Йæ хъæлæс,
рарвыста ихуард æмæ цæхæр.
15 Ауагъта Йæ фаттæ, æмæ фæйнæрдæм апырх сты –
æрвæрттывды бирæ тæгтæ,
æмæ сæ ныффæйлыдта.
16 Дæ тызмæг уайдзæфæй,
Дæ масты уддзæфæй, Дунедарæг,
райхъал сты доны гуырæнтæ,
æмæ байгом сты зæххы бындуртæ.

17 Хуыцау уæлæрвтæй æрдардта Йæ къух,
схæцыди мыл, систа мæ доны арфæй.
18 Мæ тыхджын знагæй мæ бахызта,
мæнæй йе сæфт чи уыдта

* 17:11 *Херувим* – Хуыцауæн лæггадгæнæг зæд.

æмæ мæнæй тыхджындæр чи уыди, уыдонæй.
19 Мæ зыны бон мæм æрбалæбурдтой,
фæлæ мын Хуыцау уыдис ахъазгæнæг.
20 Уый мæ ракодта æдас ранмæ,
бахызта мæ знæгтæй, уымæн æмæ мыл ауды.

21 Дунедарæг мæ схорзæхджын кодта
мæ рæстадмæ гæсгæ,
бафыста мын мæ къухты сыгъдæгдзинадмæ гæсгæ.
22 Уымæн æмæ æз
Дунедарæджы амынд фæндæгтыл цыдтæн,
Хуыцауæй нæ аздæхтæн фыдмитæм;
23 Йæ фæдзæхстытæ иууылдæр мæ разы уыдысты,
Йæ уагæвæрдты сæрты никуы ахызтæн.
24 Йæ разы æнаипп уыдтæн æз,
мæхи хызтон тæригъæд ракæнынæй.
25 Æмæ Дунедарæг схорзæхджын кодта мæн
Йæ рæстадмæ гæсгæ,
мæ къухты сыгъдæгдзинадмæ гæсгæ
Йæ цæсгомы раз.

26 Æнувыдыл Ды æнувыд Дæ,
æнаиппæн дæттыс, куыд æнаипп у, афтæ,
27 Сыгъдæгæн дæттыс йæ сыгъдæг зæрдæмæ гæсгæ,
мæнгардæн – йæ хинмæ гæсгæ.
28 Ды баиргъæвыс сæрныллæг адæмы,
бæрзæндты кæсджыты та æгадмæ æртæрыс.

29 Ды ссудзыс, Дунедарæг, мæ цырагъ;
мæ Хуыцау Йæ рухсæй фæсуры мæ талынг.
30 Демæ басæттын знаджы æфсад;
мæ Хуыцауимæ схизын æнæбасæттгæ сисмæ.

31 Хуыцау – куыд æнаипп у Йæ фæндаг!
Дунедарæджы ныхас фæлвæрд у;
йæ зæрдæ Йыл чи дары, æппæт уыдонæн уарт у.

32 Уымæн æмæ Дунедарæджы йеддæмæ Хуыцау чи у,
æмæ нæ Хуыцауы йеддæмæ
нæ ныфсы къæдзæх чи у?
33 Хуыцау мæ астæу æрбалвасы хъаруйæ,
скæны мæ фæндаг æнæфау.
34 Мæ къæхтæ скæны саджы къæхтау рог,
бæрзæндтыл фидарæй æрлæууын кæны мæн.
35 Мæ къухтæн амоны тох кæнын,
мæ цæнгтæ æркъæдз кæнынц æрхуы æрдын.
36 Ды мын радтай Дæ ирвæзты уарт,
Дæ рахиз цонг хæцы мæныл;
Дæ хорзæх мæ сисы бæрзонд.
37 Мæ фæндагыл уæрæх кæныс мæ къахдзæф,
мæ фад нæ фæцуддзæн.

38 Æз асурын ме знæгты æмæ сæ баййафын;
нæ раздæхын, цалынмæ сæ нæ фæцæгъдын.
39 Ныддæрæн сæ кæнын,
æмæ сæ бон сыстын нал вæййы,
æрхауынц мæ къæхты бынмæ.
40 Уымæн æмæ хъаруйæ
сифтонг кодтай мæн хæцынмæ;
мæ ныхмæ сыстджыты
æрæппæрстай мæ къæхты бынмæ.
41 Ме знæгты лидзæг фæкодтай мæнæй,
æмæ цæгъдын ме сæфтмæ бæлджыты.
42 Курынц æххуыс,
фæлæ сын нæй ирвæзынгæнæг;
курынц Хуыцауæй, фæлæ сын дзуапп нæ дætты.
43 Дымгæмæ рыг сдарæгау сæ ныффæйлауын,
уынджы цъыфау сæ ныссæндын.

44 Ды мæн баиргъæвтай фыдæх хæссæг адæмæй;
сæвæрдтай мæ æцæгæлон адæмы сæргъы;
кæй нæ зыдтон, уыцы адæм сты мæ дæлбар.
45 Æрмæст мæ коймæ дæр кæсынц мæ коммæ;

æцæгæлон адæм æлхæнынц мæ зæрдæ.
46 Æцæгæлон адæмы хуыз фæцыди –
фыртæссæй ризынц сæ фидæртты.

47 Цардæгас æмæ арфæгонд у, Дунедарæг,
мæ къæдзæх!
Кадджын уæд мæ ирвæзынгæнæг Хуыцау,
48 Мæ мастисæг æмæ адæмты
мæ дæлбаргæнæг Хуыцау,
49 Мæн ме знæгтæй ирвæзынгæнæг!
Мæ ныхмæ сыстджыты сæргъы сæвæрдтай мæн,
баиргъæвтай мæ фыдзæрдæ адæймагæй.
50 Æппæт уыдæтты тыххæй æцæгæлон адæмы æхсæн
стаудзынæн Дæу, Дунедарæг, зардзынæн Дæ номыл.
51 Уый стыр уæлахиз дæтты Йæ паддзахæн;
мыггагмæ ауды Йе 'взæрст Давидыл
æмæ йæ байзæддæгтыл.

## 18 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

2 Уæлæрвтæ дзурынц Хуыцауы кадыл,
арвы зылд æвдисы Йæ къухты хъуыддæгтæ.
3 Бон бонæн æрвиты ныхас,
æхсæв æхсæвæн æргом кæны зонынад.
4 Нæй сын æвзаг, нæй ныхасыгъæд,
нæ хъуысы сæ хъæлæс;
5 Фæлæ æппæт зæххыл айхъуысынц сæ зæлтæ,
дун-дунейы кæронмæ – сæ ныхæстæ.
Хурæн дзы æрæвæрдта цатыр.
6 Æмæ хур сиахсау рацæуы
йæ чындзæхсæвы галуанæй;
цыма уæлахиздзау у,
афтæ зæрдæрухсæй згъоры йæ фæндагыл.

7 Ӕрзилы арвыл иу кæронæй иннæ кæронмæ;
ницы у æнæхай йæ хъармæй.

8 Дунедарæджы æгъдау æнаипп у, сног кæны зæрдæ.
Хуыцауы уынаффæ æцæг у –
уæлзонд дæтты хуымæтæгæн.
9 Хуыцауы уагæвæрдтæ раст сты, зæрдæ сæ райы;
Дунедарæджы фæдзæхст тæмæнкалгæ у –
гом кæны цæстытæ.
10 Хуыцауы тас – сыгъдæг цардыхос у,
аххæсдзæни мыггагмæ;
Хуыцауы уынаффæтæ – æцæгад,
се 'ппæт дæр раст сты.
11 Уыдон æхцондæр сты сызгъæринæй,
суанг бирæ хæттыты сыгъдæггонд сызгъæринæй
дæр;
мыдæй æмæ фæзгъæры æртæхтæй адджындæр сты.
12 Дæ цагъары дæр уыдон хъахъхъæнынц,
се 'ххæст кæнын стыр хæрзиуæг у.

13 Хи азымтæ чи уыны?
Мæ сусæг тæригъæдтæй мæ ссыгъдæг кæн,
14 Барæй ракæндтæй дæр бауром Дæ цагъары,
цæмæй мыл ма фæуæлахиз уой.
Уæд æз уыдзынæн æнæфау,
уæззау фыдракæндтæй сыгъдæг.

15 Уадз мæ дзыхæй рацæугæ дзырдтæ, мæ хъуыдытæ
Дæуæн уой фæндиаг, Дунедарæг,
мæ къæдзæх æмæ ме ссæрибаргæнæг!

## 19 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

2 Фехъусæд дæ Дунедарæг дæ хъыджы заман,
бахъахъхъæнæд дæ нæ фыдæл Иаковы
Хуыцауы ном.
3 Рарвитæд дын æххуыс Йæ рухс Кувæндонæй,
хъару – Сионæй.
4 Æрымысæд де 'ппæт хуынтæ,
айсæд дын дæ иууылсудзинаг нывонд*, ||
5 Дæ зæрдæ цæмæ бæллы, уый дын раттæд,
сæххæст дын кæнæд де 'ппæт фæндтæ.
6 Мах цинæй райдзыстæм дæ уæлахизыл;
Хуыцауы номы кадæн сисдзыстæм тырыса!
Дунедарæг дын сæххæст кæнæд де 'ппæт
курдиæттæ.

7 Æз ныр базыдтон:
Дунедарæг ирвæзын кæны Йе 'взæрсты;
Йæ сыгъдæг уæлæрвтæй йын дзуапп дætты
Йæ рахиз цонджы ирвæзынгæнæг хъомысæй.
8 Чи йæ бæхуæрдæттæй æппæлы, чи йæ бæхтæй,
мах та – Дунедарæгæй,
нæ Хуыцауы номæй æппæлæм.
9 Уыдон фæцудыдтой æмæ ахаудысты,
мах та сыстадыстæм æмæ лæууæм фидар.

10 Дунедарæг, фервæзын кæн паддзахы,
æмæ Дын куы фæлæгъстæ кæнæм,
уæд-иу нæ фехъус!

## 20 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

---

* 19:4 *Иууылсудзинаг нывонд* – ацы кусæрттаг-иу израилæгтæ æрхастой Хуыцауæн æмæ йæ сыгътой æнæхъæнæй.

[2] О Дунедарæг, Дæ хъаруйæ зæрдæрухс у паддзах;
цы стыр цин ын æрхастой Дæ уæлахизтæ!
[3] Йæ зæрдæ цæмæ бæллыди, уый йын радтай,
йæ уды курдиатыл ын нæ атигъ кодтай Дæхи. ‖
[4] Уымæн æмæ йæ Ды
схайджын кодтай Дæ бирæ арфæтæй,
йæ сæрыл ын æркодтай паддзахы худ –
сыгъдæг сызгъæринæй.
[5] Дæуæй куырдта цард; Ды та йын радтай
бирæ цæрæнбонтæ мыггагæй-мыггагмæ.
[6] Стыр намыс ын æрхаста Дæ уæлахиз,
скодтай йæ кадджын æмæ номдзыд.
[7] Ды йыл æруагътай Дæ арфæтæ мыггагмæ,
Дæ цæсгомы рухсæй йæ схъæлдзæг кодтай.
[8] Уымæн æмæ Дунедарæгыл дары паддзах йæ зæрдæ,
Бæрзонд Хуыцауы уарзты фæрцы нæ фæцуддзæн.

[9] Дæ къухæй нæ аирвæздзысты Де ‘ппæт знæгтæ;
Дæ рахиз цонг баххæсдзæн,
Ды æнæуынон кæмæн дæ, уыдонмæ.
[10] Куы сæм фæзынай,
уæд сæ фестын кæндзынæ судзгæ пец;
Дунедарæг сæ тызмæгæй байсафдзæн,
арт сæ аныхъуырдзæн.
[11] Зæххыл сын фесафдзынæ сæ байзæддаг,
адæмты æхсæн – сæ мыггаг.
[12] Уымæн æмæ хъавынц Дæуæн фыд ракæнынмæ,
Дæ ныхмæ нывæндынц фыдвæндтæ,
фæлæ сын нæ бантысдзæн.
[13] Дæ фаттæ сын сæ цæсгæмттæм куы саразай,
уæд лидзæг фæуыдзысты.

[14] Сбæрзонд у Дæ хъомысæй, Дунедарæг!
Мах зардзыстæм æмæ кад кæндзыстæм
Де 'нæкæрон хъаруйæн!

# 21 ПСАЛОМ

[1] *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Сæумæйы хъуаз»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Давиды псалом.*

[2] Мæ Хуыцау, мæ Хуыцау, цæмæн ныууагътай мæн?
Куыд нæ фæзыныс мæн фервæзын кæнынмæ,
куыд нæ Дæм хъуысы мæ дзыназын!
[3] Мæ Хуыцау! Хъæр Дæм кæнын бонæй –
дзуапп нæ дæттыс,
хъæр Дæм кæнын æхсæв дæр –
æнцой не 'ссарын.
[4] Ды, Сыгъдæг, цæрыс Израилы кады
ныхæсты æхсæн;
[5] Дæуыл дардтой сæ зæрдæ нæ фыдæлтæ;
сæ зæрдæ Дыл дардтой, æмæ-иу сæ бахызтай.
[6] Дæумæ дзынæзтой, æмæ-иу сæ фервæзын кодтай;
сæ зæрдæ Дыл дардтой,
æмæ никуы фæфыдæнхъæл сты.

[7] Æз та адæймаг нæ, фæлæ уаллон дæн;
дзыллæйæн æгад æмæ адæмæн æлгъаг.
[8] Мæн чи уыны, уыдон мыл худынц;
сæ сæртæ тилынц æмæ былысчъилæй дзурынц:
[9] «Дунедарæгыл дардта йæ зæрдæ –
ныр æй фæрвæзын кæнæд;
кæд ыл ауды, уæд æй ссæрибар кæнæд».

[10] Мæ мады гуыбынæй мæ куы ракодтай,
хъæбысы ма куы уыдтæн,
уæд дæр мæ хъахъхъæдтай.
[11] Мæ райгуырынæй Дæуыл фæдзæхст дæн;
мæ мады гуыбыны ма куы уыдтæн,
уæдæй фæстæмæ мæ Хуыцау дæ.
[12] Ма адард у мæнæй,

уымæн æмæ мæ хъизæмары бон æввахс у,
æххуысгæнæг та нæй.

13 Бирæ галтæ мыл æрхъула,
хæрзхаст басайнаг галтæ мыл æртыхстысты.
14 Байгом мæм кодтой сæ дзых,
йæ амæддаджы байййафæг
æмæ богътæгæнæг домбайау.
15 Æз ныппырх дæн донау;
ме стджытæ кæрæдзийыл нал хæцынц;
мæ зæрдæ мыдадзау батади мæ риуы.
16 Æлыгæй конд дурынау мæ тых бахус,
ме 'взаг ныдæгъди мæ комыл;
ингæны сыджыты нывæрдтай мæн.
17 Куыйтæ мыл æрхъула сты,
фыдлæгты æрдонг мыл æртыхст,
мæ къухты æмæ мæ къæхты
ныххостой æфсæйнæгтæ.
18 Мæ фæрсчытæн ис банымайæн;
уыдон та мæм кæсынц,
æмæ сын сдæн хиирхæфсæн.
19 Сæ кæрæдзийыл уарынц мæ дарæс,
мæ пæлæзыл æппарынц хæлттæ.

20 Фæлæ Ды, Дунедарæг, ма адард у мæнæй!
Ды мæ тых дæ,
тагъддæр мæм фæзын æххуысмæ.
21 Мæ уд мын бахиз цирхъæй,
мæ иунæг цард – куыйтæй.
22 Баиргъæв мæ домбайы комæй;
бахиз мæ хъæддаг галты сыкъатæй.
23 Дæ номы тыххæй дзурдзынæн ме 'фсымæртæн,
Дæ адæмы æхсæн æппæлдзынæн Дæуæй.
24 Хуыцауæй тæрсджытæ, стаут Æй!
Иаковы æппæт байзæддæгтæ, скад Ын кæнут.
Нымайут Æй, Израилы æппæт адæм.

25 Уымæн æмæ Хуыцау æнæрвæссон нæ уыди
æфхæрд адæймагыл
æмæ нæ аздæхти йæ хъизæмæрттæй;
Йæхи дзы нæ бамбæхста,
фæлæ Йæм уый æххуысмæ куы фæдзырдта,
уæд æй фехъуыста.

26 Стыр æмбырды Дæуæй æппæлдзынæн;
дзырд Дын цæй тыххæй радтон,
уыдæттæ æххæст кæндзынæн,
Дæу чи нымайы, уыдоны раз.
27 Къæбæр хæрдзысты мæгуыртæ
æмæ бафсæддзысты;
Хуыцауы скадджын кæндзысты,
чи Йæ агуры, уыдон!
Уадз мыггагмæ уой цардæфсæст.
28 Уый æрымысдзысты æппæт зæххы цæрджытæ
æмæ раздæхдзысты Дунедарæгмæ;
Дæ разы æрзоныг уыдзысты адæмтæ
иууылдæр.
29 Уымæн æмæ паддзахад Хуыцауы у,
адæмтæн Уый у Бардарæг.

30 Ныллæг акувдзысты Уымæн
æппæт зæххы цардæфсæст бонджынтæ;
Йæ разы æрзоныг уыдзысты сыджытмæ
цæуджытæ
æмæ йæ удæн мадзал чи нæ зоны,
уыдон иууылдæр.
31 Мæ байзæддæгтæ кусдзысты Уымæн,
мыггагмæ хæсдзысты Хуыцауы адæмы ном.
32 Æмæ цæудзысты
æмæ дзурдзысты Йæ рæстдзинадыл,
æрцæуинаг фæлтæртæн Йæ хъуыддæгты
тыххæй.

## 22 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Хуыцау – мæ фыййау,
æз ницæмæй уыдзынæн хъуаг.
2 Хизы мæ сойджын сæрвæтты,
ахоны мæ сабыр цæугæдæттæм.
3 Дæтты мын ног тыхтæ;
аразы мæ рæстады фæндагыл
Йæ номы сæраппонд.
4 Мæлæты тар комы цæугæ мын куы фæуа,
уæддæр нæ фæтæрсдзынæн фыдбылызæй,
уымæн æмæ Ды мемæ дæ;
Дæ паддзахы бар æмæ Дæ фыййауы лæдзæг
хъахъхъæнынц мæн.

5 Ды мын ахæм фынг æрæвæрдтай
ме знæгты цæсты раз!
Мæ сæр мын байсæрстай хæрздæф зетийæ,
мæ кæхц кæлы йæ былтæй.
6 Уæдæ цалынмæ удæгас дæн,
уæдмæ мын Дæ фарн æмæ Дæ хорзæх
уæнт æмбæлццæттæ,
æмæ мæ царды æппæт бонтæ
арвитдзынæн Дунедарæджы Хæдзары.

## 23 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Зæхх æмæ зæххыл цыдæриддæр ис,
дун-дуне æнæхъæнæй æмæ йе 'ппæт цæрджытæ
Хуыцауы сты.
2 Уымæн æмæ дуне Уый æрæвæрдта денджызтыл,
æрфидар æй кодта цæугæдæттыл.

3 Чи схиздзæни Хуыцауы хохмæ,
чи æрлæудзæн Йæ сыгъдæг бынаты?
4 Йæ къухтæ æназым кæмæн сты,
сыгъдæг кæй зæрдæ у,
мæнгхуыцауæн чи нæ куывта,
сомы чи нæ сайы, æрмæстдæр уый.
5 Ахæм адæймагыл
Дунедарæг æруадздзæн Йæ арфæ
æмæ йæ ирвæзынгæнæг Хуыцауæй
райсдзæни хорзæх.
6 Ахæм у, Уый чи агуры,
Дæ цæсгомы раз балæууын кæй фæнды,
уыдоны мыггаг, Иаковы Хуыцау! ||

7 Уæхиуыл схæцут, кулдуæрттæ,
дæрдтыл байгом ут, æнусон дуæрттæ,
æмæ бацæуа цытджын Паддзах!
8 Чи у уыцы цытджын Паддзах? –
Фидар æмæ хъомысджын Дунедарæг,
тохы басæттæн кæмæн нæй, уыцы Хуыцау.

9 Уæхиуыл схæцут, кулдуæрттæ,
дæрдтыл байгом ут, æнусон дуæрттæ,
æмæ бацæуа цытджын Паддзах!
10 Чи у уыцы цытджын Паддзах? –
Уæлахизгæнæг Хуыцау;
Уый у цытджын Паддзах. ||

## 24 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Дæумæ бæллы мæ зæрдæ, Хуыцау.
2 Дæуæй ныфсджын дæн, мæ Хуыцау.
Ды мæ не 'руадздзынæ æгадмæ,
цæмæй мыл ме знæгтæ ферайой.

3 Дæуыл йæ зæрдæ чи дары,
уыдон дæр нæ фегад уыдзысты.
Кæй фыдвæндтæй ницы рауайдзæни,
æгад уыдон фæуыдзысты.

4 Бацамон мын, Хуыцау, Дæ фæндæгтæ
æмæ мæ сахуыр кæн Дæ надвæттыл цæуын.
5 Сараз мæ Дæ æцæгадыл, сахуыр мæ кæн,
уымæн æмæ Ды мæ ирвæзынгæнæг Хуыцау дæ;
Дæуыл дарын мæ зæрдæ иудадзыг.
6 Æрымыс, Хуыцау, рагзамантæй кæй æвдисыс,
Дæ уыцы хорзæх æмæ уарзт.
7 Ме 'взонджыбонты тæригъæдтæ
æмæ фыдмитæ мын ма æрымыс;
Дæ уарзт æмæ Дæ хорзæхмæ гæсгæ
æрымыс мæн, Дунедарæг.

8 Хуыцау хæрзгæнæг æмæ æнæхæрам у;
уымæн аразы тæригъæдджынты раст фæндагыл.
9 Фæлмас адæймæгты аразы рæстдзинадыл,
сабыртæн амоны Йæ фæндаг.
10 Хуыцауы æппæт фæндæгтæ
сты хорзæх æмæ æцæгад,
Йæ фæдзæхстытæм гæсгæ чи цæры
æмæ йын Йæ амындмæ чи хъусы, уыдонæн.
11 Мæ тæригъæд уæззау у, æмæ мын æй ныххатыр
кæн
Дæ номы сæраппонд, Дунедарæг!
12 Хуыцауæй чи тæрсы, чи у уыцы адæймаг?
Хуыцау ын бацамондзæни,
цавæр фæндаг æй равзарын хъæуы, уый.
13 Йæ уд ссардзæн фарн,
зæхх бауыдзæн йæ байзæддæгты.
14 Хуыцауæй чи тæрсы,
уыдонæй не 'мбæхсы Йæ сусæгад,
æргом сын кæны Йæ фæдзæхст.

15 Мæ цæстытæ иудадзыг Дунедарæгмæ кæсынц;
мæ къæхтæ мын хызæй Уый суæгъд кæны.

16 Раздæх мæм Де 'ргом æмæ мын батæригъæд кæн,
уымæн æмæ æз иунæг æмæ æфхæрд дæн.
17 Мæ зæрдæйы мастыл
ноджыдæр бафтыди;
фервæзын мæ кæн мæ бæллæхтæй.
18 Æркæс мæ тыхстмæ, мæ хъизæмармæ
æмæ мын ныббар ме 'ппæт тæригъæдтæ.
19 Акæс-ма ме знæгтæм – куыд бирæ сты,
куыд æбуалгъы æнæуынон сын дæн!
20 Бахиз мын мæ уд, баиргъæв мæ,
æмæ нæ фегад уыдзынæн,
уымæн æмæ Дæуыл дарын мæ зæрдæ.
21 Æнæфау цард æмæ мæ рæстад
уæнт мæ хъахъхъæнджытæ,
уымæн æмæ Ды мæ ныфс дæ.

22 Хуыцау, фервæзын кæн Израилы
йе 'ппæт бæллæхтæй.

## 25 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Дæхæдæг мын рахæсс тæрхон, Дунедарæг,
уымæн æмæ рæстæй цардтæн.
Хуыцауыл дарын мæ зæрдæ,
нæ фæдызæрдыг уыдзынæн.
2 Сбæрæг мæ кæн, Хуыцау, бафæлвар мæ;
раиртас мæ хъуыдытæ æмæ мæ зæрдæйы
фæндтæ.

3 Дæ хорзæх æдзухдæр мемæ ис,
æмæ цæрын Дæ æцæгадмæ гæсгæ.

4 Фæлывд адæймæгты ныхасы никуы бадтæн,
цæстмæхъусимæ мын иумæйагæй ницы уыдзæни.
5 Фыдлæгты дзыгуырæй ме сæфт уынын,
фыдгæнджытимæ не 'рбаддзынæн.
6 Мæ къухтæ æрæхсын æназымæй, Дунедарæг,
афтæмæй æрзилын Дæ нывондхæссæны алыварс –
7 Дæу хъæлæсыдзагæй стаугæйæ
æмæ Де 'ппæт диссæгтыл дзургæйæ.
8 Дунедарæг, æз бауарзтон Дæ Хæдзар –
Дæ кады цæрæн бынат.

9 Мæ уд мын тæригъæдджынтимæ ма фесаф,
мæ цард – тугцъиртимæ.
10 Сæ къухтæ фыдракæндтæй хъæстæ сты,
сæ рахиз къухтæ – гæртæмттæй дзаг.
11 Æз та цæрдзынæн æназымæй;
равдис мæм Дæ хорзæх æмæ мæ фервæзын кæн.
12 Мæ къæхтæ фидар лæууынц раст фæндагыл;
æмбырдты æз стаудзынæн Дунедарæджы.

## 26 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Дунедарæг – мæ царды рухс
æмæ мæ ирвæзынгæнæг –
кæмæй мын у тас?
Дунедарæг – мæ царды мæсыг –
кæй тасæй бариздзынæн?
2 Фыдлæгтæ, мæ фыдгултæ
æмæ ме знæгтæ куы тындзой мæн
аныхъуырынмæ,
уæд сæхæдæг сæ къах скъуырдзысты
æмæ æрхаудзысты.
3 Æнæхъæн æфсад мыл куы æртыхса –
мæ зæрдæ нæ фæтæрсдзæни;

мæ ныхмæ хæст куы самайой,
уæддæр ныфсджын уыдзынæн.

4 Æрмæстдæр иу хорзæх курын Дунедарæгæй
æмæ уымæ тырнын, цæмæй мæ цæргæбонтæ
æрвитон Хуыцауы Хæдзары,
мæ цæсты раз уа Хуыцауы рæсугъддзинад –
уынон Æй Йæ Кувæндоны.
5 Уымæн æмæ мæ тыхсты бон
Уый бамбæхсдзæн мæн,
Йæ Цатыры мæ бааууон кæндзæн,
схæссдзæни мæ къæдзæхы сæрмæ.
6 Уæд æз фæуæлахиз уыдзынæн,
цы знæгтæ мыл æртыхст, уыдоныл;
райгæйæ Йын æрхæссдзынæн нывондтæ
Йæ Цатыры;
зардзынæн æмæ цæгъддзынæн
рæсугъд зæлтæй Дунедарæгæн.

7 Дæумæ дзурын, Дунедарæг, фехъус мæ хъæлæс;
батæригъæд мын кæн æмæ мын дзуапп ратт.
8 Мæ зæрдæйы хъуысынц Дæ ныхæстæ:
«Агурут Мæ цæсгом».
Æмæ æз Дæ цæсгом агурдзынæн, Хуыцау.
9 Ма аздах мæнæй Дæ цæсгом;
тызмæгæй ма бахъоды кæн Дæ цагъарыл.
Ды уыдтæ ме 'ххуысгæнæг, ма мыл атигъ кæн
Дæхи,
ма мæ ныууадз, Хуыцау, мæ ирвæзынгæнæг!
10 Мæ фыд æмæ мад куы ныууадзой мæн,
уæддæр мæ Хуыцау райсдзæни Йæхимæ.

11 Сахуыр мæ кæн, Хуыцау, Дæ надвæдыл цæуын,
сараз мæ раст фæндагыл,
уымæн æмæ ме знæгтæ мæ алыварс сты.
12 Ма бакæн мæ уды ме знæгты бар,

уымæн æмæ мыл сыстадысты мæнг æвдисæнтæ
æмæ æхсидынц мастæй.

13 Фæлæ мæ уæддæр уырны:
царды зæххыл фендзынæн Хуыцауы хорзæх.
14 Дæ зæрдæ дар Хуыцауыл,
у ныфсджын æмæ æхсарджын,
дæ зæрдæ дар Хуыцауыл!

## 27 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Дæуæн лæгъстæ кæнын, Дунедарæг,
мæ къæдзæх,
ма мæ аздах Де 'ргом æнæсымæй;
науæд мын дзуапп куы нæ раттай,
уæд ингæнмæ цæуджытау суыдзынæн.
2 Фехъус мын мæ лæгъстæ,
æххуысагур Дæм куы фæдзыназын,
ме 'рмттæ Дæ сыгъдæг Кувæндонмæ
куы фæдарын, уæд.

3 Æндæрæн «фарн» чи дзуры,
афтæмæй та йæ зæрдæйы фыдæх кæмæн ис,
уыцы фыдлæгтæ æмæ æвзæргæнджытимæ
ма фесаф мæн.
4 Ратт сын сæ хъуыддæгтæм гæсгæ,
сæ фыдмитæм гæсгæ,
ратт сын сæ къухты ракондмæ гæсгæ;
цы аккаг сты, уый сын бафид.
5 Уымæн æмæ Хуыцауы архайд
æмæ Йе 'рмдзæфмæ сæ хъус нæ дарынц;
ныппырх сæ кæндзæн сисау
æмæ сыл нал схæцдзæн.

6 Арфæгонд у Хуыцау, уымæн æмæ фехъуыста мæн,
æххуысагур Æм куы куывтон, уæд.
7 Хуыцау – мæ хъару æмæ мæ уарт.
Ууыл дардтон мæ зæрдæ, æмæ мын баххуыс кодта;
мæ зæрдæ райы фырцинæй,
æмæ Йæ стауын мæ зарæгæй.

8 Хуыцау Йæ адæмæн хъару у,
Йе 'взæрстæн – хъахъхъæнæг æмæ ирвæзынгæнæг.
9 Хуыцау, фервæзын кæн Дæ адæмы
æмæ арфæ ракæн Дæ бындартæн;
хиз сæ æмæ сæ хæсс мыггагмæ.

## 28 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Стаут Хуыцауы, уæларвон цæрджытæ,
стаут Дунедарæджы кад æмæ хъомыс.
2 Стаут Хуыцауы, кад скæнут Йæ номæн;
бакувут Дунедарæгæн Йæ Сыгъдæг кады рухсы.

3 Дунедарæджы хъæлæс – дæтты сæрмæ;
нынннæрыди кады Хуыцау;
Йæ хъæлæс зæлы стыр дæтты сæрмæ.
4 Дунедарæджы хъæлæс хъомысджын у,
Хуыцауæн ис алæмæттаг хъæлæс.
5 Хуыцауы хъæлæс дæрæн кæны бæрзонд нæзытæ,
Дунедарæг дæрæн кæны ливайнаг нæзытæ;
6 Ливаны хæхты бафтыдта родау гæппытыл,
Сирионы хохы та – æрыгон хъæддаг галау.
7 Хуыцауы хъæлæс сирвæзын кæны пиллон арт.
8 Хуыцауы хъæлæсæй баризы æдзæрæг быдыр;
Дунедарæг баризын кæны Кадесы æдзæрæг быдыр.
9 Дунедарæджы хъæлæс ныууигъы тулдзбæлæстæ,
æмæ сбæгънæг вæййы хъæд.

Уæд Йæ Кувæндоны се 'ппæт дæр дзурынц:
«Кадджын уæд!»

10 Дунедарæг паддзахиуæг кæны дæтты сæрмæ;
Хуыцау баддзæни мыггагмæ Йæ паддзахы бадæны.
11 Дунедарæг дæтты Йæ адæмæн хъару,
Йæ адæмæн дæтты фарны арфæ.

## 29 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*
*Зарæг.*
*Кувæндон срухс кæныны фæдыл.*

2 Бæрзонд скæндзынæн Дæ кад, Дунедарæг,
уымæн æмæ схæцыдтæ мæныл
æмæ ме знæгты ферайын нæ бауагътай.
3 Дунедарæг, мæ Хуыцау, æз Дæм сдзынæзтон,
æмæ мæ Ды сдзæбæх кодтай.
4 Ды сластай мæрдтыбæстæй мæ уды, Хуыцау,
райгас мæ кодтай,
цæмæй ингæнмæ ма ныххизон.

5 Зарут Хуыцауæн, Йæ рæстгæнджытæ,
æппæлут Йæ сыгъдæг номæй.
6 Уымæн æмæ Йæ маст уысмæй фылдæр нæ ахæссы,
Йæ аудын та – цæрæнбонты.
Изæрæй вæййы хъарæг,
райсомæй та – цин.

7 Æз мæ фæрнджын афон дзырдтон:
«Мыггагмæ дæр нæ фæцуддзынæн».
8 Дæ аудынæй, Дунедарæг,
Ды сфидар кодтай мæ хох;
фæлæ Де 'ргом аздæхтай мæнæй,
æмæ æз фæтыхстæн.

9 Уæд Дæумæ сдзырдтон, Дунедарæг –
мæ Хицауæн лæгъстæ кодтон:
10 «Куы амæлон, ингæнмæ куы ныххизон,
уæд цы пайда у!
Сыджыт Дæ стаудзæни, мыййаг,
æмæ хъусын кæндзæни Дæ æцæгад?
11 Фехъус мæ, Хуыцау, æмæ мын батæригъæд кæн.
Дунедарæг, у ме 'ххуысгæнæг».

12 Мæ хъарæг мын раивтай зарынæй,
раластай мæ хъисынтæ*
æмæ мæ астæу æрбалвæстай цинæй.
13 Уымæн Дæ стауы мæ уд,
æмæ Дæу стауынæй нæ банцайдзæн!
Мыггагмæ дæр Дæуæй бузныг уыдзынæн,
Дунедарæг, мæ Хуыцау!

## 30 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

2 Дæумæ ссардтон æз æмбæхсæн, Дунедарæг –
нæ фегад уыдзынæн мыггагмæ дæр;
бахиз мæ Дæ рæстадмæ гæсгæ.
3 Фехъус мæ, рæвдздæр мæм æрцу æххуысмæ;
Ды мын у æнæфæцудгæ къæдзæх,
фидар бынат мæ ирвæзындзинадæн.
4 Ды мæ къæдзæх æмæ мæ фидар дæ;
кæн мæ размæ æмæ мын уынаффæгæнæг у
Дæ номы сæраппонд.
5 Суæгъд мæ кæн, сусæгæй мæнæн
цы къæппæг сæвæрдтой, уымæй,

---

* **29:12** *Хъисынтæ* – фыдохы рæстæджы, ком даргæйæ кæнæ зындзинæдты дзуттæгтæ дардтой хъисын дарæстæ.

уымæн æмæ Ды мæ сæрылхæцæг дæ.
6 Дæ къухмæ дæттын мæ уд;
Ды уыдтæ мæ ирвæзынгæнæг,
О Дунедарæг, æцæгады Хуыцау.

7 Ме сæфт уынын
ницæйаг мæнгхуыцæуттæм кувджытæй;
мæнæн та Хуыцау у мæ ныфс.
8 Хъæлдзæг уыдзынæн
æмæ цин кæндзынæн Дæ хорзæхыл,
уымæн æмæ федтай мæ тухæнтæ,
базыдтай мæ уды хъынцъым
9 Æмæ мæ нæ радтай знаджы къухмæ,
мæ къæхтæ мын æрæвæрдтай æдас ран.

10 Батæригъæд мын кæн, Хуыцау,
уымæн æмæ уынгæг ран дæн;
мастæй тайы мæ цæсты рухс, мæ уд æмæ мæ буар.
11 Мæ цард æрвитын хъыггæнгæ,
мæ азтæ – хъæрзгæйæ;
мæ фыдæбæттæй сфæлахс и мæ тых,
ме стджытæ баруадысты.
12 Ме ‘ппæт знæгтæн сдæн фидиссаг,
уæлдайдæр та – мæ сыхæгтæн,
тасы хос – мæ зонгæтæн.
Фæндагыл мæ чи фены,
уыдон ме 'мгæрон нæ цæуынц.
13 Мæрдырох фæдæн адæмы зæрдæты,
пырх мигæнæнæй уæлдай нал дæн.
14 Бирæтæй хъусын мæ фыдгой,
алырдыгæй дæр – æртхъирæн;
мæ ныхмæ аразынц цæдис,
хъавынц мæ уд сыскъуынынмæ.

15 Æз та, Дунедарæг, мæ зæрдæ Дæуыл дарын
æмæ зæгъын: «Ды мæ Хуыцау дæ».

16 Дæ къухы ис мæ царды æмгъуыд;
байс мæ ме знæгты къухæй
æмæ мæ фæдылзилджытæй.
17 Срухс кæн мæн, Дæ цагъары, Дæ цæсгомы рухсæй;
Ды уарзæгой дæ æмæ мæ фервæзын кæн.
18 Дунедарæг, нæ фегад уыдзынæн,
уымæн æмæ Дæумæ дзыназын;
уадз фыдлæгтæ фегад уой, бамыр уой дæлдзæхы.
19 Уадз багомыг уæнт
рæстгæнæгыл сæрбæрзондæй
æмæ æнæрвæссонæй дамтæ дзурæг æвзæгтæ.

20 Куыд бирæ хæрзтæ Дæм ис æвæрд,
Дæуæй чи тæрсы, уыдонæн;
Дæуыл зæрдæ дарджытæн сæ ратдзынæ
адæмы цæсты раз.
21 Ды Дæ цæстæнгасæй
хъахъхъæныс уыдон адæмы фыдвæндтæй,
фыдæвзæгтæй сæ æмбæхсыс Дæ аууоны.
22 Арфæгонд у, Хуыцау,
цы сахарыл æртыхстысты*,
уым мæм Йæ диссаджы хорзæх Чи равдыста.
23 Æз та мæ тыхсты заман
æнхъæлдтон: «Ныууагътай мæ»;
фæлæ Ды, бæлвырд, фехъуыстай мæ лæгъстæ,
æххуысагур Дæм куы куывтон, уæд.

24 Уарзут Хуыцауы, Йе 'ппæт сыгъдæджытæ;
Дунедарæг хъахъхъæны Йæ иузæрдионты,
сæрыстыртæн та бафиддзæни æххæстæй.
25 Ут æхсарджын æмæ зæрдæфидар,
æппæт Хуыцауыл æууæнкджытæ!

---

* 30:22 *Сахарыл æртыхстысты* – ацы бынатæн ма ис афтæ бамбарæн: «зын уавæрты куы уыдтæн, уæд».

## 31 ПСАЛОМ

1 *Давиды зондамонæн псалом.*

Тæхудиаг у,
йæ фыдмийы азым барст кæмæн у,
æмæ йæ тæригъæд хатыргонд кæмæн у.
2 Тæхудиаг у,
Хуыцау йæ зылын кæмæн нæ банымайдзæн,
йæ уд æнæхин кæмæн у, уыцы адæймаг.

3 Мæ тæригъæд куы нæ хъæр кодтон,
уæд ме 'рвылбоны хъæрзынæй
ме стджытæ скæлæддзаг сты.
4 Уымæн æмæ æхсæвæй-бонæй
æнкъардтон Дæ къухы уæз;
ме уæнгты тых айсæфти,
цыма сæрдыгон хус рæстæджы. ||
5 Фæлæ Дын æз раргом кодтон мæ тæригъæд
æмæ мæ фыдми нæ бамбæхстон.
Æз загътон:
«Басæттон Хуыцауы раз мæ фыдмитыл»,
æмæ Ды систай мæ азым,
ныббарстай мæ тæригъæд. ||

6 Афтæ Дæм алы рæстгæнæг дæр бакувæд,
цалынмæ Дын ссарæн ис;
уæд æм стыр дæтты ивылæнтæ дæр
нæ бахæццæ уыдзысты.
7 Ды ме 'мбæхсæн Дæ, бахиздзынæ мæ хъыгтæй
æмæ мын ратдзынæ ирвæзыны цины зард. ||

8 Ды загътай: «Раст зондыл дæ сараздзынæн,
цы фæндагыл дæ цæуын хъæуы,
уый дын бацамондзынæн;
уыдзынæн дын уынаффæгæнæг.

Уæларвæй дæумæ у мæ каст.
9 Ма ут æнæрхъуыды бæх кæнæ хæргæфсы хуызæн,
идонæй кæнæ дзыларæй здахын кæй хъæуы –
кæннод дæм не 'рбахæстæг уыдзысты».

10 Бирæ хъыгтæ бавзардзæн фыдлæг;
Хуыцауыл æууæндæг та хорзæхтæй æфсæст у.
11 Райут æмæ цин кæнут Хуыцауыл,
рæстгæнджытæ;
зарут фырцинæй уе 'ппæт дæр, рæстзæрдæтæ.

## 32 ПСАЛОМ

1 Зарут фырцинæй, Дунедарæгæн, рæстгæнджытæ;
рæстытыл фидауы Уый стауын.
2 Кад кæнут Хуыцауæн дала-фæндыртыл
æмæ дыууадæстæнонтыл,
цæгъдут Ын дæсхъисонтыл.
3 Зарут Ын ног зарæг,
цæгъдут Ын аив æмæ хъæлдзæгæй.

4 Уымæн æмæ Дунедарæгæн Йæ дзырд раст у,
æнувыд у Йæ алы хъуыддаджы дæр.
5 Хуыцау рæстдзинад æмæ æнæхæрам тæрхон уарзы;
зæхх дзаг у Йæ хорзæхæй.

6 Хуыцауы дзырдæй сконд сты уæлæрвтæ,
Йæ ныхасы хъаруйæ – æппæт стъалыты
рæдзагъд.
7 Хуыцау цæндау æрæмбырд кодта денджызты дон,
Йе æвæрæнты уромы дæтты арфытæ.
8 Æппæт зæхх тæрсæд Дунедарæгæй,
Йæ тасæй ризæнт дун-дунейы æппæт цæрджытæ.
9 Уымæн æмæ Хуыцау загъта, æмæ сырæзти;
бардзырд радта, æмæ сæххæст ис.

10 Хуыцау фехалы адæмты фæндтæ,
фæмæнг сын кæны сæ уынаффæтæ.
11 Хуыцауы фæнд та мыггагмæ цæры;
Йæ зæрдæйы цы уынаффæтæ ис,
уыдон фæлтæрæй-фæлтæрмæ ахæссынц.
12 Тæхудиаг сты уыцы адæм,
Дунедарæг сæ Хуыцау кæмæн у,
æмæ – адæмыхæттытæ,
Уый Йæхицæн бындартæн кæй сæвзæрста.

13 Дунедарæг кæсы уæлæрвтæй,
уыны алы адæймаджы дæр.
14 Йæ паддзахы бадæнæй Йæ цæст дары
зæххыл цæрæг æппæт адæммæ;
15 Уый у се ‘ппæты зæрдæты скæнæг,
лæмбынæг кæсы сæ алы хъуыддагмæ дæр.

16 Паддзах йæ бирæ æфсады фæрцы
нæ фервæздзæни;
хъæбатыры йе стыр тых нæ бахъахъхъæндзæн.
17 Бæхы стыр хъаруйыл ныфс æвæрæн дзæгъæлы у –
йæ цырд дугъæй никæй фервæзын кæндзæни.
18 Фæлæ, Дунедарæг Йæ цæст дары чи дзы тæрсы
æмæ Йæ хорзæхмæ чи æнхъæлмæ кæсы,
уыдонмæ.
19 Цæмæй сын сæ удтæ бахиза мæлæтæй
æмæ сæ цард – стонг рæстæджы.

20 Мах Дунедарæгыл дарæм нæ зæрдæ;
Уый у не 'ххуысгæнæг æмæ нæ уарт.
21 Хуыцауыл цин кæны нæ зæрдæ,
уымæн æмæ Йæ сыгъдæг номæй стæм
ныфсджын.
22 Уæдæ Дыл мах нæ зæрдæ куыд дарæм, Хуыцау,
афтæ Дæ хорзæх дæр иудадзыг уæд немæ.

# 33 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*
*Давид Авимелехы раз*
*æррайы æфсон куы скодта,*
*æмæ йæ Авимелех куы фæсырдта,*
*æмæ уырдыгæй куы ацыд, уый фæдыл.*

2 Кæддæриддæр кад кæндзынæн Хуыцауæн;
Уымæй æппæлын уыдзæн иудадзыг мæ былалгъыл.
3 Мæ уд æппæлдзæни Дунедарæгæй;
уадз фехъусой уый æфхæрдтытæ æмæ цин кæной.
4 Стаут мемæ Хуыцауы,
иумæ сбæрзонд кæнæм Йæ ном.

5 Æз агуырдтон Дунедарæджы, æмæ мæ фехъуыста;
бахызта мæ, тас мын цæмæй уыд, æппæт
уыдæттæй.
6 Уымæ йе ‘ргом чи аздахы уыдон срухс вæййынц;
сæ сæртæ нæ фегад уыдзысты.
7 Мæгуыр скуыывта – Дунедарæг æй фехъуыста,
бахызта йæ йе 'ппæт бæллæхтæй.
8 Хуыцауæй чи тæрсы,
Йæ зæд уыдоны алыварс лæууы
æмæ сæ ирвæзын кæны.

9 Бафæлварут æмæ фендзыстут,
Хуыцау куыд хорз у, уый!
Тæхудиаг у, Дунедарæджы бар йæхи чи бакæны.
10 Тæрсут Хуыцауæй, Йæ сыгъдæджытæ;
чи Дзы тæрсы, уыдон хъуаг ницæмæй æййафынц.
11 Домбæйттæ дæр слæмæгъ вæййынц,
баййафынц æххормаг;
Хуыцауы чи агуры,
уыдон та æнæхай не сты иу хорзæхæй дæр.

12 Ӕрцæут, мæ хъæбултæ, æмæ мæм байхъусут;
æз уæ сахуыр кæндзынæн Хуыцауæй куыд тæрсын
хъæуы, ууыл.
13 Бæллыс ды цардмæ,
уарзыс цæрæнбонтæ æмæ агурыс хæрзæбон?
14 Де 'взагæй фыд ма ракæн,
æмæ дæ дзыхæй мæнгард ныхас ма рацæуæд.
15 Аиуварс у фыдмийæ æмæ у хæрзгæнæг;
ссар фидыды фæндаг æмæ йыл цу.

16 Хуыцауы цæстытæ сты рæстгæнджыты 'рдæм,
Йæ хъустæ та – сæ дзыназынмæ.
17 Фæлæ Хуыцауы цæсгом фыдгæнджыты ныхмæ у,
цæмæй сын зæххыл сæ кой дæр фесафа.
18 Рæстытæ Йын балæгъстæ кæнынц,
Дунедарæг сæ фехъусы
æмæ сæ бахизы се 'ппæт бæллæхтæй.
19 Хæстæг у Хуыцау састзæрдæтæм,
ирвæзын кæны рыстудты.

20 Бирæ зынтæ æвзары рæстгæнæг,
фæлæ йæ Дунедарæг се 'ппæтæй дæр бахизы.
21 Хуыцау ын хъахъхъæны йе уæнгтæ,
æмæ дзы иу дæр нæ асæтдзæни.
22 Фыдлæджы амардзæни йæхи фыдæх;
рæстгæнæгæй йе сæфт чи уыны,
уыдон баййафдзысты æфхæрд.
23 Хуыцау бахиздзæн Йæ цагъарты удтæ,
чи Йыл æууæнды, уыдонæй æфхæрд ничи уыдзæн.

## 34 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Ӕрлæуу сæ ныхмæ, Дунедарæг,
мæ ныхмæлæуджытæн;

бацу тохы мемæ тохгæнджытимæ.
2 Райс Дæ фидар уарт æмæ згъæрдарæс,
фæзын мæм æххуысмæ.
3 Райс арц æмæ æрлæеуу мæн сурджыты развæндагыл;
мæ удæн зæгъ: «Æз дæ ирвæзынгæнæг дæн».

4 Фегад æмæ фæхудинаг уæнт,
мæн амарынмæ чи агуры, уыдон;
мæнæн фыдвæндгæнджытæ
фæуæнт лидзинаг æмæ фидисы хай;
5 Дымгæ кæй ныффæйлауы,
ахæм зыгуымæй уæлдай ма уæнт,
Хуыцауы зæд сæ фæсурæд;
6 Талынг æмæ бырынцъаг уæд сæ фæндаг,
æмæ сæ сурæд Хуыцауы зæд.
7 Уымæн æмæ мын æнаххосæй
сусæгæй сæвæрдтой къæппæг,
æнаххосæй мын скъахтой уæрм.
8 Æнæнхъæлæджы æрцæуæд се сæфт,
мæнæн цы къæппæг сæвæрдтой,
уый сын æрцахсæд сæхи, бахауæнт дзы се сæфтæн.
9 Мæ уд та цин кæндзæни мæ Хуыцауыл,
райдзæни, кæй мæ бахызта, ууыл.
10 Ме уæнгтæ иууылдæр зæгъдзысты:
«Хуыцау, чи у Дæ хуызæн,
Дæуау чи ирвæзын кæны æдыхы тыхджынæй,
мæгуыры æмæ гæвзыччы – стигъджытæй?»

11 Мæ ныхмæ рацыдысты æгъатыр æвдисæнтæ,
фæрсынц мæ, æз цы нæ зонын, уымæй.
12 Мæ хорз мын фидынц фыдæй,
цæмæй дзæгъæлæй баззайа мæ уд.
13 Уыдон-иу куы фæрынчын сты,
уæд-иу æз скодтон хъисынтæ,
мæхи-иу бадомдтон ком дарынæй.
Мæ куывд-иу здæхти мæ риуы арфмæ.

14 Æз сæм кастæн лымæн æмæ æфсымæры цæстæй;
цыдтæн-иу æнкъардæй, сæргуыбырæй,
мæ мады мардыл кæуæгау.
15 Æз куы фæкалдтæн, уæд уыдон
æрбамбырд сты цингæнгæ;
ме 'фхæрджытæ рамбырд сты мæ ныхмæ,
нæ зонын, цæй аххосæй, фæлæ кодтой мæ фыдгой,
банцайæн сын нал уыди.
16 Æнæхуыцæутты æхсæн мæ хынджылæг кодтой,
æмæ мæм цыди сæ дæндæгты къæс-къæс.

17 О Хицау Хуыцау, бирæ ма сæм кæсдзынæ?
Байс мæ уды сæ тыхтонайæ,
мæ иунæг цард – æрыгон домбæйттæй.
18 Бузныг Дын зæгъдзынæн бирæ адæмы раз,
дзыллæты æхсæн стаудзынæн Дæу.
19 Æнаххосæй мæм знаджы цæстæй чи кæсы,
уадз уыдон ма ферайой мæныл,
æнæхъуаджы мæ йе сæфт чи уыны,
уыдон кæрæдзимæ сæ цæстытæ ма ныкъулой.
20 Сæ ныхас нæу фидыдыл,
зæххыл сабырæй цæрджыты ныхмæ
нывæндынц фыдвæндтæ.
21 Се 'взæгтæ суагътой мæнмæ æмæ дзурынц:
«Афтæ! Афтæ! Уый дын нæхи цæстæй кæй федтам!»

22 Дæхæдæг сæ уыныс, Дунедарæг,
æмæ ма у æнæдзуапп;
ма адард у мæнæй, мæ Паддзах!
23 Фæзын æмæ рахæсс Дæ тæрхон,
равзар мæ хъаст, мæ Паддзах, мæ Хуыцау!
24 Рахæсс мын тæрхон
Дæ рæстадмæ гæсгæ, Дунедарæг, мæ Хуыцау,
æмæ мыл ма ферайой,
25 Сæхинымæр маувал дзурой:
«Афтæ, нæ фæндиаг фæци!»,

мауал дзурой: «Аныхъуырдтам æй»,
26 Æмæ æхсызгон кæмæн у мæ бæллæх,
уыдон се 'ппæт дæр фæфидиссаг уой,
схъæлæй мæм чи кæсы,
уыдон фæхудинаг æмæ фегад уой.
27 Мæ рæстад æхсызгон кæмæн у,
уыдон та райой, цингæнгæ иудадзыг дзурой:
«Скадджын уæд Хуыцау,
Йæ цагъарæн фарн Кæй зæрдæ зæгъы!»
28 Æмæ мæ дзырды сæр уыдзæни Дæ рæстад,
æрвылбон æппæлдзынæн Дæуæй.

## 35 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Хуыцауы цагъар Давиды псалом.*

2 Фыдзондæн йæ зæрдæйы рæбынæй
хъуысы тæригъæды хъæлæс –
Хуыцауы тас ницы у йæ цæсты.
3 Уый йæхи зæрдæ æлхæны,
цыма йæм йæ тæригъæд фенины
æмæ ныууадзыны фæнд ис.
4 Йæ ныхас – фыдæх æмæ хин;
нæ йæ фæнды, æрсабыр уа, æрæмбара,
цæмæй кæна хорз хъуыддæгтæ.
5 Йæ хуыссæны дæр ма скæрды фыдвæндтæ,
ныллæууы зылын фæндагыл,
фыдмитыл дæр æлгъ нæ кæны.

6 Дунедарæг, Дæ хорзæх у уæлæрвтæм,
Дæ иузæрдиондзинад – æврæгъты онг.
7 Дæ рæстад – бæрзонд хæхтау,
Дæ уынаффæтæ – æнæбын фурд.
Адæмы æмæ цæрæгойты
Ды хъахъхъæныс, Хуыцау.

8 Аргъ нæй Дæ уарзтæн, Хуыцау!
Адæмтæ Дæ дæлбазыр æссарынц æнцой.
9 Дæ Хæдзары æфсæдынц сойæ,
Де 'хцон цæугæдонæй сын суадзыс сæ дойны.
10 Уымæн æмæ Ды дæ царды суадон;
Дæ рухсы мах уынæм рухс.

11 Афтæ нырæй фæстæмæ дæр
Дæ хорзæх уæд, Дæу чи зоны, уыдонимæ,
Дæ рæстад – рæстзæрдæтимæ.
12 Уадз сæрыстыр мæн йæ къæхты бын ма
ныссæндæд,
фыдлæгты къух ма фæсурæд мæн.
13 Кæс, фæкалдысты фыдгæнджытæ,
ахаудтой, æмæ сын рабадыны амал нал ис!

## 36 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Ма бабæлл фыдгæнджытæм,
ма хæлæг кæн уагхалджытæм.
2 Уыдон рæхджы кæрдæгау æрхуыссдзысты зæххыл
æмæ бампылдзысты зайæгхалау.

3 Дæ зæрдæ дар Хуыцауыл æмæ у хæрзгæнæг;
цæр зæххыл æмæ у иузæрдион.
4 Агур удæнцой Дунедарæгмæ,
æмæ дын сæххæст кæндзæни дæ зæрдæйы
бæллицтæ.

5 Хуыцауы бар бакæн дæ фæндаг,
æууæнд Ыл, æмæ Уый æппæт дæр сараздзæни:
6 Сæуæхсидау сæрттивын кæндзæни дæ æцæгад,
боны рухсау – дæ рæстад.

7 Ссар æнцой Хуыцаумæ æмæ Йыл дæ зæрдæ дар;
ма бахæлæг кæн, бирæ кæмæн æнтысы,
ахæм хин адæймагмæ.
8 Мауал мæсты кæн æмæ фыдæх ма хæсс;
ма-иу стызмæг у, кæннод сараздзынæ фыдбылыз.
9 Уымæн æмæ фыдлæгтæ фæцагъды уыдзысты,
Хуыцауыл æууæндджытæ та
уыдзысты зæххæн бындартæ.

10 Иучысыл ма, æмæ фыдлæгæн
йæ кой дæр нал уыдзæни;
акæсдзынæ сæм æмæ сæ нал фендзынæ.
11 Зæхх бауыдзæн фæлмас адæмы
æмæ бафсæддзысты бирæ фарнæй.

12 Фыдлæг фыдвæндтæ нывæнды
рæстгæнæджы ныхмæ,
цæуы йæм йæ дæндæгты къæс-къæс.
13 Хуыцау та йыл худы, уымæн æмæ уыны:
фыдлæгæн æрæввахс йæ кæрон.

14 Фыдлæгтæ сласынц цирхъ
æмæ айвазынц се 'рдынбос,
æфхæрд æмæ мæгуыры æрфæлдахынæввонг,
цæмæй раст фæндагыл цæуджыты æрбамарой.
15 Сæ цирхъ ныссæдздзæни сæхи зæрдæты,
се 'рдынтæ асæтдзысты.

16 Рæстыты гыццыл мулк
фыдлæгты бирæ бæркадæй хуыздæр у.
17 Уымæн æмæ фыдадæмæн сæ хъару асæтдзæни,
рæстытæн та Дунедарæг тых дæтты.

18 Сыгъдæджыты цæргæбонтæ
Хуыцауæн зындгонд сты;
сæ исбон уыдзæни мыггагмæ дæр.

19 Фыд рæстæджы нæ фегад уыдзысты,
стонг заманы хъуаг нæ баййафдзысты.
20 Фыдлæгтæ та бабын уыдзысты,
Хуыцауы знæгтæ
уыгæрдæны сойджын кæрдæгау фесæфдзысты –
фесæфдзысты фæздæгау.

21 Фыдлæг райсы хæс æмæ йæ нæ бафиды;
рæстгæнæг та рæдауæй дætты.
22 Уымæн æмæ Хуыцауæй арфæгонд адæм
уыдзысты зæххы бындартæ,
кæй ралгъита, уыдон та фæцагъды уыдзысты.
23 Хуыцау кæй фæндагыл ауды,
уыцы адæймаджы къахдзæфтæ
скæны æнæфæцудгæ.
24 Куы фæцуда, уæд дæр не 'рхаудзæн,
уымæн æмæ йын Хуыцау хæцы йæ къухыл.

25 Æз уыдтæн æвзонг, зæронд дæр бадæн,
æмæ нæ федтон, рæстгæнæджы Хуыцау ныууадза,
æмæ йæ байзæддæгтæ уой къæбæргур.
26 Рæстгæнæг кæддæриддæр рæдау у, дætты æфстау,
æмæ йæ байзæддæгтæ дæр арфæгонд уыдзысты.

27 Аиуварс у фыдмийæ, у хæрзгæнæг
æмæ цæрдзынæ мыггагмæ.
28 Уымæн æмæ Дунедарæг рæстдзинад уарзы
æмæ Йæ сыгъдæджыты нæ ныууадзы,
хъахъхъæны сæ æнустæм;
фыдлæгты байзæддæгтæ та цагъды фæуыдзысты.
29 Зæхх бауыдзæни рæстыты,
æмæ йыл цæрдзысты мыггагмæ.
30 Рæстгæнæджы дзыхæй рацæуы зондджын ныхас,
йе 'взагæй – рæстдзинад.
31 Йæ Хуыцауы æгъдау йæ зæрдæйы ис;
раст фæндагæй нæ фæивгъуыйдзæн.

32 Фыдлæг сусæгæй кæсы рæстгæнæджы фæдыл,
хъавы йæм марынмæ.
33 Фæлæ йын æй Хуыцау йæ къухтæм нæ ратдзæни
æмæ йæ тæрхоны базылын кæнын нæ
бауадздзæни.
34 Дæ зæрдæ дар Хуыцауыл,
цу Йæ фæндагыл, æмæ дæ сбæрзонд кæндзæни;
зæххæн уыдзынæ бындар
æмæ фендзынæ фыдлæгты сæфт.

35 Федтон æз æгъатыр фыдлæджы,
хихджын хæдæвзæрд бæласау
йæхи дæрдтыл айтындзгæ.
36 Фæлæ аивгъуыдта æмæ нал ис,
агурын æй æмæ йæ нæ арын.

37 Кæс æнаипп адæймагмæ
æмæ дæ цæст дар рæстгæнæгмæ;
уымæн æмæ ахæм фарнхæссæг адæймагæн
ис фидæн.
38 Тæригъæдджынтæ та се 'ппæт дæр байсæфдзысты –
фыдлæгтæн фидæн нæй.

39 Рæстытæн Хуыцауæй у сæ ирвæзт;
хъыг заман сын æмбæхсæн у.
40 Дунедарæг сын баххуыс кæндзæн
æмæ сæ бахиздзæни;
бахиздзæни сæ фыдлæгтæй
æмæ сæ фервæзын кæндзæн;
уымæн æмæ Уый у сæ ныфс.

## 37 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*
*Æрымысынæн.*

2 Тызмæгæй мын ма бауайдзæф кæн, Хуыцау,
Дæ карзæй мæ ма бафхæр.
3 Уымæн æмæ Дæ фаттæ ныссагъдысты мæ буары;
Дæ къух уæз кæны мæныл.
4 Ды мæм смæсты дæ,
мæ буарыл æгас бынат нал баззади;
ме стджытæ риссынц мæ тæригъæдтæй.
5 Мæ азымтæ мæ сæрæй фæуæлдæр сты,
уæззау æргъомау сæ хæссын нал фæразын.
6 Ме 'нæзонды тыххæй
мæ цæфтæ тæф кæнынц æмæ схæф сты.
7 Æз ныггуыбыр дæн æмæ слæмæгъ дæн бынтон,
мæ бон æгасæй дæр арвитын æнкъардæй.
8 Артау судзынц ме уæнгтæ,
æгас бынат нал ис мæ буары.
9 Слæмæгъ дæн æмæ бынтон æрхаудтæн;
дзыназын мæ зæрдæйы рыстæй.

10 Мæ Хуыцау, Дæ разы сты ме 'ппæт бæллицтæ,
Дæуæй сусæг нæу мæ уынæргъын.
11 Мæ зæрдæ ризы, мæ хъару атади,
мæ цæсты рухс дæр бамынæг ис.
12 Мæ лымæнтæ æмæ хæлæрттæ
иуварс лидзынц мæ низæй,
мæ хионтæ лæууынц дæрддзæф.
13 Мæн амарынмæ чи агуры,
уыдон мын æвæрынц къæппæг;
ме 'взæрмæ бæлджытæ дзурынц мæн фесафыныл,
æрвылбон мæ ныхмæ фыдвæндтæ кæнынц.

14 Æз та нæ хъусын, къуырмайау, æмæ
æнæсым дæн, гобийау.
15 Æз фестадтæн, хъусæй чи нæ хъусы
æмæ сын дзуапп раттын кæй бон нæу,
ахæм адæймагау.
16 Уымæн æмæ Дæумæ æнхъæлмæ кæсын, Дунедарæг;

Ды ӕнӕмӕнг дзуапп ратдзынӕ мӕнӕн,
мӕ Паддзах, мӕ Хуыцау.
17 Ӕмӕ ӕз кувын:
«Ма мыл ферайӕнт ме знӕгтӕ;
мӕ къах куы фӕцуды,
уӕд мӕм сӕрбӕрзондӕй ма кӕсӕнт».

18 Уымӕн ӕмӕ ӕрхауыны ӕввонг дӕн,
мӕ рыст мӕ уӕгъд нӕ уадзы.
19 Мӕ азымыл сӕттын,
фӕсмон кӕнын мӕ тӕригъӕдтыл.
20 Мӕ фыдгултӕ та фидар кӕнынц сӕ царды;
сбирӕ сты, мӕнмӕ ӕнаххосӕй
чи сызнаг ис, уыдон.
21 Мӕ хорз фидынц ӕвзӕрӕй;
хӕссынц мӕм фыдӕх,
хорз аразынмӕ кӕй тырнын, уый тыххӕй.

22 Ма мӕ ныууадз, мӕ Армдарӕг,
мӕ Хуыцау, ма адард у мӕнӕй.
23 Ӕрцу мӕм рӕвдздӕр ӕххуысмӕ,
мӕ Паддзах, мӕ ирвӕзынгӕнӕг!

## 38 ПСАЛОМ

1 *Зарӕггӕнджыты разамонӕгмӕ; Едифумӕн.*
*Давиды псалом.*

2 Ӕз загътон:
«Мӕхи хиздзынӕн мӕ фӕндӕгтыл,
цӕмӕй ме 'взагӕй тӕригъӕд ма ракӕнон;
цалынмӕ фыдлӕг мӕ разы ис,
уӕдмӕ мӕ дзых дардзынӕн ӕмырӕй».
3 Ӕз уыдтӕн ӕгомыг ӕмӕ ӕнӕсым,
нӕ дзырдтон, суанг, хорз цы у, ууыл дӕр,
ӕмӕ мӕ рыстыл бафтыди.

4 Мæ зæрдæ ссыгъди мæ риуы,
мæ хъуыдытæй рацыди арт, æмæ æз дзурын
райдытон:

5 «Раргом мын кæн, Дунедарæг,
кæд уыдзæни мæ кæрон,
цас мын ис цæрæнбонтæ,
зæгъ мын, мæ цард куыд цыбыр у, уый.
6 Мæнæ мын Дæ лæвæрд бонтæ сты уылынгау,
мæ цардымгъуыд ницы у Дæ разы.
Æцæгæй дæр:
алы адæймаджы цард дæр у раулæфтау. ||
7 Бæлвырд, адæймаг цæры аууонау;
дзæгъæлы у йæ тухæн, æмбырд кæны
æмæ кæмæн баззайдзысты, уый нæ зоны.

8 Æмæ ныр цæмæ æнхъæлмæ кæсон, Хуыцау?
Мæ ныфс æрмæстдæр Ды дæ.
9 Ме ‘ппæт фыдмитæй мæ ссæрибар кæн,
æнæзонды къухтæм мæ хынджылæгæн ма ратт.
10 Æз багомыг дæн,
мæ дзыхæй ныхас нæ хауы,
уымæн æмæ Ды скодтай афтæ.
11 Аиуварс кæн мæнæй Дæ цæфтæ,
Дæ цонджы схуыстæй сæфын.
12 Ды адæймаджы йæ рараст кæнынæн
куы æфхæрай йæ азымы тыххæй,
уæд ын æзгъæлын кæныс рæмпæг хæрдау,
зынаргъ æм цы ис, уый.
Афтæ, алы адæймаджы цард дæр мæнг у.

13 Фехъус, Хуыцау, мæ кувын
æмæ байхъус мæ дзыназынмæ,
ма у æнæдзуапп мæ кæуынмæ;
ме 'ппæт фыдæлтау Дæм æз дæр
бæлццон æмæ æрцæуæггаг дæн.

14 Аздах мæ Дæ тызмæг цæстæнгас,
цæмæй ма-иу бацин кæнон,
цалынмæ нæ аивгъуыдтон,
æмæ мæ фæд нæ фесæфти, уæдмæ».

## 39 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

2 Фидарæй мæ зæрдæ дардтон Хуыцауыл,
æмæ мæм Йе 'ргом раздæхта,
фехъуыста мæ дзыназын.
3 Сласта мæ талынг уæрмæй, арф цъыфдзастæй,
къæдзæхыл мæ сæвæрдта,
мæ къахдзæф мын скодта æнæфæцудгæ;
4 Мæ зæрдæйы мын сæвæрдта ног зарæг –
кады зарæг нæ Хуыцауæн;
бирæтæ фендзысты, æмæ сæм фæзындзæни тас,
ныфс æвæрдзысты Дунедарæгæй.

5 Тæхудиаг у уыцы адæймаг,
Дунедарæгыл йæ зæрдæ чи дары,
хъалтæм æмæ мæнгдзинадмæ здæхджытæм
æмхиц чи нæу.
6 Бирæ диссæгтæ сарæзтай Ды,
Дунедарæг, мæ Хуыцау!
Нæ хорзæхæн сты Дæ фæндтæ –
чи уыдзæн Дæ хуызæн!
Æз сæ радзурин, фæлæ сын нымæц нæй.

7 Нывондтæ æмæ Дын хуынтæ фæндон нæ уыдысты,
фæлæ мын Ды байгом кодтай мæ хъустæ;
иууыл судзинаг æмæ тæригъæды тыххæй
нывондтæ не 'рцагуырдтай.
8 Уæд загътон: «Мæнæ, фæцæуын;

сыгъдæг чиныджы фыст ис мæн тыххæй.
9 Мæнæн æхцон у Дæ фæнд сæххæст кæнын,
мæ Хуыцау, Де 'гъдау мæ зæрдæйы ис».
10 Стыр æмбырды æргом кодтон Дæ рæстад,
мæ дзых нæ дардтон æмырæй –
Ды зоныс, Хуыцау.
11 Дæ рæстдзинад нæ бамбæхстон мæ зæрдæйы;
Дæ æнувыд æмæ Дæ ирвæзындзинадыл
дзырдтон æргомæй.
Стыр æмбырды нæ басусæг кодтон
Дæ уарзт æмæ Дæ æцæгад.

12 Дæ хорзæхæй мæ æнæхай ма фæкæн, Хуыцау;
Дæ уарзт æмæ Де 'цæгад
иудадзыг хъахъхъæнæд мæн.
13 Уымæн æмæ мыл æртыхстысты
æнæнымæц бæллæхтæ;
мæ тæригъæдтæ мæ баййæфтой,
æмæ цæстæй дæр нал уынын.
Мæ сæрыл цал æрдуйы ис, уымæй фылдæр сты;
мæ зæрдæйы ныфс фесæфти.
14 Бацауд мыл æмæ мæ бахиз, Хуыцау;
рæвдздæр мын баххуыс кæн, Дунедарæг.
15 Фегад æмæ фæхудинаг уæнт,
мæн амарынмæ чи хъавы, уыдон!
Æвзæр мын кæй зæрдæ зæгъы,
уыдон лидзинаг фæуæнт æмæ фегад уæнт.
16 Мæнæн чи зæгъы: «Афтæ, афтæ!»,
уыдон сæ фырхудинагæй фæсонт уæнт.
17 Дæумæ чи тырны,
уыдон райæнт æмæ цин кæнæнт;
Дæ ирвæзтæн аргъ чи кæны,
уыдон иудадзыг дзурæнт: «Кадджын у, Хуыцау!»

18 Æз та æфхæрд æмæ мæгуыр дæн,
фæлæ лæууын Хуыцауы зæрдыл.

Ды ме 'ххуысгæнæг æмæ мæ сæрибаргæнæг Дæ,
мæ Хуыцау, ма фæстиат кæн.

## 40 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

2 Тæхудиаг у мæгуырыл мæтгæнæг;
йæ тыхст бон æй Хуыцау фервæзын кæндзæни.
3 Дунедарæг æй бахъахъхъæндзæн,
бахиздзæн ын йæ цард,
æмæ тæхудиаг уыдзæни зæххыл.
Ды йæ нæ ратдзынæ знæгты къухтæм.
4 Куы ‘руатон уа, уæд ын Хуыцау ратдзæни хъару;
Ды йын йæ рынчыны сынтæг
раивдзынæ æнæниз цардæй.

5 Æз загътон: «Хуыцау, бацауд мыл,
сдзæбæх кæн мæ уды,
уымæн æмæ Дæ ныхмæ сарæзтон тæригъæд».
6 Ме знæгтæ бæллынц ме сæфтмæ
æмæ дзурынц: «Кæд амæлдзæни,
йæ кой кæд фесæфдзæни?»
7 Бæрæг кæнынмæ мæм чи æрбацæуы,
уый мын цæстмæхъус ныхæстæ фæкæны;
йæ зæрдæйы та æвæры хахуыр
æмæ куы рацæуы æддæмæ, уæд кæны мæ фыдгой.
8 Йе сæфт мæ чи уыны,
уыдон сусу-бусу кæнынц мæн тыххæй,
фыдæх мын зæгъы сæ зæрдæ:
9 «Рын æй баййæфта, фæсæйгæ æмæ нал сыстдзæни».
10 Мемæ хæлар цы адæймаг уыди,
мæ зæрдæ кæуыл дардтон,
мемæ кæрдзын чи хордта,
уый дæр мæм йæ къух систа.

11 Ды та мын батæригъæд кæн,
Хуыцау, мæ къæхтыл мæ слæууын кæн,
æмæ сын æз аккаг фæуыдзынæн.
12 Ме знæгтæ мыл куы нæ ферайой,
уæд базондзынæн æз,
Ды мæнил кæй аудыс, уый.
13 Мæн та Ды хъахъхъæныс æнаиппæй,
æмæ мыггагмæ уыдзынæн Демæ.

14 Арфæгонд уæд Дунедарæг,
Израилы Хуыцау, мыггагæй-мыггагмæ!
Амен! Амен!

## 41 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Корейы фыртты зондамонæн псалом.*

2 Саг суадонмæ куыд фæтырны,
афтæ мæ уд Дæумæ тырны, мæ Хуыцау!
3 Мæ уд дойны кæны Хуыцаумæ,
цардæгас Хуыцаумæ.
Кæд бацæудзынæн æмæ кæд балæудзынæн
Хуыцауы цæсгомы раз?
4 Æхсæвæй-бонæй мæ цæссыгтæ
мæнæн уыдысты дзулау,
æрвылбон мын куы дзырдтой:
«Уæдæ кæм ис дæ Хуыцау?»
5 Æз уый куы æрымысын, уæд мæ зæрдæ фæкæуы;
уымæн æмæ-иу æз,
цинæй заргæйæ æмæ Хуыцауы стаугæйæ,
цыдтæн бæрæгбонхуыз дзыллæйы разæй
Хуыцауы Хæдзармæ.

6 Цæмæн æрхæндæг дæ, мæ уд,
цæмæн кæныс мæт?

Ныфсджын у Хуыцауæй;
уымæн æмæ Йæ æз ноджы стаудзынæн,
мæ Ирвæзынгæнæджы æмæ мæ Хуыцауы.

7 Мæ уд мæ риуы нырхæндæг,
æмæ Иорданы зæххыл, Ермоныл,
Цоары хохыл фæмысын Дæу.
8 Фурд сиды фурдмæ Де 'хсæрдзæнты хъæлæсæй;
Дæ дæттæ æмæ Дæ уылæнтæ
æгасæй дæр ацыдысты мæ сæрты.
9 Фæлæ мæм бонæй Дунедарæг равдисы Йæ уарзт,
Ууыл у æхсæвы мæ зарæг,
фæкувын мæ царддæттæг Хуыцаумæ.
10 Зæгъдзынæн Хуыцауæн, мæ къæдзæхæн:
«Цæмæн мæ ферох кодтай?
Ме знаджы æфхæрдæй
кæугæйæ цæмæн цæрын?»
11 Ме стджытæ бынтон æрызгъæлдысты,
мæстæй мæ марынц мæ фыдгултæ
æмæ мын æрвылбон дзурынц:
«Уæдæ кæм ис дæ Хуыцау?»

12 Цæмæн æрхæндæг дæ, мæ уд,
цæмæн кæныс мæт?
Ныфсджын у Хуыцауæй;
уымæн æмæ Йæ æз ноджы стаудзынæн,
мæ Ирвæзынгæнæджы æмæ мæ Хуыцауы.

## 42 ПСАЛОМ

1 Дæ тæрхон рахæсс, Хуыцау, æмæ сраст кæн мæн,
æвзæр адæмы ныхмæ тохы рахæц мæ сæрыл;
хин æмæ æнæраст адæймагæй баиргъæв мæн.
2 Уымæн æмæ Ды мæ хъахъхъæнæг Хуыцау дæ;
цæмæн мыл атигъ кодтай Дæхи?
Ме знаджы æфхæрдæй кæугæйæ цæмæн цæрын?

3 Рарвит мын Дæ рухс æмæ Де ‘æцæгад;
уыдон мын уæнт фæндагамонæг,
æркæнæнт мæ Дæ сыгъдæг хохмæ
æмæ Дæ Кувæндонмæ.
4 Бацæудзынæн Хуыцауы нывондхæссæнмæ,
Хуыцаумæ – мæ цины суадонмæ,
æмæ Дæ кадджын кæндзынæн хъисфæндыртыл,
Хуыцау, мæ Хуыцау!

5 Цæмæн æрхæндæг дæ, мæ уд,
цæмæн кæныс мæт?
Ныфсджын у Хуыцауæй;
уымæн æмæ Йæ æз ноджы стаудзынæн,
мæ Ирвæзынгæнæджы æмæ мæ Хуыцауы.

## 43 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Корейы фыртты зондамонæн псалом.*

2 О Хуыцау, нæхи хъустæй фехъуыстам,
æмæ нын нæ фыдæлтæ дзырдтой,
сæ заманы, рагзаманы
Ды цы хъуыддæгтæ сарæзтай, уыдоны тыххæй.
3 Дæхи къухæй фæсырдтай иннæ адæмты,
уыдоны та дзы æрцæрын кодтай;
басастай адæмыхæттыты æмæ сæ фæтардтай.
4 Афтæмæй нæ рагфыдæлтæ
зæхх сæ цирхъæй нæ байстой,
уæлахиз сын сæхи къух не 'рхаста,
фæлæ Дæ рахиз цонг,
Дæ къух æмæ Дæ цæсгомы рухс;
уымæн æмæ сыл Ды аудыдтай.

5 Ды мæ Хуыцау æмæ мæ Паддзах дæ!
Ды дæттыс Иаковæн уæлахиз.

6 Дæуимæ басæтдзыстæм не знæгты;
къæхтæй ныссæнддзыстæм нæ ныхмæлæуджыты.
7 Уымæн æмæ мæ зæрдæ нæ дарын ме ‘рдыныл,
мæ цирхъ дæр мæ нæ бахиздзæни.
8 Фæлæ-иу нæ Ды баиргъæвтай не знæгтæй,
махæй йе сæфт чи уыны,
уыдоны-иу æртардтай æгадмæ.
9 Хуыцауæй уыди не ‘ппæлд алы бон дæр,
æмæ стаудзыстæм мыггагмæ Дæ ном. ‖
10 Фæлæ ныл абон атигъ кодтай Дæхи,
ныуагътай нæ æгады бынаты,
нæ рацæуыс не 'фсадимæ.
11 Не знæгтæй нæ лидзæг фæкодтай,
махæй йе сæфт чи уыны, уыдон нæ стигъынц.
12 Фыстау нæ радтай æргæвдынмæ,
ныппырх нæ кодтай иннæ адæмтыл.
13 Æгæр аслам радтай Дæ адæмы –
æфтиаг дзы нæ райстай.
14 Ды нæ фидиссаг фæкодтай нæ сыхæгтæн,
нæ алыварс чи цæры,
уыдон нæ æфхæрынц æмæ ныл худынц.
15 Адæмтæ мах æрхæссынц æмбисондæн,
сæ сæртæ ныл тилынц иннæ адæмтæ.
16 Æгад кæй дæн, уый уынын алы бон дæр,
мæ цæсгом судзы худинагæй
17 Фидисгæнæджы æмæ æфхæрæджы ныхæстæй,
фыдгулы æмæ мастисæджы цæстæнгасæй.

18 Æппæт уыдæттæ баййæфтой нæ сæртæ;
фæлæ Дæ уæддæр мах нæ ферох кодтам
æмæ Дæ фидыд нæ фехæлдтам.
19 Нæ зæрдæ Дыл не сивтам,
нæ адзæгъæл стæм Дæ фæндагæй.
20 Ды та нæ ныссæстай
хъæддаг куыйты бæстæйы
æмæ нæ бамбæрзтай мæлæты ауунæй.

21 Мах нæ Хуыцауы ном куы ферох кодтаиккам,
нæ къухтæ куы сдардтаиккам æндæр хуыцаумæ,
22 Уæд нæ Хуыцау нæ федтаид, æви?
Уымæн æмæ зæрдæйы æмбæхст цы ис,
уыдæттæ Хуыцау зоны.
23 Фæлæ нæ Дæ номы тыххæй марынц æрвылбон,
нымайынц нæ æргæвдинаг фыстыл.

24 Ракæс, Дунедарæг, цæмæн фынæй кæныс!
Райхъал у, Дæ къух ныл ма сис бынтондæр.
25 Дæ цæсгом нæ цæмæн æмбæхсыс?
Цæмæн Дæ ферох сты нæ удхар æмæ не 'фхæрд?
26 Рыгæй уæлдай нал стæм, зæххæмвæз систæм.
27 Рацу нæм æххуысмæ,
ссæрибар нæ кæн Дæ хорзæхмæ гæсгæ!

## 44 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*«Хъоппæг дидинæг»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Корейы фыртты зондамонæн,*
*уарзондзинады зарæг.*

2 Мæ зæрдæйæ рацыдысты фарны дзырдтæ.
Мæ зарæг – паддзахыл,
ме 'взаг – азфыссæджы тагъд сис.

3 Ды дæ æппæт адæмы фырттæй хуыздæр;
хорзæх рацыди дæ дзыхæй, –
афтæ дыл Хуыцау Йæ арфæ бафтыдта мыггагмæ.
4 Дæхи сифтонг кæн, тыхджын,
дæ цирхъæй, дæ цыт æмæ де стырадæй.
5 Рацу де стырады уæлбæхæй,
у уæлахиз – æцæгад, фæлмас
æмæ рæстады сæраппонд;
дæ рахиз цонг саразæд диссаджы хъуыддæгтæ.

6 Цыргъ сты дæ фаттæ –
уыдон ахиздзысты паддзахы знæгты зæрдæты;
адæмтæ фæуыдзысты дæ къæхты бын.
7 Дæ Паддзахы бадæн уыдзæни мыггагмæ, Хуыцау;
Дæ паддзахы лæдзæг – рæстдзинады лæдзæг.
8 Ды бауарзтай рæстдзинад,
æнæуынон дын у фыдми.
Уымæ гæсгæ Хуыцау, дæ Хуыцау, сæвзæрста дæу
æмæ дæ сæвæрдта иннæтæй уæлдæр.
9 Дæ дарæстæ æгасæй дæр кæнынц миррройы,
алойы æмæ касийы* тæф.
Пылыстæгæй конд галуанæй
дæу рæвдауынц фæндыры зæлтæ.
10 Паддзæхты чызджытæ – дæ кадджын уазджытимæ;
ус-паддзах офираг сызгъæрины фæлыстæй
æрлæууыди дæ рахиз фарс.

11 Байхъус, мæ чызг, кæс æмæ айс дæ зæрдæмæ:
ферох кæн дæ адæмы æмæ дæ фыды хæдзар,
12 Æмæ паддзахы зæрдæ
бабæлдзæни дæ рæсугъддзинадмæ;
уымæн æмæ уый дæ бардарæг у, æмæ йæ нымай.
13 Тиры чызг æд лæвæрттæ
æмæ адæмты хъæздыгдæртæ
æнхъæлмæ кæсдзысты дæ хорз цæстæнгасмæ.

14 Паддзахы чызгæн йæ намыс йæ уды фидауцы ис;
йæ дарæс – сызгъæрин æндæхтæй уафт.
15 Аив нывæфтыд дарæсы йæ фæхонынц паддзахмæ;
йæ фæдыл дын фæцæуынц йæ чызгæмбæлттæ.
16 Фæхонынц сæ цингæнгæ æмæ хъæлдзæгæй,
фæхизынц паддзахы галуанмæ.

17 Дæ фырттæ раивдзысты сæ фыдæлты;

* **44:9** *Мирррйы, алойы æмæ касийы* – хæрздæфгæнæнтæ.

ды се 'ппæт зæххыл
сæвæрдзынæ кадджын хицæуттæй.
18 Дæ ном дын скæндзынæн
фæлтæрæй-фæлтæрмæ мысинаг,
æмæ дын адæмтæ кад кæндзысты мыггагмæ.

## 45 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Корейы фыртты зарæг.*
*«Аламоф»-ы зæлтæм гæсгæ.*

2 Хуыцау нын армдарæг æмæ тых,
афоныл æххуысгæнæг нæ бæллæхты.
3 Уымæ гæсгæ нæ фæтæрсдзыстæм,
зæхх куы базмæлид,
хæхтæ денджызты хуыдымтæм куы ныххауиккой,
4 Дæтты уылæнтæ куы сабухой,
æмæ сæ уынæрæй хæхтæ куы нынкъуысой,
уæд дæр. ‖

5 Донуайæнтæй райы Хуыцауы сахар –
Бæрзондбадæджы сыгъдæг цæрæнбынат.
6 Хуыцау уым ис, æмæ сахар нæ фæцуддзæн;
Хуыцау ын баххуыс кæндзæни сæумæйæ.
7 Скатай сты адæмтæ, базмæлыдысты паддзахæдтæ:
райхъуысти Дунедарæджы хъæлæс,
æмæ бадон ис зæхх.
8 Уæлахизгæнæг Хуыцау немæ ис,
Иаковы Хуыцау нæ мæсыг у. ‖

9 Æрцæут æмæ фенут Дунедарæджы хъуыддæгтæ –
зæххыл цы дисæфтауæг митæ бакодта, уый.
10 Зæххы иу кæронæй иннæмæ баурæдта хæстытæ,
ацъæл кодта æрдын æмæ асаста арц,
хæстон уæрдæттæ басыгъта арты.

11 Уый зæгъы: «Ныссабыр ут æмæ базонут,
Æз Дунедарæг кæй дæн, уый.
Мæ кад бæрзонд уыдзæни адæмты 'хсæн,
бæрзонд уыдзæни зæххыл».
12 Уæлахизгæнæг Хуыцау немæ ис,
Иаковы Хуыцау нæ мæсыг у.

## 46 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Корейы фыртты псалом.*

2 Æмдзæгъд кæнут, æппæт адæмтæ;
хъæлæсыдзагæй цингæнгæ стаут Хуыцауы.
3 Куыд тасæфтауæг у Бæрзонд Хуыцау –
æппæт зæххыл стыр Паддзах!
4 Уый нын басаста адæмты,
адæмыхæттыты фæкодта нæ къæхты бын;
5 Сæвзæрста нын фыдæй-фыртмæйы бынтæ –
Йæ уарзон Иаков буц кæмæй уыд, уыцы бынтæ. ‖

6 Цины уынæримæ Хуыцау ссыди Йæ бадæнмæ,
ссыди уадындзы зæлтимæ Дунедарæг.
7 Зарут Хуыцауæн, зарут;
зарут нæ Паддзахæн, зарут.
8 Уымæн æмæ Хуыцау æппæт зæххы Паддзах у;
зарут Ын кады зарæг.

9 Хуыцау паддзахиуæг кæны адæмтæн;
Хуыцау æрбадти Йæ сыгъдæг бадæны.
10 Иннæ адæмты номдзыдтæ
æрæмбырд сты Авраамы Хуыцауы адæммæ,
уымæн æмæ зæххы барджынтæ* Хуыцауы сты.
Бæрзонд у Уымæн Йæ кад!

* **46:10** *Барджынтæ* – дзуттаг фыстыты: уартытæ.

# 47 ПСАЛОМ

1 *Зарæг.*
*Корейы фыртты псалом.*

2 Стыр у Дунедарæг, бæрзонд у Йæ кад
нæ Хуыцауы сахары, Йæ сыгъдæг хохыл.
3 Сионы хох алæмæты уæлвæз у –
æппæт зæххы цин,
йæ цæгат хайы – цытджын Паддзахы сахар.
4 Йæ галуанты Хуыцауы зонынц сæрылхæцæгæй:

5 Мæнæ адæмты паддзæхтæ
хæстæввонгæй куы бамбырд сты
æмæ йæм иумæ куы бацыдысты,
6 Уæд акастысты, дисы бафтыдысты,
хорзау нал фесты æмæ фæлыгъдысты.
7 Уым сæ тас бацыди,
арæг сылгоймагау хъизæмары бафтыдысты.
8 Скæсæйнаг дымгæйæ сын
ныссастай сæ фарсисæг наутæ.
9 Цы фехъуыстам, уый нæхи цæстæй федтам
Уæлахизгæнæг Хуыцауы сахары,
нæ Хуыцауы сахары.
Дунедарæг æй бахиздзæни мыггагмæ. ||

10 Нæ Хуыцау, Дæ Кувæндоны
нæ хъуыдытæ Дæ уарзондзинадыл уыдысты.
11 Дæ номау, Хуыцау, Дæ кад дæр
зæххы иу кæронæй иннæмæ у;
Дæ рахиз къух рæстдзинадæй дзаг у.
12 Райæд Сионы хох,
Иудæйы чызджытæ* цин кæнæнт Дæ тæрхонтыл.

---

* **47:12** *Иудæйы чызджытæ* – ома, сахартæ.

13 Ацæут Сионмæ, æрзилут йæ алыварс
æмæ йын банымайут йæ мæсгуытæ.
14 Лæмбынæг ын акæсут йæ фидæрттæм,
фенут ын йæ галуантæ, фенут,
цæмæй фидæны фæлтæрæн
уыдоны тыххæй радзурат.
15 Уымæн æмæ Уый Хуыцау у,
нæ Хуыцау мыггагмæ;
æнустæм Уый уыдзæни нæ фæтæг.

## 48 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Корейы фыртты псалом.*

2 Байхъусут, æппæт адæмтæ,
уæ хъус æрдарут, дун-дунейы æппæт цæрджытæ –
3 Хуымæтæгтæ æмæ номдзыдтæ,
бонджынтæ æмæ мæгуыртæ:
4 Мæ дзыхæй рацæудзæн уæлзонд ныхæстæ,
мæ зæрдæйы хъуыдытæ хæсдзысты æмбарынад.
5 Мæ зæрдæ сараздзынæн фæсномыг ныхасмæ,
хъисфæндырыл райхалдзынæн мæ райхалинаг.

6 Цæмæн хъуамæ тæрсон
уæззау бон мыл куы скæна,
ме 'фхæрджыты фыдæх мыл куы æртыхса, уæд?
7 Уыдон сты хъаруйæ ныфсджын
æмæ бирæ мулкæй хъал!
8 Фæлæ адæймаг ницы амалæй балхæндзæн
мæлætæй йæ уды
æмæ Хуыцауæн нæ бафиддзæн уый аргъ:
9 Стыр у уд балхæныны аргъ –
мыггагмæ дæр уый нæ уыдзæн,
10 Æмæ исчи æнустæм цæра æмæ мæлæт ма фена.
11 Алчидæр уыны: зондджынтæ мæлынц

æнæзондтимæ иумæ,
амæлынц æнæфсистæ дæр
æмæ сæ мулк ныууадзынц æндæрæн.
12 Уыдон æнхъæл сты,
æмæ сæ хæдзæрттæ мыггагмæ сты,
цæрдзысты дзы фæлтæрæй-фæлтæрмæ;
суанг сæ зæххытæн дæр радтой сæхи нæмттæ.
13 Фæлæ бонджын дæр бирæ нæ ахæсдзæн –
фос куыд амæлынц, уый дæр афтæ амæлдзæн.

14 Ахæм у æнæзондты хъысмæт,
æмæ ма сæ фæндагыл цæуын чи уарзы,
уыдонæн дæр сæ кæрон. ||
15 Фыстау сæ ныппардзысты дæлдзæхмæ,
мæлæт сын уыдзæни фыййау;
уайтагъд бамбийдзысты,
дæлдзæх суыдзæни сæ цæрæн хæдзар;
рæстытæ сыл фæуæлахиз уыдзысты.
16 Мæн та Хуыцау фервæзын кæндзæни
дæлдзæхы æлдарадæй,
куы мæ акæна Йæхимæ, уæд. ||
17 Ма фæдызæрдыг у,
исчи хъæздыгæй-хъæздыгдæр куы кæна,
йæ хæдзары кадыл куы æфта, уæд;
18 Уымæн æмæ куы амæла,
уæд йемæ ницы ахæсдзæни,
йæ кад йæ фæдыл нæ ныххиздзæн,
19 Кæд удæгасæй йæ мæт хи барæвдауыныл уыди,
æмæ дæуæй дæр æппæлдзысты,
дæхицæн амал кæй зыдтай, уый тыххæй,
20 Уæддæр аивгъуыйдзæни,
рухс чи нал фендзæн, йæ уыцы фыдæлтæм.
21 Бонджын чи у, фæлæ зонынад кæмæ нæй,
уый дæр амæлы, фос куыд амæлынц, афтæ.

# 49 ПСАЛОМ

1 *Асафы псалом.*

Хуыцæутты Хуыцау,
Дунедарæг, райдыдта Йæ ныхас
æмæ сиды зæхмæ – скæсæнæй ныгуылæнмæ.
2 Æмбисонды рæсугъд Сионæй
тæмæнтæ калы Хуыцау.
3 Æрцæуы нæ Хуыцау, фæлæ нæ уыдзæн æнæсым:
Йæ разæй – бынгæнæг арт,
Йæ алфамбылай – тыхджын уад.
4 Сиды уæлейæ арвмæ æмæ зæхмæ,
цæмæй Йæ адæмæн рахæсса тæрхон:
5 «Æрæмбырд Мæм кæнут Мæ сыгъдæджыты,
нывонд æрхæсгæйæ Мемæ фидыд чи сарæзта».
6 Æмæ уæлæрвтæ расиддзысты Йæ рæстад;
уымæн æмæ тæрхонгæнæг Хуыцау Йæхæдæг у. ||

7 «Байхъусут, Мæ адæм,
Æз уын зæгъон Мæ ныхас;
Израил, Æз æвдисæн лæудзынæн дæ ныхмæ!
Хуыцау дæн Æз, дæ Хуыцау дæн.
8 Æз дын дæ нывæндты тыххæй нæ уайдзæф кæнын;
дæ иууылсудзинаг нывондтæ æдзух Мæ разы сты.
9 Нæ бакомдзынæн дæ хæдзарæй род,
нæдæр сæгътæ дæ фосдарæнтæй.
10 Уымæн æмæ алы хъæддаг сырд дæр Мæн у,
фос мингай хæхтыл Мæн сты.
11 Зонын алы маргъ дæр хæхтыл,
цæрæгойтæ быдыры – Мæн сты.
12 Æз куы сыстонг уаин, уæд дын æй нæ зæгъин,
уымæн æмæ æгас дун-дуне,
стæй дзы цыдæриддæр ис, уыдон Мæн сты.
13 Æз, мыййаг, галы фыд хæрын
кæнæ сæгъы туг нуазын?

14 Ӕрхæсс Хуыцауæн дæ бузныджы нывонд,
Бæрзондбадæгæн цы дзырд радтай,
уый сæххæст кæн.
15 Ӕмæ дæ зыны бон æрцагур Мæн;
Ӕз дæ бахиздзынæн,
æмæ ды скадджын кæндзынæ Мæн».

16 Фыдлæгæн та Хуыцау зæгъы:
«Цы амоныс Мæ уагæвæрдтæ
æмæ цы дзурыс Мæ фæдзæхстытыл,
17 Дæхæдæг та Мæ æгъдауæй де сæфт куы
уыныс,
Мæ ныхæстæ та иуварс куы аппарыс, уæд?
18 Давæджы куы феныс,
уæд сæмдзæхдон вæййыс йемæ,
хæтаг адæмæн хæлар дæ.
19 Дæ дзыхæй цæуы фыдгой,
де 'взаг уафы мæнгдзинад.
20 Иудадзыг дамтæ мысыс де ‘фсымæрыл,
хахуыр кæныс дæ мадызæнæгыл.
21 Ды кодтай уыдæттæ, æмæ Ӕз ницы дзырдтон;
æмæ афтæ банхъæлдтай,
цыма Ӕз дæр дæ хуызæн дæн.
Базылын дæ кæндзынæн,
дæ азымтæ дын æрæвæрдзынæн дæ разы.

22 Сымах, Хуыцауы рохгæнджытæ, бамбарут
уый,
науæд уæ скуынæг кæндзынæн,
æмæ уын иргъæвæг нæ разындзæн.
23 Мæнæн бузныджы нывонд чи æрхæссы,
уый Мæ нымайы,
æмæ раст фæндагыл чи цæуы,
уымæн Ӕз фенын кæндзынæн,
Хуыцау ирвæзынгæнæг кæй у, уый».

# 50 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом,*
2 *Вирсавиимæ фæрæдийыны фæстæ*
*Давидмæ пехуымпар Нафан куы æрцыди,*
*уый фæдыл.*

3 Батæригъæд мын кæн, Хуыцау,
Дæ бирæ хорзæхмæ гæсгæ;
Де стыр уарзтмæ гæсгæ
мæ ссыгъдæг кæн мæ фыдмитæй.
4 Бынтондæр мын æрæхс мæ азым,
ссыгъдæг мæ кæн мæ тæригъæдæй.

5 Уымæн æмæ æз сæттын мæ фыдмитыл,
мæ тæригъæд æдзух мæ разы ис.
6 Дæ ныхмæ, иунæг Дæ ныхмæ æруагътон тæригъæд,
фыдми Дæ разы бакодтон,
æмæ Дæ уынаффæ раст у, Дæ тæрхон – æнæхæрам.
7 Æз тæригъæдджынæй райгуырдтæн,
тæригъæдджынæй сæвзæрдтæн мæ мады
гуыбыны.
8 Бæлвырд, Дæуæн æхцон у æргом зæрдæ;
мæ миддунейы мын рухс кæныс Дæ уæлзондæй.
9 Иссопæй* мыл бапырх кæн,
æмæ уыдзынæн сыгъдæг;
цæхс мæ, æмæ уыдзынæн митæй урсдæр.
10 Ратт мын хъæлдзæг æмæ цины зæрдæйыуаг,
æмæ райдзысты ме стджытæ, Ды кæй ныссастай.
11 Аздах Дæ цæсгом мæ тæригъæдтæй,
слæгъз мын кæн ме 'ппæт азымтæ.

---

* **50:9** *Иссоп* у къутæр. Рагон дзуттаг æгъдаумæ гæсгæ-иу йæ къалиу доны кæнæ нывонды туджы сæвдылдтой æмæ-иу дзы бапырх кодтой адæймагыл йе ссыгъдæг кæныны тыххæй.

12 Сараз мын, Хуыцау, сыгъдæг зæрдæ,
раст уд сног кæн мæ мидæг.
13 Ма мæ фæсур Дæхицæй,
Дæ Сыгъдæг Уд ма байс мæнæй.
14 Раздах мын Дæ ирвæзты цин,
Дæ рæвдауæг Удæй мæ сфидар кæн.
15 Галиу адæмæн бацамондзынæн Дæ фæндæгтæ,
тæригъæдджынтæ раздæхдзысты Дæумæ.
16 Туджы азымæй мæ суæгъд кæн, Хуыцау,
мæ ирвæзынгæнæг Хуыцау,
æмæ цингæнгæ зардзынæн Дæ рæстадыл.
17 О мæ Хицау Хуыцау, байгом кæн мæ дзых,
æмæ стаудзынæн Дæу.
18 Уымæн æмæ нывонд бæллиццаг нæу Дæуæн,
науæд Дын æй æрхæссин;
ирвæзынгæнæг дæр нæу æхцон Дæуæн.
19 Саст зæрдæ – уый у аккаг нывонд Хуыцауæн;
саст зæрдæ æмæ фæсмонгæнæгыл
Дæхи нæ атигъ кæндзынæ, Хуыцау.

20 Дæ хорз зæрдæйæ фарн æруадз Сионыл;
ногæй самай Иерусалимы култæ.
21 Уæд Дын æхцон уыдзысты рæстады нывондтæ,
судзинаг æмæ иууылсудзинаг нывондтæ;
уæд Дæ нывондхæссæныл
æрæвæрдзысты стыр кусæрттæ.

## 51 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды зондамонæн псалом,*
2 *Идумейаг Доик Саулмæ куы æрцыди*
*æмæ йын куы загъта,*
*Давид Ахимелехы хæдзары ис, зæгъгæ,*
*уый фæдыл.*

3 Цы æппæлыс дæ фыдмитæй, тыхджын?
Хуыцауы хорзæх иудадзыг мемæ ис.
4 Иннæйы фесафынил архайы де ’взаг:
цыргъ сæрдасæнау налат у.
5 Хæрзæбонæй фыдбылыз фылдæр уарзыс,
раст дзурынæй та – мæнг. ‖
6 Алы бынгæнæг ныхас уарзыс ды, фæлитой æвзаг!
7 Уый тыххæй дæ Хуыцау
æркæндзæн æнусон раууатмæ;
фелвасдзæни дæ, дæ цатырæй дæ фехсдзæни дард;
æд уидæгтæ дæ срæдувдзæн царды зæххæй. ‖
8 Уый фендзысты рæстгæнджытæ,
тас сæ бацæудзæн, стæй йыл фæхуддзысты:
9 «Кæсут-ма, ацы адæймагæн
йæ ныфс Хуыцау нæ уыди,
фæлæ йæ зæрдæ дардта йæ бирæ мулкыл,
хъæбатыр уыд йæ æвзæр митæй».

10 Æз та Хуыцауы хæдзары
цъæхдарæг зетибæласау дæн
æмæ мыггагмæ дæр Хуыцауы хорзæхыл
дардзынæн мæ зæрдæ.
11 Хуыцау, Ды цытæ сарæзтай,
уый тыххæй Дæ стаудзынæн мыггагмæ;
мæ зæрдæ дардзынæн Дæ номыл,
уымæн æмæ уый фарнæй дзаг у.
Стаудзынæн Дæу Дæ сыгъдæджыты раз.

## 52 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*уадынгарзыл.*
*Давиды зондамонæн псалом.*

2 Æнæзонд загъта хинымæр: «Хуыцау нæй».
Уыдон фехæлдысты,

бафтыдысты æбуалгъ тæригъæдты;
нæй хæрзгæнæг, иу дæр нæй.
3 Хуыцау уæлæрвтæй æркаст адæммæ:
Хуыцауы чи агуры, ахæм æмбаргæ нæй?
Иу дæр нæй?
4 Се 'ппæт дæр аздæхтысты, æрцыдысты сæфтмæ;
хæрзгæнæг дзы нæй, иу дæр нæй.

5 Мæ адæмы чи хæры,
дзулау æй чи хæры æмæ Хуыцауы чи нæ агуры,
уыцы фыдгæнджытæ
сæхи никуы æрæмбардзысты?
6 Тæссаг кæм нæу,
уым сыл æртыхсдзæн æвирхъау тас,
уымæн æмæ Хуыцау ныффæйлаудзæн
дæ ныхмæ тохгæнджыты стджытæ.
Ды сæ фегад кæндзынæ,
уымæн æмæ сыл Хуыцау Йæхи атигъ кодта.

7 Æнæмæнг, Израилæн сæрибар Сионæй æрцæудзæн!
Хуыцау Йæ адæмы уацарæй куы ракæна,
уæд райдзæн Иаков, æмæ цин кæндзæн Израил.

## 53 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*хъисфæндыртыл цæгъдынæн.*
*Давиды зондамонæн псалом,*
2 *Зифæгтæ Саулмæ куы æрцыдысты*
*æмæ йын куы загътой,*
*Давид махмæ æмбæхсы, зæгъгæ,*
*уый фæдыл.*

3 О Хуыцау, фервæзын мæ кæн Дæ номы руаджы,
равзар мæ хъаст Дæ хъаруйы фæрцы.
4 Фехъус мæ куывд, Хуыцау,

Дæ хъус æрдар мæ дзыхæй рацæугæ ныхæстæм.
5 Уымæн æмæ æцæгæлæттæ сыстадысты мæ ныхмæ,
æгъатыртæ мæ хъавынц амарынмæ;
уыдон Хуыцауы ницæмæ дарынц. ||

6 Æрмæст мын Хуыцау у ахъазгæнæг,
мæ Хицау у мæ удылхæцæг.
7 Уадз ме знæгтæн сæ фыдæх æрцæуæд сæ сæрыл;
фесаф сæ, уымæн æмæ Дæ ныхасæн хицау дæ.
8 Æз Дын зæрдиагæй æрхæсдзынæн нывонд;
стаудзынæн Дæ ном, Дунедарæг,
уымæн æмæ уый æхцон у мæнæн.
9 Ды мæ фервæзын кодтай ме 'ппæт бæллæхтæй,
æмæ ме знæгтæм кæсдзынæн дзагцæстæй.

## 54 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*хъисфæндыртыл цæгъдынæн.*
*Давиды зондамонæн псалом.*

2 Фехъус, Хуыцау, мæ куывд,
мæ куырдиатыл ма атигъ кæн Дæхи.
3 Æркæс æмæ мын дзуапп ратт;
æнцой мын нæ дæттынц мæ мæстытæ,
мæ ныфс мын сæтты
4 Знаджы хъæлæс, фыдлæг мæ кæй ссæнды, уый;
уыдон мыл кæнынц фыдаудæн,
æгъатырæй лæбурынц мæнмæ.
5 Мæ зæрдæ мæ риуы æнкъуысы,
мæлæты азар мæм æрбахæстæг ис.
6 Тас мæ бацыди æмæ ризын,
æвирхъау адзал мæ æрбалвæста æмæ уигъы мæн.
7 Æмæ загътон: «Чи мын раттид бæлоны базыртæ,
æз атæхин æмæ æрæнцаин.
8 Фæцæуин дард æмæ æрулæфин æдзæрæг ран. ||

9 Æвæстиатæй фæлидзин тыхдымгæ æмæ уадæй».

10 Æруадз сыл Дæ фыдæх, Дунедарæг,
сæ ныхас кæрæдзийыл куыд нал бада;
уымæн æмæ тыхми æмæ быцæу уынын сахары.
11 Æхсæвæй-бонæй сисы сæртыл
зилынц сахары алыварс;
уым ис фыдæх æмæ удхар.
12 Сахар цæуы сæфтмæ;
йæ уынгты æрцардысты сайын æмæ хин.

13 Знаг нæ кæны мæ фыдгой –
æз ын бафæразин;
мæ фыдгул нæ сыстади мæ ныхмæ –
æз дзы бамбæхсин,
14 Фæлæ уый ды дæ, мæ рахиз цонг чи уыди,
мæ уыцы æмбал æмæ уарзон хæлар –
15 Иумæ-иу кодтам зæрдæбын ныхас,
Хуыцауы Хæдзармæ цыдыстæм дзыллæимæ.
16 Мæлæты хай фæуæнт,
удæгасæй дæлдзæхмæ ныххауæнт;
уымæн æмæ фыдæх сæ хæдзæртты
æмæ сæ мидæг ис.

17 Æз та кувын Хуыцаумæ,
æмæ Дунедарæг бахиздзæни мæн.
18 Изæрæй, сæумæйæ, æмбисбон
мæ хъаст хæссын Хуыцаумæ,
дзыназын æмæ мын Уый фехъусдзæн мæ хъæлæс.
19 Мæ уд мын дардзæн æнæзианæй
мæ ныхмæ тохгæнджытæй,
кæд мын бирæ сты, уæддæр.
20 Фехъусдзæн æмæ сæ басæтдзæн,
райдайæн кæмæн нæй, уыцы Хуыцау; ||
уымæн æмæ цы сты, уымæй баззадысты,
Хуыцауæй нæ тæрсынц.

21 Семæ фидыдæй чи цæры,
уыдонмæ систой сæ къухтæ,
фехæлдтой сæ цæдис.
22 Сæ ныхас – сойæ лæгъздæр,
сæ зæрдæйы та – хæст;
сæ дзырдтæ зетийæ фæлмæндæр,
фæлæ сын æлвæст цирхъæй уæлдай не сты.

23 Хуыцауы ʻвджид бакæн дæ сагъæстæ,
æмæ дæ Уый бахъахъхъæндзæн –
никуы бауадздзæн рæстгæнæджы фæцудын.
24 Ды, Хуыцау, уыдон ныппардзынæ æнæбын уæрмы;
тугцъиртæ æмæ мæнгæрдтæ
æмбис дæр нæ фæцæрдзысты.
Æз та Дæуыл дарын мæ зæрдæ.

## 55 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Дард тулдзыл бадæг бæлон»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Давиды кадæг,*
*Филистимæгтæ йæ Гефы куы æрцахстой,*
*уый фæдыл.*

2 Батæригъæд мын кæн, Хуыцау –
адæймаг зилы мæ фæдыл;
лæбуры мæм æрвылбон, сулæфын мæ нæ уадзы.
3 Мæ фæдылзилджытæ мæ æнæхъæн бон
уæгъд нæ уадзынц;
схъæлæй мæ ныхмæ чи цæуы, уыдон бирæ сты.
4 Тасы куы бацæуын,
уæд мæ зæрдæ Дæуыл фæдарын.
5 Æз Хуыцауимæ дæн æмæ æппæлын Йæ ныхасæй;
мæ ныфс Хуыцау у, нæ тæрсын.
Цы мын ракæндзæн зæххон адæймаг?

6 Ӕрвылбон зыгъуыммæ кæнынц мæ ныхæстæ;
сæ хъуыдытæ иууылдæр – мæ фыдбылызæн.
7 Ӕмбырдтæ кæнынц, зилынц мæ къахвæдтыл,
æрæмбæхсынц, цæмæй мæ уд сæ ахæсты бахауа.
8 Уымæ гæсгæ сын ферваæзæн нæй
сæ фыдæхы тыххæй;
смæсты у адæмтæм, Хуыцау æмæ сæ бабын кæн.

9 Дæумæ нымад сты ме ‘ппæт тухæнтæ,
æмæ мæ цæссыгтæ нывæр Дæхимæ
мигæнæны –
Дæ чиныджы не сты уыдон?
10 Дæуæй æххуыс куы ракурын,
уæд ме знæгтæ лидзынмæ фæвæййынц –
уымæй базонын, Хуыцау ме 'вварс кæй у.
11 Ӕз Хуыцауимæ дæн
æмæ æппæлын Йæ ныхасæй,
Ӕз Дунедарæгимæ дæн
æмæ æппæлын Йæ дзырдæй –
12 Мæ ныфс Хуыцау у, нæ тæрсын.
Цы мын ракæндзæн адæймаг?

13 Ӕз дзырд радтон Дæуæн, Хуыцау;
æрхæсдзынæн Дын бузныджы нывондтæ.
14 Уымæн æмæ мæлæтæй Ды бахызтай мæ уды,
мæ къæхтæ – фæкæлынæй,
цæмæй царды рухсы цæуон Хуыцауы раз.

## 56 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Ма мæ фесаф»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Давиды кадæг,*
*Саулæй лæгæтмæ куы алыгъди,*
*уый фæдыл.*

2 Батæригъæд мын кæн, Хуыцау,
батæригъæд мын кæн,
уымæн æмæ мæ удæн йæ ныфс Ды дæ;
бамбæхсдзынæн Дæ дæлбазыр,
цалынмæ бæллæхтæ аивгъуыйой, уæдмæ.

3 Æз æххуыс курын Бæрзонд Хуыцауæй,
мæныл аудæг Хуыцауæй.
4 Уый уæлæрвтæй рарвитдзæн æххуыс
æмæ бахиздзæни мæн,
худинагмæ æртæрдзæни,
мæ фæдыл чи зилы, уыдоны; ‖
Хуыцау рарвитдзæн Йæ хорзæх æмæ Йæ æцæгад.
5 Æз тугдзых домбæйтты æхсæн цæрын;
арт кæй комæй цæуы, уыцы адæмы æхсæн;
сæ дæндæгтæ – æрцытæ æмæ фаттæ,
се 'взаг – цыргъ кард.
6 Арвæй бæрзонддæр уæд Дæ ном, Хуыцау,
æппæт зæххыл – Дæ кад!

7 Мæ къæхтæн æрцæттæ кодтой къæппæг –
мæ зæрдæ фæтасыди.
Мæ фæндагыл скъахтой уæрм,
æмæ дзы сæхæдæг ныххаудтой. ‖
8 Мæ зæрдæ цæттæ у, Хуыцау,
мæ зæрдæ цæттæ у:
зардзынæн æмæ Дæ стаудзынæн зарджыты
зæлтæй.
9 Райхъал у, мæ уд, райхъал ут,
дала-фæндыр æмæ дыууадæстæнон!
Райхъал кæндзынæн сæуæхсид!
10 Адæмты æхсæн Дæ стаудзынæн, О Дунедарæг;
стаудзынæн Дæ мæ зарджыты зæлтæй
знæгты æхсæн.
11 Уымæн æмæ стыр у Дæ хорзæх, арвы онг,
Дæ рæстад – æврæгъты онг.

12 Арвæй бæрзонддæр уæд дæ ном, Хуыцау,
æппæт зæххыл – Дæ кад!

## 57 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Ма мæ фесаф»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Давиды кадæг.*

2 Куы фæдзурут, уæд рæстдзинадæн
йæ дзых не 'хгæнут?
Уæ тæрхон, мыййаг, æнæхæрам у,
адæймаджы фырттæ?
3 Хæрам уæ зæрдæтæй рацæуы;
зæххыл уæ къухтæ барыныл барынц тыхми.
4 Фыдлæгтæн суанг сæ мады гуыбынæй
сæ фæндаг зылын у,
ныдздзæгъæл вæййынц,
сæ райгуырынæй дзурынц мæнг.
5 Сæ марг у калмы маргау;
сты ахæм къуырма калмы хуызæн,
йæ хъустæ чи сæхгæны
6 Æмæ кæлæнгæнджыты хъæлæсмæ чи нæ хъусы,
кæд тæккæ дæсныдæр кæлæнгæнæг у, уæддæр.

7 О Хуыцау, сæ дæндæгтæ сын сæ комы ныссæтт;
уыцы домбæйтты ыссыртæ
ныппырх кæн, Дунедарæг!
8 Фесæфæнт зæххы ахъарæг донау;
се 'рдынбостæ куы айвазой,
уæд сæ фаттæ асæттæнт.
9 Фесæфæнт йæ хъузгæй ралæсæг сæтæлæгау;
фыдæнхъæл сылгоймаджы сывæллонау
хуры рухс ма фенæнт.
10 Цалынмæ уæ цуайнæгтæ
какон сындзыты артмæ не схъарм сты –

ӕнӕсыгъд ӕмӕ ӕрдӕгсыгъд –
уӕдмӕ уӕ мӕлӕт фӕхӕссӕд.
11 Рӕстгӕнӕг бацин кӕндзӕни,
мастисыны бон куы фена, уӕд;
ӕмӕ йӕ къӕхтӕ ӕрӕхсдзӕни фыдлӕджы туджы.
12 Ӕмӕ адӕм зӕгъдзысты:
«Рӕстгӕнӕг ӕцӕгӕй райсдзӕн йӕ хӕрзиуӕг!
Уӕдӕ зӕххыл ӕцӕгӕйдӕр ис
тӕрхонгӕнӕг Хуыцау!»

## 58 ПСАЛОМ

1 *Зарӕггӕнджыты разамонӕгмӕ;*
*«Ма мӕ фесаф»-ы зӕлтӕм гӕсгӕ.*
*Давиды кадӕг,*
*Йӕ амарыны тыххӕй йын Саул*
*йӕ хӕдзармӕ хъусдарӕг куы арвыста,*
*уый фӕдыл.*

2 Мӕ Хуыцау, бахиз мӕ ме знӕгтӕй;
мӕ ныхмӕ чи сыстад, уыдонӕй мӕ бахъахъхъӕн.
3 Бахиз мӕ фыдгӕнджытӕй;
фервӕзын мӕ кӕн тугцъиртӕй.
4 Кӕс, куыд къӕппӕввонгӕй лӕууынц мӕ удмӕ;
тыхджынтӕ мӕ ныхмӕ мӕ фыдмийы
ӕмӕ фыдракӕнды тыххӕй
не 'рӕмбырд сты, Дунедарӕг.
5 Ӕз аххосджын нӕ дӕн,
афтӕмӕй ӕмбырдтӕ кӕнынц гӕрзифтонгӕй;
фӕзын, ӕркӕс мӕ дзыназынмӕ.
6 Ды, Дунедарӕг, Уӕлахизгӕнӕг Хуыцау,
Израилы Хуыцау, рацу ӕппӕт адӕмы
бафхӕрынмӕ,
Дӕуыл гадзрахатӕй чи рацыди,
уыдонӕй иуыл дӕр ма бацауӕрд. ‖
7 Уыдон ӕрбаздӕхынц изӕрӕй,

ниуынц куыйтау æмæ зилынц сахары алыварс.
8 Кæс-ма, сæ дзыхæй цы ныхæстæ рацæуы,
цыма се 'взæгтæ цирхъытæ сты
æмæ фæзæгъынц: «Чи нæ хъусы?»
9 Фæлæ сыл Ды фæхуддзынæ, Дунедарæг;
Ды фегад кæндзынæ æппæт адæмты.
10 Мæ тых Ды дæ, ме скаст Дæумæ у,
уымæн æмæ Ды, Хуыцау, мæ мæсыг дæ.

11 Мæ аудæг Хуыцау мæ разæй цæудзæн;
Хуыцау мын ратдзæни ме знæгтæм
райгæйæ кæсыны фадат.
12 Ма сæ фæцæгъд æвиппайды,
цæмæй мæ адæмæй ма ферох уа;
ныффæйлау сæ Дæ хъаруйæ,
æрхауын сæ кæн, Дунедарæг – нæ уарт.
13 Сæ тæригъæд – сæ дзыхæй рацæугæ ныхæстæ;
уадз, куыд схъал сты, афтæ сæхи хызы бахауæнт,
уымæн æмæ æлгъыст æмæ мæнг –
сæ былалгъыл.
14 Кæрон сын скæн карзæй, кæрон, æмæ мауал уой.
Уæд базондзысты зæххы кæронмæ,
Иаковæн Хуыцау йæ Паддзах кæй у. ||

15 Уыдон æрбаздæхынц изæрæй,
ниуынц куыйтау æмæ зилынц сахары алыварс.
16 Уыдон зилынц хойраг агурæг
æмæ йæ куы нæ ссарынц, уæд фæниуынц.
17 Æз та зардзынæн Дæ тыхыл,
сæумæйæ расиддзынæн Дæ хорзæх;
уымæн æмæ мын фыдæхы заман
мæсыг æмæ хъахъхъæнæг Ды уыдтæ.
18 Ды мæ тых дæ! Æз Дæуыл зардзынæн,
уымæн æмæ Ды, Хуыцау, мæнæн мæсыг дæ,
мæ уарзæгой Хуыцау.

# 59 ПСАЛОМ

[1] *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Фарны кæркусæг дидинæг»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Давиды кадæг.*
*Ныффыста йæ ахуыр кæнынæн,*
[2] *Месопотамаг Сириимæ*
*æмæ Цованаг Сириимæ куы хæцыди,*
*Иоав фæстæмæ здæхгæйæ Цæхджын дæлвæзы*
*дыууадæс мин идумейагыл куы фæуæлахиз,*
*уый фæдыл.*

[3] О Хуыцау, Ды ныл атигъ кодтай Дæхи;
Ды нæ ныссастай, смæсты нæм дæ,
фæлæ нæм ныр Де 'ргом раздах.
[4] Ды банкъуыстай зæхх æмæ аскъуыдтæ;
сдзæбæх ын кæн йæ цæфтæ,
уымæн æмæ уый йæ ризынæй не 'нцайы.
[5] Дæ адæмæн бавзарын кодтай стыр зынтæ,
бадардтай нын Дæ азары сæн.
[6] Сис тырыса, Дæуæй чи тæрсы, уыдон сæрмæ,
цæмæй йæ иумæ айтындзой фатты ныхмæ, ||
[7] Æмæ фервæзой Дæ уарзон адæм;
ссæрибар нæ кæн Дæ рахиз цонгæй,
дзуапп ратт нæ куывдæн.

[8] Хуыцау Йæ рухс Кувæндоны загъта:
«Æз фæуæлахиз уыдзынæн,
Сихем байуардзынæн,
Сокхофы дæлвæз дæр ныддихтæ кæндзынæн.
[9] Мæн у Галаад, Мæн у Манасси,
Ефрем – мæ сæрæн згъæрхуд,
Иуда – Мæ паддзахы лæдзæг,
[10] Моав Мæ хихсæн кæхц у;
Едомыл æрæвæрдзынæн Мæ къах.
Мæ размæ рацу цины хъæримæ, филистимаг зæхх!»

11 Чи мæ бакæндзæн фидар сахармæ?
Чи мæ бахæццæ кæндзæн Едоммæ?
12 Уый Ды нæ уыдзынæ, мыййаг, Хуыцау,
Йæхи ныл чи атигъ кодта
æмæ не 'фсадимæ чи нал рацæуы, уыцы Хуыцау?
13 Баххуыс нын кæн тыхæвзарæны,
уымæн æмæ адæймаджы æххуыс ницы у.
14 Хуыцауимæ фæуæлахиз уыдзыстæм;
Уый ныссæнддзæн не знæгты Йæ къæхты бын.

## 60 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*хъисфæндыртыл цæгъдынæн.*
*Давиды псалом.*

2 О Хуыцау, фехъус мæ дзыназын,
байхъус мæ куывдмæ.
3 Зæххы кæронæй Дæм дзурын уынгæг зæрдæйæ;
схон мæ, мæ бон кæдæм нæу схизын,
уыцы къæдзæхмæ.
4 Ды дæ ме 'мбæхсæн,
Ды мæ фидар мæсыг дæ ме знæгты ныхмæ.

5 Фæнды мæ Дæ Кувæндоны мыггагмæ цæрын,
Дæ дæлбазыр æдас куыд уон, афтæ. ||
6 Уымæн æмæ фехъуыстай мæ зæрдæвæрд, Хуыцау,
æмæ мын бынтæ радтай,
Дæуæй чи тæрсы, уыдонимæ.

7 Паддзахы цæрæнбонтыл бафтау,
бирæ фæлтæртимæ куыд фæцæра, афтæ.
8 Æмæ мыггагмæ дæр Хуыцауы раз
баддзæни паддзахы бадæны.
Хъахъхъæнæд æй Дæ уарзондзинад æмæ рæстад!

9 Æз та мыггагмæ дæр зардзынæн
Дæ номы кадæн,
дзырд Дын цæй тыххæй радтон,
уыдон æххæст кæндзынæн æрвылбон.

## 61 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*Едифумæн.*
*Давиды псалом.*

2 Æрмæст Хуыцаумæ ссары мæ уд æнцой;
Уымæй у мæ ирвæзындзинад.
3 Æрмæст Хуыцау у мæ къæдзæх,
мæ ирвæзынгæнæг, мæ мæсыг;
нал фæгуырысхо уыдзынæн.

4 Сымах та кæдмæ знаггад кæндзыстут
адæймагæн уе 'ппæт дæр, куыд фæцуда,
афтæ?
Æнæуый дæр кæлæддзаг къулæй
æмæ саст быруйæ уæлдай нæу.
5 Уыдон хъавынц бæрзондæй йæ раппарынмæ;
сайын сын у æхцон, æвзагæй арфæ кæнынц,
хинымæр та – æлгъитгæ. ||
6 Æрмæст Хуыцаумæ ссар, мæ уд, æнцой;
уымæн æмæ Уымæй у мæ ныфс.
7 Иунæг Хуыцау у мæ къæдзæх,
мæ ирвæзынгæнæг, мæ мæсыг;
нæ фæгуырысхо уыдзынæн.
8 Хуыцауæй аразгæ сты мæ ирвæзт æмæ кад;
Уый мæ фидар къæдзæх у, ме 'мбæхсæн.
9 О адæм, уæ зæрдæ Йыл дарут кæддæриддæр;
уæ зæрдæты цы ис, уый Йын раргом кæнут:
Хуыцау нæ сæрылхæцæг у. ||

10 Мæнг сты адæймæгтæ,
фæлывд сты лæджы фырттæ.
Барæнтыл сæ куы æрæвæрай,
уæд иууылдæр иумæ уæлдæфæй рогдæр сты.
11 Ныфс уæ ма уæд стигъынæй,
давынæй схъæл ма ут;
уæ мулк куы сбирæ вæййы,
уæд ын уæ зæрдæ ма раттут.

12 Хуыцау загъта иу хатт,
æмæ йæ æз дыууæ хатты фехъуыстон,
тых Хуыцаумæ кæй ис,
13 Æмæ дæумæ кæй ис, Дунедарæг, хорзæх.
Бæлвырд, Ды алкæмæн дæр
йæ хъуыддæгтæм гæсгæ дæттыс.

## 62 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*
*Иудейаг æдзæрæг быдыры куы уыди,*
*уый фæдыл.*

2 О Хуыцау, Ды мæ Хуыцау дæ!
Сæуæхсидæй агурын Дæу.
Слæмæги мæ уд æнæдон, хус
æмæ сыгъд быдыры Дæумæ бæлгæйæ,
3 Цæмæй фенон Дæ тых æмæ Дæ кад,
Кувæндоны Дæ куыд уыдтон, афтæ.
4 Уымæн æмæ Дæ хорзæх хуыздæр у цардæй,
æмæ Дæуæй æппæлæн ныхас
уыдзæни мæ былалгъыл.

5 Цалынмæ цæрон, уæдмæ Дæ стаудзынæн;
Дæ номыл мæ къухтæ сдардзынæн уæлæрвтæм.
6 Сойæ æмæ фиуæй бафсæдæгау
бафсæды мæ уд,

æмæ райгæ æппæлын Дæуæй,
7 Мæ хуыссæны Дæ куы æрымысын,
æнæхъæн æхсæв мæ хъуыдытæ
Дæуыл куы вæййынц, уæд.
8 Уымæн æмæ Ды ме 'ххуысгæнæг дæ,
æмæ Дæ дæлбазыр цинæй зардзынæн.
9 Мæ уд нæ комы Дæуæй фæхицæн;
Дæ рахиз цонгæй хæцыс мæныл.

10 Мæ уд фесафынмæ чи бæллы,
уыдон ингæны хай бауыдзысты.
11 Фæцæгъддзысты сæ цирхъы комæй
æмæ рувæстæн уыдзысты амæддаг.

12 Паддзахæн та йæ цин Хуыцау уыдзæни;
Хуыцауы номæй алы сомыгæнæг дæр
Йæ кадæй хай райсдзæни,
мæнгдзурджытæ та багомыг уыдзысты.

## 63 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

2 О Хуыцау, фехъус мæ хъæлæс, мæ лæгъстæ;
мæ цард мын бахиз æвирхъау знагæй.
3 Фыдлæгты сусæгвæндтæй,
змæнтæг фыдгæнджытæй бамбæхс мæн.

4 Уыдон сцыргъ кодтой се 'взæгтæ цирхъау,
айвæзтой се 'рдынбос – сæ рæхойæн ныхас,
5 Рæстаг адæймаджы сусæг ранæй бахсынæввонг;
æнæнхъæлæджы йæ фехсынц
æмæ тæрсгæ дæр нæ кæнынц.
6 Сæ фыдвæндтыл фидарæй хæцынц;
сæ уынаффæ у сусæгæй къæппæг сæвæрыныл,

æмæ дзурынц: «Чи йæ фендзæн?»
7 Уыдон нывæндынц сæ хинтæ æмæ дзурынц:
«Хорз фæнд æрымысыдыстæм».
Æцæгæй дæр, адæймаджы хъуыдытæм
æмæ зæрдæйы фæндтæм ныккæсæн нæй.

8 Фæлæ сæ Хуыцау бахсдзæн фатæй;
æнæнхъæлæджы бабын уыдзысты.
9 Хуыцау сын се 'взаг сæхи ныхмæ сараздзæни
æмæ сæ æркæндзæни сæфтмæ;
чи сæ уына, уыдон сыл сæ сæртæ æнкъуысдзысты.
10 Æмæ æппæт адæмы бацæудзæн тас,
дзурдзысты Хуыцауы хъуыддæгтыл
æмæ уæд базондзысты – уый Хуыцау саразта.
11 Рæстгæнæг та сцин кæнæд Дунедарæгыл,
Уый йын уыдзæн сæрылхæцæг;
æмæ 'ппæт рæстытæ зæрдиагæй стауæнт Хуыцауы.

## 64 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*
*Зарæг.*

2 Сионыл ис Дæуæн Дæ кад æмæ Де 'нцой, Хуыцау;
æмæ сæххæст уыдзысты,
Дæуæн дзырд лæвæрд цæй тыххæй уыд, уыдон.
3 Ды хъусыс адæймаджы кувынмæ;
Дæумæ цæуы алчидæр æххуысагур.
4 Тæригъæды дæлбар куы уыдыстæм,
уæд нын ныббарстай нæ фыдракæндтæ.
5 Тæхудиаг сты, Дæ кæртмæ
цæрынмæ кæй сæвзæрстай
æмæ Дæхимæ кæй æрбахæстæг кодтай, уыдон.
Мах уыдзыстæм æфсæст Дæ Хæдзары,
Дæ сыгъдæг Кувæндоны цы хорзæхтæ ис, уыдонæй.

6 Ды хъусыс мæнмæ, О нæ Хуыцау,
Йæ раст тæрхон тас кæмæн æфтауы,
æппæт зæххæн æмæ дард дендж ызтæн ныфс Чи у,
7 Йæ тыхæй хæхтæ æрæвæрæг,
стыр хъомысæй ифтонг,
8 Денджызты æмбухын, йæ уылæнты хъæр
æмæ знæт адæмты сабыргæнæг!
9 Дард зæххыл цæрджыты
тас бауадзынц Дæ диссæгтæ;
сæуæхсид æмæ зæрæхсиды
райхъал кæнынц цинæй зарынмæ.

10 Барæвдауыс зæхх, бафсадыс æй донæй,
бафтауыс ын йæ бæркадыл;
Хуыцауы донвæдтæ кæддæриддæр дзаг сты
донæй,
цæмæй зæххыл зайа хор,
уымæн æмæ йын ахæм фæтк сæвæрдтай.
11 Йæ ауæдзтæ йын бафсадыс донæй,
адæг ауадзыс йæ къуыбæрттыл,
сфæлмæн æй кæныс къæвдайы 'ртæхтæй,
арфæ бафтауыс хорыл.
12 Бæркадджын у Дæ арфæйы аз,
Дæ къахвæдтæй кæлы сой.
13 Уыдон æдзæрæг хизæнтыл пырх кæнынц дон,
обæуттæ дзаг кæнынц цинæй.
14 Уыгæрдæнтæ сæхи сфæлыстой фосы дзугтæй,
дæлвæзты зæу-зæу кæны хор –
хъуысы сæ цин æмæ зарын.

## 65 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Зарæг.*
*Псалом.*

Стау Хуыцауы хъæлæсыдзагæй, æппæт дуне!
2 Зарут Йæ номы кадыл;
скæнут Ын Йæ кад бæрзонд,
3 Зæгъут Хуыцауæн:
«Куыд тасæфтауæг сты Дæ хъуыддæгтæ!
Хъомысджын дæ Ды,
Де знæгтæ лæгъстæйаг уыдзысты Дæуæн.
4 Æппæт зæхх æрзоныг уыдзæни Дæ разы
æмæ Дыл зардзысты, зардзысты Дæ номыл».

5 Рацæут æмæ фенут Хуыцауы æрмдзæф,
адæмæн куыд диссагæн баззадысты Йæ
хъуыддæгтæ.
6 Денджыз фестын кодта сурзæхх,
цæугæдоныл ахызтысты фистæгæй –
уæдæ цин кæнæм, Уый цы сарæзта, ууыл.
7 Йæ хъомысы руаджы
Уый паддзахиуæг кæны мыггагмæ;
иудадзыг Йæ цæст дары адæмтæм –
змæнтджытæ ма систæнт Йæ ныхмæ.
8 Стаут, адæмтæ, нæ Хуыцауы;
айзæлæд Ыл кады зарджытæ.
9 Уый нын нæ удтæ бахызта ацы царды,
нæ къах нын нæ бауагъта фæцудын.
10 Уымæн æмæ Ды, Хуыцау, бафæлвæрдтай мах;
ссыгъдæг нæ кодтай, æвзист куыд батайын
æмæ ссыгъдæг кæнынц, афтæ.
11 Ды къæппæгмæ бакодтай мах,
нæ бæрзæйтыл нын сæвæрдтай æфсондз.
12 Бауагътай адæймаджы нæ сæрыл сбадын;
ахызтыстæм арт æмæ доныл,
фæлæ нæ ракодтай сæрибармæ.

13 Иууылсудзинаг нывондтимæ
бацæудзынæн Дæ Кувæндонмæ
æмæ сæххæст кæндзынæн мæ дзырд –

14 Уый мæ уæззау дуджы уыди ме ‘взагыл
æмæ рацыд мæ дзыхæй.
15 Иууылсудзинаг нард нывондтæ Дын æрхæсдзынæн,
фысы фиуы хæрздæфимæ;
нывондæн Дын æрхæсдзынæн галтæ æмæ сæгътæ. ‖

16 Рацæут æмæ байхъусут,
Хуыцауæй чи тæрсы, æппæт уыдон,
æмæ уын радзурон, мæ удæн цы сарæзта, уый.
17 Æз Æм куывтон хъæрæй,
скад Ын кодтон ме 'взагæй.
18 Æз мæ зæрдæйы куы бамбæхстаин фыдæх,
уæд мæ Хуыцау нæ фехъуыстаид.
19 Фæлæ мæ Хуыцау æцæг фехъуыста,
Йе 'ргом раздæхта мæ зæрдæбын куывдмæ.

20 Арфæгонд у Хуыцау –
мæ куывдыл мын Йæхи нæ атигъ кодта,
Йæ хорзæхæй мæ æнæхайæ нæ ныууагъта.

## 66 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*хъисфæндыртыл.*
*Псалом.*
*Зарæг.*

2 Хуыцауы хорзæх æмæ арфæ нæ уæд,
срухс нæ кæнæд Йæ цæсгомы рухсæй! ‖
3 Цæмæй зоной зæххыл Дæ фæндаг,
æппæт адæмты æхсæн – Дæ ирвæзындзинад.

4 О Хуыцау, стауæнт Дæу адæмтæ,
стауæнт Дæ æппæт адæмтæ!
5 Цин кæнæнт æмæ зарæнт адæмтæ!
Уымæн æмæ Ды рахæссыс дунейæн

ænæхæрам тæрхон,
адæмтæн Ды Дæ раздзæуæг зæххыл. ||
6 О Хуыцау, стауæнт Дæу адæмтæ,
стауæнт Дæ æппæт адæмтæ!

7 Зæхх радта тыллæг;
арфæ нын кæны Хуыцау, нæ Хуыцау.
8 Арфæ нын кæны Хуыцау,
æмæ Дзы тæрсæнт æппæт зæххы кæрæттæм.

## 67 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*
*Зарæг.*

2 Рацæуæд Хуыцау æмæ ныффæйлауæд Йе знæгты;
Йæ фыдгултæ лидзинаг фæуæнт Йæ разæй!
3 Фæздæг куыд апырх вæййы,
афтæ сæ Ды апырх кæн;
мыдадз артмæ куыд атайы,
афтæ фæтары уæнт фыдлæгтæ
æмæ Хуыцауы цæсгомы раз мауал уæнт.
4 Рæстгæнджытæ та цин кæндзысты,
хъæлдзæг уыдзысты Хуыцауы раз
æмæ фырцинæй райдзысты.

5 Зарут Хуыцауæн, æппæлут Йæ номæй.
Скадджын кæнут æврæгътыл Цæуæджы,
Йæ ном – Дунедарæг; сцин кæнут Йæ цæстыты раз.
6 Хуыцау – сидзæрты фыд
æмæ идæдзты сæрылхæцæг –
Йæ сыгъдæг цæрæнбынаты ис.
7 Хуыцау иунæджыты бахоны хæдзармæ,
ахстытæн суадзы сæ рæхыстæ;
змæнтджытæ та баззайынц хурсыгъд зæххыл.

8 О Хуыцау, Дæ адæмы разæй-иу куы рахызтæ,
æдзæрæг быдыры-иу разæй куы цыдтæ, ||
9 Уæд зæхх æнкъуысыди,
суанг арв дæр лæдæрсæнтæ кодта Хуыцауы раз,
Синайыл* Чи уыди, уыцы Хуыцауы,
Израилы Хуыцауы раз.
10 Ды æруагътай бæркады уарын, Хуыцау;
Дæ хуыскъ бындуртæн уыдтæ æгасгæнæг,
11 Дæ дзуг уым æрцарди;
Дæ хорзæхмæ гæсгæ, Хуыцау,
мæгуыртæм уыдтæ рæдау.

12 Хуыцау радта Йæ ныхас,
æмæ уый хъусын кодтой стыр дзыллæтæ:
13 «Паддзахтæ æмæ се 'фсæдтæ
лидзынц æмæ лидзынц,
хæдзаргæс сылгоймæгтæ та
ныридæгæн амæддаг уарынц.
14 Кæд кæртытæй æддæмæ нæ рахызтыстут,
уæддæр, бæлонæн йæ базыртæ æвзист бамбæрзта,
йæ систæ та – сызгъæрин.
15 Уæд Æппæтхъомыс** ныппырх кодта паддзæхты,
æмæ уый уыди митуарынау Селмоны хохыл».
16 Басаны хох – бæрзонд хох,
Басаны хох – бирæфцæгджын хох!
17 Хæлæгæй цæмæн кæсут, цыргъсæр хæхтæ,
Хуыцауы цæрын кæуыл бафæндыди
æмæ Дунедарæг мыггагмæ
кæуыл цæрдзæн, уыцы хохмæ?
18 Хуыцауы хæстон уæрдæттæ –
æнæнымæц, мингай-минтæ;
Дунедарæг æрцыд Синайæ
Йæ Сыгъдæг Кувæндонмæ.

* **67:9** *Синай* – Хуыцау израилæгтæн кæм раргом, уыцы хох.
** **67:15** *Æппæтхъомыс* – дзуттагау у «Шаддай».

19 Ды схызтæ бæрзæндмæ, ракодтай уацайрæгты;
адæмæй райстай лæвæрттæ,
суанг ныхмæцæуджытæй дæр –
Дунедарæг Хуыцау уым куыд цæра.

20 Арфæгонд у Хуыцау,
нæ Ирвæзынгæнæг Хуыцау,
Уый æрвылбон дæр хæссы нæ зынтæ. ||
21 Нæ Хуыцау ирвæзынгæнæг Хуыцау у;
Хицау Хуыцау ракæны мах мæлæтæй.
22 Бæлвырд, Хуыцау ныссæтдзæн Йе знæгты сæртæ,
йæ азымыл чи нæ сæтты,
уыдоны æнæлвыд тенкатæ.
23 Дунедарæг загъта: «Раздахдзынæн сæ Басанæй,
сласдзынæн сæ денджызы арфæй,
24 Де знæгты туджы дæ къах куыд аныгъуыла,
дæ куыйты æвзæгтæ дзы куыд фæуой, афтæ».
25 Разæй кæй цæуыс, Хуыцау, уый бæлвырд у,
разæй цæуыс, мæ Хуыцау æмæ мæ Паддзах,
рухс Кувæндонмæ.
26 Разæй – зарæггæнджытæ,
сæ фæстæ – цæгъдджытæ,
астæуæй – далатыл цæгъдæг æрыгон чызджытæ.
27 Стаут уе ‘мбырдты Хуыцауы,
стаут Дунедарæджы сымах, Израилы байзæддаг!
28 Уым ис кæстæр Вениамин – сæ разæй,
Иудæйы хистæрты стыр къорд,
Завулоны хистæртæ æмæ Неффалимы хистæртæ.

29 О Хуыцау, равдис нын Дæ тых,
сфидар нæ кæн раздæрау.
30 Иерусалимы Кувæндоны сæраппонд
паддзæхтæ Дæуæн æрхæсдзысты лæвæрттæ.
31 Хъамылы бадом сырдты,
галты рæгъау – адæмы богъты æхсæн;
уыдон басæттæнт æмæ Дын æвзисты къæрттытæ

æрхæссæнт нывондæн.
Хæстмондаг адæмты ныффæйлау.
32 Æрцæудзысты æрвыст лæгтæ Мысырæй;
Ефиопи йæ къухтæ сдардзæни Хуыцаумæ.

33 Зæххон паддзахæдтæ, зарут Хуыцауæн,
уæ зарджытæй стаут Дунедарæджы. ||
34 Уый у уæлæрвтыл, æнусон уæлæрвтыл цæуæг;
мæнæ ныртæккæ райхъуысдзæн
Йæ тыхджын хъæлæс.
35 Скад кæнут Хуыцауæн!
Йæ хъомысæй ауды Израилыл,
Йæ тых зыны æврæгътыл.

36 Тæссаг дæ, Хуыцау, Дæ Сыгъдæг бынæтты;
Израилы Хуыцау дæтты Йæ адæмæн тых æмæ
хъару.

Арфæгонд у Хуыцау!

## 68 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«кæркусæг дидинæг»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Давиды псалом.*

2 О Хуыцау, фервæзын мæ кæн,
уымæн æмæ дон схæццæ мæ хъуырмæ.
3 Æз аныгъуылдтæн лæсæны,
æмæ дзы æрлæууæн дæр нæй;
бахызтæн доны арфмæ,
æмæ йæ гуылфæн скъæфы мæн.
4 Æз бафæлладтæн фæдисы хъæрæй,
мæ хъуыр ныххус и, мæ цæстыты суадон басур и
Хуыцаумæ æнхъæлмæ кæсынæй.

5 Ницыгæнæгæй мæ йе сæфт чи уыны,
уыдон мæ сæры æрдутæй фылдæр сты;
æнæфсонæй мын бирæ знæгтæ ис,
тыхджынты фæнды мæ фесæфын.
Цы сæ нæ байстон, уый раттын мæ домынц.
6 Ды зоныс, Хуыцау, ме 'нæзонд митæ,
мæ тæригъæдтæ не 'мбæхсын Дæуæй.
7 Дунедарæг, Уæлахизгæнæг Хуыцау,
Дæуыл йæ зæрдæ чи дары,
уыдон мæн аххосæй ма фæхудинаг уæнт;
Дæу агурджытæ мæн тыххæй ма фегад уæнт,
Израилы Хуыцау.
8 Уымæн æмæ Дæ номы сæраппонд дæн æгад
æмæ мæ цæсгомыл æвæрынц худинаджы гакк.
9 Ме 'фсымæртæн сдæн искæйон,
мæ мадызæнæгæн – æцæгæлон.

10 Дæ Хæдзарыл мæт мæ æвдæрзы,
Дæ фыдгойгæнджыты фыдныхæстæ
æмбæлынц мæныл.
11 Фæкæуын æмæ ком фæдарын,
æмæ мын уый тыххæй фидис кæнынц.
12 Дарæсы бæсты мæ уæлæ скæнын хъисын –
æмбисондæн мæ хæссынц.
13 Мæ койыл сты кулдуары раз* бадæг адæм;
карз нозт чи баназы,
уыдон мыл кæнынц сæ зарджытæ.

14 Мæнæн та мæ куывд фæхæццæ уæд Дæумæ
æхцон рæстæджы, Дунедарæг;
Де стыр хорзæхмæ гæсгæ мын, Хуыцау,
Дæ дзуапп уæд Дæ æцæг ирвæзындзинад.
15 Слас мæ цъымарайæ, æмæ дзы ма аныгъуылон;

* 68:13 *Кулдуары раз* – дзуттаг адæмæн сæ Ныхас уыди сахары кулдуары раз.

уæд æз фервæздзынæн,
йе сæфт мæ чи уыны, уыдонæй
æмæ дæтты æрфытæй.
16 Ма мæ аскъæфæд гуылфæн,
ма мæ аныхъуырæд хуыдым,
æнæбын уæрм мæ сæрмæ ма сæхгæнæд йæ ком.
17 Фехъус мæ, Хуыцау,
уымæн æмæ Дæ хорзæх фæрнджын у;
Де стыр хорзæхмæ гæсгæ мæм Де 'ргом раздах.
18 Дæ цæсгом ма аздах Дæ цагъарæй;
батагъд кæн – дзуапп мын ратт,
уымæн æмæ тыхст дæн.
19 Æрбаввахс у мæ удмæ, фервæзын æй кæн;
ме знæгтæй мæ баиргъæв.
20 Ды зоныс: нымайынц мæ фидиссагыл,
худинаггаг æмæ æгадыл;
мæ фыдгултæ æгасæй дæр Дæ разы сты.
21 Фидис мæ зæрдæсаст фæкодта,
æмæ æз слæмæгъ дæн;
æнхъæлмæ кастæн – чи мын батæригъæд кæна,
æмæ ахæм ничи разынди,
æнхъæлмæ кастæн ныфсæвæрæгмæ,
фæлæ не ссардтон.
22 Хойрагæн мын радтой марг,
дойны мын уыди, æмæ мын бадардтой дзмари.

23 Сæ фынг сын фестæд къæппæг,
сæ бæрæгбоны минас – сахсæн.
24 Сæ цæстытæ батар уæнт, куыд нал уыной,
се стджытæ ризæнт мыггагмæ.
25 Дæ маст сыл ныккал;
Дæ судзгæ азары цæхæры ныххауæнт.
26 Сæ зæхх сæдзæрæг уæд,
сæ цатырты цæрæг мауал уæд.
27 Дæуæй æфхæрд чи баййæфта,
уыдоны фæдыл нырма дæр зилынц;

Ды кæй æрцавтай, уыдоны рыстыл æфтауынц.
28 Бафтау сын се 'фхæрдыл æфхæрд,
æмæ ма ссарæнт Дæ хорзæх.
29 Сæ нæмттæ ист æрцæуæнт царды Чиныгæй
æмæ сæ рæстгæнджытимæ ма ныффыстæуæд.

30 Æз та æфхæрд дæн æмæ риссын;
О Хуыцау, Дæ ирвæзындзинад мæ бахъахъхъæнæд.
31 Зарæджы стаудзынæн Хуыцауы ном;
Дæуæй æппæлдзынæн райгондæй –
32 Уый Дунедарæгæн уæныг æмæ галæй,
сыкъа æмæ сæфтæгджынæй æхцондæр уыдзæн.
33 Ай фендзысты æфхæрдтытæ
æмæ бацин кæндзысты.
Уæ зæрдæ барухс уыдзæни, Хуыцауы агурджытæ!
34 Уымæн æмæ Дунедарæг хъусы хъуаг æййафджыты;
уацары чи ис, уыдоныл æнæрвæссон нæу.

35 Æппæлæд Хуыцауæй уæлæрвтæ æмæ зæхх,
денджызтæ æмæ се 'ппæт змæлджытæ.
36 Уымæн æмæ Хуыцау фервæзын кæндзæни Сионы,
самайдзæн Иудæйы сахартæ.
Уæд дзы æрцæрдзысты адæм æмæ уыдзысты сæ бар,
37 Æмæ Йæ цагъарты байзæддæгтæн
баззайдзысты бынтæн,
æмæ, Йæ ном чи уарзы,
уыдон дзы æрбынат кæндзысты.

## 69 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*
*Æрымысынæн.*

2 О Хуыцау, фервæзын мæ кæн;
О Дунедарæг, рæвдздæр мæм æрцу æххуысмæ.

3 Мæ удмæ мын чи хъавы,
уыдон фæхудинаг æмæ фегад уæнт!
Ме сæфтмæ чи бæллы,
уыдон æгадæй аздæхæнт фæстæмæ.
4 «Афтæ, афтæ» чи дзуры,
уыдон фидиссаг фæуæнт æмæ ныхъхъус уæнт.
5 Дæу чи агуры, уыдон райæнт
æмæ цин кæнæнт Дæуыл;
Ды ирвæзынгæнæг кæмæн дæ,
уыдон иудадзыг дзурæнт:
«Хъомысджын у Хуыцау!»

6 Æз та мæгуыр æмæ гæвзыкк дæн;
рæвдздæр мæм фæзын, Хуыцау!
Ды ме 'ххуысгæнæг
æмæ мæ сæрибаргæнæг дæ;
О Дунедарæг, ма фæстиат кæн.

## 70 ПСАЛОМ

1 Дæуыл дарын, О Хуыцау, мæ зæрдæ;
никуы фегад уыдзынæн!
2 Дæ рæстадмæ гæсгæ бахиз
æмæ ссæрибар кæн мæн;
фехъус мæ кувын, фервæзын мæ кæн.
3 Ды мын у, кæддæриддæр мæ бон
бамбæхсын кæм уа, уыцы къæдзæх;
ратт фæдзæхст мæн фервæзыны тыххæй,
уымæн æмæ Ды къæдзæх æмæ гæнах дæ
мæнæн.
4 Мæ Хуыцау, суæгъд мæ кæн фыдлæджы къухæй,
æнаккаг æмæ æгъатыр адæймаджы армæй.
5 Уымæн æмæ, О Хицау Хуыцау,
ме 'взонджы бонтæй Дæуыл дарын мæ зæрдæ.
6 Мæ райгуырынæй фæстæмæ
Ды уыдтæ мæ иунæг ныфс,

Ды мæ райстай мæ мады гуыбынæй;
Дæу стаудзынæн иудадзыг.

7 Æз бирæтæн æнахуыр диссагау уыдтæн,
фæлæ Ды мæ сæрылхæцæг дæ.
8 Мæ дзыхæй хъуысынц Дæуæй æппæлыны
дзырдтæ;
æрвылбон Дæу кадджын кæнын.
9 Мæ зæронды бонты мыл Дæхи ма атигъ кæн;
мæ хъару куы тайа, уæд мæ ма ныуудз.
10 Ногæй та мæ ныхмæ дзурынц ме знæгтæ;
мæ удмæ хъавджытæ аразынц сусæгвæнд.
11 Уыдон афтæ дзурынц: «Хуыцау æй ныууагъта;
зилут йæ фæдыл æмæ йæ æрцахсут,
уымæн æмæ йын ирвæзынгæнæг нæй».
12 О Хуыцау, ма адард у мæнæй;
О мæ Хуыцау, рæвдздæр мæм фæзын æххуысмæ.

13 Фегад уæнт æмæ фесæфæнт,
мæ уды фæдыл чи зилы, уыдон;
мæнæн фыдбылыз саразынмæ чи тырны,
уыдон фæхудинаг, фегад
æмæ ныффидиссаг уæнт.

14 Æз та иудадзыг Дæуыл дардзынæн мæ зæрдæ
æмæ Дæ стаудзынæн ноджы зæрдиагдæрæй.
15 Æз æрвылбон дзурдзынæн Дæ рæстдзинадыл
æмæ Дæ хæрзтыл – бирæ сты, æз сын
сæ нымæц нæ зонын.
16 Расиддзынæн
Дунедарæджы хъомысджын хъуыддæгтæ;
фехъусын кæндзынæн Дæ рæстдзинад –
æрмæстдæр Дæ рæстдзинад.
17 Ме ‘взонджы бонтæй мын
Ды уыдтæ зондамонæг, Хуыцау,
æмæ ныронг дзурын Дæ диссæгты тыххæй.

18 Куы базæронд уон æмæ мæ сæр урс куы адара,
уæд дæр мæ ма ныууадз, Хуыцау,
цалынмæ ног фæлтæртæн
нæ радзурон Дæ хъаруйы тыххæй,
нæ фæстагæттæн – Дæ хъомысы тыххæй.
19 Дæ рæстад, О Хуыцау, арвæй уæлдæр у,
стыр хъуыддæгтæ саразтай Ды.
Чи у Дæ хуызæн?
20 Ды мын бавзарын кодтай
судзгæ хъизæмæрттæ дзæвгар,
фæлæ мæ ногæй цардмæ раздахдзынæ,
арф дæлдзæхæй мæ ракæндзынæ.
21 Ды схæцыдтæ мæ кадыл,
Дæ рæвдыдæй мæ цух нæ ныууадздзынæ.
22 Æз та Дæ скадджын кæндзынæн хъисфæндырыл,
мæ Хуыцау,
Ды иузæрдион кæй Дæ, уый тыххæй;
дала-фæндырыл зардзынæн Дæуыл,
Израилы Сыгъдæг!
23 Дæ кады зарæг ме 'взагæй куы рацæуы,
уæд фырцинæй райын, райы мæ уд дæр,
уымæн æмæ йæ Ды фервæзын кодтай.
24 Ме 'взаг æрвылбон дзурдзæн Дæ рæстадыл;
уымæн æмæ мæнæн фыд ракæнынмæ
чи хъавыд,
уыдон фæхудинаг æмæ фегад сты.

## 71 ПСАЛОМ

1 *Соломоны псалом.*

О Хуыцау, балæвар кæн паддзахæн тæрхоны
Дæ рæстдзинад,
паддзахы фыртæн – Дæ сыгъдæгдзинад,
2 Рæстæй куыд тæрхон кæна Дæ адæмæн
æмæ æнæхæрамæй – æфхæрдтытæн.

3 Хæхтæ адæмæн æрхæсдзысты фарн,
обæуттæ – рæстад.
4 Æфхæрд адæмæн уыдзæни сæрылхæцæг,
фервæзын кæндзæн мæгуртæн сæ цоты
æмæ ныссæнддзæн æфхæрджыты.
5 Æмæ Дын кад кæндзысты, Хуыцау,
фæлтæрæй-фæлтæрмæ, цалынмæ хур
æмæ мæй сæ бынæтты сты, уæдмæ.
6 Паддзах адæмæн фæуæд,
къæвда карст уыгæрдæнтæн куыд у,
доны 'ртæхтæ зæхх куыд æфсадынц, афтæ.
7 Йæ заманы дидинæг рафтауæд рæстгæнæг,
зæххыл æнхъæвзæд фарн,
цалынмæ мæй йæ рухс дæтта, уæдмæ.

8 Уый паддзахиуæг кæнæд денджызæй денджызмæ,
цæугæдонæй* зæххы кæронмæ.
9 Йæ разы æрзоныг уæнт æдзæрæг рæтты цæрджытæ,
йе къæхты бынмæ æрхауæнт Йе знæгтæ.
10 Фарсисы æмæ йын сакъадæхты паддзæхтæ
раттæнт хъалон;
Шевайы æмæ Севæйы паддзæхтæ йын
æрхæссæнт лæвæрттæ.
11 Æппæт паддзæхтæ йæ разы æрзоныг уыдзысты;
лæггад ын кæндзысты æппæт адæмтæ.

12 Уымæн æмæ уый бахиздзæни дзыназæг мæгуыры
æмæ æххуысгæнæг кæмæн нæй, уыцы æфхæрды.
13 Æдыхтæн æмæ хъуаг æййафджытæн
батæригъæд кæндзæн,
мæгуыртты удтæ мæлæтæй бахиздзæн.
14 Ирвæзын сæ кæндзæн тыхми æмæ ‘фхæрдæй,
уымæн æмæ йæ зæрдæйæн сæ цард зынаргъ у.

* 71:8 *Цæугæдон* – ома, Евфрат.

15 Цæрæд бирæ,
Шевайы сызгъæринæй йын уæд хай!
Иудадзыг ын кувæнт,
арфæ йын кæнæнт æрвылбон.
16 Хор тугыл аскъуыйæд зæххыл,
æфсир æфтауæнт хæхты сæртыл.
Ливайнаг хуымтау уæнт бæркадджын;
сахарты сбирæ уæнт адæм зæххы кæрдæгау.
17 Йæ ном цæрæд мыггагмæ;
цалынмæ хур йæ бынаты ис,
уæдмæ кадджын кæнæд йæ ном.
Адæмтæ иууылдæр йæ фæрцы уæнт
арфæгонд,
æмæ йæ уыдон хондзысты тæхудиаг.

18 Арфæгонд у Дунедарæг Хуыцау,
Израилы Хуыцау;
иунæг Уый равдыста диссаджы хъуыддæгтæ.
19 Мыггагмæ арфæгонд уæд Йæ цытджын ном,
æппæт зæхх байдзаг уæд Йæ кадæй.
Амен! Амен!

20 Уыйадыл фесты Иессейы фырт
Давиды куывдтытæ.

## 72 ПСАЛОМ

1 *Асафы псалом.*

Куыд ауды Хуыцау Израилыл,
сыгъдæгзæрдæ чи у, уыдоныл!
2 Мæнæн та цыма мæ къах фæцудыдта,
фæкæлынмæ мæ бирæ нал хъуыди,
3 Уымæн æмæ бахæлæг кодтон хъалтæм,
фыдлæгты фæрныг цард куы федтон, уæд.

4 Уыдон сæ мæлæты онг фыдæбон нæ зонынц,
сты æнæниз æмæ хæрзхаст.
5 Куыстæй сæхи нæ фæлмæцын кæнынц,
иннæтау царды уæз нæ бавзарынц.
6 Уымæ гæсгæ сæрыстырад, фæрдгуыты халау,
æртыхсти сæ хъуырыл;
æгъатырдзинад сын дарæсау у.
7 Фырнардæй сæ цæстытæ алæбырдысты;
сæ зæрдæтæ æнæфсæрм хъуыдытæй – дзаг.
8 Алкæмæй хынджылæг кæнынц,
сæ фыдзæрдæйæ хахуыртæ дзурынц,
сты схъæлдзырд.
9 Сæ дзыхтæ ныххæлиу кодтой арвмæ,
се 'взæгтæй схицæуттæ сты зæххыл.
10 Уымæ гæсгæ Йæ адæм дæр сæ фæдыл
аздæхтысты;
сæ дон сын нуазынц кæхцы дзагæй,
11 Æмæ фæзæгъынц:
«Куыд æй базондзæн Хуыцау?
Бæрзондбадæг æппæт зонæг у?»
12 Æмæ мæнæ ацы фыдлæгтæ – ницæй мæт сæ ис,
æфтауынц сæ мулкыл.

13 Уæдæ æз цымæ мæ зæрдæ
æнæхъуаджы дардтон сыгъдæгæй,
мæ къухтæ – æназымæй?
14 Æмæ æрвылбон дзæгъæлы истон æфхæрд,
алы райсом мæхи уайдзæфы хай кодтон?

15 Фæлæ куы загътаин: ай уыдзæн мæ ныхас,
уæд азымджын уаин Дæ адæмы фæлтæры раз.
16 Æмæ архайдтон уый бамбарыныл,
фæлæ зын бамбарæн уыд уый,
17 Цалынмæ Хуыцауы Кувæндонмæ бацыдтæн
æмæ сæ адзал базыдтон, уæдмæ.

18 Бæлвырд сæ бырынцъаг фæндæгтыл
сæвæрдтай
æмæ сæ сæрсæфæны ныппардзынæ.
19 Куыд æвиппайды сфæлахс сты,
æгасæй дæр сын æрцыди кæрон –
бæллæхты бын фесты!
20 Райхъал уæвгæйæ фын куыд айсæфы,
афтæ сын Ды, Дунедарæг, æрцæугæйæ
фесафдзынæ сæ бæллицтæ.

21 Мæ зæрдæ куы хъынцъым кодта,
æмæ куы тыхсти мæ уд,
22 Уæд æз уыдтæн æнæзонд æмæ æнæмбарæг,
Дæ разы фосæй уæлдай нæ уыдтæн.

23 Фæлæ æз æдзух Демæ дæн;
Ды хæцыс мæ рахиз къухыл.
24 Дæ уынаффæйæ мын амоныс фæндаг,
уый фæстæ та мæ бакæндзынæ Дæ кадмæ.
25 Чи мын ис уæлæрвты? Ды мемæ куы уай,
уæд ницæмæ бабæлдзынæн зæххыл.
26 Мæ буар æмæ зæрдæ куы слæмæгъ уой,
уæддæр Хуыцау мæ зæрдæйæн фидар ныфс у,
мæ амонды хай мыггагмæ.

27 Уымæн æмæ мæнæ, Дæуæй чи адард ис,
уыдон сæфынц;
Дæуæй чидæриддæр аздæхы, уыдон бабын
кæныс.
28 Мæнæн та у æрмæст æхцон –
Дæумæ хæстæг куыд уон.
Мæ зæрдæ Хицау Хуыцауыл дарын
æмæ дзурдзынæн Йе 'ппæт хъуыддæгтыл.

## 73 ПСАЛОМ

1 *Асафы зондамонæн псалом.*

Цæмæн ныл атигъ кодтай Дæхи, Хуыцау?
Цæмæн рафыхт Дæ маст Дæ сæрвæтты фыстæм?
2 Æрымыс Дæ адæмы æмбырдтæ,
рагæй кæй сæвзæрстай –
Дæхицæн бындартæн цы мыггаг балхæдтай
æмæ Сионы хох, Дæ цæрæн бынат.
3 Дæ фæндаг сараз æнусон халæнтæм:
знаг Кувæндоны æппæтдæр ныппырх кодта.

4 Де знæгты богъ хъуысы Де 'мбырды рæбын;
се 'гъдæуттæ дзы æрæвæрдтой
уæлахизы нысанæн.
5 Уыдон уыдысты, хъæды къутæртыл
фæрæт æнауæрдонæй чи ауадзы, уый хуызæн.
6 Æппæт нывæфтыдтæ дзы фехæлдтой
фæрæттæй æмæ дзæккортæй.
7 Арты хай бакодтой Дæ Кувæндон;
зæххыл Дæ номыл цы сыгъдæг бынат уыди,
уымæй фæхынджылæг кодтой.
8 Хинымæр загътой: «Цæй-ма, иу февнæлдæй
ныссæндæм се 'ппæты дæр».
Æмæ басыгътой, зæххыл Хуыцаумæ кæм куывтам,
æппæт уыцы бынæттæ.
9 Дæ нысæнттæ нал уынæм, нал нæм ис пехуымпар;
кæдмæ афтæ уыдзыстæм,
уый зонæг дæр нæм ничи ис.
10 О Хуыцау, кæдмæ хынджылæг кæндзæни знаг?
Фыдгул кæдмæ цъыф калдзæни Дæ номыл?
Дæ ном мыггагмæ?
11 Цæмæн ныл систай Дæ къух, Дæ рахиз къух?
Райс Дæ къух Де тарæй æмæ сæ бабын кæн!

12 Мæ Хуыцау – рагзаманæй мæ Паддзах,
зæххыл Уый дætты уæлахиз.
13 Ды Дæ хъаруйæ адих кодтай денджыз,
дætты ныссастай егъау цæрæгойты сæртæ.
14 Кæфхъуындартæн ныссастай сæ сæртæ
æмæ сæ æдзæрæг быдыры
цæрæгойтæн радтай хæрынæн.
15 Ды гом кæнис доны гуырæнтæ æмæ цæугæдæттæ,
басур кæныс æнусон стыр дæттæ.
16 Дæу у бон æмæ æхсæв дæр Дæу у;
Ды сфæлдыстай мæй æмæ хур.
17 Зæххæн æппæт арæнтæ Ды æрæвæрдтай,
Ды скодтай сæрд æмæ зымæг.

18 Æрымыс-ма: знаг фауы Дунедарæджы,
æнæзонд адæм æлгъитынц Дæ ном.
19 Сырдты æвджид ма бакæ бæлойнаг уды цард,
ма ныууадз Дæ зæрдæсаст адæмы бынтон рохуаты.
20 Æрымыс Дæ фидыд!
Науæд зæххы талынг бынæттæ
байдзаг сты тыхгæнджыты лæгæттæй.
21 Æфхæрд адæймаджы æгадæй ма раздах;
мæгуыр æмæ гæвзыкк стауæнт Дæ ном.

22 Рацу, Хуыцау, Дæ хъуыддагыл тохмæ;
æрымыс, æнæзæндтæ Дæ æрвылбон куыд
æгад кодтой, уый.
23 Ма ферох кæн Де знæгты æнауæрдон хъæр
æмæ Дæ ныхмæлæуджыты æнæнцайгæ цъæххаст.

## 74 псалом

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Ма мæ фесаф»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Асафы псалом.*
*Зарæг.*

2 Бузныг Дæ стæм, Хуыцау, бузныг –
хæстæг у Дæ ном Дæ диссаджы хъуыддæгтыл
чи дзуры, уыдонмæ.

3 Ды зæгъыс:
«Мæ нысангонд рæстæг куы ралæууа,
уæд рахæсдзынæн æнæхæрам тæрхон.
4 Зæхх æмæ зæххыл цæрджытæ
æмризæджы куы ризой,
уæд ын Æз сфидар кæндзынæн йæ цæджындзтæ». ||
5 Хиппæлойтæн зæгъын:
«Уæ сæр бæрзæндты ма хæссут»,
фыдлæгтæн та зæгъын: «Уæ тыхæй хъал ма ут,
6 Уæ тыхыл уæ зæрдæ æгæр ма дарут,
схъæлбæрзæйæ ма дзурут».

7 Уымæн æмæ бæрзонддзинад не 'рцæудзæн
нæдæр скæсæнæй, нæдæр ныгуылæнæй,
нæдæр æдзæрæг ранæй.
8 Фæлæ Хуыцау у тæрхонгæнæг:
иуы æрныллæг кæндзæн,
иннæйы та бæрзонд сисдзæн.
9 Хуыцауы къухы ис æхсидгæ сæны дзаг кæхц,
алыхуызон маст кæрдæджытимæ.
Уый йæ æркалы æмæ йæ æппæт зæххы фыдлæгтæ
бынноэт кæндзысты сæны бынтимæ.

10 Æз та мыггагмæ дзурдзынæн уый тыххæй,
зардзынæн Иаковы Хуыцауæн.
11 Æппæт фыдлæгты сыкъатæ асæтдзынæн,
растгæнæгæн та йæ кад уыдзæни бæрзонд.

## 75 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*хъисфæндырыл.*

*Асафы псалом.*
*Зарæг.*

2 Иудейæйы зонынц Хуыцауы;
Израилы стыр у Йæ ном.
3 Салимы уыди Йæ цатыр,
Сионы – Йæ цæрæн бынат.
4 Уым асаста Хуыцау зынг фаттæ,
уарт æмæ цирхъ, тохы хæцæнгæрзтæ. ||

5 Дæ рухс тæмæнтæ калы,
Ды кадджындæр дæ сырдарæх хæхтæй.
6 Тыхджынтæ фесты Дæ амæддаг,
мæрдвынæй баисты;
фидар лæгтæй йæ къух сисын ничи бафæрæзта.
7 Дæ уайдзæфæй, Иаковы Хуыцау,
бандзыг сты хæстон уæрдæттæ æмæ бæхтæ.
8 Тасæфтауæг дæ Ды!
Дæ разы чи фæлæудзæн Дæ мæсты афон?
9 Уæлæрвтæй фехъусын кодтай Дæ тæрхон,
æмæ зæхх фыртæссæй ныссабыр,
10 Æппæт зæххыл æфхæрдтыты фервæзыны тыххæй
Хуыцау тæрхонмæ куы сыстади, уæд. ||
11 Бæлвырд адæймаджы тызмæгдзинад дæр
Дæ кадæн вæййы,
йæ рохтæ йын куы æрбалвасыс, уæд.

12 Дунедарæгæн, уæ Хуыцауæн
раттут дзырд æмæ йæ сæххæст кæнут;
Йæ алыварс чи ис, уыдон иууылдæр
нывæндтæ æрхæссæнт,
тæрсын Кæмæй хъæуы, Уымæн.
13 Уый басæтты æлдæрттæн сæ уд,
зæххон паддзæхтæ Дзы æмризæджы ризынц.

# 76 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*Едифумæн.*
*Асафы псалом.*

2 Хуыцаумæ у мæ ныхас,
Хуыцаумæ у мæ дзыназыны хъæлæс;
Уый фехъусдзæни мæн.
3 Мæ хъыджы бон агурын Хуыцауы,
æхсæвдæргъы Йæм мæ къухтæ фæдарын;
мæ уд нал исы æнцой.

4 Хуыцауы мысын æмæ хъæрзын;
хъуыды кæнын, æмæ руайы мæ уд.
5 Ды нæ уадзыс мæ цæстытæ æрцъынд кæнын;
фæдæн зæрдæсаст æмæ дзурын нал фæразын.
6 Мæ хъуыдытæ – нæ рагбонтыл, ивгъуыд азтыл.
7 Æхсæвыгон æрымысын мæ зарджытæ,
мæ зæрдæйы нывæндын мæ хъуыдытæ,
мæ уд агуры дзуапп:
8 «Цымæ нæ Дунедарæг бынтон ныууагъта
æмæ ныл нырæй фæстæмæ нал ауддзæн?
9 Цымæ нæм Йæ уарзт бынтондæр ахуыссыди,
нæ фидæны фæлтæртæн Йæ зæрдæвæрдтæ
сæ тыхы нал сты?
10 Хуыцауæй æцæг ферох хатыр кæнын
æмæ фырмæстæй Йæ хорзæхы дуæрттæ
сæхгæдта?» ||

11 Уæд загътон: «Мæ зæрдæйы рыст уый у,
æмæ Бæрзонд Хуыцау нæ сæрыл кæй нал хæцы».
12 Фæлæ æрымысдзынæн Дунедарæгæн Йе ‘рмдзæф;
æрымысдзынæн Дæ рагзаманы диссæгтæ.
13 Мæ зæрдыл дардзынæн Де ‘ппæт хъуыддæгтæ,
мæ хъуыдытæ уыдзысты Де 'рмдзæфыл.

14 Дæ фæндаг рухс у, Хуыцау!
Кæцы хуыцау у нæ Хуыцауæй стырдæр!
15 Ды диссæгтæгæнæг Хуыцау дæ;
Ды равдыстай Дæ хъомыс адæмты æхсæн.
16 Ды бахызтай Дæ адæмы Дæ цонджы тыхæй,
Иаков æмæ Иосифы фыртты. ||

17 Дæу федтой, Хуыцау, дæттæ,
Дæу федта денджыз æмæ банкъуысти;
æнæбын хуыдымтыл дæр ризæг бахæцыди.
18 Æврæгътæй калди дон,
мигътæй-иу хъуысти гыбар-гыбур,
Дæ фаттæ цæхæркалгæйæ тахтысты.
19 Зилгæуады хъуысти Дæ æрвнæрд,
æрвæрттывд-иу ныррухс кодта дун-дуне;
зæхх æнкъуысыд æмæ рызти.
20 Дæ фæндаг – денджызыл,
Дæ надвæд – стыр дæттыл;
Дæ къахвæндæгтæн раиртасæн нæй.
21 Кодтай Дæ адæмы фысты дзугау,
Моисей æмæ Аароны къухæй.

## 77 ПСАЛОМ

1 *Асафы зондамонæн псалом.*

Байхъусут, мæ адæм, мæ зондамындмæ;
æз цы зæгъын, уымæ уæ хъус æрдарут:
2 Æз уын радзурдзынæн фæсномыг ныхас,
æрхæсдзынæн уын рагбонты æмбисæндтæ.
3 Мах цы фехъуыстам, цы базыдтам,
нæ фыдæлтæ нын цы ралæвæрдтой,
4 Уый ма бамбæхсæм сæ байзæддагæй;
нæ фидæны фæлтæртæн радзурæм
Хуыцауы кадыл, Йæ хъаруйыл,
цы диссæгтæ равдыста, уыдоныл.

5 Уый радта Иаковæн фæдзæхстытæ,
æрæвæрдта æгъдау Израилы;
æмæ нæ фыдæлты бар бакодта
уыдон сæ цотмæ адæттын,
6 Нæ фæстагæттæ сæ куыд зоной,
æрцæуинаг фæлтæртæ, æмæ сæ уыдон дæр
сæ цотæн куыд дзурой:
7 Хуыцауыл сæ зæрдæ дарой,
Хуыцауы хъуыддæгтæ ма ферох кæной,
Йæ фæдзæхстытæм гæсгæ цæрой,
8 Æмæ сæ фыдæлтау ма уой хивæнд
æмæ змæнтæг фæлтæр –
зæрдæйæ æууæнкджын чи нæ уыд Хуыцауыл
æмæ удæй æнувыд, ахæм фæлтæр.
9 Ефремы гæрзифтонг фырттæ, фатæхсджытæ,
тохы бон лидзынмæ куыд фесты,
10 Уыдон не ‘ххæст кодтой Хуыцауы фæдзæхстытæ,
нæ сæ бафæндыд Йе 'гъдауыл цæуын;
11 Сæ зæрдыл нал дардтой Йæ хъуыддæгтæ,
кæй сын равдыста, Йæ уыцы диссæгтæ.
12 Сæ фыдæлты цæсты раз Мысыры зæхх,
Цоаны быдыры, Уый скодта диссæгтæ.
13 Фæдих кодта денджыз, акодта сæ йæ астæуты,
дон лæууыди къулау.
14 Боныгон æврæгъы сæ разæй цыди,
æхсæвдæргъы – Йæ арты рухсы.
15 Къæдзæх фæдих кодта æдзæрæг ран
æмæ, цыма æнæбын суадæттæй,
афтæ сæ донæй бафсæста.
16 Уый рауагъта къæдзæхæй ивылæнтæ,
цæугæдæттау рацыди дон.

17 Фæлæ уæддæр Йæ ныхмæ арæзтой
тæригъæдтæ,
Бæрзонд Хуыцауы ныхмæ-иу
сыстадысты æдзæрæг ран.

18 Барӕй къахтой Хуыцауы зӕрдаивӕй,
сӕ уды фӕндиаг хӕринӕгтӕ дзы домдтой.
19 Ӕмӕ дзырдтой Хуыцауы ныхмӕ, зӕгъгӕ:
«Хуыцауӕн ӕдзӕрӕг ран
фынг ӕрӕвӕрын Йӕ бон суыдзӕн?
20 Уӕдӕ Хуыцау куы ӕрцавта къӕдзӕх,
уӕд дзы ракалди дӕттӕ, рацыди дзы суадӕттӕ.
Фӕлӕ Йӕ адӕмӕн Йӕ бон у дзул раттын
ӕмӕ сӕ дзидзайӕ бафсадын?»
21 Уый фехъуыста Дунедарӕг,
Йӕ маст сӕм рафыхти,
ӕмӕ арт сирвӕзти Иаковыл,
Хуыцауы азар раивылд Израилыл,
22 Уымӕн ӕмӕ Хуыцауыл не 'ууӕндыдысты,
нӕ сӕ уырныдта – фервӕзын сӕ кӕндзӕни, уый.
23 Фӕлӕ Хуыцау бардзырд радта
уӕларвон ӕврӕгътӕн
ӕмӕ байгом кодта арвы дуӕрттӕ,
24 Ӕмӕ сын уарыди хӕрынӕн маннӕ,
радта сын уӕларвон хойраг.
25 Зӕдты дзул хордтой адӕм,
Хуыцау сын радта фаг хӕринаг.
26 Уӕлӕрвтӕй рауагъта скӕсӕйнаг дымгӕ,
Йӕ тыхӕй ӕркодта хуссайраг.
27 Ӕмӕ рыгау ӕруарын кодта дзидза,
тӕхаг мӕргътӕ – денджызон змисау.
28 Ӕмӕ сӕ асадӕнмӕ калдта,
сӕ цатырты алыварс.
29 Бахордтой ӕмӕ фелгъӕд ысты,
уымӕн ӕмӕ сын Уый сӕ мондӕгтӕ суадзын кодта.
30 Сӕ мондӕгтӕ нӕма суагътой,
нӕма аныхъуырдтой сӕ комдзаг,
31 Афтӕ сӕ Хуыцауы фыдӕх баййӕфта –
амардта тыхджындӕрты,
Израилы ӕвзонг фыртты дӕлгоммӕ ӕрфӕлдӕхта.

32 Уæддæр адæм тæригъæды æфтыдысты;
уæддæр не 'ууæндыдысты Хуыцауы диссæгтыл.
33 Афтæ сын сæ мæнг бонтæн кæрон скодта
æмæ сын æвæст сæ царды дуг æрбайсæфта.
34 Куы сæ мардта, уæд-иу Æй райдыдтой агурын,
здæхтысты Йæм сæумæрайсомæй;
35 Сæ зæрдыл-иу æрлæууыди,
Хуыцау сæ къæдзæх кæй у,
Бæрзонд Хуыцау сæ ирвæзынгæнæг кæй у.
36 Фæлæ Йын дзырдтой козбау ныхæстæ,
сайдтой Йæ се 'взагæй.
37 Сæ зæрдæ раст нæ уыди Йæ разы,
Йæ фидыдыл æнувыд нæ уыдысты.
38 Фæлæ Уый уарзæгой у, барста сын сæ азымтæ
æмæ-иу сæ нæ фесæфта.
Бирæ хæттыты Йæ маст урæдта,
Йæ фыдæх сыл æххæст нæ уагъта.
39 Хуыцау Йæ зæрдыл дардта, уыдон буар кæй сты
æмæ уддзæф – чи ацæуы æмæ нал раздæхы.

40 Цал хатты сыстадысты тыгъд быдыры Йæ ныхмæ,
цал хатты Дзы бауагътой маст æдзæрæг бæстæйы!
41 Æмæ та ноджыдæр къахтой Хуыцауы,
хъыг кодтой Израилы Сыгъдæджы!
42 Ферох сæ Йæ хъомыс,
æфхæрæджы къухæй сæ куы байста, уыцы бон –
43 Мысыры куы равдыста Йæ нысæнттæ
æмæ Цоаны дæлвæзы Йæ диссæгтæ.
44 Сæ цæугæдæттæ сын туг фестын кодта,
æмæ сæ дон нуазынæн нал бæззыди.
45 Бафтыдта сыл уырынгонты æвзæн,
цæмæй сыл хæцой, æмæ галхæфсыты,
цæмæй сын хæссой стыр зиан.
46 Сæ зайæгхалмæ сын бауагъта къуыдыркæлмыты,
сæ тыллæг сын фæкодта мæтыхты амæддаг.

47 Сæ сæнæфсиртæ сын ихæй ныццагъта,
сæ легъуибæлæстæ сын ныссæлын кодта.
48 Сæ фос сын фæцагъта ихæй,
сæ дзугтæ та сын арв æрцавта.
49 Ныккалдта сыл Йæ судзгæ маст,
Йæ азар, Йæ фыдæх; фыдбон сыл æруагъта,
фæкодта сæ бынгæнæг зæдты амæддаг.
50 Йæ маст нал баурæдта,
сæ цард сын мæлæтæй нæ бахъахъхъæдта,
сæ фос сын фæцагъта рынæй.
51 Мысыры амардта алы хистæр фырты –
Хамы цатырты фæцагъта фыццаггуырдты.
52 Фыстау ракодта Йæ адæмы,
дзугау сæ кодта æдзæрæг ран.
53 Кодта сæ æдас фæндæгтыл,
æмæ ницæмæй тарстысты,
се знæгтæ та денджызы фæдæлдон сты.
54 Æрхуыдта сæ Йæ сыгъдæг зæххы арæнтæм,
Йæ рахиз цонгæй кæй райста, уыцы хохмæ.
55 Сæ разæй сын фæсырдта муртæтты,
сæ зæххытæ фыдæй фыртмæ радта уыдонæн,
сæ цатырты сын æрцæрын кодта израилаг адæмы
хæдзарвæндæгты.

56 Фæлæ уæддæр къахтой Хуыцауы,
Бæрзондбадæджы ныхмæ-иу сыстадысты,
Йæ фæдзæхстытæм гæсгæ нæ цардысты.
57 Сæ фыдæлтау-иу Хуыцауæй аздæхтысты,
цыдысты Йыл гадзрахатæй,
зылын фатау-иу фæиппæрд сты раст фæндагæй.
58 Йæ хъыджы цыдысты бæрзæндтæн кувынæй
æмæ Дзы маст уагътой мæнгхуыцæуттæн кусынæй.
59 Уый Хуыцау куы фехъуыста,
уæд Йæ маст рафыхти
æмæ Йæхи атигъ кодта Израилыл.
60 Æмæ ныууагъта Силомы Йæ цæрæн бынат –

адæмы æхсæн Йе 'вæрд цатыр.
61 Йæ тыхы æвдисæн радта уацарæн,
Йæ кады бынат – знæгты къухтæм.
62 Йæ адæмы фæкодта цирхъы амæддаг;
Уый смæсты Йæ бындар адæммæ.
63 Æрыгон лæппуты арт аныхъуырдта,
чындзхæсджыты зарджытæ нал кодтой
чызджытæн;
64 Сæ сауджынтæ фæлдæхтысты цирхъæй,
сæ идæдз устытæн сæ бон кæуын нæ уыд.

65 Уæд Дунедарæг растади,
цыма Йæ фынæй райхъал,
сæны тых чи банкъардта, уыцы бæгъатырау,
66 Æмæ Йе знæгты лидзинаг фæкодта –
мыггагмæ сæ æгадмæ æртардта.
67 Хуыцау Йæ цæст не ‘рæвæрдта Иосифы цатыртыл,
Ефремы хæдзарвæндаг дæр нæ сæвзæрста,
68 Фæлæ сæвзæрста Иудæйы хæдзарвæндаг,
кæй бауарзта, Сионы уыцы хох.
69 Уым сæвæрдта Йæ Кувæндон хæхтау бæрзонд,
сфидар æй кодта мыггагмæ зæххы бындурау.
70 Æмæ сæвзæрста Йæ цагъар Давиды,
ракодта йæ фосдарæнæй,
71 Фысты хизæнæй йæ ракодта Иаковмæ,
Йæ адæммæ – Йæ бындар адæм, Израилы
хизынмæ.
72 Æмæ сæ хызта сыгъдæг зæрдæйæ,
кодта сæ размæ арæхстджын къухæй.

## 78 ПСАЛОМ

1 *Асафы псалом.*

О Хуыцау, æрцыдысты муртаттæ
æмæ бацахстой Дæ зæхх;

Дæ рухс Кувæндонæй фæхынджылæг кодтой,
Иерусалимæй дур дурыл нал ныууагътой.
2 Дæ цагъарты мæрдтæ хæрынæн радтой мæргътæн,
Дæ сыгъдæджыты буæрттæ – хъæддаг сырдтæн.
3 Сæ туг сын донау ныккалдтой Иерусалимы алыварс,
нығæнæг дæр сæ нал уыд.
4 Фидиссаг фестæм нæ сыхæгтæн,
æгад нæ кæнынц æмæ ныл худынц
нæ алыварс чи цæры, уыдон.

5 О Дунедарæг, кæдмæ?
Иудадзыг тызмæг уыдзынæ?
Кæдмæ хъуамæ судза, артау, Дæ маст?
6 Дæ фыдæх ныккал,
Дæу чи нæ зоны, уыцы адæмтыл,
Дæ ном чи нæ агуры, уыцы паддзахæдтыл.
7 Уымæн æмæ уыдон аныхъуырдтой Иаковы
æмæ йын йæ бæстæ рауатмæ æркодтой.
8 Ма нын бадар нæ цæстмæ нæ фыдæлты азымтæ;
рæхджы ныл Дæ хорзæх æрцæуæд,
уымæн æмæ мах фестæм зæрдæсаст.

9 Дæ номы кадæн нын баххуыс кæн,
нæ Хуыцау, нæ ирвæзынгæнæг;
бахиз нæ æмæ нын ныббар нæ тæригъæдтæ
Дæ номы сæраппонд.
10 Иннæ адæмтæ цæмæн хъуамæ дзурой:
«Кæм ис сæ Хуыцау?»
Дæ цагъарты туг ныккалджытæй Ды Дæ маст исыс;
уадз уый нæхи цæстæй фенæм,
æмæ адæмтыл дæр уый айхъуыса.

11 Фехъуысæд Дæм ахæстыты уынæргъын;
бахиз Дæ цонджы хъаруйæ,
мæлæты цæстытæм чи кæсы, уыдоны.
12 Авд хатты фылдæр æлгъыст

сæ зæрдæтæм æрбаздах, Дунедарæг,
Дæу чи æлгъыста, нæ уыцы сыхæгтæн.
13 Мах та Дæ адæм стæм, Дæ сæрвæтты фыстæ,
мыггагмæ Дæ стаудзыстæм
æмæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ
æппæлдзыстæм Дæуæй.

## 79 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Фарны кæркусæг дидинæг»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Асафы псалом.*

2 Фехъус нæ, Израилы Фыййау!
Ды фысты дзугау кæныс Иосифы,
Дæхи равдис, херувимтыл Бадæг,
3 Ефрем, Вениамин æмæ Манассийæн;
раргом кæн Дæ тых æмæ æрцу
нæ фервæзын кæнынмæ.

4 О Хуыцау, сног нын кæн нæ тых,
срухс нæ кæн Дæ цæсгомы рухсæй,
æмæ фервæздзыстæм мах.
5 О Дунедарæг, Уæлахизгæнæг Хуыцау,
кæдмæ ахæсдзæни Дæ маст,
æмæ Дæ адæмы куывд ма исай?
6 Дзулы бæсты сæ цæссыгæй бафсæстай,
баназын сын кодтай дзæвгар цæссыг.
7 Нæ сыхæгтæн фестæм хъаугъайы амæддаг,
æмæ ныл худынц не знæгтæ.

8 О Уæлахизгæнæг Хуыцау!
Сног нын кæн нæ тых,
срухс нæ кæн Дæ цæсгомы рухсæй,
æмæ фервæздзыстæм мах.
9 Мысырæй рахастай сæнæфсиры бæлас;

фæсырдтай адæмты æмæ йæ ныссагътай.
10 Ссыгъдæг ын кодтай бынат,
ауагъта уидæгтæ, æмæ уый байдзаг и зæххыл.
11 Йæ аууонæй бамбæрзта хæхтæ,
йæ къалиутæй – егъау нæзытæ.
12 Йæ къабæзтæ денджызы онг ауагъта,
йæ талатæ – цæугæдоны онг.

13 Цæмæн ын ныппырх кодтай йе ‘мбонд,
йæ рæзты чи фæцæйцæуы, уыдонæн тонынæн?
14 Хъæддаг хуытæ йæ сафынц,
хæрынц æй быдираг сырдтæ.
15 Раздæх нæм, Уæлахизгæнæг Хуыцау!
Æркæс арвæй æмæ фен,
бабæрæг кæн уыцы сæнæфсирдон,
16 бахъахъхъæн, Дæ рахиз къух цы ныссагъта, уый,
æмæ, Дæхицæн кæй сфидар кодтай, уыцы талатæ.

17 Сæнæфсирдон басыгъди, ныццагътой йæ;
Дæ уайдзæфæй Дæ адæм сæфынц.
18 Дæ къух æрæвæр Дæ рахиз цонджы æвзæрстыл
æмæ адæймаджы фыртыл,
Дæхицæн кæй сфидар кодтай.
19 Уæд Дæуæй нæ аздæхдзыстæм;
райгас нæ кæн, æмæ ссардзыстæм Дæ ном.

20 О Дунедарæг, Уæлахизгæнæг Хуыцау!
Сног нын кæн нæ тых,
срухс нæ кæн Дæ цæсгомы рухсæй,
æмæ фервæздзыстæм мах.

## 80 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Гат»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Асафы псалом.*

2 Цингæнгæ зарут Хуыцауæн –
Уый нæ тых у;
хъæлæсыдзагæй стаут Иаковы Хуыцауы.
3 Райдайут зарын, рахæссут гуымсæг,
æхцонзæл дала-фæндыр дыууадæстæнонимæ.

4 Уасут сыкъа-уадындзæй мæйноджы
æмæ – мæй куы уа цæлхыдзаг – нæ бæрæгбоны.
5 Уый Израилæн æгъдау у,
Иаковы Хуыцауæй – фæтк.
6 Уыцы уагæвæрд Хуыцау Иосифæн радта,
мысыраг зæххæй куы рацыди, уæд.
Уым фехъуыстон æнахуыр хъæлæс:
7 «Йе ‘ргъом ын райстон йæ уæхсчытæй;
ссæрибар сты тæскъæй йæ къухтæ.
8 Дæ уынгæджы бон Мæм фæдзырдтай,
æмæ дæ бахызтон;
æрвнæрды бæрзæндæй дын дзуапп радтон,
бафæлвæрдтон дæ Меривы дæтты цур. ||
9 Байхъусут, Мæ адæм,
развæлгъæу уæ фæдзæхсдзынæн:
О, куы Мæм байхъусис, Израил!
10 Ма дын уæд æндæр хуыцау,
æцæгæлон хуыцауæн ма кув.
11 Æз дæ Хицау Хуыцау дæн,
Мысыры зæххæй дæ Æз ракодтон;
сдар Мæм дæ цæнгтæ,
æмæ дæ Æз хъуаг ницæмæй ныууадздзынæн».

12 Фæлæ Мæм Мæ адæм нæ хъуыстой,
зæгъы Хуыцау, Израил Мæ коммæ нæ касти.
13 Уæд сæ Æз ныууагътон сæ хивæнд зæрдæйы
æвджид,
цæмæй, сæхи куыд фæнды, афтæ цæрой.
14 Мæ адæм бæргæ куы хъуыстаиккой мæнмæ,
æмæ Израил куы цыдаид Мæ фæндæгтыл,

15 Уæд сын рæхджы Æз се знæгты басастаин,
Мæ къух æртасыдаид се 'фхæрджытæм.
16 Хуыцауы знæгтæ сæ разы сæ зонгуытыл
бырыдаиккой,
æмæ афтæ уыдаид мыггагмæ дæр.
17 Æз сæ хастаин хуызтдæр хорæй,
æфсæстаин сæ къæдзæхы мыдæй.

## 81 ПСАЛОМ

1 *Асафы псалом.*

Хуыцау æрлæууыд бæрзонд ныхасы,
хуыцæутты* 'хсæн рахаста Йæ тæрхон:
2 «Кæдмæ кæндзыстут хæрам тæрхон,
кæдмæ уыдзыстут фыдлæгты фарс? ||
3 Уæ тæрхон бахъахъхъæнæд мæгуыр æмæ
сидзæры,
æфхæрд æмæ æдыхæн сæ сæрыл рахæцут.
4 Бахизут гæвзыкк æмæ мæгуыры,
байсут сæ фыдлæгты къухтæй».

5 Уыцы хицæуттæ нæ зонынц æмæ не 'мбарынц,
дзæгъæл кæнынц талынджы:
халынц зæххы æппæт бындуртæ.
6 Æз загътон: «Сымах хуыцæуттæ стут;
уе 'ппæт дæр Бæрзонд Хуыцауы фырттæ стут.
7 Фæлæ сымах амæлдзыстут иннæ адæймæгтау;
æндæр æлдæрттау æрхаудзыстут».

8 Рацу, Хуыцау, тæрхон рахæсс зæххæн;
уымæн æмæ æппæт адæмтæ –
Дæ бындар сты.

---

* **81:1** *Хуыцæуттæ* – бамбарæн ма йын ис «тæрхонгæнджытæ».

# 82 ПСАЛОМ

1 *Зарæг.*
*Асафы псалом.*

2 О Хуыцау! Ма у æнæсым, ма лæуу æнцад,
ма у æнæдзуапп, Хуыцау!
3 Кæс-ма, Де знæгтæ куыд базмæлыдысты,
Дæуæй йе сæфт чи уыны,
уыдон сæ сæрыл куыд схæцыдысты.
4 Дæ адæмы ныхмæ скодтой сусæг фыдвæнд,
уынаффæтæ кæнынц, кæй хъахъхъæныс,
уыдоны ныхмæ.
5 Уыдон зæгъынц: «Цом, æмæ сæ фæцæгъдæм
иннæ адæмты æхсæн,
Израилæн йæ фæд дæр куыд нал уа, афтæ».

6 Баныхас кодтой æмзæрдæйæ,
Дæ ныхмæ сарæзтой цæдис:
7 Едомы хъæутæ æмæ измаилæгтæ,
Моав æмæ агарæгтæ,
8 Гевал, Аммон, Амалик
æмæ Филистим Тиры цæрджытимæ.
9 Семæ баиу Ашур дæр;
уыдон бафтыдтой Лоты байзæддаджы тыхыл. ‖

10 Киссоны цæугæдоны былгæрон
Мадиамыл, Сисарайыл æмæ Иавиныл цы æрцыд,
уый сыл æруадз.
11 Уыдон фæцагъдæуыд Ен-Доры
æмæ зæххæн фестадысты æппарæнтау.
12 Оривæн æмæ Зивæн цы сарæзтай,
уый æруадз сæ номдзыдтыл,
Зевейæн æмæ Салманæн цы сарæзтай,
уый æруадз се 'ппæт уæздæттыл.

13 Уыдон дзырдтой:
«Хуыцауы зæххытæ нæхи бакæнæм».

14 Мæ Хуыцау, фæкæн сæ зилгæуадау,
зыгуымау – дымгæйы хай.
15 Арт хъæды къох куыд басудзы,
зынгирвæзт обæутты куыд сарауы,
16 Афтæ сæ сурæд Дæ уад,
Дæ тыхдымгæ сæ баййафæд.
17 Сæ цæсгом сын фегад кæн, Хуыцау,
Дæ ном куыд æрцагурой, О Дунедарæг.
18 Æгадæй æмæ тæрсгæйæ цæрæнт мыггагмæ,
фæхудинаг æмæ бабын уæнт.

19 Уадз базоной, Дунедарæг æрмæст Дæ ном кæй у –
æппæт зæххы Бæрзонд Хуыцау Ды дæ.

## 83 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ;*
*«Гат»-ы зæлтæм гæсгæ.*
*Корейы фыртты псалом.*

2 Куыд бæллиццаг у Дæ цæрæн бынат,
Уæлахизгæнæг Хуыцау!
3 Тырны мæ уд æмæ бафæллад
Дунедарæджы кæртмæ бæлгæйæ;
мæ зæрдæ æмæ мæ буар цинæй скъæфынц мæн
цардæгас Хуыцаумæ.

4 Сырддонцъиу дæр ма ссары йæхицæн хæдзар,
зæрватыкк – ахстон йæ лæппынтæн
Дæ нывондхæссæны рæбын,
О Уæлахизгæнæг Хицау,
мæ Паддзах æмæ мæ Хуыцау!

5 Тæхудиаг сты Дæ Хæдзары цæрджытæ:
уыдон иудадзыг стауынц Дæу. ||

6 Тæхудиаг у уыцы адæймаг,
йæ тых Дæуæй кæмæн у,
Дæ бæрзонд фæндаг кæй зæрдæ равзæрста.
7 Цæссыджы дæлвæзы цæугæйæ,
уыдон уым ссарынц суадæттæ,
æмæ сын фыццаг къæвда арфæ æрхæссы.
8 Уыдон цæугæйæ кæнынц тыхджынæй тыхджындæр,
цалынмæ Сионыл Хуыцауы раз не 'рлæууынц.

9 О Дунедарæг, Уæлахизгæнæг Хуыцау,
фехъус мæ кувын;
Дæ хъус мæм æрдар, Иаковы Хуыцау. ||
10 Æркæс, О Хуыцау – нæ хъахъхъæнæг
æмæ Дæ цæстæнгас раздах Де 'взæрстмæ.
11 Дæ кæрты иу бон, искуы мингай бонтæ æрвитынæй
хуыздæр у.
Фыдæхы цатыры цæрынæй
мæ Хуыцауы Хæдзары къæсæры цур лæууын
æхцондæр у.
12 Уымæн æмæ Дунедарæг Хуыцау
нæ хур æмæ нæ уарт у;
Дунедарæг дæтты фарн æмæ цыт.
Æнаипп цардæй чи цæры,
уыдоны æнæхай нæ уадзы хорзæхæй.

13 О Уæлахизгæнæг Хуыцау!
Тæхудиаг у,
Дæуыл йæ зæрдæ чи дары, уыцы адæймаг.

## 84 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Корейы фыртты псалом.*

[2] Дæ хорзæх равдыстай Дæ зæххмæ, Дунедарæг,
Иаковы ракодтай уацарæй.
[3] Дæ адæмæн ныббарстай сæ азымтæ,
ныххатыр сын кодтай се 'ппæт тæригъæдтæ. ‖
[4] Аиуварс кодтай Де 'ппæт азар уыдонæй,
Де 'хсидгæ маст сæ аздæхтай.
[5] Æмæ та нын сног кæн нæ тых,
нæ ирвæзынгæнæг Хуыцау,
æмæ нæм мауал мæсты кæн.
[6] Ау, мыггагмæ нæм тызмæг уыдзынæ,
Дæ маст фæлтæрæй-фæлтæрмæ хæсдзынæ?
[7] Ау, нæ тых нын нал сног кæндзынæ,
Дæ адæмы цин Дæуыл куыд уа, афтæ?
[8] Равдис нæм, Дунедарæг, Дæ хорзæх
æмæ нын ратт Дæ ирвæзындзинад.

[9] Байхъусон, Дунедарæг Хуыцау цы зæгъдзæни,
уымæ;
Йæ адæмæн, Йæ сыгъдæджытæн
Уый дзуры фарн –
æрмæст ногæй æнæзонд фæндагыл ма
ныллæууæд.
[10] Бæлвырд, чи Дзы тæрсы,
уыдонмæ Йæ ирвæзындзинад хæстæг у,
цæмæй Хуыцауы кад цæра нæ зæххыл.

[11] Уарзт æмæ иузæрдиондзинад баиу уыдзысты;
рæстад æмæ фарн кæрæдзийæн батæ кæндзысты.
[12] Иузæрдиондзинад зæххæй ссæудзæни,
рæстад æркæсдзæни уæлæрвтæй;
[13] Æмæ нын Дунедарæг ратдзæни фарн,
æмæ нæ зæхх æрхæсдзæни тыллæг.
[14] Рæстад цæудзæни Хуыцауы разæй
æмæ цæттæ кæндзæн Йæ къахвæдтæн фæндаг.

# 85 ПСАЛОМ

1 *Давиды куывд.*

Фехъус мæ æмæ мын дзуапп ратт, О Дунедарæг,
уымæн æмæ æз æфхæрд æмæ мæгуыр дæн.
2 Мæ уд мын бахиз,
уымæн æмæ æз иузæрдион дæн Дæуыл;
Ды мæ Хуыцау дæ, фервæзын кæн мæн –
Дæуыл йæ ныфс æвæрæг цагъары.
3 Батæригъæд мын кæн, мæ Хицау Хуыцау,
уымæн æмæ сæумæйæ изæрмæ Дæумæ кувын.
4 Дæ цагъары зæрдæ барухс кæн, Хуыцау,
уымæн æмæ Дæумæ хæссын мæ уды сагъæс.

5 Ды фæрнджын æмæ хатыргæнаг дæ,
мæ Хицау Хуыцау,
Дæ хорзæх æнæкæрон у Дæумæ кувджытæм.
6 Фехъус, Дунедарæг, мæ кувын;
æркæс мæ кæуын æмæ лæгъстæмæ.
7 Мæ тыхст бон Дæумæ сидын æххуысмæ,
уымæн æмæ Ды дзуапп ратдзынæ мæнæн.

8 Нæй хуыцæутты æхсæн Дæу хуызæн, Дунедарæг,
æмæ нæй Дæ хъуыддæгты хуызæн.
9 Ды кæй сфæлдыстай, уыцы адæмтæ
се 'ппæт дæр æрлæудзысты Дæ разы
æмæ Дын бакувдзысты, О Дунедарæг;
уыдон скадджын кæндзысты Дæ ном.
10 Уымæн æмæ стыр дæ Ды,
æмæ аразыс диссæгтæ;
иунæг Ды дæ Хуыцау.

11 Сахуыр мæ кæн Дæ фæндагыл цæуын, Дунедарæг,
æмæ Дæ æцæгадмæ гæсгæ цæрдзынæн;

ратт мæ зæрдæйæн æххæст фæндон –
Дæуæй куыд тæрсон.
12 Æппæт зæрдæйæ Дæу стаудзынæн,
Дунедарæг, мæ Хуыцау;
мыггагмæ кадджын кæндзынæн Дæ ном.
13 Уымæн æмæ стыр у Дæ хорзæх мæнмæ;
мæ уд мын бахызтай арф ингæнæй.

14 О Хуыцау, хъалтæ сыстадысты мæ ныхмæ,
тыхгæнджыты бал мæ агуры марынмæ –
уыдон нæ нымайынц Дæу.
15 Фæлæ Ды, Дунедарæг, фæлмæнзæрдæ
æмæ хатыргæнæг,
бирæбыхсон æмæ иузæрдион дæ,
æнæкæрон у Дæ уарзт.
16 Де 'ргом раздах мæнмæ, батæригъæд мын кæн;
Дæ тыхæй бахай кæн Дæ цагъарæн –
фервæзын кæн Дæуæн лæггадгæнæг
сылгоймаджы
хъæбулы!
17 Равдис мыл Дæ аудыны нысан,
мæ фыдгултæ йæ куыд феной æмæ фегад уой,
уымæн æмæ Ды, Дунедарæг,
баххуыс кодтай мæнæн æмæ мæ барæвдыдтай.

## 86 ПСАЛОМ

1 *Корейы фыртты псалом.*
*Зарæг.*

2 Хуыцау сыгъдæг хохыл сæвæрдта Йæ бындур;
Сионы кулдуар* Дунедарæг
Иаковы æппæт цæрæн бынæттæй фылдæр уарзы.
3 Де стырады кой хъуысы, Хуыцауы сахар! ||

---

* **86:2** *Сионы кулдуар* – ома, Иерусалим.

4 Мæн чи зоны, уыдонæн æрымысдзынæн Раав*
æмæ Вавилон;
филистимæгтæ дæр, Тир
æмæ Ефиопи дæр зæгъдзысты:
«Ахæм æмæ ахæм адæймаг уым райгуырд».

5 Сионы тыххæй дзурдзысты:
«Ацы адæймаг æмæ уыцы адæймаг дæр
уым райгуырдысты,
æмæ Бæрзонд Хуыцау Йæхæдæг æрæвæрдта
бындур Сионæн».
6 Адæмты сфысты Дунедарæг ныффысдзæн:
«Ахæм æмæ ахæм адæймаг уым райгуырд». ||
7 Уыдон цæгъддзысты æмæ зардзысты:
«Ме 'ппæт арфæйы суадæттæ Дæумæ сты».

## 87 ПСАЛОМ

1 *Зарæг.*
*Корейы фыртты псалом.*
*Зарæггæнджыты разамонæгмæ, зарынæн;*
*уадынгарзыл.*
*Еман Езрахийы зондамонæн ныхас.*

2 Дунедарæг, Мæ ирвæзынгæнæг Хуыцау,
Дæ разы дзыназын æхсæв æмæ бон.
3 Схæццæ Дæм уæд мæ кувын,
фехъус мæ кæуын.

4 Уымæн æмæ хъизæмæрттæй байдзаг мæ уд;
мæ къах – мæрдты бæстæйы къæсæрыл.
5 Мæн нымайынц, ингæнмæ чи фæцæуы,
уыдонæй иуыл;
æз сдæн, тых кæмæ нал ис, уыцы адæймагау.

---

* **86:4** *Раав* – Мысыры поэтикон ном.

[6] Мæрдты æхсæн дæн æппæрст –
лæджы къухæй мардау хуыссын,
Ды кæй нал хъуыды кæныс,
æмæ Дæ арм кæуыл нал ауды, уыдоны ингæны.

[7] Ныппæрстай мæ æнæбын уæрммæ,
сау дæлдзæхы хай мæ фæкодтай.
[8] Дæ судзгæ маст уæз кæны мæныл,
Дæ æппæт абухгæ уылæнты бын мæ фæкодтай. ‖
[9] Мæ зонгæты адард кодтай мæнæй,
скодтай мæ уыдонæн æлгъаг;
æхгæд дæн, алидзæн мын нæй.
[10] Сагъæстæй тайы мæ цæсты рухс;
æрвылбон Дæуæн лæгъстæ кæнын,
Дунедарæг,
Дæумæ дарын мæ цæнгтæ.
[11] Ау, мæрдтыл равдисдзынæ диссаг?
Ау, мæрдтæ рабаддзысты
æмæ Дæ уыдон стаудзысты?
[12] Дæ хорзæхыл ингæны дзурдзысты
æмæ Дæ иузæрдиондзинадыл – мæрдты
дунейы?
[13] Талынджы ма Дæ диссæгтæ фенæн ис,
кæнæ рох зæххы арфы – Дæ рæстдзинад?

[14] Фæлæ æз Дæумæ сидын æххуысмæ, Дунедарæг;
сæумæйæ Дæм мæ кувын схæццæ вæййы.
[15] О Дунедарæг, цæмæн атигъ кодтай мæ удыл Дæхи,
æмæ цæмæн аздæхтай Де 'ргом мæнæй?
[16] Ме 'взонджы бонтæй-иу æфхæрд
æмæ мæлынæввонг уыдтæн;
ныр дæр Дæ азар æвзарын, æмæ мæ ныфс сæтты.
[17] Мæ сæрты акалд Дæ фыцгæ маст;
Дæ судзгæ азар мæ раууатмæ æркодта.
[18] Сæумæйæ изæрмæ мæ алыварс сты донивылдау,
иумæ мæ æрбалвæстой.

19 Ды адард кодтай мæнæй мæ зæрдиаг æмбал
æмæ хæлары;
талынг – мæ иунæг æмбал.

## 88 ПСАЛОМ

1 *Ефам Езрахийы зондамонæн псалом.*

2 Мыггагмæ зардзынæн Дунедарæджы стыр хорзæхыл;
фæлтæрæй-фæлтæрмæ хъусын кæндзынæн,
Ды иузæрдион кæй дæ, уый.
3 Дæ хорзæх æнусмæ кæй цæрдзæни;
Дæ иузæрдиондзинад – æнæфæцудгæ уæлæрвты.
Ды загътай:
4 «Æз сарæзтон фидыд Ме 'взæрстимæ,
сомы ракодтон Мæ цагъар Давидæн:
5 Дæ байзæддагæн мыггагмæйы бындур
сæвæрдзынæн,
дæ паддзахы бадæн фидаргонд у
фæлтæрæй-фæлтæрмæ». ||

6 Уæлæрвтæ скад кæндзысты Дæ диссаджы
хъуыддæгтæн, Дунедарæг,
сыгъдæджыты æмбырды стаудзысты Дæ æцæгад.
7 Дунедарæгыл йæхи чи абара,
ахæм чи разындзæн уæлæрвты?
Хуыцауы фыртты æхсæн
Дунедарæджы хуызæн чи у?
8 Сыгъдæджыты æмбырды тынг тæрсынц Хуыцауæй;
Йæ алыварс чи ис, уыдонæн се 'ппæтæй
тæссагдæр у Уый.
9 Дунедарæг, Уæлахизгæнæг Хуыцау,
чи у Дæ хуызæн?
Ды æппæтæй тыхджындæр дæ, О Дунедарæг,
Дæ иузæрдиондзинад – Дæ алыварс.

10 Ды паддзахиуæг кæныс знæт денджызыл;
йæ уылæнтæ куы сыстынц,
уæд сæ ныссабыр кæныс.
11 Цыма мард уыдис, афтæ æнцонæй фæуæлахиз дæ Раавыл;
Дæ хъаруджын цонгæй ныффæйлыдтай Де знæгты.
12 Арв Дæу у, Дæу у зæхх дæр;
дун-дуне æмæ дзы цыдæриддæр ис,
уыдон Ды скодтай.
13 Цæгат æмæ Хуссар Ды сфæлдыстай;
Фавор æмæ Ермон Дæ номы кадæй райынц.
14 Хъæддых у Дæ цонг, тыхджын у Дæ арм,
Дæ рахиз къух бæрзонд систай адæмты сæрмæ.

15 Дæ паддзахады бындур –
рæстад æмæ æнæхæрам тæрхон.
Хорзæх æмæ æцæгад Дæ разæй цæуынц.
16 Тæхудиаг сты, Дæу цытджын зарджытæй
чи стауы, уыцы адæм!
Уыдон Дæ цæсгомы рухсмæ цæрынц, Дунедарæг.
17 Сæумæйæ изæрмæ сæ цин Дæ номыл у,
Дæ рæстад сæ сисы бæрзонд.
18 Сæ кад æмæ тых Ды дæ,
Дæ аудынæй æфты нæ тыхыл.
19 Уымæн æмæ нæ уарт Дунедарæгæй лæвæрд у,
Израилы Сыгъдæгæй – нæ паддзах.

20 Кæддæр раргом кодтай Дæ рæстгæнджытæн æмæ загътай:
«Æз баххуыс кодтон æхсарджын фæтæгæн;
сбæрзонд кодтон адæмæй Ме 'взæрсты.
21 Æз ссардтон Мæ цагъар Давиды,
байсæрстон æй Мæ сыгъдæг зетийæ.
22 Мæ арм ын уыдзæни мыггагмæ æххуыс,
Мæ цонг æй фидар кæндзæни.

23 Знаг æй нæ басæтдзæн,
фыдлæгтæй йæ ничи бафхæрдзæн.
24 Йæ размæ йын ныддæрæн кæндзынæн
йæ фыдгулты,
æнæуынон кæмæн у, уыдоны æрцæвдзынæн.
25 Ме 'нувыд æмæ Мæ хорзæх уыдзысты йемæ,
Мæ ном ын ратдзæни уæлахиз.
26 Денджызыл ын æрæвæрдзынæн йæ къух,
цæугæдæттыл – йæ рахиз цонг.
27 Уый мæ хондзæни: „Ды мæ Фыд дæ,
мæ Хуыцау, мæ ирвæзынгæнæг къæдзæх“.
28 Уый мæнæн уыдзæни хистæр фырт,
зæххон паддзæхтæй се 'ппæтæй стырдæр.
29 Мæ хорзæх йемæ уыдзæни мыггагмæ,
Мæ фидыд йемæ скæндзынæн æнæфехæлгæ.
30 Йæ хæдзарвæндаг ын адаргъ кæндзынæн æнустæм,
йæ паддзахы бадæн – арвæн йæ бонтау.

31 Йæ цот Ме 'гъдау куы фехалой,
Мæ уынаффæтæм гæсгæ куы нæ цæрой,
32 Мæ уагæвæрдты сæрты куы ахизой,
Мæ фæдзæхстытæ Мын куы нæ бавæрой,
33 Уæд сæ Мæ лæдзæгæй бафхæрдзынæн
сæ фыдмиты тыххæй,
цæвынæй – сæ азымты тыххæй.
34 Фæлæ йæ Мæ хорзæхæй æнæхай
нæ фæкæндзынæн,
кæронмæ йыл æнувыдæй баззайдзынæн.
35 Мæ фидыд нæ аивдзынæн,
æмæ мæ дзыхæй цы рацыд,
уый нæ фæсайдзынæн.
36 Æз иухатт карз сомы ракодтон Мæ сыгъдæг
номæй –
Давидæн мæнг нæ зæгъдзынæн:
37 Йæ байзæддаг цæрдзæн мыггагмæ,
йæ паддзахы бадæн, хурау, уыдзæни Мæ разы.

38 Мæйау фидар æвæрд уыдзæни мыггагмæ,
уый иузæрдион æвдисæн куыд у арвыл».

39 Фæлæ ныр Дæхи атигъ кодтай Де 'взæрст паддзахыл,
Де 'ргом дзы аздæхтай, стызмæг æм дæ.
40 Дæ цагъаримæ Дæ фидыд фехæлдтай,
йæ паддзахы худ ын æрæппæрстай зæххмæ.
41 Йе 'ппæт къултæ йын ныппырх кодтай,
йæ фидæрттæй йын дур дурыл нал ныууагътай.
42 Давынц дзы йæ рæзты æппæт цæуджытæ;
йæ сыхаг адæмтæн фæци фидиссаг.
43 Йæ фыдгулты рахиз къухтыл схæцыдтæ бæрзонд,
йе 'ппæт знæгтæн радтай цин.
44 Ды йын скъуымых кодтай йæ цирхъы ком,
тохы быдыры йын хъару нæ радтай.
45 Байстай йын йæ намыс,
йæ паддзахы бадæн ын раппæрстай зæхмæ.
46 Йе 'взонджыбонтæ йын фæцыбыр кодтай,
æгады ном ыл сæвæрдтай. ‖

47 Кæдмæ, Дунедарæг?
Мыггагмæ æмбæхсдзынæ Дæхи?
Артау кæдмæ судздзæни Дæ азар?
48 Æрымыс, мæ цард куыд цыбыр у:
ахæм хъысмæтæн сфæлдыстай æппæт адæмы?
49 Адæмæй чи царди, æмæ мæлæт чи нæ федта,
ингæны комæй чи бахызта йæхи?
50 Кæм ис Дæ раздæры хорзæх, Дунедарæг?
Ды Давидæн сомы кодтай Дæ иузæрдиондзинадæй.
51 Æрымыс, Дунедарæг, Дæ цагъарты куыд æгад кодтой;
адæмты тыхджынтæй уый мæ зæрдæйы хæссын.
52 Куыд æгад кæнынц Де знæгтæ, Дунедарæг,
куыд æгад кæнынц Де 'взæрстæн йæ фæндаг!

53 Арфæгонд у Дунедарæг мыггагмæ!
Амен, амен!

## 89 ПСАЛОМ

1 *Хуыцауы цагъар Моисейы куывд.*

2 Дунедарæг, Ды уыдтæ не 'нцойы бынат
фæлтæрæй-фæлтæрмæ.
3 Цалынмæ хæхтæ райгуырдысты,
зæхх æмæ дун-дуне скодтай –
æнустæй æнустæм Ды дæ Хуыцау.

4 Адæймаджы аздахыс сыджытмæ æмæ фæзæгъыс:
«Аздæхут сыджытмæ, адæймаджы фырттæ!»
5 Уымæн æмæ Дæ цæсты мин азы сты зноны бонау,
кæркуасæнты афонау чи аивгъуыйы.
6 Ивылд донау ахæссыс адæмы;
уыдон – мæрдон фынау,
райсомы кæрдæгау æрбайсæфынц.
Уый райсомæй æрзайы, изæрмæ та аивгъуыйы –
бампылы æмæ бахус вæййы.

7 Уымæн æмæ нæм тызмæг кæныс,
æмæ нын кæрон æрхæццæ кæны,
Дæ азарæй нæ тас бацæуы.
8 Нæ азымтæ æрæвæрдтай Дæ разы,
нæ сусæггæгтæ – Дæ цæсгомы рухсмæ.
9 Дæ азары бын æрвыстам не 'ппæт бонтæ;
уынæргъынау фæвæййынц нæ царды азтæ.
10 Нæ царды æмгъуыд – дæс æмæ æртиссæдз азы,
тыхджындæртæн – цыппарыссæдз азы;
сæ хуыздæр афон – уæззау куыст æмæ низтæ.
Уымæн æмæ аивгъуыйынц тагъд,
æмæ мах атæхæм бæстон.
11 Чи зоны Дæ масты тых?

Ды тас æфтауыс, æмæ йын чи зоны йæ бæрц,
Дæ азар куы равдисыс, уæд?
12 Сахуыр кæн нæ царды бонтæ афтæ нымайын,
цæмæй нæ зæрдæ уæлзонд ссара.

13 Кæдмæ, Дунедарæг? Раздæх нæм!
Батæригъæд кæн Дæ цагъартæн.
14 Сæумæйæ нæ бафсад Де стыр хорзæхæй,
æмæ не 'ппæт бонтæ æрвитдзыстæм райгæ
æмæ цингæнгæйæ.
15 Цал боны нæ бафхæрдтай, уал цины нын ратт,
цал фыдæхы аз бавзæрстам, уыйбæрц.
16 Уадз феной Дæ цагъартæ Дæ æрмдзæф,
сæ хъæбултæ – Де стырад.

17 Дæ хорзæх нæ уæд, Дунедарæг Хуыцау,
ратт нын æнтыст нæ хъуыддæгты,
ратт æнтыст нæ цæнгты фæллойы.

## 90 ПСАЛОМ

1 Бæрзонд Хуыцауы агъуысты бын чи цæры,
уый Æппæтхъомысы ауоны ссары æнцой,
2 Зæгъы Дунедарæгæн: «Ды мын хъахъхъæнæг
æмæ фидар дæ, мæ Хуыцау –
Ууыл дарын мæ зæрдæ!»

3 Уый дæ бахиздзæн цуангæнæджы сахсæнæй,
мæлæт хæссæг рынæй.
4 Йæ систæй дæ бамбæрздзæн,
æмæ Йæ дæлбазыр уыдзынæ æдас;
Йæ æнувыд – дæ уарт æмæ дæ фидар.
5 Нæ фæтæрсдзынæ æхсæвы фыдбылызæй,
тæхгæ фатæй боныгон,
6 Талынджы æрбахъуызæг рынæй,
æмбисбон бынгæнæг низæй.

7 Мингæйттæй æрхаудзысты дæ цуры,
дæсгай минтæй – дæ рахиз фарс,
дæумæ та не 'рбахæстæг уыдзæн.
8 Æрмæст кæсдзынæ æмæ дæхи цæстæй фендзынæ,
фыдлæгтæ аккаг æфхæрд куыд байиафдзысты, уый.

9 Уымæн æмæ Дунедарæджы сæвзæрстай дæхицæн
сæрылхæцæгæн;
Бæрзонд Хуыцауы равзæрстай цæрæн бынатæн.
10 Фыдбылыз не 'рцæудзæн дæуыл,
бæллæх дæ хæдзармæ не 'рбахæстæг уыдзæн,
11 Уымæн æмæ Йæ зæдтæн бафæдзæхсдзæн –
дæ алы фæндагыл дæр хъахъхъæндзысты дæу.
12 Сæ къухтыл дæ ахæсдзысты,
æмæ дæ къах дурыл дæр не скъуырдзынæ.
13 Маргджын калмыл æмæ домбайыл алæгæрддзынæ,
дæ къæхты бын ныккæндзынæ тыхджын домбайы
æмæ залиаг калмы.

14 Хуыцау зæгъдзæн: «Уый бауарзта Мæн,
æмæ йæ бахиздзынæн;
бахъахъхъæндзынæн æй, уымæн æмæ уый
базыдта Мæ ном.
15 Сдзурдзæни Мæм, æмæ йæ фехъусдзынæн,
йæ фыдбоны уыдзынæн йемæ;
бахиздзынæн æй æмæ йæ скадджын кæндзынæн.
16 Бафсаддзынæн æй бирæ цæргæбонтæй
æмæ йын раргом кæндзынæн Мæ ирвæзындзинад».

## 91 ПСАЛОМ

1 *Псалом.*
*Сабаты зарынæн.*

2 Æхцон у Дунедарæджы стауын,
Дæ номы кадыл зарын, Бæрзонд Хуыцау.

3 Райсомӕй Дӕ хорзӕх,
ӕхсӕвы та Де 'цӕгад сидын –
4 Хъусын кӕнын дӕсхъисоны,
дыууадӕстӕноны ӕмӕ дала-фӕндыры зӕлтӕй.

5 Уымӕн ӕмӕ мын Дӕ хъуыддӕгтӕй
цин ӕрхастай, Дунедарӕг;
Дӕ къухӕй цы сарӕзтай, ууыл райын.
6 Куыд стыр сты Дӕ хъуыддӕгтӕ, Дунедарӕг,
куыд тынг арф сты Дӕ хъуыдытӕ!
7 Ӕнӕзонд адӕймаг не 'мбары уыдӕттӕ,
ӕнӕмбаргӕ сӕ не 'нкъары;

8 Кӕд фыдлӕгтӕ рӕзынц кӕрдӕгау,
ӕмӕ цардхуыз сты фыдӕхӕн кусджытӕ –
уӕддӕр фӕтары уыдзысты мыггагмӕ.
9 Фӕлӕ Дӕуӕн, Дунедарӕг,
Дӕ кад бӕрзонд у кӕддӕриддӕр!
10 Ӕмӕ ӕцӕгдӕр, Де знӕгтӕ, Дунедарӕг,
Де знӕгтӕ ӕнӕмӕнг фӕцагъды уыдзысты,
фыдӕхӕн кусджытӕ иууылдӕр
ныппырхытӕ уыдзысты.

11 Мӕнӕн та радтай уӕлахизгӕнӕг тых,
байсӕрстай мӕ хӕрздӕф зетийӕ.
12 Мӕ цӕстытӕ фендзысты ме знӕгты сӕфт,
мӕ хъустӕ фехъусдзысты мӕ ныхмӕ рацӕуӕг
фыдгӕнджыты хъӕр.

13 Рӕстгӕнӕг дидинӕг калы дыргъбӕласау,
хӕрдмӕ фӕцыди ливайнаг нӕзыйау.
14 Уыдон сагъд сты Дунедарӕджы Хӕдзары
ӕмӕ дидинӕг ӕфтауынц нӕ Хуыцауы кӕртыты.
15 Зӕрондӕй дӕр сты дыргъджын,
ногхуыз ӕмӕ донджын,
16 Цӕмӕй хъусын кӕной, Дунедарӕг рӕстаг кӕй у;

Уый мæ мæсыг у,
æмæ Йæм æнæрастдзинад нæй.

## 92 ПСАЛОМ

1 Дунедарæг паддзахиуæг кæны,
Йæ кад Йæ фæлыст у;
Йæ фæлыст у Йæ кад,
гæрзифтонг у хъомысæй Дунедарæг.
Уымæ гæсгæ лæууы дун-дуне фидар,
нæ фенкъуысдзæн.
2 Дæ паддзахы бадæн æвæрд у æнусты райдианæй,
Ды уыдтæ кæддæриддæр.

3 Хæрдмæ сæхи систой дæттæ, Дунедарæг,
тынгæй-тынгдæр систой сæ уынæр;
дæттæ хæрдмæ систой сæ пырхкалгæ уылæнтæ.
4 Фæлæ Хуыцау хъомысджындæр у бирæ дæтты
уынæрæй,
денджызты хойгæ уылæнтæй –
хъомысджын у Дунедарæг уæлæрвты.

5 Дæ уынаффætæ æнаивгæ æмæ æцæг сты;
Дæ Хæдзары фидауц у Дæ сыгъдæгад
æнусы бонтæм, Дунедарæг.

## 93 ПСАЛОМ

1 О мастисæг Хуыцау, Дунедарæг,
мастисæг Хуыцау, равдис Дæхи!
2 Рацу, зæххæн Тæрхонгæнæг,
бафхæр сæрыстырты сæ хъуыддæгтæм гæсгæ.
3 Уыцы фыдлæгтæ кæдмæ, О Дунедарæг,
уыцы фыдлæгтæ кæдмæ райдзысты?
4 Сæ дзыхæй ракалынц схъæл дзырдтæ;
фыдгæнджытæ сты се 'ппæт дæр хиппæлой.

5 Ссæндынц Дæ адæмы, Хуыцау,
æфхæрынц Дæ бындар адæмы.
6 Марынц сидзæргæсы æмæ æрцæуæггаджы,
сафынц сидзæрты
7 Æмæ дзурынц: «Нæ фендзæн Дунедарæг,
нæ базондзæн Иаковы Хуыцау».

8 Уæхи æрæмбарут, æнæзонд адæм!
Кæд уæм æрцæудзæн зонд, æнæмбаргæтæ?
9 Хъус Чи скодта, Уый нæ фехъусдзæн?
Цæст Чи сарæзта, уый нæ фендзæн?
10 Адæмтæй дзуапп домæг не ‘рфæрсдзæн?
Адæймагæн зондамонæг нæ базондзæн?
11 Дунедарæг зоны адæймаджы фæндтæ –
уыдон æдзæлгъæды кæй сты, уый.

12 Тæхудиаг у,
Ды йæ рæдыд кæмæн зæгъыс, Дунедарæг,
Де 'гъдæуттыл кæй ахуыр кæныс, уыцы адæймаг;
13 Уымæн æмæ йын бæллæхы заман ратдзынæ æнцой,
цалынмæ фыдлæгæн уæрм скъахтæуа, уæдмæ.
14 Бæлвырд, Дунедарæг нæ ферох кæндзæн Йæ
адæмы,
нæ ныууадздзæн Йæ бындарты.
15 Æмæ тæрхон ногæй æрыздæхдзæн рæстдзинадмæ,
æмæ йæ æххæст кæндзысты æппæт рæстзæрдæтæ.

16 Чи сыстдзæн мæн тыххæй фыдлæгты ныхмæ?
Мемæ фыдгæнджыты ныхмæ чи æрлæудзæн?
17 Хуыцау мын куы нæ рарвыстаид æххуыс,
уæд рæхджы мæ уд ацыдаид æнæсым ингæнмæ.
18 Æз куы фæзæгъын: «Мæ къах цуды»,
уæд Дæ уарзт, О Дунедарæг, вæййы мæ
фидаргæнæг.
19 Мæ катайаг хъуыдытæ куы сбирæ вæййынц,
уæд Дæ рæвдыд æхсызгон æрхæссы мæ удæн.

20 Хæрам тæрхонгæнджытæн Демæ иумæйагæй
истьı ис, мыййаг –
Де 'гъдауы ныхмæ чи цæуы, уыдонæн?
21 Уыдон иумæ æмдзырд бакæнынц
рæстгæнæджы ныхмæ,
сæ хæрам тæрхонæй амарынц æназымы.
22 Фæлæ Дунедарæг мæ фидар у,
мæ Хуыцау – мæ æмбæхсæн мæсыг у.
23 Сæ фыдракæндтæ сын сæхи сæрмæ раздахдзæн,
сæ фыдмиты тыххæй сæ фæцæгъддзæн;
фæцæгъддзæн сæ Дунедарæг, нæ Хуыцау.

## 94 ПСАЛОМ

1 Æрцæут, цингæнгæ азарæм Дунедарæгæн,
хъæлæсыдзагæй арфæ кæнæм
нæ ирвæзындзинады Къæдзæхæн,
2 Йæ разы æрлæууæм райгондæй,
арфæ Йын кæнæм кады зарджытæй.

3 Уымæн æмæ Дунедарæг стыр Хуыцау у,
æппæт хуыцæутты стыр Паддзах.
4 Зæххы арфытæ – Йæ къухы,
хæхты сæртæ – Йæхи сты.
5 Денджыз Йæ денджыз у – Уый йæ сфæлдыста,
сурзæхх дæр Йæ къухтæ скодтой.

6 Æрцæут æмæ Йын ныллæг бакувæм,
æрхауæм нæ зонгуытыл не Сфæлдисæг Хуыцауы
раз.
7 Уымæн æмæ Уый нæ Хуыцау у,
мах та – Йæ дзуджы адæм, Йæ хæсгæ фыстæ.

О, бæргæ, сымах абон куы байхъусиккат
Уымæн Йæ хъæлæсмæ:

8 «Ма ныддур кæнут уæ зæрдæтæ,
Меривайы* æдзæрæг быдыры
уыцы фæлварæн боны куыд кодтат, афтæ.
9 Уым Мæ къахтой уæ фыдæлтæ, фæлвæрдтой Мæ,
кæд Мæ хъуыддæгтæ уыдтой, уæддæр.
10 Уыцы фæлтæрæй дыууиссæдз азы
зæрдæцъæх уыдтæн Æз æмæ загътон:
„Ацы адæм зæрдæйæ фæдзæгъæл сты“;
Мæ фæндæгтæ нæ базыдтой.
11 Уымæ гæсгæ карзæй расомы кодтон –
„Уыдон нæ бацæудзысты Ме 'нцойадмæ“».

## 95 ПСАЛОМ

1 Зарут Дунедарæгæн ног зарæг,
зар Хуыцауæн, æппæт дуне!
2 Зарут Хуыцауæн, кад кæнут Йæ номæн,
бонæй бонмæ хъусын кæнут Йæ ирвæзындзинад.
3 Адæмтæн дзурут Йе стырадыл,
æппæт бæстæтæн – Йæ диссæгтыл.

4 Уымæн æмæ стыр у Дунедарæг –
æппæлыны аккаг,
тасæфтауæг у æппæт хуыцæутты æхсæн.
5 Мæнг сты адæмты хуыцæуттæ иууылдæр,
Дунедарæг та арв сфæлдыста.
6 Кад æмæ стырад Йæ разы сты,
тых æмæ намыс – Йæ Кувæндоны.

7 Нымайут Дунедарæджы, æппæт бæстæты мыггæгтæ,
нымайут Дунедарæджы кад æмæ тых.
8 Нымайут Дунедарæджы кадджын ном,
хæссут лæвæрттæ æмæ цæут

* **94:8** *Меривæ* – Ай у, израилæгты Хуыцау Мысырæй куы ракодта, уæд йæ ныхмæ фыдзонд æмæ хивæндæй кæм цыдысты, уыцы бынат.

Йæ Кувæндоны кæртмæ.
9 Бакувут Дунедарæгæн Йæ Сыгъдæг кады рухсы;
риз Йæ цæсгомы раз, æппæт дуне!

10 Зæгъут адæмтæн: «Дунедарæг – Паддзах у!
Уымæ гæсгæ фидар лæууы дун-дуне,
фæцудæн ын нæй;
Дунедарæг Йæ рæстадмæ гæсгæ тæрхон кæндзæн
адæмтæн».
11 Цин кæнæд арв, райæд зæхх;
нæрæд денджыз æмæ дзы цыдæриддæр ис, уыдон.
12 Райæд быдыр æмæ дзы цыдæриддæр ис, уыдон;
уæд фырцинæй зардзысты æппæт бæлæстæ хъæды,
13 Зардзысты Хуыцауы раз, уымæн æмæ
Уый æрбацæуы,
æрбацæуы зæххæн тæрхон рахæссынмæ.
Уый тæрхон кæндзæн дун-дунейæн
Йæ рæстадмæ гæсгæ,
адæмтæн – Йæ æцæгадмæ гæсгæ.

## 96 ПСАЛОМ

1 Дунедарæг паддзахиуæг кæны;
райæд зæхх, цин кæнæнт æппæт сакъадæхтæ.

2 Мигътæ æмæ тар – Йæ алфамбылай;
рæстад æмæ æнæхæрам тæрхон –
Йæ паддзахады бындур.
3 Арт цæуы Йæ разæй æмæ зынг æфтауы
Йе знæгтыл Йæ алыварс.
4 Йæ арвæрттывд ныррухс кæны дун-дуне;
зæхх уый уыны æмæ ризы.
5 Мыдадзау тайынц хæхтæ Дунедарæджы раз,
æппæт зæххы Хицауы цæсгомы раз.
6 Арв сиды Йæ рæстад, æмæ æппæт адæмтæ
уынынц Йæ кад.

7 Фегад уæнт, гуымирытæм чи кувы,
мæнгхуыцæуттæй чи æппæлы, уыдон иууылдæр.
Æрхаут Дунедарæджы раз, æппæт хуыцæуттæ*!

8 Хъусы Сион æмæ цин кæны,
Дæ раст тæрхонтыл райынц, Дунедарæг,
Иудæйы чызджытæ;
9 Уымæн æмæ Ды Бæрзонд Хуыцау Дæ
æппæт зæххæн,
бæрзонд у Дæ кад æппæт хуыцæутты сæрмæ.

10 Сымахæн, Хуыцауы уарзджытæн,
фыдæх уæд æнæуынон!
Дунедарæг хъахъхъæны Йæ сыгъдæджыты цард;
бахизы сæ фыдлæгты къухæй.
11 Рухс йæ тынтæ уары рæстгæнæгыл,
сыгъдæгзæрдæтыл та – цин.
12 Цин кæнут, рæстгæнджытæ, Дунедарæгыл,
скад кæнут Йæ сыгъдæг номæн.

## 97 ПСАЛОМ

1 *Псалом.*

Зарут Дунедарæгæн ног зарæг,
уымæн æмæ Уый сарæзта диссæгтæ;
Йæ рахиз къух æмæ Йын Йæ сыгъдæг хъомыс
æрхастой уæлахиз.
2 Хуыцау раргом кодта Йæ ирвæзындзинад
æппæт адæмтæн равдыста Йæ рæстад.
3 Йæ зæрдыл æрлæууыд Израилы хæдзармæ
Йæ хорзæх æмæ Йæ иузæрдиондзинад;
зæххыл алы ран дæр федтой
нæ Хуыцауы ирвæзынгæнæг тых.

---

* 96:7 *Хуыцæуттæ* – бамбарæн ма йын ис «зæдтæ».

4 Стаут Дунедарæджы хъæлæсыдзагæй, æппæт зæхх;
зæрдæбынæй цин кæнут æмæ райут,
зарут Ын кады зарæг.
5 Цæгъдут Хуыцауæн дала-фæндыртыл,
хъисфæндыртыл зарджыты зæлтимæ.
6 Цæгъдут хæтæлтæй æмæ уасут сыкъа-уадындзтæй,
рæцæут цины хъæримæ Паддзахы,
Дунедарæджы размæ.

7 Нæрæд денджыз æмæ дзы цыдæриддæр ис, уыдон,
дун-дуне æмæ йæ цæрджытæ.
8 Æмдзæгъд кæнæнт цæугæдæттæ;
иумæ райæнт хæхтæ,
9 Райæнт Дунедарæджы раз, уымæн æмæ Уый
рацæуы зæххæн тæрхон рахæссынмæ;
Йæ тæрхон дун-дунейæн уыдзæни раст,
адæмтæн – æнæхæрам.

## 98 ПСАЛОМ

1 Дунедарæг паддзахиуæг кæны –
уадз ризæнт адæмтæ!
Уый уæлвонг бады херувимтыл –
уадз æнкъуысæд зæхх!
2 Хуыцау цытджын у Сионыл,
бæрзонд у Йæ кад æппæт адæмтæм.
3 Уадз стауой Де стыр æмæ тасæфтауæг ном –
сыгъдæг у уый.

4 Хъомысджын Паддзах раст тæрхон уарзы –
Ды сфидар кодтай рæстдзинад;
Иаковыл равдыстай æнæхæрам тæрхон æмæ
рæстад.
5 Сбæрзонд кæнут Дунедарæджы, нæ Хуыцауы,
ныллæг акувут Йæ æрлæууæн бынаты онг –
Сыгъдæг у Хуыцау!

6 Моисей æмæ Аарон уыдысты Йæ кусджыты
æхсæн,
Самуил та – Йæ номæн кувджыты 'хсæн:
уыдон Æм куывтой æмæ сын дзуапп лæвæрдта.
7 Æврагъцæджындзæй дзырдта семæ;
уыдон цардысты Йæ лæвæрд уаг
æмæ æгъдаумæ гæсгæ.

8 Дунедарæг, нæ Хуыцау!
Ды хъуыстай Дæ адæммæ,
уыдтæ сын хатыргæнæг Хуыцау,
фæлæ сæ æфхæрдтай сæ фыдмиты тыххæй.
9 Сбæрзонд кæнут Дунедарæджы, нæ Хуыцауы,
кад Ын кæнут Йæ сыгъдæг хохыл –
уымæн æмæ сыгъдæг у Дунедарæг, нæ Хуыцау.

## 99 ПСАЛОМ

1 *Бузныджы псалом.*

Стаут Дунедарæджы хъæлæсыдзагæй,
æппæт дуне!
2 Цингæнгæ кусут Дунедарæгæн;
райгæйæ цæут Йæ рæзты.
3 Дунедарæг Хуыцау кæй у, Уый базонут;
Уый нæ сфæлдыста, æмæ Йæхи стæм,
Йæ адæм, Йæ сæрвæтты фыстæ.

4 Бацæут Йæ кулдуарыл Уый стаугæйæ,
Йæ кæртмæ – Уымæй æппæлгæйæ;
кад Ын дæттут, арфæ кæнут Йæ номæн!
5 Уымæн æмæ фæрнджын у Дунедарæг;
Йæ хорзæх мыггагмæ у,
Йе 'цæгад – фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

# 100 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Уарзт æмæ рæстадыл зардзынæн æз;
Дæуыл у мæ зарæг, Дунедарæг.
2 Мæ хъуыдытæ бафтаудзынæн æнæфау
фæндагыл –
кæд мæм æрцæудзынæ?
Æнæфауæй цæрдзынæн мæ хæдзары,
мæ адæмы æхсæн.
3 Æлгъаг цы у, ахæмæй мæ цæсты раз ницы
æрæвæрдзынæн;
Хуыцауы ныууадзæг мын æнæуынон у,
æмгæрон æм не 'рцæудзынæн.
4 Æнæсыгъдæг хъуыдытæ фæсурдзынæн
мæхицæй;
фыдæх мæхимæ хæстæг не 'руадздзынæн.
5 Фæсвæд иннæйыл чи хахуыр кæны,
уый æнæдзырды бон фæкæндзынæн;
бæрзæндты кæсæг æмæ хъал зæрдæйы
нæ бабыхсдзынæн.

6 Мæ цæстæнгас сарæзтон бæстæйы
иузæрдионтæм,
цæмæй уой мæ фарсмæ;
æнаипп фæндагыл чи цæуы, уый уыдзæн мæ
кусæг.
7 Мæнгард мæ хæдзары нæ цæрдзæн;
мæнг дзурæгæн мæ цуры бынат нæ разындзæн.
8 Сæумæйæ æнæдзырды бон фæкæндзынæн
бæстæйы æппæт фыдлæгты
æмæ фыдгæнджыты иууылдæр фæиппæрд
кæндзынæн Дунедарæджы сахарæй.

# 101 псалом

[1] *Æфхæрд адæймаджы кувын,*
*йе 'нæбонæй Дунедарæгæн*
*йæ зæрдæйы хъыг куы раргом кодта, уæд.*

[2] О Дунедарæг, фехъус мæ куывд,
фехъуысæд Дæм æххуысагур мæ дзыназын.
[3] Ма аздах Де 'ргом мæнæй мæ хъыджы заман;
мæ дзыназыны бон мæ фехъус,
рæвдздæр мын дзуапп ратт.

[4] Фæздæгау фæивгъуыйынц мæ бонтæ,
æхсидавау судзынц ме стджытæ.
[5] Мæ зæрдæ бахус, кæрдæгау баруад;
мæ къæбæр бахæрын дæр мæ ферох вæййы.
[6] Мæ фырхъæрзынæй ме стджытæ мæ цармыл
бандæгъдысты.
[7] Æз сдæн æдзæрæг ран иунæг сидахъæу,
хæлддзæгты цæрæг уыгау.
[8] Хуыссæг мыл нæ хæцы,
уæлхæдзарыл иунæгæй бадæг маргъау сдæн.
[9] Сæумæйæ изæрмæ мæстæй марынц мæн
ме знæгтæ;
чи мæ æлгъиты, уыдон мæ ном хæссынц
фидисæн.
[10] Дзулау хæрын æртхутæг,
дон нуазын мæ цæссыгимæ
[11] Дæ судзгæ масты тыххæй мæнмæ;
уымæн æмæ сбæрзонд кодтай мæн,
стæй мæ иуварс аппæрстай.
[12] Мæ царды бонтæ ивгъуыйынц изæры ауунау,
кæрдæгау баруадтæн.

[13] Ды та, Дунедарæг, æнустæм цæрыс;
Дæ ном – фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

14 Ды рацæудзынæ, батæригъæд кæндзынæ
Сионæн;
уымæн æмæ æрцыд уымæн хорзæх
ракæныны афон,
æрцыди уыцы афон.
15 Дæ цагъартæ йын уарзынц йæ дуртæ дæр,
сæ мæт – суанг йæ рыгыл дæр.
16 Адæмтæ тæрсдзысты Дунедарæджы номæй,
æппæт зæххон паддзæхтæ – Йæ кадæй.
17 Уымæн æмæ Дунедарæг ногæй самайдзæн Сионы
æмæ йæм фæзындзæн Йæ кады;
18 Йæ хъус æрдардзæн мæгуырты куывдмæ,
сæ куывдыл нæ атигъ кæндзæн Йæхи.

19 Уадз уый ныффыстæуæд ног фæлтæртæн,
æмæ стауой Дунедарæджы
зæххыл ма чи райгуырдзæн, уыдон.
20 Уымæн æмæ Дунедарæг æркæсы
Йæ сыгъдæг бæрзæндæй,
уæлæрвтæй Йæ цæст дары зæххмæ,
21 Æмæ фехъусдзæн ахæстыты хъæрзын,
æмæ ссæрибар кæндзæни,
мæлæтмæ лæвæрд чи у, уыдон,
22 Цæмæй Сионыл хъусын кæной
Дунедарæджы кадджын ном,
стауой Йæ Иерусалимы,
23 Адæмтæ куы æрæмбырд уой иумæ –
паддзахæдтæ Дунедарæгæн лæггад кæнынмæ, уæд.

24 Мæ цардвæндагыл мын басаста мæ хъару,
фæцыбыр кодта мæ бонтæ.
25 Æз загътон: «Мæ Хуыцау!
Мæ бонтæ мын æмбисыл ма аскъуын;
азтæ Дæ бар сты фæлтæрæй-фæлтæрмæ.
26 Райдианы æрæвæрдтай зæхх,
æмæ арв – Дæ къухты сконд.

27 Уыдон аивгъуыйдзысты,
Ды та уыдзынæ мыггагмæ;
алæзæрдзысты пæлæзау, дарæсау сæ раивдзынæ
æмæ нал уыдзысты.
28 Ды та æнустæм дæр Уый дæ,
Дæ азтæн кæрон нæй.
29 Дæ цагъарты хъæбултæ цæрдзысты
æмæ цæрдзысты;
сæ байзæддæгтæ æдзух уыдзысты
Дæ цæсгомы раз».

## 102 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Стау, мæ уд, Хуыцауы,
æппæт мæ мидзæрдæ Йæ сыгъдæг ном.
2 Стау, мæ уд, Хуыцауы,
ма Йын рох кæн Йæ бирæ хæрзтæ.
3 Уый бары ме ‘ппæт азымтæ,
дзæбæх кæны ме 'ппæт низтæ.
4 Ирвæзын мæ кæны ингæнæй,
кады худау мын сты Йæ уарзт æмæ Йæ рæвдыд.
5 Æфсады мæ хæрзтæй мæ зæрдæйы фæндиаг,
сног мын кæны ме 'взонгад, свæйййын цæргæсау.

6 Хуыцауæй цæуы рæстдзинад,
Йæ тæрхон – æппæт æфхæрдтыты бахизынæн.
7 Моисейæн раргом кодта Йæ фæндæгтæ,
Израилы фырттæн – Йæ хъуыддæгтæ.
8 Фæлмæнзæрдæ æмæ хатыргæнаг у Дунедарæг,
бирæ быхсы, æнæкæрон у Йæ уарзт.
9 Æдзух тызмæг нæ кæны,
Йæ маст мыггагмæ нæ ахæссы.
10 Нæ тæригъæдтæм гæсгæ нын нæ ракодта,
нæ азымтæм гæсгæ нын нæ бафыста.

11 Уымæн æмæ, арв зæххæй цæйбæрц бæрзонддæр у,
уыйбæрц стыр у Йæ уарзт,
чи Дзы тæрсы, уыдонмæ.
12 Скæсæн ныгуылæнæй куыд дард у,
афтæ махæй адард кодта нæ фыдракæндтæ.
13 Фыд йæ хъæбултыл куыд ауды,
афтæ Дунедарæг ауды, чи Дзы тæрсы, уыдоныл.
14 Уымæн æмæ зоны не сконд,
сыджыт кæй стæм, уый Дзы нæ ферох.

15 Адæймаджы цард у кæрдæджы фæзындау,
быдираг дидинæгау бирæ нæ ахæссы.
16 Радымы йыл дымгæ, æмæ цыдæр æрбавæййы,
æмæ кæм уыди, уыцы бынат ничиуал
æрымысдзæн.
17 Фæлæ Дунедарæджы хорзæх мыггагæй-мыггагмæ у,
чи Дзы тæрсы, уыдонмæ,
æмæ Йæ рæстад – сæ байзæддæгтæм,
18 Йæ фидыд Ын чи нæ халы,
Йæ фæдзæхстытæ йæ зæрдыл чи дары
æмæ сæ чи æххæст кæны, уыдонмæ.

19 Хуыцау уæлæрвты æрæвæрдта Йæ паддзахы бадæн,
æмæ паддзахиуæг кæны æппæтæн.
20 Стаут Хуыцауы Йæ хъомысджын зæдтæ –
Йæ дзырд æххæстгæнджытæ,
Йæ ныхасæн коммæгæстæ.
21 Стаут Хуыцауы, Йе 'ппæт уæларвон æфсæдтæ,
Йæ фæндон Ын чи æххæст кæны,
Йæ уыцы лæггадгæнджытæ.
22 Стаут Хуыцауы Йе 'ппæт скондтæ,
Йæ паддзахады æппæт бынæтты.

Стау, мæ уд, Хуыцауы!

# 103 ПСАЛОМ

1 Стау, мæ уд, Хуыцауы!

О Дунедарæг, мæ Хуыцау,
куыд диссаджы бæрзонд у Дæ ном!
Ды фæлыст дæ кад æмæ намысæй.
2 Рухсæй Дæхи сфæлыстай дарæсау,
арв айтыгътай цатырау.
3 Дæ уæларвон галуан æрæвæрдтай дæтты сæрмæ,
æврæгътæй саразыс Дæхицæн уæрдон,
цæуыс дымгæйы базыртыл.
4 Дымгæтæй Дæхицæн кæныс фидиуджытæ,
пиллон артæй – Дæ кусджытæ.

5 Зæхх æрæвæрдтай фидар быныдурыл –
нæ фæцуддзæн æнусæй-æнустæм.
6 Хъæццулау айтыдтай дæттæ,
уыдон хæхты дæр бамбæрзтой.
7 Дæ барджын ныхасæй згъорынц,
Дæ æрвнæрды хъæлæсæй лидзынц дæттæ,
8 Схæццæ вæййынц хæхтæм,
рацæуынц дæлвæзтæм,
Ды сын цы бынат раттыс, уырдæм.
9 Донæн æрæвæрдтай арæн
æмæ йын уыцы арæны сæрты рахизæн нæй,
æмæ нал раздæхдзæн ногæй
зæххы фæдæлдон кæнынмæ.

10 Донгуырæнтæ арвитыс адгуытæм,
кæлынц хæхты æхсæнты,
11 Æфсадынц æппæт быдираг сырдты;
суанг хъæддаг хæрджытæ дæр суадзынц сæ дойны.
12 Донбылтыл цæрынц уæларвон мæргътæ,
сыфтæрты æхсæнæй райхъуысы сæ зарын.

13 Бæрзæндтæй Ды басæттыс сæ дойны хæхтæн,
Де сконд дыргътæй бафсадыс зæхх.
14 Фосæн æрзайын кæныс кæрдæг,
халсартæ – адæймаджы пайдайæн,
цæмæй зæххæн йæхицæй раттай хойраг:
15 Адæймаджы зæрдæ хъæлдзæггæнæг сæн,
йæ цæсгом кæмæй æрттивы, уыцы зети,
адæймагæн тыхдæттæг дзул.
16 Донæфсæст сты Дунедарæджы бæлæстæ –
Йæхæдæг кæй ныссагъта, уыцы ливайнаг нæзытæ.
17 Мæргътæ сыл сбийынц ахстæттæ;
зазбæлæсты – кæсагласы цæрæн бынат;
18 Бæрзонд хæхтæ – сычъитæн,
айнæг къæдзæхтæ – тæрхъустæн æмбæхсæн.

19 Рæстæг зонынæн Ды сфæлдыстай мæй;
хур зоны йæ аныгуылæн.
20 Ды айтындзыс талынг – æрлæууы æхсæв
æмæ хъæддаг сырдтæн тезгъойы афон.
21 Æрыгон домбæйттæ богътæгæнгæ агурынц сæ амæддæгты,
Хуыцауæй курынц сæ хæринаг.
22 Хур куы скæсы, уæд аздæхынц
æмæ схуыссынц сæ хуыккæмтты.
23 Рацæуы адæймаг дæр йæ куыст кæнынмæ
æмæ фæархайы суанг изæрмæ.

24 Куыд æнæнымæц сты Дæ хъуыддæгтæ, Дунедарæг!
Æппæтдæр сфæлдыстай Дæ уæлзондæй;
зæхх дзаг у Де скондæй.
25 Уый дын стыр æмæ уæрæх денджыз;
æмызмæлд дзы кæнынц хилджытæ,
стыр æмæ чысыл цæрæгойтæ – нымæц сын нæй.
26 Ленк дзы кæнынц наутæ,
хъылдымтæ дзы кæны, Ды кæй сфæлдыстай,
уыцы кæфхъуындар.

27 Уыдон иууылдæр Дæумæ æнхъæлмæ кæсынц,
цæмæй сын раттай хæринаг йæ афоныл.
28 Ды сын дæттыс, æмæ уыдон хæрынц;
байгом кæныс Дæ арм –
æмæ бафсæдынц Дæ бæркадæй.
29 Де ‘ргом сæ аздахыс – æмæ стыхсынц;
сæ улæфт сын байсыс – æмæ амæлынц,
аздæхынц сыджытмæ.
30 Дæ Уд куы рарвитыс, уæд сæвзæрынц,
æмæ сног кæныс зæххы уæлцъар.
31 Кад уæд Дунедарæгæн мыггагмæ;
цин кæнæд Дунедарæг Йæ хъуыддæгтыл!
32 Уый æркæсы зæххмæ, æмæ зæхх баризы;
андзæвы хæхтыл – сæ фæздæг скæлы.

33 Зардзынæн Дунедарæгæн мæ цæргæбонты;
цалынмæ удæгас дæн, уæдмæ зардзынæн
мæ Хуыцауы кадæн.
34 Уадз æмæ Йын æхцон уой мæ хъуыдытæ дæр;
мæ цин Дунедарæгыл уыдзæни.
35 Уадз зæххыл æрцæуæд кæрон
тæригъæдджынтæн,
фыдлæгтæн сæ кой дæр мауал уæнт!

Стау, мæ уд, Хуыцауы!
Алилуйа!

## 104 ПСАЛОМ

1 Стаут Дунедарæджы, арут Ын Йæ ном;
адæмтæн хъусын кæнут Йæ хъуыддæгтæ.
2 Зарут Ын, зарут Йæ кадæн,
радзурут Йе 'ппæт диссæгты тыххæй.
3 Æппæлут Йæ сыгъдæг номæй;
райæнт сæ зæрдæтæ,
Дунедарæджы чи агуры, уыдонæн.

4 Агурут Дунедарæджы, агурут Ын Йæ хъомыс,
иудадзыг агурут Йæ цæсгом.

5 Æрымысут, кæй сарæзта, уыцы диссæгтæ,
Йæ нысæнттæ æмæ Йæ рахæсгæ тæрхонтæ,
6 О, Йæ цагъар Авраамы байзæддæгтæ,
Йæ æвзæрстытæ, Иаковы хъæбултæ.
7 Уый нæ Дунедарæг Хуыцау у –
æппæт зæххыл Йæ тæрхонтæ.

8 Мыггагмæ Йæ зæрдыл дары Йæ фидыд,
мингай фæлтæртæн цы ныхас бафæдзæхста,
уый;
9 Сарæзта фидыд Авраамимæ,
расомы кодта Исаакæн.
10 Иаковæн æй æгъдауæн радта,
уыцы æнусон фидыд – Израилæн,
11 Зæгъгæ: «Ханааны зæхх дæуæн ратдзынæн,
уый уыдзæн уæ исбоны хай фыдæй-фыртмæ».

12 Уæд ма сæ нымæц чысыл уыди, тынг чысыл,
уæд ма уыцы зæххыл æрцæуæггæгтæ уыдысты
13 Æмæ цыдысты иу адæмæй иннæ адæммæ,
иу паддзахадæй иннæмæ.
14 Дунедарæг никæмæн лæвæрдта
сæ хъыджы бацæуыны бар,
паддзæхтæн карзæй бафæдзæхста:
15 «Ме 'взæрстытæм ма фæцагайут,
Мæ пехуымпартæн мацы фыд ракæнут».

16 Æмæ зæххыл æруагъта стонг рæстæг;
иу æфсир дæр нал ныууагъта.
17 Сæ разæй сын арвыста лæг:
Иосиф уæйгонд æрцыд цагъарау.
18 Йæ къæхтæ йын æрбалхъывтой хъадамантæй,
æрбалвæстой йæ æфсæн рæхыстæй,

19 Цалынмæ Хуыцауы ныхас сæххæст уа, уæдмæ:
Дунедарæджы ныхас æй бафæлвæрдта.
20 Паддзах æм арвыста æмæ йæ суæгъд кодта –
рауагъта йæ ахæстонæй адæмты сæргълæууæг
21 Æмæ йæ сæвæрдта йæ хæдзарæн
уынаффæгæнæгæй,
йе 'ппæт исбонæн сæргълæууæгæй,
22 Цæмæй йæхи фæндонæй уынаффæ кæна
æлдæрттæн,
адæмы хистæртæн амона зонд.

23 Уæд Израил æрцыди Мысырмæ,
Иаков æрцарди Хамы* зæххыл.
24 Æмæ Хуыцау тынг сбирæ кодта Йæ адæмы,
скодта сæ бирæ тыхджындæр се знæгтæй,
25 Уыдон зæрдæты æруагъта фыдæх Йæ адæммæ,
æмæ сусæгвæнд скодтой Йæ цагъарты ныхмæ.

26 Арвыста Йæ цагъар Моисейы
æмæ Йе 'взæрст Аароны,
27 Уыдон уым Хуыцауы ныхасмæ гæсгæ
равдыстой Йæ нысæнттæ,
Хамы зæххы скодтой диссæгтæ.
28 Хуыцау рарвыста талынг,
æмæ зæхх анызгъуылд талынджы –
Йæ ныхасы ныхмæ æрлæууын никæй бон уыди.
29 Сæ дон сын фестын кодта туг,
сæ кæсæгтæ сын ныццагъта.
30 Сæ зæхх æмызмæлд скодта галхæфсытæй,
суанг паддзæхты уатты онг.
31 Хуыцау загъта, æмæ æрбатахт уырынгонты æвзæн,
се 'ппæт бæстæ дзаг уыди къогъотæй.
32 Къæвдайы бæсты сыл рауагъта их,
æрттивгæ цæхæр – сæ зæххмæ.

---

* **104:23** *Хам* – ома, Мысыр.

33 Ныддæрæн сын кодта сæ сæнæфсирдæттæ
æмæ легъуибæлæстæ,
æппæт зæххыл фесæфта бæлæстæ.
34 Хуыцау загъта, æмæ æртахтысты мæтыхтæ
æмæ къуыдыркæлмытæ – нымæц сын нæ уыд;
35 Æмæ сын сæ быдырты кæрдæг быныл бахордтой,
бахордтой сын сæ зæххы тыллæг.
36 Хуыцау фæцагъта бæстæйы
æппæт хистæр фыртты –
сæ адæмы æмæ фосы алы нæлдых фыццаггуырды.

37 Æмæ израилæгты ракодта æвзист
æмæ сызгъæринимæ,
дыууадæс хæдзарвæндагæй ничи фæцудыдта.
38 Мысырæн æхсызгон уыди сæ рацыд,
уымæн æмæ сæ израилæгтæй тас бацыди.
39 Хуыцау сын æмбæрзæнæн айтыгъта æврагъ
æмæ судзгæ цæджындз æхсæвы рухс кæнынæн.
40 Куырдтой Дзы, æмæ сын рарвыста уæрццытæ,
æфсæста сæ уæларвон дзулæй.
41 Къæдзæх сын фегом кодта,
æмæ рацыдысты дæттæ,
цæугæдæттау ракалдысты хус быдырты.
42 Уымæн æмæ Дзы нæ ферох
Йæ сыгъдæг зæрдæвæрд Авраамæн, Йæ цагъарæн.

43 Æмæ ракодта Йæ адæмы хъæлдзæгæй,
Йæ æвзæрстыты – райгæйæ.
44 Радта сын адæмты зæххытæ,
æндæр адæмы фæллой сын баззади бынтæн,
45 Цæмæй цæрой Хуыцауы æгъдаумæ гæсгæ,
æххæст кæной Йæ фæдзæхстытæ.

Алилуйа!

# 105 ПСАЛОМ

1 Алилуйа!

Стаут Дунедарæджы, арфæ кæнут,
уымæн æмæ Уый фæрнджын у,
уымæн æмæ Йæ хорзæх мыггагмæ у.
2 Чи радзурдзæн Дунедарæджы хъомысы тыххæй,
Йе 'ппæт кад чи расиддзæн?
3 Тæхудиаг сты, раст тæрхоныл чи хæцы
æмæ кæддæриддæр рæстæй чи цæры, уыдон.

4 Дæ адæмыл аудгæйæ æрымыс мæн дæр;
раздах мæнмæ дæр Де 'ргом,
фервæзын мæ кæн уыдонимæ,
5 Цæмæй уынон Де 'взæрстыты фæрнджын цард,
цин кæнон Дæ адæмы цинæй,
Дæ бындар адæмимæ æппæлон Дæуæй.

6 Мах дæр-иу, нæ фыдæлтау, бафтыдыстæм
тæригъæды,
кодтам æнæгъдау митæ, арæзтам
фыдракæндтæ.
7 Нæ фыдæлтæ Мысыры куы уыдысты,
уæд Дæ диссæгтæ не 'мбæрстой,
сæ зæрдыл нæ дардтой Дæ бирæ хæрзтæ,
Дæ ныхмæ-иу сыстадысты денджызы былыл,
Сырх денджызы былыл.
8 Фæлæ сæ Дунедарæг фервæзын кодта
Йæ номы сæраппонд,
цæмæй равдиса Йæ хъомыс.
9 Бардзырд радта Сырх денджызæн, æмæ бахус;
акодта сæ арф дæтты æхсæнты, цыма хус зæххыл.
10 Æмæ сæ фервæзын кодта сæ фыдгулы къухæй,
се знаджы къухæй сæ байста.

11 Доны бын фесты се знæгтæ – се ‘ппæт знæгтæ,
иу дæр дзы нал баззад.
12 Уæд бауæндыдысты Йæ ныхæстыл,
кад Ын кодтой сæ зарджытæй.

13 Фæлæ сæ рæхджы ферох сты Йæ хъуыддæгтæ,
нæ банхъæлмæ кастысты Йæ уынаффæмæ.
14 Æдзæрæг быдыры ацыдысты сæ мондæгты
фæдыл,
къахтой Хуыцауы æдзæрæг ран.
15 Æмæ Дзы цы куырдтой, уый сын радта,
фæлæ сыл бафтыдта тыхсæттæг рын.

16 Асадæны израилæгтæ бахæлæг кодтой Моисеймæ
æмæ Хуыцауы сыгъдæг кусæг Ааронмæ.
17 Уæд зæхх аскъуыд æмæ аныхъуырдта Дафаны,
бануæрста Авироны æрдонг.
18 Зынг сирвæзт сæ къордыл,
арт басыгъта фыдлæгты.

19 Хоривы сарæзтой род –
куывтой згъæрæй конд фæлгонцæн.
20 Сæ кады Хуыцауы баивтой
кæрдæгхор галы нывыл.
21 Ферох кодтой, Чи сæ фервæзын кодта,
уыцы Хуыцауы,
Мысыры стыр хъуыддæгтæ,
22 Хамы зæххы диссæгтæ,
Сырх денджызы былыл
æвирхъау тасæфтауæг митæ Чи сарæзта, Уый.
23 Хуыцауы зæрды уыди сæ фæцæгъдын,
фæлæ Моисей, Йе 'взæрст,
æрлæууыд Йæ разы æхсæнлæууæгæй,
цæмæй Хуыцау Йæ масты фæдыл ма ацæуа
æмæ сæ ма фесафа.

24 Сæхи атигъ кодтой бæллиццаг зæххыл,
Хуыцауы ныхасыл нæ бауæндыдысты
25 Æмæ хъуыр-хъуыр кодтой сæ цатырты,
нæ хъуыстой Дунедарæгмæ.
26 Æмæ сæм систа Йæ къух,
цæмæй сæ ныццæгъда æдзæрæг быдыры,
27 Ныппырх кæна сæ байзæддæгты адæмты æхсæн,
ныффæйлауа сæ зæххы цъарыл.

28 Уыдон куывтой Ваал-Фегормæ
æмæ хордтой, мард хуыцæуттæн кæй хастой,
уыцы нывондтæ.
29 Сæ хъуыддæгтæй-иу стызмæг кодтой Хуыцауы,
æмæ-иу сыл рын сыстади.
30 Уæд рацыд Финес, слæууыд се 'хсæн,
æмæ сæ рын ныууагъта.
31 Уый тыххæй ымад æрцыд рæстгæнæгыл
фæлтæрæй-фæлтæрмæ, æнусты кæронмæ.

32 Фæлæ та Меривы дæтты цур
смæсты кодтой Хуыцауы,
æмæ Моисей баййæфта æфхæрд уыдоны
тыххæй.
33 Уымæн æмæ Хуыцауы Уды ныхмæ рацыдысты,
æмæ Моисей фæрæдыд æнæрхъуыды ныхасæй.

34 Дунедарæг сын кæмæй загъта,
уыцы адæмты нæ фæцагътой.
35 Фæлæ схæццæ сты муртаттимæ,
сахуыр сты уыдоны æгъдæуттыл.
36 Куывтой сæ мæнгхуыцæуттæм,
æмæ сын уыдон систы къæппæг.
37 Сæ фыртты æмæ сæ чызджыты
хæйрæджытæн хастой нывондæн.
38 Ныккалдтой-иу æназым туг,
сæ лæппуты æмæ чызджыты туг –

нывондæн сæ хастой Ханааны
        мæнгхуыцæуттæн;
афтæмæй зæхх фæчъизи тугæй.
39 Сæ хъуыддæгтæй сæхи стылдтой цъыфы,
сæ митæ уыдысты хæтаджы митæ.

40 Хуыцауы маст рафыхт Йæ адæммæ,
сæнад Ын сты Йæ бындар адæм.
41 Æмæ сæ радта муртатты къухтæм,
сæ фыдгултæ сын систы æлдæрттæ.
42 Се знæгтæ сæ æфхæрдтой,
æмæ уыдысты сæ дæлбар.
43 Хуыцау сæ бирæ хæттыты бахызта,
фæлæ та-иу сфыдзонд сты;
арфдæр ныгъуылдысты сæ азымты.

44 Фæлæ-иу сæм æркасти сæ зынты,
сæ дзыназын-иу сын куы фехъуыста, уæд.
45 Семæ цы фидыд сарæзта,
уый-иу æрлæууыд Йæ зæрдыл,
батæригъæд-иу сын кодта
Йæ бирæ хорзæхмæ гæсгæ.
46 Уацары кæмæ уыдысты,
уыдонæн дæр-иу сфæлмæн кодта сæ зæрдæтæ
йæ адæммæ.
47 Фервæзын нæ кæн, Дунедарæг,
нæ Хуыцау, рамбырд нæ кæн дунейы адæмтæй,
æмæ стауæм Дæ сыгъдæг ном,
æппæлæм Дæ кадæй.

48 Арфæгонд у Дунедарæг,
Израилы Хуыцау æнусæй-æнустæм!
Уадз æппæт адæм зæгъæд: «Амен!»

Алилуйа!

# 106 ПСАЛОМ

1 Стаут Дунедарæджы, уымæн æмæ Уый
фæрнджын у,
уымæн æмæ Йæ хорзæх мыггагмæ у.
2 Афтæ зæгъæнт, Дунедарæг кæй фервæзын кодта,
фыдгулы къухæй кæй бахызта,
3 Æппæт бæстæтæй кæй æрæмбырд кодта –
скæсæнæй æмæ ныгуылæнæй,
цæгатæй æмæ хуссарæй – уыдон.

4 Æдзæрæг быдыры хауæггаг уыдысты
æдзæуæг фæндагыл,
кæм æрцæрой, ахæм сахар нæ ардтой.
5 Æййæфтой стонг æмæ дойны,
сæ уд тухæнæй сфæлахс и.
6 Уæд сæ тыхстæй сдзынæзтой Дунедарæгмæ,
æмæ сæ фервæзын кодта сæ зынтæй.
7 Ахуыдта сæ раст фæндагыл, цæмæй цæуой,
æрцæрæн кæм уыди, уыцы сахармæ.
8 Уæдæ стауæнт Дунедарæджы Йæ хорзæхы тыххæй,
адæмæн цы диссаджы хъуыддæгтæ сарæзта,
уыдоны тыххæй!
9 Уымæн æмæ дойныгæнæг удтæн суагъта сæ дойны,
хæрзтæй бафсæста æххормæгты зæрдæтæ.

10 Уыдон цардысты талынджы æмæ мæлæты тары –
тухæйнаг æмæ рæхыстæй баст ахстытæ;
11 Уымæн æмæ Хуыцауы ныхасы ныхмæ цыдысты,
ницæмæ дардтой Бæрзондбадæджы уынаффæтæ.
12 Хуыцау сын æрсаста сæ зæрдæ уæззау куыстытæй;
фæкалдысты, æмæ сын æххуысгæнæг нæ уыд.
13 Уæд сæ тыхстæй сдзынæзтой Дунедарæгмæ,
æмæ сæ фервæзын кодта сæ зынтæй.
14 Ракодта сæ талынгæй, мæлæты ауонæй,
арæдывта сын сæ рæхыстæ.

15 Уæдæ стауæнт Дунедарæджы Йæ хорзæхы тыххæй,
адæмæн цы диссаджы хъуыддæгтæ сарæзта,
уыдоны тыххæй!
16 Уымæн æмæ Уый басаста æрхуы дуæрттæ,
арæмыгъта æфсæн æхгæнæнтæ.

17 Æнæзæндтæ сæ галиу фæндæгты тыххæй,
сæ азымты тыххæй хъизæмары хай фесты.
18 Сæ зæрдæ ницыуал хæринаг иста,
æмæ ингæны къæсæрмæ æрбахæстæг сты.
19 Уæд сæ тыхстæй сдзынæзтой Дунедарæгмæ,
æмæ сæ фервæзын кодта сæ зынтæй.
20 Рарвыста Йæ ныхас æмæ сæ сдзæбæх кодта,
ингæнæй сæ бахызта.
21 Уæдæ стауæнт Дунедарæджы Йæ хорзæхы тыххæй,
адæмæн цы диссаджы хъуыддæгтæ сарæзта,
уыдоны тыххæй!
22 Æрхæссæнт Ын бузныджы нывонд,
цинæй заргæйæ хъусын кæнæнт Йæ хъуыддæгтæ!

23 Денджызмæ-иу сæ наутыл чи араст и,
фурды донвæндæгтыл йæ куыст чи кодта,
24 Уыдон уыдтой Дунедарæджы хъуыддæгтæ
æмæ Йæ диссæгтæ донзилæны.
25 Йæ ныхасæй-иу сыстади уад,
хæрдмæ иста уылæнтæ;
26 Наудзаутæ-иу ссыдысты арвмæ,
ныццыдысты дæлдзæхмæ;
сæ ныфс састи фыдæвзарæнты.
27 Зилдух кодтой æмæ, расгуытау, цудыдтой;
се 'ппæт арæхстдзинад-иу цыдæр æрбаци.
28 Уæд сæ тыхстæй сдзынæзтой Дунедарæгмæ,
æмæ сæ ракодта сæ зынтæй.
29 Уый ныссабыр кодта уад,
æмæ уылæнтæ банцадысты.

30 Ирвæзтытæ сцин кодтой, уыдон кæй банцадысты,
æмæ сæ Хуыцау æркодта сæ бæллиццаг
наулæууæнмæ.
31 Уæдæ стауæнт Дунедарæджы Йæ хорзæхы тыххæй,
адæмæн цы диссаджы хъуыддæгтæ сарæзта,
уыдоны тыххæй!
32 Уадз сбæрзонд кæной Йæ ном адæмы æмбырды,
кад Ын кæнæнт хистæртæ ныхасы.

33 Хуыцау цæугæдæттæй саразы хус быдыртæ,
згъоргæ суадæттæй – хуыскъ зæхх,
34 Бæркадджын зæххæй – цæхджын быдыр,
чи йыл цæры, уыдоны фыдæхы тыххæй.
35 Хус быдыр фестын кæны цад,
хуыскъ зæхх – згъоргæ суадæттæ;
36 Æмæ уым æрцæрын кæны цардмондæгты,
цæмæй саразой сахар æмæ дзы æрцæрой.
37 Байтауынц быдырты, ныссадзынц сæнæфсирдæттæ
æмæ сын æрхæссынц бирæ дыргъ.
38 Йæ арфæ сыл æруадзы, æмæ тынг сбирæ вæййынц,
сæ фосы нымæц дæр сын нæ цух кæны.

39 Чысыл куы вæййы сæ нымæц,
дæлбарæй ныллæггонд æфхæрд æмæ æрхæндæг,
40 Уæд сын æгадмæ æртæры се ʻлдæртты,
ныдздзæгъæл сæ кæны æдзæрæг, æвæндаг
быдырты.
41 Хъуагæйййафæджы та ссæрибар кæны йæ зынтæй,
фысты дзугау ын сбирæ кæны йæ мыггаг.
42 Рæстгæнджытæ уый уынынц æмæ цин кæнынц,
алы фыдзæрдæйæн та йæ бон зæгъын
ницыуал вæййы.

43 Зонджын чи у, уый раиртасæд адон
æмæ бамбарæд Хуыцауы хорзæх.

# 107 ПСАЛОМ

1 *Зарæг.*
*Давиды псалом.*

2 Мæ зæрдæ цæттæ у, Хуыцау;
зардзæни мæ уд æмæ Дæ стаудзæни
зарджыты зæлтæй.
3 Райхъал ут, хъисфæндыр æмæ уадындз!
Æз райхъал кæндзынæн сæуæхсид.
4 Адæмты æхсæн стаудзынæн Дæу, Дунедарæг;
зардзынæн Дыл знæмты æхсæн.
5 Уымæн æмæ стыр у Дæ хорзæх, арвæй уæлдæр,
Дæ рæстад – æврæгъты онг.
6 Арвæй бæрзонддæр уæд дæ ном, Хуыцау,
æппæт зæххыл – Дæ кад,
7 Цæмæй ссæрибар уой, Ды кæй уарзыс, уыдон.
Фервæзын мæ кæн Дæ рахиз цонджы руаджы,
ратт дзуапп мæ куывдæн.

8 Хуыцау Йæ рухс Кувæндоны загъта:
«Æз фæуæлахиз уыдзынæн, Сихем байуардзынæн,
Сокхофы дæлвæз дæр ныддихтæ кæндзынæн,
9 Мæн у Галаад, Мæн у Манасси,
Ефрем – Мæ сæрæн згъæрхуд,
Иудæ – Мæ паддзахы лæдзæг.
10 Моав – Мæ хихсæн кæхц у,
Едомыл æрæвæрдзынæн Мæ къах,
филистимаг зæххыл азæлдзæн Мæ хъæлæс».

11 Чи мæ бакæндзæн фидар сахармæ?
Чи мæ бахæццæ кæндзæн Едоммæ,
12 Кæд уый Ды нæ уыдзынæ, Хуыцау,
Йæхи ныл чи атигъ кодта
æмæ не 'фсадимæ чи нал рацæуы, уыцы Хуыцау?
13 Баххуыс нын кæн тыхæвзарæны,

уымæн æмæ адæймаджы æххуыс ницы у.
14 Хуыцауимæ фæуæлахиз уыдзыстæм;
Уый ныссæнддзæн не знæгты Йæ къæхты бын.

## 108 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

О Хуыцау, Дæуæн кад кæнын, ма у æнæдзуапп.
2 Уымæн æмæ фыдлæгтæ æмæ мæнгдзурджытæ
сластой се 'взаг мæ ныхмæ;
мемæ кæнынц фæлывд ныхас.
3 Æртыхстысты мыл се ‘фхæрæн ныхæстимæ;
лæбурынц мæм æнæфсонæй.
4 Мæ уарзтæн дзуапп дæттынц знаггадæй,
æз та уæддæр кувын.
5 Мæ хорз мын фидынц æвзæрæй,
мæ уарзт – фыдæхæй.

6 Фыдлæджы дæлбар бакæн ме знаджы,
зылынгæнæг æрлæууæд йæ рахиз фарс.
7 Тæрхон ын куы хæссой, уæд разынæд азымджын,
йæ куывд нымад æрцæуæд тæригъæдыл.
8 Йæ бонтæ фæцыбыр уæд,
йæ бынат ын бацахсæд æндæр.
9 Йæ хъæбултæ баззайæнт сидзæрæй,
йæ ус – идæдзæй.
10 Йæ хъæбултæ баззайæнт дзæгъæл æмæ мæгуырæй,
курæг цæуæд сæ хæдзары пырхæнтæй.
11 Цыдæриддæр æм ис, уый бауæд
йе 'фстаудæттæджы,
æцæгæлæттæ йын фæхæссæнт
йæ цæнгты фæллæйттæ.
12 Батæригъæдгæнæг ын мачи уæд,
йæ сидзæртæн рæвдауæг ма разынæд.

13 Йæ байзæддаг фæцагъды уæд,
фæстагæтты æхсæн сæ ном фесæфæд.
14 Хуыцау ын æрымысæд йæ фыдæлты азымтæ,
йæ мады тæригъæд æхсад ма 'рцæуæд.
15 Сæ тæригъæдтæ иудадзыг уæнт
Дунедарæджы цæсты раз,
зæххыл фыдлæгтæн сæ кой дæр куыд фесафа.

16 Йæ зæрды кæй нæ уыди хорзæх кæнын,
фæлæ мæгуыр, æфхæрд æмæ зæрдæсаст
адæймаджы фæдыл йæ амарынмæ кæй зылди,
уый тыххæй.
17 Уарзта æлгъитын – æмæ йæхиуыл æрцæуæд;
нæ йæ бафæндыд арфæдзинад –
æмæ дзы уый адард уæд.
18 Æлгъыстæй йæхи фæлыста дарæсау,
уæдæ донау ацæуæд йæ хуылфы,
зетийау – йе стджыты.
19 Æмæ йыл æртыхсæд уæлæдарæсау,
кæддæриддæр йæ астæуыл баст ронау.
20 Ахæм уæд сæ мызд Дунедарæгæй
мæ ныхмæлæуджытæн,
мæ уды фыдгой чи кодта, уыдонæн.

21 Мæныл та, мæ Хицау Хуыцау,
Ды бацауд Дæ номы сæраппонд;
Дæ хорзæх фæрнджын у – фервæзын мæ кæн.
22 Уымæн æмæ æз æфхæрд æмæ мæгуыр дæн,
мæ зæрдæ мæ риуы фæцæф.
23 Æз тайын изæры аууонау;
мæтых куыд риза, афтæ ризын.
24 Мæ уæрджытæ слæмæгъ сты комдардæй,
мæ буар сфæлахс и сойцухæй.
25 Сдæн сын хынджылæггаг;
мæн фенгæйæ сæ сæртæ фæтилынц.

26 Баххуыс мын кæн, Дунедарæг, мæ Хуыцау;
Ды уарзæгой дæ, æмæ фервæзын кæн мæн.
27 Уадз базоной – уый Дæ æрмдзæф у,
уый Ды бакодтай, Дунедарæг.
28 Уыдон кæд æлгъитынц,
уæддæр Ды арфæ кæндзынæ,
кæд ныхмæ рацæуынц,
уæддæр фегад уыдзысты;
Дæ цагъар та сцин кæндзæни.
29 Фæлыстау сын уыдзæни фидисы ном
мæ ныхмæлæуджытæн,
худинаг сыл æрбатыхсдзæни пæлæзау.

30 Æз та зæрдæбынæй æппæлдзынæн Дунедарæгæй,
staудзынæн Æй стыр æмбырды æхсæн.
31 Уымæн æмæ Уый мæгуырæн йæ рахиз фарс лæууы,
цæмæй йæ фервæзын кæна,
мæлæты тæрхон ын чи хæссы, уыдонæй.

## 109 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Хуыцау загъта мæ Хицауæн:
«Сбад Мæ рахиз фарс, цалынмæ Де знæгты
Дæ къæхтæн бынæн æрæвæрон, уæдмæ».

2 Хуыцау Дын хъомысы барлæдзæг арвитдзæн
Сионæй,
æмæ æлдариуæг кæндзынæ Де 'ппæт знæгтыл.
3 Дæ тохы бон Дæ адæм æмвæндæй уыдзысты Демæ;
Дæ бæрзонд кады рухс – сæуæхсиды райгуырдæй,
Ды йæ райстай сæууон æртæхау Дæ æрыгонæй.

4 Дунедарæг расомы кодта,
æмæ Йæ сомы нæ басæтдзæн:

«Ды Мелхиседекы хуызæн Алчер дæ мыггагмæ».

5 Дунедарæг – Дæ рахиз фарс;
Йæ азары бон ныппырх кæндзæн паддзæхты.
6 Адæмтæн рахæсдзæн тæрхон,
мæрдтæй байдзаг кæндзæн бæстæ,
æппæт зæххыл ныппырх кæндзæн хицæутты.

7 Фæндагыл нуаздзæни доны ивылæнæй,
уымæ гæсгæ Йын сбæрзонд кæндзæни Йæ кад.

## 110 ПСАЛОМ

1 Алилуйа!

Стаудзынæн Дæ, Дунедарæг, æппæт зæрдæйæ
рæстгæнджыты æхсæн æмæ адæмы æмбырды.

2 Диссаг сты Хуыцауы хъуыддæгтæ,
æхцон сты, чи сæм бæллы, уыдонæн.
3 Йæ хъуыддæгтæ – стырад æмæ кад,
йæ рæстдзинад цæры мыггагмæ.
4 Æнæферохгæнгæ скодта Уый Йæ диссæгтæ;
хæрзгæнæг æмæ фæлмæнзæрдæ у Дунедарæг.
5 Чи Йæ нымайы, уыдонæн дæтты хойраг;
Йæ фæдзæхст Дзы мыггагмæ дæр нæ рох кæны.
6 Йæ хъуыддæгты Йæ тых равдыста Йæ адæмæн,
муртатты зæхх сын бынтæн куы радта, уæд.
7 Йæ армæй сконд – æнувыд æмæ раст тæрхон,
Йæ уынаффætæ се 'ппæт дæр сты æцæг.
8 Фидаргонд сты мыггагмæ,
арæзт сты æнувыддзинад æмæ рæстадæй.
9 Уый Йæ адæмæн рарвыста ирвæзындзинад;
Йæ фæдзæхст снысан кодта мыггагмæ –
сыгъдæг æмæ тасæфтауæг у Йæ ном.

10 Хуыцауы тас зонды гуырæн у;
Йæ фæдзæхстытæ æххæстгæнджытæн раст зонд ис.
Кад уæд Уымæн мыггагмæ!

## 111 ПСАЛОМ

1 Алилуйа!

Тæхудиаг у уыцы адæймаг, Хуыцауæй чи
тæрсы,
Уый фæдзæхстытæ тынг æхцон кæмæн сты.
2 Тыхджын уыдзысты зæххыл йæ байзæддаг,
арфæгонд уыдзысты йæ фæстагæттæ.
3 Йæ хæдзары – бæркад æмæ хъæздыгад,
йæ рæстдзинад цæрдзæни мыггагмæ.
4 Рæстгæнæгæн талынджы скæсы рухс,
уый рæдау, фæлмæнзæрдæ æмæ хатыргæнаг у.
5 Фæрнджын у фæлмæнзæрдæ
æмæ æфстау дæттæг адæймаг;
йæ алы хъуыддаг дæр аразы рæстæй,
6 Мыггагмæ дæр нæ фæцуддзæни;
рæстгæнæг мыггагмæ дæр никуы уыдзæн рох.
7 Нæ фæтæрсдзæн фыдцауæй – фидар у йæ зæрдæ,
умæн æмæ йæ ныфс Хуыцауыл æвæры.
8 Ædас у йæ зæрдæ,
йе знæгты фендæй никуы фæтæрсдзæн.
9 Цы йæм уыди, уый бахардз кодта,
байуæрста мæгуыртæн;
Йæ рæстдзинад цæрдзæн мыггагмæ;
йæ кад уыдзæни бæрзонд.

10 Фыдлæг уый куы фена,
уæд мастæй байдзаг уыдзæни,
цæудзæн йæ дæндæгты хъыррыст, баруайдзæн.
Фыдлæгты фæндтæ се 'ппæт дæр фехæлдзысты.

## 112 ПСАЛОМ

1 Алилуйа!

Æппæлут Дунедарæгæй, Йæ цагъартæ,
æппæлут Дунедарæджы номæй.
2 Арфæгонд уæд Дунедарæджы ном абон дæр
æмæ мыггагмæ дæр.
3 Скæсæнæй ныгуылæнмæ скадджын уæд
Хуыцауы ном.

4 Бæрзонд у æппæт адæмты сæрмæ Хуыцау,
Йæ кад арвæй уæлдæр у.
5 Чи уыдзæн Дунедарæджы, нæ Хуыцауы хуызæн,
Йæ паддзахы бадæн бæрзонд кæмæн у,
6 Чи баввæрсы арв æмæ зæххыл æмæ сæм Чи æркæсы?!

7 Мæгуыры сисы зæххы рыгæй,
гæвзыччы сласы фæныкæй,
8 Цæмæй йæ сбадын кæна адæмы уæздæттимæ,
Йæ адæмы уæздæттимæ.
9 Æнæзæнæг хæдзары сылгоймаджы скæны мад –
йæ хъæбултыл цингæнæг.

Алилуйа!

## 113 ПСАЛОМ

1 Израил куы рацыд Мысырæй,
Иаковы хæдзарвæндаг – æцæгæлон æвзагыл дзурæг
адæмæй,
2 Уæд Иудæ сси Хуыцауæн сыгъдæг,
Израил – Йæ исбон.

3 Денджыз уый куы федта, уæд лидзынмæ фæци;
Иорданы цæугæдон фæстæрдæм фæцыд.

4 Хæхтæ гæппытæ кодтой фырытау,
обæуттæ – уæрыччытау.

5 Цы дыл æрцыд, денджыз, лидзынмæ цы фæдæ,
æмæ дæуыл, Иордан, фæстæрдæм цы фæцыдтæ?
6 Цы гæппытæ кæнут, фырытау, хæхтæ,
уæрыччытау – обæуттæ?

7 Бариз, зæхх, Дунедарæджы цæсгомы раз,
Иаковы Хуыцауы цæсгомы раз.
8 Дунедарæг къæдзæх фестын кæны цад,
айнæг – доны гуырæн.

9 Мах нæ, Дунедарæг, мах нæ,
фæлæ Дæ ном скадджын кæн,
уымæн æмæ æнæкæрон у Дæ уарзт
æмæ Дæ иузæрдиондзинад.
10 Цæмæн хъуамæ дзурой муртаттæ:
«Кæм ис, уæдæ, сæ Хуыцау?»
11 Нæ Хуыцау уæлæрвты ис;
æмæ Йæ цыдæриддæр фæнды, уый кæны.

12 Уыдонæн та сæ гуымирытæ –
æвзист æмæ сызгъæрин –
адæймаджы къухтæй конд.
13 Ис сын дзыхтæ, фæлæ дзурын нæ зонынц;
ис сын цæстытæ, фæлæ нæ уынынц.
14 Ис сын хъустæ, фæлæ нæ хъусынц;
ис сын фындзтæ, фæлæ не 'мбудынц.
15 Ис сын къухтæ, фæлæ уырзæй не 'нкъарынц;
ис сын къæхтæ, фæлæ цæуын нæ зонынц;
ис сын хъуыртæ, фæлæ сæ уынæр нæ райхъуысы.
16 Чи сæ аразы æмæ сыл йæ зæрдæ чи дары,
уыдон дæр уыцы гуымирытæй уæлдай не сты.

17 Израилы адæм!
Уæ зæрдæ дарут Дунедарæгыл –
Уый у не 'ххуысгæнæг æмæ нæ уарт.
18 Аароны хæдзарвæндаг!
Уæ зæрдæ дарут Дунедарæгыл –
Уый у не 'ххуысгæнæг æмæ уарт.
19 Дунедарæгæй чи тæрсы, уыдон!
Уæ зæрдæ дарут Дунедарæгыл –
Уый у не 'ххуысгæнæг æмæ уарт.

20 Дунедарæг нæ рох кæны мах,
арфæ нын кæндзæни:
арфæ кæндзæни Израилы хæдзарыл,
арфæ кæндзæни Аароны хæдзарыл.
21 Арфæ кæндзæн, Дунедарæджы чи нымайы,
уыдонæн стырæй-чысылæй.

22 Дунедарæг уæ скæнæд фылдæрæй-фылдæр –
сымах дæр æмæ уæ цоты дæр.
23 Арфæгонд стут сымах арв æмæ зæхх
сфæлдисæг Хуыцауæй.

24 Уæлæрвтæ – Хуыцауы сты уыдон,
зæхх та радта Уый лæджы фырттæн.
25 Мæрдтæ нæ кад кæндзысты Дунедарæгæн,
нæдæр æнæсым ингæнмæ цæуджытæ;
26 Мах та стаудзыстæм Дунедарæджы,
абон дæр æмæ мыггагмæ.

Алилуйа!

## 114 ПСАЛОМ

1 Æз уарзын Дунедарæджы,
Уый фехъуыста мæн,
дзуапп радта мæ лæгъстæйæн.

2 Айста мæ кувын, æмæ Йын ардзынæн Йæ ном
мæ цæргæбонты.

3 Æртыхстысты мыл мæлæты бæндæнтæ,
фыдохы азар мæ æрсырдта мæ тыхсты бон,
фыдбылыз мæ баййæфта.
4 Уæд Хуыцаумæ Йæ номæй сдзырдтон,
балæгъстæ Йын кодтон:
«Хуыцау, бахиз мын мæ уды».

5 Рæдау æмæ рæстаг у,
фæлмæнзæрдæ у нæ Хуыцау.
6 Дунедарæг хъахъхъæны æнæхинты –
æдых уыдтæн æмæ мæ фервæзын кодта.

7 Æрбаздæх, мæ уд, Де 'нцой бынатмæ –
Дунедарæг хорзы бацыди дæуæн.

8 Ды мæ уды бахызтай мæлæтæй,
мæ цæстытæ – цæссыгæй,
мæ къæхтæ – фæкæлынæй,
9 Цæмæй æз Хуыцауы раз
цæуон царды зæххыл.

## 115 ПСАЛОМ

1 Æз фидарæй æууæндыдтæн Хуыцауыл,
«тынг æфхæрд дæн» куы дзырдтон, уæд дæр.
2 Æмæ мæ тыхстæй загътон:
«Алы адæймаг дæр мæнгард у».

3 Цæмæй бафиддзынæн Хуыцауæн Йæ бирæ хæрзтæ?
4 Хуыцауæй ирвæзындзинады кæхц райсдзынæн
æмæ Йæ ном ссардзынæн.
5 Дунедарæгæн дзырд цæй тыххæй радтон,
уый æппæт адæмы раз сæххæст кæндзынæн.

6 Хуыцауы цæсты тынг ахадгæ у
Йæ сыгъдæджыты мæлæт.
7 О Дунедарæг! Дæ цагъар дæн æз, Дæ цагъар дæн
æмæ Дæ цагъар сылгоймаджы хъæбул;
Ды мæ суæгъд кодтай рæхыстæй.

8 Дæуæн æрхæсдзынæн бузныджы нывонд
æмæ ссардзынæн Хуыцауы ном.
9 Дунедарæгæн дзырд цæй тыххæй радтон,
уый æппæт адæмы раз сæххæст кæндзынæн,
10 Хуыцауы Кувæндоны кæртыты,
дæ бæстастæу, Иерусалим!

Алилуйа!

## 116 ПСАЛОМ

1 Стаут Дунедарæджы, æппæт адæмтæ,
кад Ын кæнут, æппæт адæмыхæттытæ.
2 Уымæн æмæ стыр у Йæ хорзæх махмæ,
Дунедарæг иузæрдион у мыггагмæ.

Алилуйа!

## 117 ПСАЛОМ

1 Стаут Дунедарæджы, уымæн æмæ Уый
фæрнджын у,
Йæ хорзæх мыггагмæ у.

2 Уæдæ зæгъæд Израил:
«Йæ хорзæх мыггагмæ у».
3 Уæдæ зæгъæд Аароны хæдзарвæндаг:
«Йæ хорзæх мыггагмæ у».
4 Уæдæ зæгъæнт, Хуыцауæй чи тæрсы, уыдон:
«Йæ хорзæх мыггагмæ у».

5 Мæ тыхстæй сдзырдтон Дунедарæгмæ;
Уый мæ фехъуыста, мæ цæуæнтæ мын скодта уæрæх.
6 Хуыцау мемæ ис, нæ фæтæрсдзынæн:
цы мын у адæймаджы бон?
7 Хуыцау мемæ ис, Уый ме 'ххуысгæнæг у.
Æз кæсдзынæн ме знæгтæм мæ цæстыдзагæй.
8 Адæймагæй ныфс æвæрыны бæсты
Хуыцауæй æххуыс агурын хуыздæр у.
9 Æлдæрттæй ныфс æвæрыны бæсты
Хуыцауæй æххуыс агурын хуыздæр у.

10 Æртыхстысты мыл æппæт адæмтæ,
фæлæ сæ æз Хуыцауы номæй фæсырдтон.
11 Æрæмбырд мыл сты, æртыхстысты мыл,
фæлæ сæ æз Хуыцауы номæй фæсырдтон.
12 Цæваг біндзытау мыл æртыхстысты,
фæлæ бамынæг сты сындзджын артау;
Хуыцауы номæй сæ фæсырдтон.
13 Тынг мæ асхуыстат, куыд æрхауон, афтæ;
фæлæ мын Хуыцау баххуыс кодта.
14 Дунедарæг – мæ тых æмæ мæ зарæг;
Уый сси мæ ирвæзынгæнæг.

15 Рæстгæнджыты хæдзæрттæй хъуысы
уæлахиз æмæ цины уынæр:
«Хуыцау æвдисы Йæ рахиз цонджы тых!
16 Дунедарæджы рахиз цонджы уæлахиз бæрзонд у;
Хуыцау æвдисы Йæ рахиз цонджы тых!»

17 Нæ амæлдзынæн, фæлæ цæрдзынæн
æмæ хъусын кæндзынæн Хуыцауы хъуыддæгтæ.
18 Карз мæ бафхæрдта Хуыцау,
фæлæ мæ мæлæтмæ нæ радта.

19 Байгом мын кæнут рæстады кулдуар –

бацæудзынæн æмæ скад кæндзынæн Хуыцауæн.
20 Уый Хуыцауы кулдуар у –
рæстгæнджытæ бацæудзысты уыцы кулдуарыл.
21 Бузныг дæн Дæуæй, Ды мæ кæй фехъуыстай;
Ды сдæ мæ ирвæзындзинад.

22 Амайджытæ сæхи цы дурыл атигъ кодтой,
уый сси сæрæвæрæн.
23 Уый Хуыцауæй уыди, æмæ диссаг кæсы махмæ.
24 Абоны бон Хуыцау сфæлдыста;
хъæлдзæг уæм æмæ йыл цин кæнæм.

25 О Дунедарæг, фервæзын нæ кæн;
О Хуыцау, ратт нын æнтыст.
26 Арфæгонд у Хуыцауы номæй æрцæуæг!
Арфæ уын кæнæм Хуыцауы Хæдзарæй.
27 Хуыцау у Дунедарæг, срухс нæ кодта Йæ тæмæнæй.
Сбæттут бæттæнтæй бæрæгбоны кусæрттаджы,
ракæнут æй нывондхæссæны сыкъатæм хæстæг.

28 Ды мæ Хуыцау дæ – стаудзынæн дæ;
Ды мæ Хуыцау дæ –
бæрзонд скæндзынæн Дæ кад.

29 Стаут Дунедарæджы, уымæн æмæ Уый
фæрнджын у,
Йæ хорзæх мыггагмæ у.

## 118 ПСАЛОМ

### א – Алеф*

1 Тæхудиаг сты уыдон,
йæ цардвæндаг æнаипп кæмæн у,

* 118 Псалом фыст у акростихæй: алы строфайы рæнхъытæ райдайынц дзуттаг дамгъæтæн сæ иуæй – дзуттаг дамгъæты равæрдмæ гæсгæ.

Хуыцауы ӕгъдаумӕ гӕсгӕ чи цӕры.
2 Тӕхудиаг сты уыдон,
Хуыцауы уагӕвӕрдтӕ чи 'ххӕст кӕны,
ӕппӕт зӕрдӕйӕ Уый чи агуры.
3 Уыдон фыдми нӕ ракӕнынц,
фӕлӕ цӕуынц Хуыцауы фӕндагыл.
4 Ды бафӕдзӕхстай Дӕ амындтӕ,
цӕмӕй сӕ кӕронмӕ ӕххӕст кӕнӕм.
5 О, куы цӕуин ӕз Дӕ фӕндӕгтыл,
цӕмӕй Дӕ уагӕвӕрдтӕ ӕххӕст кӕнон!
6 Уӕд нӕ фегад уаин,
куы исин мӕхимӕ Де 'ппӕт фӕдзӕхстытӕ.
7 Стаудзынӕн Дӕ раст зӕрдӕйӕ,
Дӕ ӕнӕхӕрам уынаффӕтыл ахуыр кӕнгӕйӕ.
8 Дӕ уагӕвӕрдтӕн уыдзынӕн коммӕгӕс;
ӕрмӕст мӕ ма ныууадз бынтон!

**ב – Бет**

9 Куыд бавӕра ӕвзонг лӕппу йӕ цардвӕндаг
сыгъдӕгӕй? –
Дӕ ныхасмӕ гӕсгӕ цӕргӕйӕ.
10 Агурын Дӕ ӕппӕт зӕрдӕйӕ;
ма бауадз мӕн Дӕ фӕдзӕхстытӕй аздӕхын.
11 Ӕз мӕ зӕрдӕйы рӕбын дарын Дӕ ныхас,
цӕмӕй Дӕ разы тӕригъӕд ма аразон.
12 Арфӕгонд дӕ Ды, Дунедарӕг;
бацамон мын Дӕ уагӕвӕрдтӕ.
13 Ӕргомӕй хъусын кӕндзынӕн
Дӕуӕй рацӕугӕ ӕппӕт уынаффӕтӕ.
14 Цыфӕнды хӕзнайӕ мын стырдӕр цин хӕссы
Дӕ уынаффӕты фӕндагыл цӕуын.
15 Мӕ хъуыдытӕ сты Дӕ фӕдзӕхстытыл;
цӕуын Дӕ амынд фӕндагыл.
16 Дӕ уагӕвӕрдтӕ мын ӕхсызгон сты,
Дӕ ныхас нӕ рох кӕнын.

## ג – Гимел

17 Дæ хорзæх æруадз Дæ цагъарыл, æмæ цæрдзынæн;
æххæст кæндзынæн Дæ ныхас.
18 Байгом кæн мæ цæстытæ,
æмæ фендзынæн диссæгтæ Дæ фæдзæхстыты.
19 Æз зæххыл фæндаггон дæн,
ма бамбæхс мæнæй Дæ уынаффæтæ.
20 Мæ уд бастади æдзух Дæ раст тæрхонмæ бæлгæйæ.
21 Ды бауайдзæф кодтай хъалтæн;
уыдон æлгъыст сты –
Дæ фæдзæхстытæй аздæхтысты.
22 Аиуварс кæн мæнæй æгад æмæ худинаг,
уымæн æмæ æз Дæ уынаффæтæм гæсгæ цæрын.
23 Кæд æлдæрттæ бадынц æмæ тæрхæттæ кæнынц
мæ ныхмæ,
уæддæр Дæ цагъары хъуыдытæ
Дæ уагæвæрдтыл сты.
24 Дæ уынаффæтæ мын æхсызгон сты,
уыдон мын – æгас зондамонджытæ.

## ד – Далет

25 Зæххы рыг æмвæз сси мæ уд;
райгас мæ кæн Дæ ныхасмæ гæсгæ.
26 Æз радзырдтон мæ цардвæндæгты тыххæй,
æмæ мæ Ды фехъуыстай;
бацамон мын Дæ уагæвæрдтæ.
27 Бамбарын мын кæн Дæ уынаффæты фæндаг,
æмæ уæд мæ хъуыдытæ Дæ диссаг хъуыддæгтыл
уыдзысты.
28 Мæты бацыди мæ уд;
сфидар мæ кæн Дæ ныхасмæ гæсгæ.
29 Аиуварс мæ кæн мæнг фæндагæй;
батæригъæд мын кæн Дæ ныхасмæ гæсгæ.
30 Æз равзæрстон æцæгады фæндаг,
æмæ мæ цæстæнгас саразтон Дæ рæстдзинадмæ.

31 Æз фидар хæцын Де ‘гъдæуттыл,
О Дунедарæг, ма мæ ратт æгадмæ.
32 Æз згъордзынæн Дæ фæдзæхст фæндагыл;
Ды мæ зæрдæйæн уæрæх æмбарынад дæттыс.

### ה – Хе

33 Сахуыр мæ кæн, О Дунедарæг,
Дæ уагæвæрдты фæндагыл лæууын,
æмæ йыл æз кæронмæ цæудзынæн.
34 Зонд мын бацамон, æмæ æххæст кæндзынæн
Де ‘гъдау,
æмæ йын æппæт зæрдæйæ уыдзынæн коммæгæс.
35 Бафтау мæ Дæ фæдзæхстытæ æххæст кæныныл,
уымæн æмæ мæ зæрдæйæн уыцы фæндаг æхцон у.
36 Мæ зæрдæ аздах хипайдамæ нæ,
фæлæ Дæ уынаффæтæм.
37 Аздах мæ цæстæнгас цæмæй ма уынон,
мæнг цы у, уый;
сног мын кæн мæ цард Дæ фæндагыл.
38 Дæ цагъарæн Дæ зæрдæвæрд сæххæст кæн,
цæмæй Дæ æндæртæ дæр нымайой.
39 Цы æгадæй тæрсын уый аиуварс кæн мæнæй;
куыд фæрнджын сты Дæ уынаффæтæ!
40 О, куыд бæллын æз дæ амындтытæм;
сног мын кæн мæ цард Дæ рæстдзинадæй.

### ו – Вав

41 Уадз мæн баййафæд Де ‘нæаивгæ уарзт, Дунедарæг
æмæ мын фервæзынæй цы ныфс æвæрдтай, уый.
42 Æмæ æз дзуапп ратдзынæн мæ фыдгойгæнæгæн,
уымæн æмæ Дæ ныхасыл дарын мæ зæрдæ.
43 Бынтон æнæхай ма фæкæн мæн
Де 'цæгады ныхас дзурынæй,
уымæн æмæ мæ зæрдæ Дæ рæстдзинадыл дарын,
44 Æмæ æз Де ‘гъдауыл хæцдзынæн кæддæриддæр
æмæ мыггагæй-мыггагмæ.

45 Мæ къахайст уыдзæни уæрæх,
уымæн æмæ æз Дæ уынаффæтæ бацагуырдтон.
46 Паддзæхты раз дзурдзынæн Дæ уагæвæрдты
тыххæй
æмæ нæ фефсæрмы уыдзынæн.
47 Мæнæн æхцон сты Дæ фæдзæхстытæ,
уымæн æмæ æз бауарзтон уыдон.
48 Бæрзонд хæсдзынæн Дæ фæдзæхстытæ –
уыдон бауарзтон æз,
мæ хъуыдытæ уыдзысты Дæ уагæвæрдтыл.

## ז – Зайин

49 Æрымыс, Дæ цагъарæн ныфсæвæрынæн
цы дзырд радтай, уый.
50 Дæ ныхас мæ раздахы цардмæ,
мæ хъыгты мын дæтты рæвдыд.
51 Хъалтæ мæ тынг æфхæрдтой,
фæлæ æз Дæ уагæвæрдтæй нæ аздæхтæн.
52 Мæ зæрдыл дарын Дæ æнусон фæдзæхстытæ,
О Дунедарæг,
æмæ сæ исын рæвдыд.
53 Маст мын ме уæнгтæ сбæтты,
Дæ уагæвæрдтæ ныууадзæг фыдгæнджыты
куы фенын, уæд.
54 Кæмдæриддæр цардтæн, уым мын
Дæ фæдзæхстытæ уыдысты мæ зарæджы сæр.
55 Æхсæвыгæтты-иу æрымысыдтæн Дæ ном,
О Дунедарæг,
æмæ мæ зæрдыл дардтон Дæ уынаффæтæ.
56 Уый сси мæнæн æгъдау –
цæрын Дæ уагæвæрдтæм гæсгæ.

## ח – Хет

57 О Дунедарæг, Ды дæ мæ Хуыцауы хай;
æз загътон: æххæст кæндзынæн Дæ ныхæстæ.
58 Æппæт зæрдæйæ агурын Дæ хорз цæстæнгас;

батæригъæд мын кæн
Дæ зæрдæвæрдмæ гæсгæ.
59 Æз хъуыды кодтон мæ фæндæгтыл
æмæ мæ къахдзæфтæ сарæзтон Дæ амындтытæм.
60 Æз тагъд кодтон, фæстæ нæ лæууыдтæн
Дæ фæдзæхстытæ æххæст кæнынæй.
61 Фыдлæгты сахсæнтæ – мæ алыварс,
фæлæ æз дæ ныхас нæ рох кодтон.
62 Æмбисæхсæв-иу сыстадтæн
Дæ раст тæрхонты тыххæй
Дæуæн кад скæнынмæ.
63 Хæлар дæн æз, Дæуæй чи тæрсы
æмæ Дæ уынаффæтæ чи æххæст кæны,
æппæт уыдонæн.
64 Де стыр хорзæхæй, Хуыцау, æмыдзаг у зæхх;
бацамон мын Дæ уагæвæрдтæ.

## ט – Тет

65 Ды хорзы бацыдтæ Дæ цагъарæн, О Дунедарæг,
зæрдæ куыд бавæрдтай, афтæ.
66 Бацамон мын хорз зонд æмæ мæ скæн æмбаргæ,
уымæн æмæ æз æууæндын Дæ фæдзæхстытыл.
67 Мæ хъизæмары агъоммæ æз рæдыдтæн,
ныр та Дæ ныхасæн дæн коммæгæс.
68 Ды фæрнджын æмæ фарн тауæг дæ;
бацамон мын Дæ уагæвæрдтæ.
69 Æнæхуыцæуттæ мыл æндадзынц сæ мæнг
ныхæстæ;
æз та зæрдиагæй æххæст кæндзынæн
Дæ уагæвæрдтæ.
70 Сæ зæрдæтыл фырнæрдæй схæцыд фиу,
мæнæн та Дæ ныхас æхцон у.
71 Хуыздæрæн мын уыдисты мæ хъизæмæрттæ,
цæмæй базонон Дæ амындтæ.
72 Дæ комæй рацæугæ фæдзæхст мæнæн
мингай сызгъæрин æмæ æвзистæй хуыздæр у.

## י – Йод

73 Дæ къухтæ сфæлдыстой æмæ снывæзтой мæн;
скæн мæ æмбаргæ æмæ базондзынæн,
Дæ фæдзæхстытæ.
74 Дæуæй чи тæрсы, уыдон мæ фендзысты æмæ цин кæндзысты,
уымæн æмæ Дæ ныхасыл мæ зæрдæ дарын.
75 Дæ тæрхонтæ раст кæй сты,
уый мын зындгонд у, О Дунедарæг;
Дæ иузæрдионæй бафхæрдтай мæн.
76 Уадз Дæ хорзæх уæд мæ рæвдауæг,
Дæ цагъарæн зæрдæ куыд бавæрдтай, афтæ.
77 Æрцæуæд мыл Дæ рæвдыд, æмæ æз цæрдзынæн,
уымæн æмæ Дæ фæдзæхстытæ æхцон сты мæнæн.
78 Уадз фегад уой хъалтæ,
уымæн æмæ æнаххосæй уынгæг кæнынц мæн;
мæ хъуыдытæ та уыдзысты Дæ уагæвæрдтыл.
79 Дæуæй чи тæрсы, Дæ уынаффæтæ чи зоны,
уыдон раздæхæнт мæнмæ.
80 Уадз æмæ мæ зæрдæ уа æнаипп Дæ амындмæ гæсгæ,
цæмæй ма фегад уон.

## כ – Каф

81 Руайы мæ уд Дæ ирвæзындзинадмæ бæлгæйæ;
мæ зæрдæ Дæ ныхасыл дарын.
82 Руайынц мæ цæстытæ Дæ зæрдæвæрæнмæ бæлгæйæ,
æмæ фæзæгъын: «Кæд мæ барæвдаудзынæ?»
83 Лалым фæздæгмæ куыд бампылы, афтæ сдæн æз,
фæлæ Дæ уагæвæрдтæ нæ ферох кодтон.
84 Цас æнхъæлмæ кæсон æз – Дæ цагъар?
Кæд стæрхон кæндзынæ мæ сурджытæн?
85 Дæ æгъдау ницæмæ даргæйæ,
сæрыстыртæ мæнæн скъахтой уæрм,
86 Мæ фæдыл зилынц æнаххосæй;

баххуыс мын кæн, уымæн æмæ
Де 'ппæт фæдзæхстытæ æцæг сты.
87 Бирæ сæ нал хъуыди а-дунейæ мæн фесафынмæ,
фæлæ æз Дæ уагæвæрдтæ нæ ныууагътон.
88 Дæ хорзæхы руаджы мын бахиз мæ цард,
æмæ æххæст кæндзынæн Дæ комæй рацæугæ
уынаффæтæ.

## ל – Ламед

89 Дæ ныхас, О Дунедарæг,
уæлæрвты фидаргонд у мыггагмæ.
90 Дæ иузæрдиондзинад фæлтæрæй-фæлтæрмæ у;
Ды æрфидар кодтай зæхх, æмæ лæууы.
91 Дæ уынаффæмæ гæсгæ нырмæ лæууы æппæт дæр,
уымæн æмæ коммæгæс сты Дæуæн.
92 Дæ ныхасæй куы нæ исин рæвдыд,
уæд афонмæ мæ хъизæмæртты амæддаг фæуыдаин.
93 Мыггагмæ дæр нæ ферох кæндзынæн
Дæ уагæвæрдтæ –
цард мын уыдоны фæрцы дæттыс.
94 Æз Дæу дæн – фервæзын мæ кæн,
уымæн æмæ Дæ амындтытæ бацагуырдтон.
95 Фыдлæгтæ цæттæйæ лæууынц мæн бабын
кæнынмæ;
æз та арфдæр хъуыды кæнын Дæ уагæвæрдтыл.
96 Æз федтон, алцæмæй æххæст цы у,
æппæт уыдонæн сæ кæрон,
фæлæ Дæ фæдзæхстытæн кæрон нæй.

## מ – Мем

97 Куыд уарзын æз Дæ ныхас! Мæ хъуыдытæ
боны дæргъы дæр ууыл вæййынц.
98 Дæ фæдзæхстытæ мæ ме знæгтæй скодтой
зондджындæр,
уымæн æмæ кæддæриддæр мемæ сты.
99 Ме 'ппæт ахуыргæнджытæй æз фæзонæгдæр дæн,

уымæн æмæ мæ хъуыдытæ Дæ уагæвæрдтыл сты.
100 Æмбаргæдæр дæн æз кардзыдтæй,
уымæн æмæ Дæ уынаффæтæ æххæст кæнын.
101 Алы галиу фæндагыл цæуынæй мæхи хизын,
цæмæй коммæгæс уон Дæ ныхасæн.
102 Дæ уынаффæтæй æз нæ аздæхтæн,
уымæн æмæ Дæхæдæг ахуыр кæныс мæн.
103 Куыд адджын сты Дæ ныхæстæ мæ зæрдæйæн!
Уыдон мæ дзыхы адджындæр сты мыдæй.
104 Дæ амындтытæ мæ кæнынц æмбаргæ;
уымæ гæсгæ мын алы мæнгдзинады фæндаг
æнæуынон у.

## נ – Нун

105 Дæ ныхас – цырагъ мæ развæдæн
æмæ рухс мæ фæндагæн.
106 Æз дзырд радтон æмæ йæ сæххæст кæндзынæн –
коммæгæс уыдзынæн Дæ раст уынаффæтæн.
107 Уæззау æфхæрд бавзæрстон, О Дунедарæг,
сног мын кæн мæ цард Дæ ныхасмæ гæсгæ.
108 Æхцон Дын уæд, О Хуыцау, мæ нывонд –
Дæуæй мæ барвæндон æппæлд;
сахуыр мæ кæн Дæ уагæвæрдтыл.
109 Мæ уд æдзух æрдуйыл хæцы тасдзинады,
фæлæ Дæ ныхас нæ рох кæнын.
110 Фыдлæгтæ мын сæвæрдтой хыз,
фæлæ æз Дæ амындтæй нæ адзæгъæл дæн.
111 Дæ уагæвæрдтæ райстон бынтæн мыггагмæ –
уыдон сты мæ зæрдæйы цин.
112 Æз мæ зæрдæ радтон Дæ фæдзæхстытæ æххæст
кæнынмæ,
мыггагмæ, мæ царды кæронмæ.

## ס – Самех

113 Дыууæ зондыл хæст чи у,
ахæм адæймаг мын æнæуынон у,

Дæ æгъдау та уарзын.
114 Ды мæ хъахъхъæнæг æмæ мæ уарт дæ;
Дæ ныхасыл дарын мæ зæрдæ.
115 Аиуварс ут мæнæй, фыдгæнджытæ, æз та
мæ Хуыцауы фæдзæхстытæм гæсгæ цæрдзынæн.
116 Сфидар мæ кæн Дæ ныхасмæ гæсгæ,
æмæ цæрдзынæн;
ныфс цæмæй æвæрын, уымæй мæ фыдæнхъæл
ма фæкæн.
117 Ратт мын тых æмæ фервæздзынæн;
æдзух ахуыр кæндзынæн Дæ уагæвæрдтæ.
118 Дæ уагæвæрдтæ чидæриддæр ныууадзы,
уыдоныл Дæхи атигъ кæныс,
уымæн æмæ сæ хинвæндтæ мæнгард сты.
119 Ды дунейы æппæт фыдлæгты амæрзыс,
чи нызгæ æмæ ныссыгъд,
уыцы æфсæн быгъуыйау.
Уымæ гæсгæ мын зынаргъ сты Дæ уынаффæтæ.
120 Дæ азарæй ризы мæ буар,
тас мыл æфтауынц Дæ тæрхонтæ.

## ע – Айин

121 Æз арæзтон рæстдзинад æмæ, æцæгад цы у, уый;
ма мæ ныууадз мæ ныхмæлæуджыты æвджид.
122 Дæ фæдзæхст бакæн Дæ цагъарæн йæ фæрныгад,
сæрыстыртæ мæ куыд нæ æфхæрой, афтæ.
123 Тайынц мæ цæстытæ Дæ ирвæзындзинадмæ
æмæ Дæ растады зæрдæвæрдмæ æхъæлмæ
кæсгæйæ.
124 Фæу Дæ цагъарæн Дæ хорзæхмæ гæсгæ;
сахуыр мæ кæн Дæ уагæвæрдтыл.
125 Æз Дæ цагъар дæн;
скæн мæ æмбаргæ æмæ базонон Дæ амындтæ.
126 Ралæууыд Хуыцауæн Йæхи равдисыны рæстæг:
халынц Дын Дæ уагæвæрдтæ.
127 Æз та Дæ фæдзæхстытæ сызгъæринæй фылдæр

уарзын,
сыгъдæг сызгъæринæй фылдæр.
128 Афтæ Де ‘ппæт уынаффæтæ дæр
æз растыл нымайын;
цавæрфæнды мæнгдзинады фæндаг дæр
мæнæн æнæуынон у.

## פ – Пе

129 Диссаг сты Дæ амындтытæ;
уымæ гæсгæ сæ мæ зæрдæйы хæссын.
130 Дæ ныхæсты раргомад рухс дætты,
хуымæтæг адæмы кæны æмбаргæ.
131 Байгом кæнын мæ дзых æмæ сулæфын –
Дæ фæдзæхстытæ мæ уæлдæфау хъæуынц.
132 Де ‘ргом мæм раздах æмæ мын батæригъæд кæн,
Дæ ном уарзджытæн æрвылхатт куыд
бакæныс, афтæ.
133 Сфидар мын кæн мæ къахдзæфтæ
Дæ ныхасмæ гæсгæ
æмæ цыфæнды фыдæхæн дæр ма ратт мæныл
фæуæлахизы бар.
134 Бахиз мæ адæймаджы æфхæрдæй,
æмæ Дæ уагæвæрдтæн уыдзынæн коммæгæс.
135 Срухс кæн Дæ цагъары Дæ цæсгомы рухсæй
æмæ мæ сахуыр кæн Дæ уынаффæтыл.
136 Адæм Дæ ныхас кæй не ‘ххæст кæнынц,
уый тыххæй мæ цæстытæй кæлынц цæссыджы
суадæттæ.

## צ – Цаде

137 Рæстаг дæ Ды, О Дунедарæг,
æмæ раст сты Дæ уынаффæтæ дæр.
138 Ды радтай раст фæдзæхстытæ,
æххæст æцæгад сты уыдон.
139 Фыр мæтæй æз æнцой нал зонын,
уымæн æмæ ме знæгтæ ферох кодтой Дæ ныхæстæ.

140 Дæ ныхас фæлтæрд у,
æмæ йæ Дæ цагъар бауарзта.
141 Æз æнæахадгæ æмæ æгад дæн,
фæлæ Дæ уынаффæтæ нæ рох кæнын.
142 Дæ рæстдзинад мыггагмæйы рæстдзинад у,
Дæ ныхас æцæг у.
143 Мæт æмæ хъыг æртыхстысты мæныл,
фæлæ мын Дæ фæдзæхстытæ дæттынц
æхцондзинад.
144 Дæ уагæвæрдты рæстдзинад мыггагмæ у;
ратт мын æмбарынад, æмæ цæрдзынæн.

## ק – Коф

145 Дæумæ кувын æппæт зæрдæйæ –
фехъус мæ, О Дунедарæг,
æмæ уыдзынæн коммæгæс Дæ уагæвæрдтæн.
146 Дæумæ кувын – фервæзын мæ кæн,
æмæ хæцдзынæн Дæ амындтыл.
147 Боныцъæхтæй фæраздæр вæййын
æмæ Дæм дзыназын æххуысагур;
Дæ ныхасыл дарын мæ зæрдæ.
148 Бонивæнтæй раздæр мæ цæстытæ гом вæйынц,
цæмæй арфдæр хъуыды кæнон Дæ ныхæстыл.
149 Ды уарзæгой дæ, О Дунедарæг,
æмæ мын фехъус мæ хъæлæс;
Дæ рæстдзинадмæ гæсгæ мын бахиз мæ цард.
150 Æрбаввахс мæм сты мæ фæдылзилджытæ
сæ хинвæндимæ – уыдон дард сты Дæ ныхасæй.
151 Хæстæг дæ Ды, О Дунедарæг,
Де 'ппæт фæдзæхстытæ дæр æцæг сты.
152 Æз раджы базыдтон Дæ уагæвæрдтæй,
мыггагмæ сæ кæй сфидар кодтай, уый.

## ר – Реш

153 Æркæс мæ тухæнмæ æмæ мæ фервæзын кæн,
уымæн æмæ Дæ ныхас нæ рох кæнын.

154 Мæ хъуыддаджы балæуу æмæ мæ бахъахъхъæн;
Дæ зæрдæвæрдмæ гæсгæ мын мæ цард бахиз.
155 Дард у фыдлæгтæй ирвæзындзинад –
уыдон Дæ уынаффæтæ нæ агурынц.
156 Диссаг у Дæ рæвдыд, О Дунедарæг;
бахиз мæ Дæ рæстдзинадмæ гæсгæ.
157 Бирæ сты мæ фæдылзилджытæ æмæ ме знæгтæ;
фæлæ æз Дæ уагæвæрдтæй нæ аздæхын.
158 Дæу чи ныууагъта, уыдонмæ æз кæсын
зæрдæлгъæдæй;
уыдон æгоммæгæс сты Дæ ныхасæн.
159 Æркæс, Дæ уынаффæтæ куыд уарзын, уымæ;
Ды уарзæгой дæ, О Хуыцау,
æмæ мын бахиз мæ цард.
160 Дæ ныхасы бындур æцæгад у,
æмæ мыггагмæ у Дæ алы раст уынаффæ.

## ש – Шин

161 Æнаххосæй мæ фæдыл зилынц æлдæрттæ,
фæлæ æрмæст Дæ ныхасæй ризы мæ зæрдæ.
162 Цин кæнын Дæ ныхасыл,
цыма стыр æфтиаг райстон, афтæ.
163 Ме сæфт уынын мæнгдзинадæй
æмæ йыл æлгъ кæнын, Дæ ныхас та уарзын.
164 Стауын Дæ бон авд хатты
Дæ раст уынаффæты тыххæй.
165 Дæ ныхас чи уарзы, уыдон ссардтой æгæрон фарн
æмæ сын фæкæлæн нæ уыдзæн.
166 Дæ ирвæзындзинадыл дарын мæ зæрдæ, О Хуыцау,
æмæ æххæст кæнын Дæ фæдзæхстытæ.
167 Мæ зæрдæйы хæссын Дæ уагæвæрдтæ
æмæ сæ уарзын тынг.
168 Хæцын æз Дæ амындтыл æмæ Дæ уагæвæрдтыл,
уымæн æмæ ме 'ппæт цæуæнтæ Дæ цæсты раз сты.

### ת – Тав

169 Схæццæ Дæм уæд мæ дзыназын, О Дунедарæг;
ратт мын æмбарынад Дæ дзырдмæ гæсгæ.
170 Сыхъуысæд Дæм мæ куывд;
Дæ зæрдæвæрдмæ гæсгæ мæ фервæзын кæн.
171 Мæ дзыхæй рацæудзысты Дæуæй æппæлыны
дзырдтæ,
уымæн æмæ мын амоныс Дæ уагæвæрдтæ.
172 Дæ ныхасыл зарæг уыдзæни мæ былалгъыл –
Дæ фæдзæхстытæ æгасæй дæр раст сты.
173 Дæ цонг мын уæд æххуысгæнæг;
уымæн æмæ æз Дæ амындтæ сæвзæрстон.
174 Дæ ирвæзындзинадмæ бæллын, О Дунедарæг,
Дæ ныхас мын у æхцон.
175 Уадз цæрæд мæ уд æмæ æппæлæд Дæуæй;
æххуысгæнæг мын уæнт Дæ уынаффæтæ.
176 Сæфт фысау фæиппæрд дæн.
Æрцагур Дæ цагъары, уымæн æмæ æз
Дæ фæдзæхстытæ нæ ферох кодтон.

## 119 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*

Мæ хъыджы заман сдзырдтон Хуыцаумæ,
æмæ Уый фехъуыста мæн.

2 Загътон: «О Дунедарæг, фервæзын мæ кæн,
мæнг чи дзуры æмæ фæлитой æвзаг кæмæн ис,
уыдонæй».
3 Дæуæн та, фæлитой æвзаг, цы бафиддзæн Уый,
æмæ дын цы фидæн æрхæсдзæн?
4 Хæстоны цыргъ фаттæ
æмæ æрцыты судзгæ цæхæртæ.

5 Додойаг дæн, Мешехы кæй цæрын,
Кедары цатырты æхсæн мæ бонтæ кæй
æрвитын,
уый тыххæй.
6 Æгæр бирæ фæцардтæн, фарн æнæуынон
кæмæн у,
уыдонимæ.
7 Æз фарнагурæг дæн, фæлæ куыддæр сдзурын,
афтæ уыдон хæстæввонг свæййынц.

## 120 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*

Мæ цæстæнгас систон хæхтæм –
кæцæй мæм æрцæудзæн æххуыс?
2 Арв æмæ зæхх сфæлдисæг
Хуыцауæй мæм æрцæуы æххуыс.

3 Дæ къах дын фæцудын нæ бауадздзæни,
дæ хъахъхъæнæг фынæй нæ кæны.
4 Бæлвырд, Йæ цæстыл хуыссæг нæ хæцы,
нæ фынæй кæны Израилы хъахъхъæнæг.

5 Дунедарæг дæ хъахъхъæнæг у;
Хуыцау дæ ауундарæг у Дæ рахиз фарс.
6 Бонæй дæ хур нæ ныццæвдзæн,
æхсæвыгон та – мæй.

7 Хуыцау дæ бахиздзæн алы фыдбылызæй дæр;
бахиздзæн дын дæ уд.
8 Хуыцау дын хъахъхъæндзæн дæ ацыд
æмæ де 'рбацыд ныръæй фæстæмæ
æмæ мыггагмæ дæр.

## 121 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*
*Давиды псалом.*

Мæ цинæн кæрон нал уыди,
«Цом Хуыцауы хæдзармæ» мын куы загътой, уæд.
2 Æмæ мæнæ, Иерусалим,
Дæ кулдуары цурмæ æрбавæрдтам нæ къах.

3 Иерусалимы сахар арæзт æрцыд
иугонд æмæ æмхæстæй.
4 Æмæ уырдæм ссæуынц адæмы мыггæгтæ,
Израилы мыггæгтæ, Израилы æгъдаумæ гæсгæ
Дунедарæгæн кад кæнынмæ.
5 Уым æвæрд сты тæрхоны бадæнтæ –
Давиды хæдзарвæндаджы цытджын бадæнтæ.

6 Курут æнцойад Иерусалимæн:
«Дæу чи уарзы, уыдон фæрнджын уæнт!
7 Фарн уæд дæ фидæртты,
æдасдзинад – дæ мæсгуыты!»
8 Ме 'фсымæрты æмæ хионты сæраппонд
зæгъын æз: «Фарн дæм уæд!»
9 Дунедарæджы, нæ Хуыцауы хæдзары
сæраппонд,
мæ зæрдæйы бæллиц – дæ фæрныгад.

## 122 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*

Мæ цæстæнгас Дæумæ сисын,
уæлæрвты Цæрæг!
2 Цагъартæ сæ хицæутты къухмæ куыд кæсынц,

цагъар сылгоймаг йæ ус-хицауы къухмæ куыд
кæсы,
афтæ нæ каст дæр Дунедарæг Хуыцаумæ у,
цалынмæ нæм Йæ хорзæх равдиса, уæдмæ.

3 Батæригъæд нын кæн, Дунедарæг,
батæригъæд нын кæн,
уымæн æмæ æгæр бавзæрстам æгад.
4 Æгæр бавзæрста нæ уд хъалтæй æфхæрд,
сæрыстыртæй – æгад.

## 123 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*
*Давиды псалом.*

Хуыцау немæ куы нæ уыдаид –
Израил зæгъæд йæхæдæг –
2 Дунедарæг немæ куы нæ уыдаид,
адæм нæ ныхмæ куы сыстадысты –
3 Уæд нæ удыгасæй аныхъуырдтаикккой
сæ судзгæ фыдæхæй;
4 Фæдæлдон уыдаиккам,
дæттæ цыдаиккой нæ сæрты,
5 Нæ сæрты донивылæнтæ цыдаиккой.

6 Арфæгонд уæд Дунедарæг,
мах уыдон дæндæгты амæддаг Чи нæ
фæкодта.
7 Нæ уд, маргъау, фервæзт цъиуахсджыты
хызæй;
хыз атындæуыд, æмæ фервæзтыстæм.
8 Дунедарæджы номæй нæм æрцæуы æххуыс,
арв æмæ зæхх сфæлдисæгæй.

## 124 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*

Хуыцауыл æууæндджытæ Сионы хохы хуызæн сты:
уый нæ фæцуддзæн, лæудзæни мыггагмæ.
2 Иерусалимы алыварс хæхтæ куыд лæууынц,
афтæ Дунедарæг дæр Йæ адæмы алыварс лæууы
нырæй æмæ мыггагмæ.
3 Уымæ гæсгæ рæстгæнджыты хъысмæты сæргъыл
бирæ нæ баззайдзæн фыдлæгты барлæдзæг,
цæмæй рæстгæнджытæн сæ къух ма фæтаса
фыдмимæ.

4 Дæ хæрзтæ ратт, Хуыцау, хæрзгæнджытæн
æмæ рæстзæрдæтæн.
5 Фæлæ зылын фæндагыл чи ныллæууыди,
уыдон фыдгæнджытимæ фесафдзæни Хуыцау.

Фæрнджын уæд Израил!

## 125 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*

Хуыцау Сионы уацарæй куы ракодта,
уæд – цыма уыдæттæ фыны уыдтам.
2 Уæд нæ цины уынæрæн кæрон нал уыди,
æвзаг нæ фæллад зарынæй.
Уæд адæмтæ дзырдтой: «Хуыцау уыцы адæмæн
диссаджы хъуыддæгтæ скодта».
3 Æцæгæйдæр, Дунедарæг махæн диссаджы
хъуыддæгтæ скодта,
æмæ куыд цин кодтам мах!

4 Раздах, Хуыцау, нæ адæмы уацарæй,
донивылæнтæ Негевы хусмæ куыд раздæхынц,
афтæ.
5 Цæссыг калгæйæ чи тауы,
уыдон цинæй райгæйæ кæрддзысты.
6 Хуыммæ чи рацæуы æмæ йæ тауинаг кæугæйæ
чи фæхæссы,
уый цинæй райгæйæ æрбаздæхдзæни,
йæ куыристæ хæсгæйæ.

## 126 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*
*Соломоны псалом.*

Хуыцау куы нæ снывæнда хæдзар,
уæд дзæгъæлы у аразджыты фыдæбон;
Дунедарæг куы нæ бахъахъхъæна сахар,
уæд дзæгъæлы лæууынц цырддзастæй
йæ хъахъхъæнджытæ.
2 Дзæгъæлы сыстут сæумæйæ, бадут æнафонмæ,
хæрут уæ тухæйнаджы къæбæр;
Хуыцау кæй уарзы, уыдоныл ауды,
фынæй куы вæййынц, уæд дæр.

3 Хуыцау кæй дætты, мæнæ уыцы бынтæ –
фырттæ;
хъæбултæ – хæрзиуæг Дунедарæгæй.
4 Хъæбатыры къухы фаттæ куыд сты,
афтæ сты фырттæ дæр се 'рыгонæй.
5 Тæхудиаг у уыцы адæймаг,
уыдонæй йæ фатдон чи байдзаг кодта.
Сахары кулдуармæ, йæ ныхмæлæуджытимæ
быцæуныхасы нæ фегад уыдзæн.

## 127 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*

Тæхудиаг у уыцы адæймаг,
Хуыцауы тас кæмæ ис
æмæ Уый фæндæгтыл чи цæуы.
2 Æхцон дын уыдзысты дæ цæнгты фæллæйттæ;
тæхудиаг æмæ фæрнджын уыдзынæ.
3 Дæ хæдзары æфсин уыдзæн дыргъджын
сæнæфсиры бæласау;
дæ фырттæ дæ фынгты алыварс
уыдзысты зетибæласы æвзартау.
4 Афтæ арфæгонд уыдзæни,
Хуыцауы тас кæмæ ис, уыцы адæймаг.

5 Хуыцау дын арфæ рарвитæд Сионæй,
æмæ де 'ппæт цæрæнбонты Иерусалимы фарн
уæд дæ цæсты раз,
6 Æмæ фендзынæ дæ фыртты фыртты.

Фæрнджын уæд Израил!

## 128 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*

Ме 'взонджы бонтæй фæстæмæ мæн куыд тынг
æфхæрдтой – зæгъæд Израил –
2 Ме ‘взонджы бонтæй фæстæмæ мæн тынг
æфхæрдтой,
фæлæ мыл нæ фæтых сты.
3 Ме рагъыл хуым кодтой хуымгæнджытæ,
ауагътой-иу ыл даргъ ауæдзтæ.
4 Фæлæ Дунедарæг æнæхæрам у:
арæдывта фыдлæгты рæхыстæ.

5 Фегад уæнт æмæ фæстæмæ аздæхæнт
Сионæн йæ фыдгултæ.
6 Уыдон уæнт, уæлхæдзæртты чи нæма сырæзти,
афтæмæй чи бахус,
7 Хуымгæрдæг йæ къух кæмæй нæ байдзаг кæндзæн,
куырисбæттæг – йæ арм, ахæм кæрдæгау.
8 Æмæ йæ фæрсты цæуджытæ макуы зæгъæнт:
«Уыдоныл Хуыцауы арфæ ис,
арфæ уын кæнæм Хуыцауы номæй».

## 129 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*

Мæ зæрдæйы арфæй дæм дзыназын, О Дунедарæг.
2 Мæ Хицау Хуыцау, фехъус мæ хъæлæс!
Лæмбынæг байхъус мæ лæгъстæмæ, бацауд мыл.

3 Ды алы тæригъæд дæр куы фиппайай, мæ Паддзах,
уæд чи бафæраздзæн?
4 Фæлæ Ды хатыргæнаг дæ,
æмæ Дæ уый тыххæй аргъуц кæнынц.

5 Хуыцауыл дарын мæ зæрдæ, Уымæ у ме скаст;
ныфсджын дæн Йæ ныхасæй.
6 Боны æрцыдмæ хъахъхъæнæг куыд æнхъæлмæ
кæсы,
уымæй мæ уд Хуыцаумæ тынгдæр бæллы,
уымæй тынгдæр.

7 Израил, Дæ зæрдæ дар Дунедарæгыл,
уымæн æмæ Дунедарæг уарзæгой у,
Уымæ ис æгæрон ирвæзынгæнæг тых.
8 Æмæ Уый фервæзын кæндзæн Израилы
йе 'ппæт тæригъæдтæй.

# 130 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*
*Давиды псалом.*

Мæ зæрдæ æнæрвæссон нал у,
мæ сæр бæрзæндты нæ хæссын;
нæ тырнын стырадмæ æмæ æнæбаххæсгæ цы у,
уымæ.
2 Фæлæ æз æрсабыр æмæ æрæнцайын кодтон
мæ уды,
мады риуæй иртæст сывæллонау йæ мады
хъæбысы,
мады риуæй иртæст сывæллонау;
мæ уд дæр мæ мидæг æрæнцад.

3 О Израил, Дæ зæрдæ дар Дунедарæгыл ныræй
æмæ мыггагмæ дæр.

# 131 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*

О Хуыцау, æрымыс Давиды æмæ кæй бавзæрста,
йе 'ппæт уыцы хъизæмæрттæ.
2 Куыд сомы кодта уый Дунедарæгæн,
дзырд куыд лæвæрдта
Иаковы Æппæтхъомыс Хуыцауæн:
3 «Нæ бацæудзынæн мæ хæдзары агъуыстмæ,
нæ æрæнцайдзынæн мæ сынтæгыл,
4 Мæ цæстытæ не ‘рцъынд кæндзынæн,
мæ уæлтъыфылты фынæй нæ бауадздзынæн,
5 Цалынмæ Дунедарæгæн бынат,
Иаковы æппæтхъомыс Хуыцауæн
цæрæнуат не ссарон, уæдмæ».

6 Мах фехъуыстам Фидыды Чырыны тыххæй
Ефрафы,
ссардтам æй Иаримы быдырты.
7 «Фæцæуæм Йæ цæрæн бынатмæ,
æрзоныг кæнæм Йæ къæхтæ æрæвæрæны цур».
8 О Дунедарæг, рацу Де ‘нцойы бынатмæ, –
Ды æмæ Дæ хъомыс кæм ис,
уыцы Фидыды Чырын дæр Демæ.
9 Дæ сауджынтæ сæхи сфæлындзæнт рæстадæй,
Дæ сыгъдæджытæ зарæнт цингæнгæ.

10 Дæ цагъар Давиды сæраппонд
Де 'взæрсты цæсгом ма фæиппæрд кæн Дæхицæй.
11 Хуыцау сомы кодта Давидæн,
æмæ Уый Йæ сомы никуы басæтдзæн:
«Дæ байзæддæгты сбадын кæндзынæн
дæ паддзахы бадæны.
12 Дæ фырттæ Мæ фæдзæхстмæ гæсгæ куы цæрой,
æмæ сæ Æз цы æгъдæуттыл сахуыр кæнон,
уыдоныл куы хæцой,
уæд уыдоны фырттæ дæр мыггагмæ баддзысты
дæ паддзахы бадæны».

13 Уымæн æмæ Хуыцау Сион сæвзæрста,
Уый бафæндыди Йæхицæн дзы
цæрæнбынат скæнын,
14 Æмæ загъта: «Уый у Ме ‘нцойы бынат
мыггагæй мыггагмæ: уым æрцæрдзынæн,
уымæн æмæ Мын уый æхцон у.
15 Арфæ ракæндзынæн йæ хойраджы бæркадыл,
бафсаддзынæн дзулæй йæ мæгуырты.
16 Йæ сауджынтыл скæндзынæн
ирвæзындзинады фæлыст,
йæ сыгъдæджытæ цинæй райдзысты.

17 Уым стыхджын кæндзынæн Давиды,
уым Ме 'взæрстæн йæ рухсгæнæн
æрмынæг нæ бауадздзынæн.
18 Йе знæгтыл ын скæндзынæн худинаджы фæлыст,
йæ сæрыл та тæмæнтæ калдзæн кадыхуд».

## 132 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*
*Давиды псалом.*

Куыд хорз æмæ куыд æхсызгон у
æфсымæртæн фидыдæй иумæ цæрын!
2 Уый у сæрыл хæрздæф зетийау,
цæсгомы хилтыл чи тæдзы,
Аароны цæсгомы хилтæй
йæ дарæсы кæрæттæм чи тæдзы;
3 Уый у Ермоны æртæхау,
Сионы хæхтæм чи æрцæуы.
Уымæн æмæ Дунедарæг уым балæвар кодта
Йæ арфæ æмæ цард мыггагмæ.

## 133 ПСАЛОМ

1 *Бæрзонд Кувæндонмæ цæуджыты зарæг.*

Цæй, уæдæ кад кæнут Дунедарæгæн, Йæ цагъартæ,
æхсæвыгæтты Хуыцауы Хæдзары
чи лæггад кæны, уыдон.
2 Уæ къухтæ сдарут Рухс Кувæндоны,
æмæ скад кæнут Дунедарæгæн.

3 Арв æмæ зæхх сфæлдисæг Хуыцау дын
арфæ ракæнæд Сионæй.

# 134 ПСАЛОМ

1 Алилуйа!

Æппæлут Дунедарæджы номæй,
æппæлут дзы, Хуыцауы цагъартæ –
2 Дунедарæджы хæдзары,
нæ Хуыцауы хæдзары кæртыты лæггадгæнджытæ.
3 Æппæлут Дунедарæгæй,
уымæн æмæ Дунедарæг фæрнджын у;
зарут Йæ номыл, уымæн æмæ уый æхцон у.
4 Дунедарæг Иаковы сæвзæрста Йæхицæн,
Израилы адæмы – Йæхицæн исбонæн.

5 Æз базыдтон: Хуыцау стыр у,
æппæт хуыцæуттæй нæ Дунедарæг
у иунæг Бæрзонд Хуыцау.
6 Уæлæрвты æмæ зæххыл,
денджызты æмæ æппæт фурдты æрфæнты
Хуыцау кæны, цыдæриддæр Æй фæнды, уый.
7 Зæххы кæрæттæй сисы мигътæ,
къæвдаимæ рауадзы æрвæрттывд,
Йæ æвæрæнтæй рарвиты дымгæ.

8 Уый фесæфта Мысыры фыццаг гуырдты –
адæймагæй фосы онг;
9 Равдыста нысæнттæ æмæ диссæгтæ Мысыры
æхсæн –
фараоны æмæ йæ цагъарты ныхмæ.
10 Ныддæрæн кодта бирæ адæмты,
мæлæты хай бакодта тыхджын паддзæхты:
11 Амморейаг паддзах Сигоны басайнаг паддзах Огы,
æмæ ханаанаг æппæт паддзæхты.
12 Æмæ уыдоны зæхх радта исбонæн,
исбонæн Израилæн – Йæ адæмæн.

13 Хуыцау, мыггагмæ у Дæ ном,
Дæ кадыл дзурдзысты фæлтæрæй-фæлтæрмæ.
14 Уымæн æмæ Дунедарæг сæрылхæцæг у Йæ адæмæн
æмæ бацауддзæн Йæ цагъартыл.

15 Муртатты гуымирытæ – æвзист æмæ сызгъæрин,
адæймаджы къухтæй конд сты.
16 Ис сын дзыхтæ, фæлæ ницы дзурынц,
ис сын цæстытæ, фæлæ ницы уынынц;
17 Ис сын хъустæ, фæлæ ницы хъусынц,
нæдæр улæфт цæуы сæ комæй.
18 Уыдоны хуызæн суыдзысты се скæнджытæ,
стæй сыл чидæриддæр йæ зæрдæ дары, уыдон дæр.

19 Скад кæнут Хуыцауæн, Израилы хæдзар!
Скад кæнут Хуыцауæн, Аароны хæдзар!
20 Скад кæнут Хуыцауæн, Левийы хæдзар!
Скад кæнут Хуыцауæн, чи Дзы тæрсы, уыдон.
21 Кад уæд Сионæй Дунедарæгæн,
Иерусалимы цæрæгæн.

Алилуйа!

## 135 ПСАЛОМ

1 Стаут Дунедарæджы – Уый фæрнджын у,
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
2 Стаут хуыцæутты Хуыцауы –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
3 Стаут хицæутты Хицауы –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.

4 Стаут Æй – стыр диссæгтæ æрмæстдæр Уый кæны,
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
5 Стаут, Йæ уæлзондæй уæлæрвтæ Чи скодта –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.

6 Зæхх дæтты сæрмæ Уый айтыгъта –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
7 Арвы стыр рухсгæнæнтæ Уый сфæлдыста –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
8 Боны фæткæн сæвæрдта хур –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
9 Æхсæвы фæткæн сæвæрдта мæй æмæ стъалытæ –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.

10 Уый радта мæлæтмæ мысыраг фыццаггуырдты –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
11 Израилы Уый ракодта се ‘хсæнæй –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
12 Йæ хъомысджын цонгæй æмæ
Йæ тыхджын къухæй –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
13 Сырх денджыз Уый фæдих кодта –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
14 Æмæ Израилы Уый ракодта
денджызы хæдастæуты –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
15 Фараоны йе ‘фсадимæ Сырх денджызы
Уый фæдæлдон кодта –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.

16 Йæ адæмы ахизын кодта æдзæрæг быдырыл –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
17 Ныддæрæн кодта стыр паддзæхты –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
18 Фæцагъта тыхджын паддзæхты –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
19 Аморрейаг паддзах Сигоны –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
20 Æмæ басайнаг паддзах Огы –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
21 Сæ зæххытæ сын радта бынтæн –

Йæ хорзæх мыггагмæ у.
22 Бынтæн Израилæн, Йæ цагъарæн –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.

23 Ныллæггонд куы уыдыстæм,
уæд Уый мах нæ рох кодта –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
24 Ирвæзын нæ кодта не знæгтæй –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.
25 Зæххыл æппæт цæрджытæн хойраг Уый дætты –
Йæ хорзæх мыггагмæ у.

26 Стаут уæларвон Хуыцауы –
Йæ хорзæх мыггагмæ у!

## 136 ПСАЛОМ

1 Мах Вавилоны донгæрæтты бадтыстæм
æмæ нæ цæссыг калдтам,
Сионы-иу куы æрымысыдыстæм, уæд.
2 Уым донхæристыл æрцауыгътам
нæ дала-фæндыртæ.
3 Уымæн æмæ нæ уацары чи райста,
уыдон махæй зарыны ныхæстæ домдтой,
не 'фхæрджытæ – цин кæнын:
«Азарут нын Сионы зарджытæй».

4 Фæлæ куыд зарæм Хуыцауы зарджытæ
кæйдæр зæххыл?
5 Æз дæу куы ферох кæнон, Иерусалим,
уæд мæ рахиз цонг мацыуалхъом уæд;
6 Ме 'взаг баныхæсæд мæ хъуырыл,
æз дæу куы ферох кæнон, Иерусалим,
мæ цины сæр дæ куы нæ скæнон, уæд.

7 О Дунедарæг, æрымыс Едомы фырттæн

Иерусалимы уыцы бон,
афтæ куы дзырдтой: «Фехалут æй,
фехалут æй бындзарæй».
8 Вавилоны чызг – раууатгæнæг!
Тæхудиаг уыдзæн, ды махæн цытæ бакодтай,
уый дын чи бафида.
9 Тæхудиаг уыдзæн, дæ хъæбулты чи сиса
æмæ сæ дурыл чи ныппырх кæна, уый.

## 137 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Стауын Дæ, О Дунедарæг, æппæт зæрдæйæ;
зарын Дæ кадæн хуыцæутты раз.
2 Мæ зонгуытыл лæууын
Дæ Сыгъдæг Кувæндоны раз,
æмæ стауын Дæ ном, Дæ уарзт
æмæ Де 'нувыды тыххæй.
Уымæн æмæ æппæтæй стырдæр
скодтай Дæ ном æмæ Дæ ныхас.
3 Æз Дæм æххуысмæ куы фæдзырдтон,
уыцы бон мæ фехъуыстай
æмæ стыр ныфс бауагътай мæ зæрдæйы.

4 Скадджын Дæ кæндзысты, О Дунедарæг,
æппæт зæххон паддзæхтæ,
Дæ дзыхæй рацæугæ дзырдтæ куы фехъусой, уæд.
5 Æмæ зардзысты Хуыцауы диссаджы
фæндæгты тыххæй,
уымæн æмæ стыр у Хуыцауы кад.
6 Хуыцау бæрзонд ран ис, уыны сæрныллæджы дæр,
сæрыстыры базоны дардмæ.

7 Бæллæхты æхсæнты куы цæуа мæ фæндаг,
уæддæр мын бахиздзынæ мæ цард;

адардзынæ Дæ къух мæ тызмæг знæгтæм,
æмæ Дæ рахиз цонг фервæзын кæндзæн мæн.
8 Хуыцау сæххæст кæндзæн Йæ ныфсæвæрд мæнæн;
Дæ хорзæх, Хуыцау, мыггагмæ у –
Дæ къухæй цы скодтай, уый ма ныууадз.

## 138 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

О Дунедарæг, Ды мæ бафæлвæрдтай
æмæ зоныс мæн.
2 Кæд сбадын æмæ кæд сыстын,
уый Дын зындгонд у;
Ды дардмæ дæр æмбарыс мæ хъуыдытæ.
3 Цæугæ кæнон, мæ фæллад уадзон –
æдзух Дæ разы дæн,
æмæ Дын мæ фæндæгтæ æгасæй дæр зындгонд сты.
4 Мæ дзыхæй ныхас нæма рацæуы, Хуыцау,
афтæмæй Ды фæзоныс æппæтдæр.

5 Фæстæрдыгæй дæр мæ хъахъхъæныс Ды
æмæ разæрдыгæй дæр –
Дæ армæй бамбæрзтай мæн.
6 Де стыр зонынад дис æфтауы мæныл –
бæрзонд у, мæ зонд ыл не 'ххæссы.

7 Кæдæм ацæудзынæн Дæ Удæй,
кæдæм алидздзынæн Дæуæй?
8 Уæлæрвтæм ссæуон – Ды уым дæ;
дæлдзæхмæ ныххизон – уым дæр дæ.
9 Сæуæхсиды базыртæ куы райсин
æмæ куы атæхин –
денджызы иннæ кæрон куы æрцæрин дард,

10 Уæд мæ уым дæр Дæ арм кæндзæни размæ,
хæцдзынæ мыл Дæ рахиз цонгæй.

11 Куы зæгъин афтæ дæр: «Талынг бамбæрзæд мæн,
æмæ рухс фестæд мæ алыварс æхсæв»,
12 Уæддæр Дæуæн талынг дæр нæу тар,
æхсæв та Дын бонау æрттивы:
Дæуæн талынг дæр бонау рухс у.

13 Ды сфæлдыстай, мæ мидæг цы ис, уыдон,
бауафтай мæн мæ мады гуыбыны.
14 Стауын дæ, уымæн æмæ диссаг
æмæ æмбисонды сконд дæн æз.
Диссаг сты Дæ хъуыддæгтæ,
æмæ иттæг æмбары уый мæ уд.
15 Ды ме стджыты æнæуынæг нæ уыдтæ,
сусæг ран мæ куы арæзтæуыд,
гуыбыны арфы нывæст куы цыдтæн, уæд.
16 Дæ цæстæй федтай мæ гуырдз;
иу бон дæр нæма рацардтæн,
афтæмæй Дæ чиныджы фыст уыдысты
мæнæн нысангонд царды бонтæ.

17 Куыд æнæсгæрст мын сты Дæ хъуыдытæ, О Хуыцау,
æмæ куыд бирæ сты уыдон!
18 Райдаин сæ нымайын,
фæлæ змисæй фылдæр сты.
Куы райхъал вæййын, уæддæр ма демæ вæййын.

19 О мæ Хуыцау, куы ныццæгъдис Ды фыдлæгты!
Аиуварс ут мæнæй, тугмондæгтæ!
20 Уыдон фыдзондæй дзурынц Дæ ныхмæ,
Дæ кой кæнынц дзæлгъæды Де знæгтæ.
21 Куыд нæ хъуамæ уынон ме сæфт Дæ фыдгултæй,
О Дунедарæг, куыд нæ хъуамæ æлгъ кæнон
Дæ ныхмæ тохгæнджытыл?

22 Бынтондæр, бынтондæр сæ ме сæфт уынын;
уыдон мын знæгтæ сты.

23 Бафæлвар мæ, Хуыцау, æмæ базон мæ зæрдæ;
раиртас æмæ базон мæ хъуыдытæ.
24 Æркæс мæм æмæ, кæд сæфты фæндагыл лæуд дæн,
уæд мæ сараз мыггагмæйы царды фæндагыл.

## 139 ПСАЛОМ

1 *Зарæггæнджыты разамонæгмæ.*
*Давиды псалом.*

2 Бахиз мæ, Дунедарæг, фыдзæрдæ адæймагæй;
бахъахъхъæн мæ тыхгæнæгæй.
3 Уыдон кæнынц фыдвæндтæ,
хæст амайынц æрвылбон.
4 Калмы æвзагау сцыргъ кæнынц се 'взæгтæ;
залиаг калмы марг – сæ дæлæвзаг. ||

5 Бахъахъхъæн мæ, Дунедарæг, фыдлæджы къухтæй,
бахиз мæ тыхгæнджытæй,
мæ къæхты фæцудынмæ чи бæллы, уыдонæй.
6 Сæрыстыртæ ме 'рцахсынæн сæвæрдтой сахсæнтæ,
мæ фæндагыл айтыгътой сæ хызты бæндæнтæ,
сæвæрдтой мын къæппæджытæ. ||

7 Æз загътон Дунедарæгæн: «Ды мæ Хуыцау дæ»;
фехъус, Дунедарæг, мæ кувыны хъæлæс,
батæригъæд мын кæн.
8 О мæ Хицау Хуыцау,
Ды дæ мæ ирвæзынгæнæг тых!
Ды рахæцыс мæ сæрыл тохы бон.
9 Дунедарæг, фыдлæгмæ цы фæнд ис,
уым ын ма ратт æнтыст;
ма йæ бауадз йæ фыдвæнд сæххæст кæнын,

цæмæй уыдон сæхи ма сбæрзонд кæной. ||
10 Мæныл чи æртыхсти,
уыдонæн сæхи сæрыл æрцæуæд
се 'взæгтæй рацæугæ фыдæх.
11 Судзгæ цæхæр сыл ракæлæд;
æппæрст æрцæуæд арты, æнæбын уæрмы,
цæмæй дзы мауал схизой.
12 Маргæвзаг адæймагæн зæххыл бынат ма разынæд;
фыдæх зилæд тыхгæнæджы фæдыл,
йæ уæззау цæфтæ йæ сурæнт.

13 Æз зонын, Хуыцау балæудзæн
æфхæрдтытæн сæ хъуыддаджы,
рахæсдзæн æнæхæрам тæрхон мæгуыртæн.
14 Бæлвырд, сыгъдæджытæ стаудзысты Дæ ном,
рæстытæ цæрдзысты Дæ цæсгомы раз.

## 140 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

О Дунедарæг, Дæумæ дзурын: тагъддæр мæм æрцу.
Куы Дæм фæкувын, уæд-иу фехъус мæ хъæлæс.
2 Мæ куывд фæхæццæ уæд Дæ размæ
буды хæрздæфау;
мæ къухтæ Дæм куы сдарын, уæд иу-æй айс
изæры нывондæн.

3 О Дунедарæг, уромæг сæвæр ме 'взагæн,
мæ комы дуар мын бахъахъхъæн.
4 Баххуыс мын кæн, цæмæй мæ зæрдæ
ма аздæха фыдæхмæ,
æвзæр митæ чи кæны, уыцы фыдлæгты
хъуыддæгты
архайаг ма уон;
хорз сæм цы кæсы, уымæй хай ма райсон.

5 Уадз, мæ азым мын зæгъа рæстгæнæг,
уый – хорзæх у;
уадз æмæ мын бауайдзæф кæна –
уый хæрздæф зети у мæ сæрæн,
мæхи дзы нæ аиуварс кæндзынæн.
Фæлæ мæ кувын фыдлæгты миты ныхмæ у.

6 Сæ тæрхоны лæгтæ æппæрст æрцæудзысты
къæдзæхтæй æмæ уæд бамбардзысты,
мæ ныхæстæ ахсджиаг кæй уыдысты, уый.
7 Æмæ зæгъдзысты: «Зæхх куыд бахуым кæнынц
æмæ йын йæ къуыбæрттæ куыд фехалынц,
афтæ згъæлынц не стджытæ дæр
гом ингæны былмæ».

8 Фæлæ мæнæн та Дæумæ у мæ каст,
мæ Хицау Хуыцау;
Дæумæ ссарын фидар æнцой –
ма ныууадз мæ уды дзæгъæлæй.
9 Бахиз мæ, кæй мын сæвæрдтой,
уыцы сахсæнтæй,
фыдгæнджыты æвæрд къæппæджытæй.
10 Фыдлæгтæ се ‘ппæт дæр бахауæнт
сæхи æвæрд сахсæнты,
æз та сæ иувæрсты ацæудзынæн æдасæй.

## 141 ПСАЛОМ

1 *Давиды зондамонæн псалом.*
*Афтæ куывта, лæгæты куы уыди, уæд.*

Хъæрæй кувын Дунедарæгмæ,
Хуыцауæн лæгъстæ кæнын хъæлæсыдзагæй.
2 Мæ хъæстытæ Йын ракодтон зæрдæбынæй,
Йæ разы радзырдтон мæ хъыгтæ.

3 Мæ уд мæ мидæг куы сæдых,
уæд æрмæст Ды зыдтай мæ цæуæнтæ.
Æз цы фæндагыл цæуын,
ууыл сусæгæй айтыгътой хыз.
4 Кæсын рахизырдæм æмæ уынын –
ничи мæ ныма йы.
Кæм ма балæууон, уый мын нал ис;
мæ удыл ничи тыхсы.

5 Æз сдзынæзтон Дæумæ, О Дунедарæг,
æмæ загътон: «Ды дæ мæ сæрылхæцæг,
мæ амонды хай царды зæххыл».
6 Фехъус мын мæ дзыназын,
уымæн æмæ тынг слæмæгъ дæн;
мæ фæдыл чи зилы, уыдонæй мæ бахиз,
уымæн æмæ мæнæй тыхджындæр сты.
7 Ссæрибар кæн ахæстонæй мæ уды,
æмæ стаудзынæн Дæ ном.
Дæ арфæйæ мæ куы схайджын кæнай,
уæд рæстытæ æрæмбырд уыдзысты мæ
алыварс.

## 142 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

О Дунедарæг, фехъус мæ куывд,
Дæ хъус æрдар мæ лæгъстæмæ;
ратт мын дзуапп, уымæн æмæ Ды иузæрдион
æмæ рæстаг Дæ.
2 Тæрхонмæ ма ‘ркæн Дæ цагъары,
уымæн æмæ иу адæймаг дæр
не сраст уыдзæни Дæ разы.

3 Знаг зилы мæ фæдыл, зæххæмвæз скодта мæ цард;

рагон мард цыма дæн, уыйау мæ æппары
талынджы.
4 Мæ уд баруад мæ мидæг, мæ зæрдæ тыхсы мæ
риуы.

5 Мысын рагон бонтæ, хъуыды кæнын
Де 'ппæт хъуыддæгтыл,
дис кæнын Дæ къухты скондыл.
6 Дæумæ дарын мæ цæнгтæ;
дойныгæнæг зæххау мæ уд Дæумæ тырны. ‖

7 Батагъд кæн мæнæн дзуапп раттыныл,
Дунедарæг –
мæ уд баруад мæ мидæг;
Де 'ргом ма аздах мæнæй,
цæмæй ингæнмæ цæуджытау ма суон.
8 Уадз сæуæхсид æрхæсса мæнæн
Дæ уарзондзинады уац –
æз мæ зæрдæ Дæуыл дарын.
Бацамон мын, цы фæндагыл мæ
цæуын хъæуы, уый –
мæ уды куывд Дæумæ хæссын.
9 Фервæзын мæ кæн, О Дунедарæг, ме знæгтæй –
Дæ дæлбазыр бакæндзынæн мæхи.

10 Сахуыр мæ кæн Дæ фæндон æххæст кæнын,
уымæн æмæ Ды мæ Хуыцау дæ;
уадз æмæ мæ Дæ фæрнæйдзаг Уд
кæна раст фæндагыл.
11 Дæ номы сæраппонд мæ райгас кæн, Дунедарæг;
Дæ рæстадмæ гæсгæ рахизын кæн мæ уды
йæ хъизæмæрттæй.
12 Дæ хорзæхмæ гæсгæ кæрон скæн ме знæгтæн;
ме 'ппæт фыдгулты бабын кæн,
уымæн æмæ æз Дæ цагъар дæн.

# 143 ПСАЛОМ

1 *Давиды псалом.*

Арфæгонд у Хуыцау, мæ къæдзæх;
Уый мын ме 'рмттæ цæттæ кæны хæцынмæ,
мæ къухы хилтæ – тохмæ.
2 Уый мæ уарзæгой Хуыцау у, мæ фидар,
мæ мæсыг, мæ Ирвæзынгæнæг æмæ мæ уарт –
Уый у мæ хъахъхъæнæг.
Уый мæ адæмы кæны мæ дæлбар.

3 О Дунедарæг! Цы у адæймаг, æмæ йыл Ды аудай,
кæнæ цы у лæджы фырт, æмæ йæ Дæ зæрдыл
дарай?
4 Адæймаджы цард уддзæфау у;
йæ бонтæ айсæфынц аууонау.

5 О Дунедарæг! Æркъул кæн Дæ уæлæрвтæ æмæ æрцу;
андзæв хæхтыл, æмæ сæ фæздæг скæлдзæни.
6 Рарвит Дæ æрвæрттывд æмæ ныффæйлау знæгты;
рауадз Дæ фаттæ æмæ сæ лидзæг фæкæн.
7 Бæрзондæй æрдар Дæ къух,
фервæзын мæ кæн æмæ мæ бахиз стыр дæттæй,
æцæгæлон адæмы къухæй;
8 Уыдонæн сæ дзыхæй рацæуы фæлывд ныхас,
сæ рахиз къух мæнгардæй дзаг у.

9 Азардзынæн Дын ног зарæг, Хуыцау;
дæсхъисон фæндыры зæлтæй зардзынæн Дæуæн –
10 Паддзæхтæн уæлахиз дæттæгæн
æмæ Давиды, Дæ цагъары,
мæлæтхæссæг цирхъæй Ирвæзынгæнæгæн.

11 Бахиз мæ, фервæзын мæ кæн
æцæгæлон адæмы къухæй;

уыдонæн сæ дзыхæй рацæуы фæлывд ныхас,
сæ рахиз къух мæнгардæй дзаг у.

12 Уадз нæ фырттæ се 'рыгонæй уой,
бæрзонд чи фæцыд, ахæм бæлæстау,
нæ чызджытæ – галуаны аив нывæфтыд
цæджындзтау.
13 Нæ хордæттæ уæнт дзаг алыхуызон хоры бæркадæй;
нæ фыстæ дæттæнт уæрыччытæ мингæйттæй,
æмæ дæсгай минтæй нæ сæрвæтты;
14 Уадз нæ галтæ уæнт хæрзхаст.
Ма нæм æрбацæуæд бырсджытæ,
ма уæд ам уацаргæнджытæ,
ма хъуысæд нæ уынгты хъарæг.

15 Тæхудиаг сты æппæт уыдæттæй хайджын адæм!
Тæхудиаг сты,
Дунедарæг сæ Хуыцау кæмæн у, уыцы адæм!

## 144 ПСАЛОМ

1 *Давиды кады зарæг Хуыцауæн.*

Бæрзонд скæндзынæн Дæ кад,
мæ Хуыцау æмæ мæ Паддзах,
стаудзынæн Дæ ном мыггагæй-мыггагмæ.
2 Æрвылбон стаудзынæн Дæу æмæ æппæлдзынæн
Дæ номæй мыггагæй-мыггагмæ.

3 Стыр у Хуыцау æмæ у æппæтæй бæрзонддæр
кады аккаг;
Йе стырадыл зонд не 'ххæссы.
4 Иу фæлтæр иннæмæн æппæлдзæн
Дæ хъуыддæгтæй;
Де стыр хъомыс уыдзæни сæ дзырды сæр.
5 Дзурдзысты Дæ бæрзонд кады рухсы тыххæй,

æмæ мæнæн мæ хъуыдытæ уыдзысты
Дæ диссаджы хъуыддæгтыл.
6 Уыдон дзурдзысты Дæ тасæфтауæг хъаруйыл,
æмæ æз хæсдзынæн Де стырады тыххæй уац.
7 Де стыр хорзæхы мысинæгтæ дзурдзысты
кæрæдзийæн,
цин кæндзысты Дæ рæстадыл.

8 Хатыргæнаг æмæ фæлмæнзæрдæ у Дунедарæг,
бирæ быхсы, æнæкæрон у Йæ уарзт.
9 Зæрдæхæларæй кæсы алкæмæ дæр Дунедарæг,
фæлмæн у Йæ зæрдæ Йе 'ппæт скондмæ.
10 Уадз æмæ Дын кад кæнæнт Дæ æппæт сконд,
О мæ Хуыцау,
Дæ сыгъдæджытæ стауæнт Дæу.
11 Уыдон дзурдзысты Дæ паддзахады кадыл,
хъусын кæндзысты Де стыр хъомысы уац;
12 Цæмæй адæм базоной Де стыр хъомысы тыххæй,
Дæ паддзахады кад æмæ стырады тыххæй.
13 Дæ паддзахад – æппæт æнусты паддзахад,
Ды паддзахиуæг кæндзынæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ.
Хуыцау иузæрдион у Йæ алы ныфсæвæрды,
фæлмæн у Йæ зæрдæ Йе 'ппæт скондмæ.

14 Чи фæкæлы, Хуыцау уыдоныл схæцы,
сæргуыбыртæн ратты ныфс.
15 Зæххы æппæт цæрджытæн Дæумæ у се скаст,
æмæ сын Ды дæттыс хойраг сæ афоныл.
16 Байгом кæныс Дæ арм æмæ бафсадыс,
æппæт зæххыл цæрджыты сæ зæрдæйы фæндиаг.

17 Хуыцау Йæ алы хъуыддаджы дæр рæстаг у,
фæлмæн у Йæ зæрдæ Йе 'ппæт скондмæ.
18 Хуыцау æввахс у, чи Йæм кувы, æппæт уыдонмæ –
рæстзæрдæйæ Йæм чи кувы, уыдонмæ се 'ппæтмæ
дæр.

19 Чи Йæ нымайы, уыдонæн æххæст кæны
сæ бæллицтæ,
хъусы сын сæ дзыназын æмæ сæ ирвæзын
кæны.
20 Чи Йæ уарзы, уыдон се 'ппæты дæр
хъахъхъæны Дунедарæг,
æппæт фыдлæгты та байсафдзæн.

21 Хуыцауæн кады ныхæстæ уыдзысты
мæ былалгъыл;
алы адæймаг дæр стауæнт Йæ сыгъдæг ном
мыггагæй-мыггагмæ!

## 145 ПСАЛОМ

1 Алилуйа!

Æппæл, мæ уд, Хуыцауæй.
2 Цалынмæ цæрон, уæдмæ æппæлдзынæн
Дунедарæгæй;
цалынмæ удæгас дæн, уæдмæ зардзынæн
мæ Хуыцауæн.

3 Уæ ныфс ма æвæрут тыхджынтыл,
стæй адæймаджы фырттæй иунæгыл дæр –
уымæ нæй ирвæзындзинад.
4 Йæ уд дзы ахицæн вæййы,
æмæ йæхæдæг сыджытмæ ыздæхы;
уыцы бон æрбайсæфынц йæ фæндтæ.

5 Тæхудиаг сты, Иаковы Хуыцау æххуысгæнæг
кæмæн у,
æмæ Дунедарæгыл, йæ Хуыцауыл
йæ зæрдæ чи дары, уыдон;
6 Уыцы Хуыцау сфæлдыста арв æмæ зæхх,
денджыз æмæ дзы цыдæриддæр ис, уыдон;

Уый иузæрдион у мыггагмæ.
7 Уый рахæцы æфхæрдты сæрыл,
дæтты хойраг æххормæгтæн;
Дунедарæг сæрибар кæны ахстыты.
8 Хуыцау куырмытæн ратты цæсты рухс,
Уый сæргуыбыртæн ратты ныфс;
Хуыцау уарзы рæстгæнджыты.
9 Дунедарæг хъахъхъæны æрцæуæггæгты,
æххуыс кæны сидзæрæн æмæ идæдзæн;
фыдлæгтæн та Уый байсафдзæни сæ фæндæгтæ.

10 Дунедарæг паддзахиуæг кæндзæн мыггагмæ,
Дæ Хуыцау, Сион, фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

Алилуйа!

## 146 ПСАЛОМ

1 Алилуйа!

Куыд æхцон у нæ Хуыцауы кадæн зарын;
Уый аккагæй стауын куыд адджын у
зæрдæйæн.

2 Дунедарæг амайы Иерусалим,
æмбырд кæны Израилы уацарæй;
3 Дзæбæх кæны састзæрдæты,
хос кæны сæ хъæдгæмттæн.

4 Уый бæлвырд кæны стъалыты нымæц;
алкæйдæр дзы хоны йæ номæй.
5 Стыр у нæ Хицау Хуыцау, стыр у Йæ хъомыс;
Йæ зондæн кæрон нæй.
6 Дунедарæг сбæрзонд кæны сæрныллæджыты,
фыдлæгты та зæххы онг æрæппары.

7 Зарут Дунедарæгæн бузныджы зарæг,
кад кæнут нæ Хуыцауæн аив зæлтæй
дала-фæндырыл.
8 Уый арв бамбæрзы мигътæй,
зæххмæ рарвиты уарынтæ,
хæхтæ сфæлындзы зайæг халæй.
9 Фосæн дæтты холлаг,
халоны лæппынтæн дæр, куы схъæр кæнынц,
уæд.

10 Уымæн ахсджиаг нæу бæхы тых,
нæдæр Ын тагъд згъораг адæймаг у бæллиццаг;
11 Дунедарæгæн бæллиццаг сты, чи Йæ нымайы,
Йæ хорзæхыл Ын йæ зæрдæ чи дары, уыдон.

## 147 псалом

1 Зар Дунедарæгæн, Иерусалим;
Сион, æппæл Хуыцауæй;
2 Уый фидар кæны Дæ кулдуары æхгæнæнтæ,
арфæ кæны дæ цæрджытæн;
3 Дæ арæнтыл тауы фарн;
æфсады дæ мæнæуы хуыздæрæй.

4 Æрвиты Йæ уынаффæ зæххæн;
Йæ ныхас æвиппайды ныххæццæ вæййы.
5 Æркалы мит, къуымбилау урс;
æртхутæгау згъалы халас.
6 Йæ их æрæппары къæртгай;
Йæ уазалæн чи бафæраздзæн?
7 Рарвиты Йæ ныхас æмæ их батайын кæны;
радымы Йæ дымгæ æмæ азгъорынц дæттæ.

8 Уый Йæ ныхас раргом кодта Иаковæн,
Йæ фæдзæхстытæ æмæ Йæ уынаффæтæ –
Израилæн.

9 Хуыцау æппæт уыдæттæ иннæ адæмæй
никæмæн скодта,
æмæ Йын уыдон Йæ уынаффæтæ нæ зонынц.

Алилуйа!

## 148 ПСАЛОМ

1 Алилуйа!

Стаут Дунедарæджы уæлæрвтæй,
стаут Æй æрвон бæрзæндты.
2 Стаут Æй, æппæт Йæ зæдтæ,
стаут Æй, Йæ æппæт уæларвон æфсæдтæ.
3 Стаут Æй, хур æмæ мæй,
стаут Æй, æппæт æрттиваг стъалытæ.
4 Стаут Æй, æппæтбæрзонд уæлæрвтæ
æмæ арвы сæрмæ чи ис, уыцы дæттæ.
5 Уæдæ стауæнт се 'ппæт дæр Дунедарæджы ном,
уымæн æмæ Уый радта бардзырд,
æмæ уыдон сырæзтысты.
6 Сæвæрдта сæ æнусты кæронмæ;
радта сын уагæвæрдтæ, æмæ сæ ничи аивдзæн.

7 Стаут Дунедарæджы зæххæй,
егъау денджызон цæрæгойтæ
æмæ дæтты æппæт æрфытæ,
8 Зынг æмæ ихуард, мит æмæ мигъ,
æвирхъæу уад – Уымæн Йæ дзырд æххæстгæнæг,
9 Хæхтæ æмæ æппæт обæуттæ,
дыргъбæлæстæ æмæ æппæт нæзытæ,
10 Сырдтæ æмæ æппæт фос,
хилджытæ æмæ базырджын мæргътæ.
11 Зæххон паддзæхтæ æмæ æппæт адæмтæ,
уæздæттæ æмæ æппæт тæрхонгæнджытæ зæххыл,
12 Æрыгон лæппутæ æмæ чындздзон чызджытæ,

зæрæдтæ æмæ кæстæртæ
13 Стауæнт Дунедарæджы ном;
иунæг Уый ном – æппæтæй бæрзонддæр,
Йе стырад – зæхх æмæ арвæй уæлдæр.

14 Хуыцау радта Йæ адæмæн тых,
скадджын кодта Йæ æппæт сыгъдæджыты,
Израилы хъæбулты, æввахс Æм чи у, уыцы адæмы.

Алилуйа!

## 149 псалом

1 Алилуйа!

Зарут Хуыцауæн ног зарæг,
Йæ кадæн сыгъдæджыты æмбырды.

2 Сцин кæнæд Израил Йе Сфæлдисæгыл;
Сионы хъæбултæ райæнт сæ Паддзахыл.
3 Æппæлут Йæ номæй цæугæзардæй,
зарут Ын гуымсæгыл æмæ дала-фæндыртыл
цæгъдгæйæ,

4 Уымæн æмæ Хуыцау ауды Йæ адæмыл,
сæрныллæджытæн дæтты ирвæзындзинады
кады худ.
5 Сыгъдæджытæ райæнт уыцы уæлахизыл,
фырцинæй зарæнт сæ сынтæджытыл дæр.

6 Стауæнт Хуыцауы хъæлæсыдзагæй,
дыком цирхъ уæд сæ къухы,
7 Цæмæй адæмтæй райса Йæ маст,
бафхæра адæмыхæттыты,
8 Сæ паддзæхты сын сбæтта рæхыстæй,
се 'лдæртты – æфсæн хъадамантæй,

9 Йæ дзырдмæ гæсгæ сын куыд стæрхон кæна.
Уый кад у Йæ æппæт сыгъдæджытæн.

Алилуйа!

## 150 ПСАЛОМ

1 Алилуйа!

Стаут Хуыцауы Йæ рухс Кувæндоны;
стаут Æй хъомысджын уæлæрвты.
2 Стаут Йæ тыхджын хъуыддæгтæ,
стаут Йæ æгæрон стырад.
3 Стаут Æй сыкъауадындзы зæлтæй;
стаут Æй дыууадæстæнонтыл
æмæ дала-фæндыртыл.
4 Стаут Æй дала æмæ цæугæзардæй,
стаут Æй хъисфæндыртыл æмæ уадындзыл.
5 Стаут Æй æмдзæвдгæнæнты зæлтæй,
стаут Æй æмдзæвдгæнæнты зылангæй.

6 Алы удгоймаг дæр стауæнт Хуыцауы!

Алилуйа!

# Жанртæ

Æппæт зарджытæ дæр адихгæнæн ис цалдæр сæйраг хуызыл: арфæ кæнын, бузныг зæгъын, кæуыны, Йерусалимы кадыл зарджытæ, Хуыцауыл æуууæндыны гимн, Израилы паддзæхтыл сæрмагонд худтæ никкæныны гимнтæ, куырыхондзинад, рæстзæрдæ амоныны, стæй, аргъуаны кæй кæнынц, уыцы зарджытæ.

Псалом ныффыссæг йæ разы цы хæс æвæрдта, куыд саразта йæ псалом, ууыл баст у, йæ ирон тæлмацы чиныг жанртæм гæсгæ дихгонд куыд æрцыд, уый.

### 1. Кадгæнæг псаломтæ

Уыдон вæййынц æртæ хайæ арæзт: 1 – Хуыцауæн кад кæнынмæ сидт, 2 – кад цæй тыххæй чындæуы, уый, 3 – фыццаг дыууæ хайы ногæй зæгъын.

Уыдон сты 8, 23, 28, 32, 99, 104, 110, 112, 116, 134, 135, 146 æмæ 147 псалом.

### 2. Арфæйы псаломтæ

Адон вæййынц арфæтæ Хуыцауæн иу адæймаджы кæнæ цалдæр адæмы фервæзын кæныны тыххæй, зын уавæры куы бахауынц, уæд.

Уыдон сты 17, 20, 29, 31, 33, 39, 65, 66, 106, 115, 117, 123 æмæ 137 псалом.

### 3. Кæуыны псаломтæ

Ацы псаломты хицæн адæймаг кæнæ къорд, æхсæнад тыхст рæстæг фæсидынц Хуыцаумæ, сæ хъаст Æм хæссынц, курынц, цæмæй сын баххуыс кæна, зæрдæ Йын бавæрынц уыцы æххуысы тыххæй нывонд æрхæссынæй.

Хицæн (иу адæймаджы) куыдтытæ: 3, 5, 6, 12, 21, 41, 42, 50, 53, 54, 58, 60, 61, 63, 68, 69, 70, 85, 87, 140 æмæ 142 псаломтæ.

Иумæйаг (коллективон) куыдтытæ: 11, 43, 59, 73, 78, 79, 82, 89, 93, 105, 122 æмæ 136 псаломтæ.

**4. Паддзахы псаломтæ**

Ацы зарджытæ дзурæг сты израилаг паддзахыл, Хуыцау иннæ израилаг паддзæхты æхсæн кæй равзæрста æмæ Йæ нысан кæуыл сæвæрдта, ууыл: 2, 17, 19, 20, 44, 60, 62, 71, 88, 100, 109, 131 æмæ 144 псалом.

**5. Зарджытæ Иерусалимыл**

Ацы зарджыты къорд нысангонд у Иерусалимæн (Сионæн) – Израилы политикон, культурон æмæ дины центрæн: 45, 47, 75, 83, 86 æмæ 121 псалом.

**6. Кувæндонмæ цæуыны зарджытæ**

Ацы зарджытæ-иу кодтой, Иерусалимы Кувæндонмæ (Сионмæ) чи цыди, уыцы бæлццæттæ, фæндагыл цæугæйæ: 119–133-æм псаломтæ.

**7. Бæрæгбоны псаломтæ Хуыцауы кадæн**

Ацы къордмæ хауынц, æртæ стыр дзуттаг бæрæгбæтты рæстæг кæй зарыдысты, уыдон: Куадзæны, Хорысæры æмæ Халагъудты бæрæгбæтты рæстæг. Куадзæны рæстæг зарыдысты æхсæвæры размæ 112–113-æм псаломтæ, æхсæвæры фæстæ та – 114–117.

**8. Куырыхондзинады псаломтæ**

Адонæн сæ сæйраг нысан у адæмы Хуыцауы Фæдзæхстыл ахуыр кæнын. Сæ мидис у хæрзæгъдаудзинадæй æппæлын æмæ мæстæлгъæд æнæуаг митæ фауын. Уырнæг адæймагæн æмбарын кæнынц, Хуыцауы Фæдзæхстмæ хъусын фарн æмæ æнæниздзинад кæй хæссы, уый. Зæгъæм, 1, 18, 31, 36, 48, 72, 110, 111, 118-æм псаломы фылдæр хай, стæй 132 æмæ 138-æм псалом.

### 9. Паддзахы (галуаны) псаломтæ

Ацы псаломтæ Хуыцауы арæх схонынц Паддзах. Иуæй-иу иртасджытæ сæ бæттынц Ног азы бæрæгбонимæ. Уыцы бон-иу дзырдтой, Хуыцау, дам, Израилæн æмæ æппæт дунейæн дæр хицауиуæг кæны.

Уыдон сты 28, 46, 92, 94–98 псаломтæ.

### 10. Кувыны псаломтæ

Адон æнгом баст сты кувæндоны архайынимæ æмæ уырнондзинадимæ: 4, 10, 14, 15, 22, 24, 26, 45, 61, 62, 84, 89, 90, 120, 124 æмæ 130 псалом.

**Псаломтæ**
Псалмы на осетинском языке
Psalms in Ossetic Language

Институт перевода Библии
101000 Россия, Москва, Главпочтамт, а/я 360
www.ibt.org.ru; ibt_inform@ibt.org.ru

Подписано в печать 25.01.2012
Формат 84×108 1/32. Печать офсетная. Усл. печ. л.
Тираж 7000 экз. Заказ №

Отпечатано в ООО «Чебоксарская типография № 1»
428019, г. Чебоксары, пр. И. Яковлева, 15.